¹Zwino vhakavhunganija vhanegumi navhavhiri akavhana simba lokuvha tenda panyezulu pamwiya yakayipa yose nokupoja magwere. ²Akavhatuma kupalija vhushe hwa Mwali nokupoja. ³Akati kavhali, "Musingotola zwomu zira-kana tonga, kana tshikwama, kana vhuroto, kana mali, musavha nguvho mbiri. ⁴Ngumba ipyo neyipio yamunopinda mayiri, galanimo mukobvapo. ⁵Zwino vthose vhasina kusanganija, pawabva kudorobho iyo, muzuze buse liri pasoka jenu jivhe vhutanhzi kavhali." ⁶Iyapo vhakabva vhakamona nemisa, vhakapalija evangeri nokupoja pabulege jose. ⁷Zwino ubati wakahwa zwose zwanga zwitshiyehwa, akakanganisiwa, nokuti vhamwe vhanga vhatshiti Jowana ukamuka kuvhakafa, ⁸vhamwe kuti Eliya avhoneka, navhamwe futi kuti umwe wavha porofita vhakale wakamuka. ⁹Herode akati, "Ndakahwa Jowana.Ndiyani hoyuwondohwa zwinhu hezwi?"Zwino akazama kuvhona. ¹⁰Vhajiji vhatshita vhabjoka, vhaka mbuja zwose zwakayeta.Akayenda navho, vhakayenda tshinyalalire kudorobho inohwi Bethsaida. ¹¹Zwino vhanhu vhanji vhatshizwizivha, vhakautevhera.Akavhasangamija akavhavhuja two vhushe hwa Mwali, akavhapolesa vhanga vhatshida kopolisiwa. ¹²Zuvha lakati lovhira, vhanegumi navhavhiri vhakavhuya vhakati kaali, "Endesani vhanhu vhanhu vhanji vhayenda kumisa nekuluzeva zwakakombereja vhagale ko vhawane zwokudla, nokuti pano patiri padani." ¹³Mara akati kavhali, "Wakavhapa zwokudla."Vhakati, "Hatina zwino pinda lofu shanhu jovhuroto ne hovhe-mbiri kuze kokuti tatswanga tshikafu tshe vhanhu vthose." ¹⁴(Nokuti vhayivha vhalume mazana mashantu.)Akati kuvhatevhheri vhavhe, "Muvhagaliseni vhane makumi mashantu." ¹⁵Zwino vhaka yeta yezwo, vhakayeta kuti vhanhu vhagale pasi. ¹⁶Vhakatola vhuroto vhushantu ne hovhe mbiri, akatalira kumakole, aka kombolera akazwieta zwitshetshu, aka zwipa kuvhatevhheri vhavhe kuti vhayese padda kavhanhu. ¹⁷Vthose vhakadla vhaka guta, zwakasala vhaka zwidobera-vhaka zaja matengu gumi namavhiri ezwitshetshu. ¹⁸Zwika vhuya nokuti Jeso aka rabhira iye mwenewazwo, vhatevhheri vhanga vhanaye.Aka vhabuzwa, atshiti, "Guvhangano linoti ndimi ani?" ¹⁹Vhakapindula vhatshiti, "Jowani ulivheji. Asi vhanwe vhanoti ndi Elijah, vhamwe vhonoti umwe wavha porofita vhakale wamuka. ²⁰Akati kavhali, "Asi munoti ndimi ani?"Pita aka pindula, "Mwana tukana wa Mwali." ²¹Akavhavhuja nokuvhalayijira kuti vhalege kuzivhisa unhu, ²²atshiti, "Mwana woutukana woUnhu anofanira kutambula nokulasiva navhakugwane nevhu tungamiri nevhamwali, nokuvhulawa nokumusiwa pazuvhale tshitatu atshamuka." ²³Zwino ukati kavhali vthose, "Kana mutshida kundi tevhera imi, ngaazwilambe amuluje tshipambano tshitshe zuvha limwe nelimwe anditevhhere. ²⁴Nokuti aninani unoda kupija vhupenyu huhwe utshalasikiga nahwo, asi unolasikigwa novhupenyu huhwe nokuda kangu utshapijija. ²⁵Nokuti unhu utshatusikala kana awana nyika yose akazwilasa nokuzwisumbijira? ²⁶Nokuti umwe noumwe uno ndishona nezwangu nemashoko angu, Mwana woutukana wounhu utshashona vho panyezulu pape zuvha la atshavhuya ne vhutswene huhwe naka Bhabha noku vhatumwa vhatswene. ²⁷Asi shuwa shuwa ndinoti kauli, kune vhaka mira hapa vhasingaho vthoni lufu vhasanhu vhavhona uvhuso waMwali. ²⁸Sule pama zuvha mashantu namatatu Jeso alevha mahwi hawa, ukatola Pita na Jowana na Jemusi akaenda nyezulu mutavha kundo rabhira. ²⁹Atshimbo rabhira, tshimiro tshikumeso tshaka tshitsha, zwisimiro zwizwe zwikatshena zwikapenya. ³⁰Zwino talani, vhalume vhavhiri vhayi levhereka naye, Moses na Elijah, ³¹vhaka vhoneka mukupenya, vhaka levhereka zwoku enda kuke, kaanga andopejisa pa Jerusalema. ³²Zwino Pita navhamwe vhaanga anavho vhanga vhavhete, asi pavhakamuka, vhaka vthona vhutswene navhalume vha vhiri vhanga vhaka mira naye. ³³Vhatshibva kaali Jeso, Pita akati kaali, "Ishe, zwikanaka katiri kuti tivhe pano.Tiyete mibvuli mitatu,umepeji ndiuwo, umwe ndiwa Moses, umwe ndiwa Elijah." (Haana kuzivha zwaayilevha.) ³⁴Atshambo levhereka hezwi, gole likavha tibira, vhakahwa kuhla vha tshipinda mugole. ³⁵Ihwi lika vhuya litshibva mugole, litshiti, "Hoyu mwana wangu,iye ukanagiwa; muingireni." ³⁶Kana ihwi lalevhereka, Jeso akawanika ali oga.Vhaka nyalala vhasinga vhuji unhu pama zuvha yawo zwavhangha vhavhona. ³⁷Zwino pazuvha lino tevhera, vhatshiti jikita kubva mutavha, guvhangano lavhanhu likasangana navho. ³⁸Zwino, umwe ulume pakati pavhanji wakadavhijira, atshiti, "Ugudisi, ndokumbira utalire mwana wangu, nokuti ndiye oga. ³⁹Talani, mwiya unoubata zwino wotavhaukosi yapo yapo; unoutetemeja atshipupuma fulo mowulomo.Haudi kuulega asi unougwajisa. ⁴⁰Ndaka kumbira kuvha gudisi vhaebvise, vhakakomwa." ⁴¹Jeso aka pindula atshiti, "Luji gusinga tendi gwaka pamuka, nditshagala nemwi kuswikira lini noku uetera moyo ulef?Vhuyisayi mwana woutukana uwo ngeno." ⁴²Ukati utshavhuya, mwiya wakaipa ukawisira pasi ukatetemeja ngamanda.Asi Jeso ukalayira mwiya weswina ukapoja mwana, akaujosera ka bhabha vhavhe. ⁴³Vthose vhakamangala novhukugwane hwa Mwali.Zwino vthose vhatshamangala nezwose zwakaeta, akati kuvha tevheri vhavhe, ⁴⁴"Mamungo awa ngaapinde muvezhe jenh: Nokuti mwanatukana wounhu utshayesiwa muma vhoko avhanhu." ⁴⁵Asi ivho havhana kuhwisisa kulevhoreka hoku. Vhanga vhakajumbigwa, kuti vhalege kukuhwisisa, vhakahla kubuzwa panyezulu pokulevhoreka hezwi. ⁴⁶Zwino gakavha likavhapo pakati pavho kuti ndiyani utshavha ukugwane kavhali. ⁴⁷Asi

Jeso ,zwaiyizivha kufunga komoyo yavho ,akatola mwana,utuku akauyesa palutivhe gugwe ⁴⁸"akati kavhali," Umwe ne umwe anosanganija hoyu mwana muzina langu, wasanganija imi; wasanganija imi, wasanganija wakandituma .Hoyu utungamuli utshavha ukugwane."⁴⁹Jowana akapindula , " Ishe , tavhona unhuwayi bvisa mwiya yakaipa muzina lenu tikau jivhisa , nokuti haendi nesu ." ⁵⁰"Asi Jeso akati kwaali , " musongo ujivhisa ., nokuti usinga pambani " nokti umwe neumwe asinga pesani newe ndi uwo."⁵¹Mazuvha okukwija kuke ukati osedera, akalamba akananga kuyenda Jerusalema. ⁵²Akatuma vhatumwa, panda kuke jikayenda kuusa wavha Samariya kundougajirira. ⁵³Asi havhana kusangamija nokuti tshiso tshitshe tshanga tshaka tala Jerusalema. ⁵⁴Vhatevheri Jemusi na Jowana vhaka vhona hezwi, vhakati, "Ishe, munoda kuti titimoto ujikite kumakole uvhapalaje naa?" ⁵⁵Asi iye wakatende vhuka aka vhalayijira, ⁵⁶yapo vhaka yenda kuumwe usa. ⁵⁷Zwino vhakati vhatshi yenda muzira , umwe unhu akati kaali, "Nditsha kutevhera kose kauno enda." ⁵⁸Jeso ukati kaali, "Zwihangarani zwine mwina, zwinyoni zwanyezulu zwine zwisaka, asi mwana woutukana haana pokuyesa usolo."⁵⁹Akati kuno umwe, "Unditevhhereyi."Asi iye akati, "Ishe, mundilegeni nditome ndando vhiga bhabha vhangu." ⁶⁰Asi iye ukati kaali, " Legani vhakafa vhavhige vhakafa vhavho.Asi iwe, enda undopalija vhushe hwa Mwali."⁶¹Umwie iye ukati, "Nditshakutevhera, Ishe, asi mundi tendereni zwenu ndimbondowonesana navhali mungumba yangu." ⁶²Asi Jeso akapindula kaali, "Hakuna unhu angati kana ayesa luvhoko gugwe pabaja akatalira sule ungafanigwa novhushe hwa Mwali."

Chapter 10

¹Sule kanyezo ,minali aka gaja vhamine vhana makuni shanu nama tatu ,akavhatuma vhavhiri phanda pape kudorobo jose futi kose kaanga atshida kuenda . ²Akati kavhal, "kutsheka kukawandisa ,asi vhabati vhatuku. Nayezwo kumbirani kuna Ishe inokutsheka kuti abvise vhati pakutsheka kuke.³Endani zwenu .vhonani, ndinomutuma samakwanyana pakati pamapere . ⁴Musonongotola tshikwama ,kana mbuvha ,kana katula musongo mukisa unhu muzira.⁵Pangumba imwe ne emiwe yamuno pinda ,mutome kuti, 'lugalengaguvhe nengumba yezi!'⁶Kana unhu wolugale anenge alipo , lugale gwenu gutshazolola panyezulu pape ,kana kusina ,gutshahumire kamuli. ⁷Galani mungumba yeyo, mutshidla nokumwa zwavhana nazwo , nokuti utshumi akafanigwa noubayiro uwe. Musingo monamona nejingumba.⁸Padorobo ipiyo neyipiyo pamunopinda ,kana vhakamusanganija ,idlani zwamunopakuliga ⁹pojani vhagwere vhalimo. Mutshiti kavhal, 'Vhushe hwa Mwali hwasedera kamuli .'¹⁰Asi mudorobho ipiyo neyipiyo panopinda kana vhasinga musanganija ,ibvani muzira javho muti,¹¹Kana nebuse ledorobho yenu lakanamambatira soka jedu tinoli zuza kamuli! Asi muzivhe tshunhu : itshi kuti vhushe hwa mwali hwasetera.' ¹²Ndinoti kamuli sodoma likalelukigwa nezuvha yero kupinda dorobho iyo.

¹³Unovhusiwana iwe korazeni uno vhusiwana, betsaida nokuti mabasa esimba akaehwa makati menu ,aka ehwa mutire nesidoni vhayifanira vhakatendevhuka kale ,vhakagalva vhanasamasaga namalota . ¹⁴Asi Tire neSidoni atshalerukigwa pakuhatugwa kwine. ¹⁵Newe , Kapernaume ,utshamuligwa kumakole here?Nayi, mutshavhuyisa pasi kuvha Hades. ¹⁶Anokuhwa iwe, unondilamba imi , unondilamba iye akandituma . ¹⁷Vhamakumi mashanu namatatu vhakajoka noumfalo, vhatshiti ,'' mwali nhango nemwiya yakayipa inozwiyesa pasi pedu muzino lenu''¹⁸Jeso akati kavhal '' ndakavhona satani atshiwa kumakole seupenyo. ¹⁹Talirani , ndakamupa nungo jokutshika panyezulu penyoka nemhami, napanyezulu penungo jose jouvhengi, hamuna netshinhu tshingamukuvhaja. ²⁰Asi musingofala peji netshinhu hetshi, kuti mwiya unoziyesa pasi penu, asi mufale kuti mazina enu akanwagwa kumakole."²¹Netshikati yesho vhakafala ne Mwiya Utswene akati, "Ndinomuvhonga, Bhabha, Ishe wokumakole napasi, kuti jumbamisa vhatanyi navhakatanya zwinhu izwi, mukazwivulira vhusiye. Ehee, Bhabha,nokuti ndizwo zwamufaja.²²"Zwinhu zwose ndakazwipiwa na Bhabha vhangu, hakuna unoziwha kuti Mwanawotukana ndiyani kuze ka Bhabha, hakuna unoziwha Bhabha kuze ke mwanawotukana naiye wanenge atshida kuvura iye"²³Yapo akatendevhukira kuvhatevheri vhavhe akati kwavhali vhali vhoga, "Anovhona zwamunovhana akalopafaja. ²⁴Nokuti ndinoti kamuli ,vhaporofita vhanji namajishe vhayida kuvhonazwamuno vhona,vhasingazwivhoni ,nokuhwa zwamunohwa ,havhana kuzwiwha ."²⁵Zwino, umwe udujiri woulayo akamuluka aaulinga, atshiti, "Ugudisi, ndingaetaseni kuti ndigale nhaka yovhupenu husingaperi?"²⁶Jeso akati kaali,"Paulayo pakanwagweni? Unovhala seni?"²⁷Ukavhapa pindula atshiti,"Idayi Ishe Mwali uwo nemoyo uwo, no mwiya uwo wose, nenungo jijo jose, nokufunga kuko kose,newakanyikuko sezwauno zwida iwe." ²⁸Jeso akati kaali, "Wapindula zwavhudi.Etayi yezwo,ukolalama."²⁹Asi iye, atshida kuzwilulamisa, akati kuna Jeso, "Ndiyani wakanyi kangu?"³⁰Jeso ukapindula kavhal akati, "Umwe unhu akabva Jerusalema akabva na Jeriko.Akawigwa ne mbava, akaupamba nhumbi,aka ulovha,vhakausiya oda kufa.³¹Zwino umwe upirisita anga atshijikita izwe nezira yeyo,akati atshiuvhona, akanyenyereja nekuyimwe zira.³²Nokudlalo, uRevi, vha wakaswikapo akauvhona, akanyenyereja.³³Asi umwe uSamariya,akanga alipagwendu, waka swika kaali.Akati atshiuvhona, akailhwira akauhwivhusiwa.³⁴Akaenda kaali nokupombeja mbonje jeji,akajidira mafuta newayini.Akaukinija patshipfuwo tshitshe, nokuyesa kungumba yavha pfumba, ndokutshengeta.³⁵Zwino lavha limwe zuvha akabvisa mashereni mavhiri, akapa mwene wengumba, akati, 'Uvhige zwavhudi, futi zwose zwamunobhadirisa kupinda hezwi, nditshakupa futi, kana nditshijoka.³⁶Unofungeni ndiupiyo pavhatatu avha anga ali wakanyi waiye wakawigwa ne mbava?"³⁷Akati, "Ndiye akawuhwira vhusiwana."Jeso akati kaali, "Enda undoyeta sayezwo."³⁸Zwino vhakati vhatshiyenda, akapinda paumwe usa, umwe ukaji ayihwi Marita akausangamija mungumba iye.³⁹Anga anezwaji yaihwi Mariya, wagalavho pamakumbo a Ishe akahwa bungo lire.⁴⁰Asi Mariya wanga atshitambula nokushuma zwinesimba.Akavhuya kuna Jeso akati, "Ishe, hamuna ndavha mutshivhona unokuna wangu atshindilega nditshishuma ndirindoga naa?Muvhujeni andituse."⁴¹Asi Ishe ukapindula akati kaali,"Marta, Marta, unofungisisa nokuzwitambuja nezwinhu zwinji,⁴²asi tshinhu tshimwe tshinodikana. Nokuti Mariya ukalondejera ukovhe wakanaka, wasinga hotolegwa."

Chapter 11

¹Yezwino vhakati atshirabhira paneimwe bhulege.Zwino apeja, umwe wavha tevheri vhavhe akati kaali, "Ishe, tigudiseni kurabhira Jowana sezwaakagudisa vhatevheri vhavhe vho."²Jeso wakati kavhali, "Kana mutshirabhira munoti, 'Bhabha, vhedu vhalu kumakole zina lenhu ngaliehwе lakanaka. Vhushe hwenu ngahuvhuye kuda kenu ngakuetiwe panyika sezwaakunoehwa kumakole.³Mutipeni zuvha limwe nelimwe zwokudla zwedu zwinotilingana. ⁴Mutikangamwire zwivhi zwedu sesutshikangamwira vhane musatiyesa pamijejo musatiesa pakuejiwa asi mutisunungule pane zwakaipa."⁵Jeso ukati kavhali, "Ndiyani iye kamuli angavha noungani, utshayenda kaali pakati povhusiku, akati kaali, 'Ungani, ndiposere vho vhuroto vhutatu, ⁶nokuti ungani wangu uli pagwendo, vhakaswika kandiri zwi handina tshandinga mupa?" Uli mukati akapinda akati, 'Usanditswenya.Mukovha wakavagwa, navhana, vhenhu vhavha nemi,panhovho.Handingamuki ndikakupa.'

⁸Ndinoti kamulu, kana asingamuki akamupa nokuda kokuti ungani uwe,kana zwakahlalo nokuda kokushingirira kuke, utshamuka akaupa zwose zwaano komwa.⁹Ndinoti kamuli, buzwayi, unokumbira,mutshapiwa;tswakayi, mutshawana;kokonyani,mutshavuligwa. ¹⁰Nokuti umwe noumwe unokumbira unopiwa; unotswaka unowana; unokokonya ,unovuligwa.¹¹Ndivhapiyo vhana bhabha pakati penu,kana mwana wounulume atshikumbira hovhe, nditshaupa nyoka kana hove? ¹²Kana akakumbira gumbe, iwe unga upa mhamhi na? ¹³Nayezwo, kana imi kana mukaupa mutshizivha kupa vhana vhenhu zwipo, zwakanaka Bhabha vhenhu vhalu kumakole vhatshakupa zwikugwane seni Mwiya Utswene wamakombolero unokubuzwa?"¹⁴Yezwino Jeso wayi vhatshibvisa mwiya wakaipa.Zwino wanga wausingalevhhereki, mwiya ukaipa ukati wabva, usingalevhhereki ukalavhereka, vhanha vhanji vhakakahlamala. ¹⁵Asi vhamwe vhavho vhakati, "Unobvisa mwiya yakaipa na Beelzebul, ukugwane wemwiya, wakaipa."¹⁶Asi vhamwe vhakaueja vhakakumbira tshisumbijo kavhali tshinobva kumakole. ¹⁷Asi Jeso wakati hatshazwizivha kufunga kavho akati kavhali, "Vhushe vhumwe no vhumwe hunozwipambanisa nehwamuno zwipalijira, nengumba inozwiketa inowa.¹⁸Na Satani kana atshizwiketera vhushe huhwe hangamira seezwo?Zwamunoti ndinobvisa mwiya wakaipa na Beelzebul. ¹⁹Kuna imwi nditshabvisa mwiya yakaipa na Beelzebul, vhana vhavhanulume vhenhu vhanobudiza nani?Naezwovho ivho vhatshavha vhatongi vhedu. ²⁰Asi kana nditshibvisa mwiya yakaipa noumwe waMwali, yapo vhushe hwa Mwali hwaswika kamuli.²¹Kana unhu unesimba wakasenga nhumbi jokugwa, atshilinda ngumba iye jinotshengetiwa, ²²asi kana umwe unoupinda nesimba, akauvhamba akau kunda yapo utsha uthilera nhumbi jose jokugwa joyanga atshi vimba najo noku kovhera izwo kovhera zwa akapamba. ²³Usina basa nemi uno vhengana nemi,usingasanganisi nemi unopalaja.

²⁴Mwiya weswina kana wabva kuunhu, unolevha nebulege jakaoma utshiswika pazololo. Kana ukawwa,unoti, 'Nditshajokera kungumba kandabva.' ²⁵Kuna vhakaswika,bunozwiwana yatswa igwa yanaka yapo atshienda unokundotola mimwe mwiya. ²⁶Shanhу nambiri inoukunda nokupinda.Akagalamo kuguma kounhu yoyo kakaipa kupinda kutanga kuke."²⁷Ukati alevha iyezwo, umwe ukaji pakati pavhanhu vhanji, ukadanijira akati kaali, "Lopafajiwа utumbu lakakuhwala namazamu awukamama." ²⁸Asi iye ukati, "Haiyi, zwikungwane vhakolegwa vhanohwa ihwi la Mwali vhatshilitshengeta."²⁹Zwino vhanji vhakati vhatshi kuvhangana, Jesoakatanga kuti, "Luji ugu luji gukaipa gunotswaka sumbijо.Asi haunga piwa sumbijо, asi tshisumbijo tsha Jona. ³⁰Nokuti Jona sezwaanga ali tshisumbijo tshe Ninenites, unaavha nemivho ndizwo zwitshaeta vho mwanawounulume wounhu kuluji ugu.³¹Ishe weunhukaji wapasi utshamuluka pakutenga navhanhulume vholuji yoguukavhapa mhaka,nokuti vhakabva paugumo wenyikavhakahwa vhatanga saSolomoni, talira, ukugwane kuna Solomoni uli pano.³²Vhalume Niniva vhatshamuluka pakutonga ugu vhakalamba mhaka, nokuti vhakatendevhuka nokupalijira ka Jona, talira, ukugwane kuna Jona uli pano.³³Hakuna unhu, unoti alayita tshilamba, akatshiyesa paka vhanda kana pasi pedengu, asi pamapfiwa, kuti vhapinda tshieja. ³⁴Ziso lilo tshilamba thsou mbiri uwo.Zwino kana ziso liro lakanaka,umbiri uwo wose uzere ne tshieja.Asi kana ziso liro liri lakavhipa, umbiri uwo uzere neswiswi. ³⁵Nayezwo, uvhone kuti tshieja tshiri mukati mumo tshilege kuvha muswiswi. ³⁶Yezwino kana umbiri uwo wose ulu mutshiyeha, wakataligwa pasina lutivhi gulimuswiswi,utshataligwa wose setshilayiti soumwe anokutalira nokukupenyasa zwikugwane."³⁷Wakati atshalevhhereka, umwe u Farisi akakumbira kuti adle naye kungumba iye, Jeso kuti avhengwe nayeakapind akagala pakudla. ³⁸Ufarisi ukamangajiwa nokuti Jeso haana kutoma kungula asanhu aswuswulw.³⁹Asi Ishe ukati kaali, "Iyezwo, imwi vha Farisi swazwani kuze kekomitshi ne ndiro, asi mukati menhu muzere nokuba nokupiа. ⁴⁰Imwi masweule!Nanayoyo wakaeta zwiri kuze haye ukaeta zwiri muukati vho naa? ⁴¹Ipani zwiri muukati sezwipo, futhi zwinhу zwose zwitshavha zwakanaka kauli.⁴²"Asi munenhamo imwi vha Farisi, nokuti munopa tshegumi tshemiti yose, asi mutshilega kululamisira mhaka noludo gwa Mwali.Mayifanira kuzwieta izwi nokusalega kueta iyezwo.⁴³Munenhamo imwi vha Farisi, nokuti munoda zwigalo zwapanda mumasinagogo nokumukisa pabulege yokutengisira. ⁴⁴Munenhamo imwi, nokuti makaeta sezwihundo zwisingavhoneki vhanhu

vhanoenda pazezulu pazwo vhasingazivhi.⁴⁵ Zwino umwe wavadujiri vhoulayo wakapindula atshiti kaali, "Ugudisi, iyezwino zwamunolevha zwinotuka nesu vho." ⁴⁶Jeso ukati, "Munenhamo imwi vho, vhagudisi vhoulayo! Nokuti munoxhwija vhanhu mixhwalo inolema inokoza kuxhwala, asi imwi mwenewazwo hamubati mixhwalo iyi tshero neunwe uwo umwepeji.⁴⁷ Munenhamo imwi, nokuti munovhaka zwivhundo zwamaporofita, vhakavhulaiwa navhana bhabha vhenhu.⁴⁸ Nayezwo mali mafakazi kana mutshitenderana namabasa avhana bhabha vhenhu, nokuti ivho vhakavhulaya imwi movhakavho zwivhundo zwavho.⁴⁹ Saka nokuda kayezwo, kutanya ka Mwali kukati, 'Nditshatuma kavhali vhaporofitha navhapositoro, vhatshavhulaya vhamwe vhavho nokuvhatambu.'⁵⁰ Nokuti, mhaka yamalopa ama porofita vhose lakatevhugwa kubva pakuvhakwa kenyika itswakwe paluji yogu,⁵¹ kubva pamalopa a Abel kuswikira palopa la Zakariya, wakavhulawa pakati pealitari negereke. Eee, ndinoti kamuli, mhaka jitshatswakwa paluji yogu.⁵² Munenhamo imwi vhadujiri vhoulayo, nokuti makabvisa kiyi yokuzivha; hamuna kupinda mumene futhi, makajivhisa havho vhanga vhatshida kupinda.⁵³ Jeso ukati atshibvapo, vhanwali navha Farisi vhakatanga kuukombejera tshayiko nokuubuzwisisa pazezulu pezwinwe zwinji,⁵⁴ vhatshiulindira kuti vhaubate pamahwi anabuda mumilomo mume.

Chapter 12

¹Ezwino, vhanhu vhazwiulu zwakawanda vhakati vhakuvhangana pamwempeji, vhase vhatshikirijana akatanga kuti kuvhatevhereri vhavhe vhose akati, "Muthanyire mbiriso yavha Farisi, ivhovhali vhanyengeri.²Hakuna tshinhu tshakafukijiwa tshisingahovugwi, kana tshikajumbama tshisinga zivhikamwi. ³Saka zwose zwamakalevha muswiswi zwitshahwika mutshieja, nezwamukalevha muzevhe mungumba jomuukati zwitshaporijiwa panezulu pengumba.⁴Ndinoti kamuli, hama jangu, musingohla vhanovhulaya umbiri, vhasingakoni kueta tshimwe tshinhu sule kaezwo. ⁵Asi ndi tshamusumbija wamunofanira kuhla.Munohleni iye, unoti kana avhulaya unesimba lokuposera mu gehena.Eee, ndinoti kamuli, muuhleni iye.⁶Kana zwinyoni zwitukutuku zwishanu hazwitengesewi nemapeni mavhiri na?Hakuna kana tshimwempeji tshinokangamwiwa kuna Mwali. ⁷Asi namavuji omusolo wenuh akavhagwa ose.Musahla.Munopinda zwinyoni zwitukutuku zwinji.

⁸Ndinoti kamuli, umwe noumwe unondipouula panda kavhanhu, Mwanatukana waVhanhu utshamupupula vho panda kavhatumwa vha Mwali, ⁹asi ukandilamba panda kavhanhu utshalambiwa vho panda kevhatumwa vha Mwali. ¹⁰Umwe noumwe unolevha ihwi lakaipa panezulu pemwana tukana,wevhanhu utshakangamwigwa, asi unonyaja Mwiya Utswene wamakambolero, hangakangamwigwi,¹¹Kana vhatshivhya panda kamasinagogo, navhatongi, navhakugwane, musafunganya kuti mutshapindula seni kana ndiyani,kana mutshalevheni, ¹²nokuti Mwiya Utswene wamakombolero utshamugudisa netshikati iytsho zwamunofanira kulevhhereka."¹³Ezwino umwe pakati pavhanji vhakati kaali, "Ugudisi, vhujai unukuna wangu kuti akovhane nhaka nemi." ¹⁴Jeso ukati kaali, "Iwe unhu,ndiyani wandieta utongi kana ukovheri pakati penhu." ¹⁵Ukati kavhali, "Tanyani muzwitshengete pakutshivha kose, nokuti vhupenyu hwe vhanhu hahuwi pazwinhu zwakawanda zwaanazwo."¹⁶Zwino Jeso wakayeta ufananijo, ukati, "Nyika youmwe ufumi yanga yabhebha tshaizwo, ¹⁷ukafunga mumoyo uwe , akati, "Nditsaeta semi,nokuti handina pandingavhunganyija zwibebo zwangu?" ¹⁸Akati, "Ndizwo zwanditshaeta. Kuti nditshaputsha zwitula zwangu ndikavhaka zwikugwane,nditshasanganyiisirapo zwikafu zwangu nezwose zwanga zwakanaka. ¹⁹Nditshati kumwiya, "Mwiya, unezwikawanda zwakanaka zwaakavhigigwa makole manji.Zololai kako, idla, imwa, ufale."²⁰Asi Mwali ukati, 'Iwe sweule, mwiya uwo utshadiwa kubva kauli, nevhusiku yowo vhatshakutolera mwiya uwo, izwo zwawagajira zwitshavha zwani?' ²¹Ndizwo zwakaeta unhu unoziwivhunganyijira fuma asingafumi kuna Mwali.²²Jeso ukati kuvha tevheri vhavhe, "Nayezwo ndinoti kavhali, musafunganya panhezulu pevhupenyu hwenhu, kuti mutshadleni; kana panhezulu poumbiri wenuh, kuti mutshasimireni. ²³Nokuti vhupenyu hunopinda zwokudla, noumbiri unopinda zwokusimira.²⁴Fungayi makunguvho, kuti hahlakwo hatsheki.Hanatshapi kana tshitula, asi Mwali unovhapa zwokudla.Imwi munokunda zwinyoni!²⁵Ndiani kamuli angawejera vhupenyu limwe pavhulefu huhwe nokufunga?²⁶Iyezwino kana imwi musingakoni kuti tshinhu tshituku, munofungireni panhezulu pezsimwe?²⁷Fungani maluvha kumera kawo.Habati haakuli, asi ndinoti kamuli, nyangwe na Solomoni pakupenya kuke kose hana kusanganisiwa selimwelawo. ²⁸Ezwino kana Mwali atshisimijasayezwo vhuxhwa hwennyika, hulipo nasi, mangwana hoposegwa mumoto, hangakusimiji nokukupindisa,imwi vhokutenda zwituku na!²⁹Imwi musatswaka zwamutshadla nezwa mutshamwa, musazwidla moyo. ³⁰Nokuti zwinhu izwi zwose zwinotswakwa vha Jentili, asi Bhabha vhenu vhanozivha kuti munokomwa iyezwi.³¹Asi zwiri kwine mutswake vhushe hwa mwali,nayezwo zwose mutshazwiwejera. ³²Musahla, imwi tshipoka tshituku, nokuti Bhabha vhenu vhanofala nokukupa vhushe.

³³Tengesani zwamunazwomupe zwipo.Muzwieterere zwikwama zwisingasakali-fuma isingaperi kumakole, pasingaswiki mbava, pasingapalaji zwipfunhi. ³⁴Nokuti panefuma yenu, nemoyo wenu utshavhapo vho.³⁵"Kundu jenu ngajigale jakasungwa nezwilaiti zwenu zwipfute, ³⁶imwi muvhe savhanhu vhalindira ishe wavho pakujoka kuke kuutambo, wokuwana kuti kana aswika akokonye, vhauvulure iyapo iyapo.³⁷Vhakakombolegwa vhatsheri avho vhanoti kana ishe atshiswika unovha wana vhakalindira.Shuwa ndinoti kauli, utshazisunga tshivuno iye akavhagalisa pakudla, akavhuya avhashumira. ³⁸Kana akaswika netshikati tshokulindiratshetshipiri, kana tshetshitatut,tshevhusiku ukawana vhadlalo, vhakakombolera vhatsheri iyavha.³⁹Asi muzivhe izwi, kuti kana mwene wengumba ayizivha tshikati tshokuvhuya natsho mbava,angahlenu akalindira asingatendi kuti ngumba iye ipaziwe. ⁴⁰Nemwi vho mugale mazwigajirira, nokuti Mwanawoutukana woUnhu utshavhuya netshikati tshamusinga fungiri."⁴¹Pita akati, "Ishe, tshifanyiso itsi munotshietera isu kana kunavhose na?"⁴²Ishe akati, "Ndiyani vho utoaliri ukafanira ukatanya utshaewa na Ishe uwe panezulu pavhatevheri vhavhe kuti avhape ukovhe wokudla netshikati tshakafanira?⁴³Wakakombolegwa utevheri uyu unoti kana Ishe uwe utshaswika akawhana atshieti sayezwo. ⁴⁴Shuwa ndinoti kamuli utshaugaja ali utoaliri wezwinhu zwaanazwo.⁴⁵Asi kana ulanda uyo akalevha mumoyo mume atshiti, 'Ishe wangu wanonoka kuvhuya,' akatanga kulovha vhatsherejeri vhanhulume navhanhukaji akadla akamwa akakambiwa,⁴⁶Ishe wamunotevhera uyu utshaswika nezuvha laasingataliri netshikati tshaasingazivhi ukaulovhesa zwikugwane akaupa ukovhe uwe panhu pamwepeji

navhasina utendevhuka.⁴⁷ Ulanda uyo, wakazivha kuda kashe uwe, asina kugajira kana kueta kuda kuke utshalovhiwa zwinji.⁴⁸ Asi usina kuzivha akaeta zwakafanirakulovhiwa, utshalovhiwa zwituku. Asi akapiwa zwinji, zwinji zwitshatswakwa kaali, unotendiwa nezwinji, vhatshalevha zwinopindisa kaali.⁴⁹ Ndakavhuya kundoposa moto panyika, kana ndinoti dleni watobatijiwa zwavo.⁵⁰ Asi ndine lubhabhatijo gwanditsha bhabhatija nago, ndinombejegwa kuswikira zwitshieteka!⁵¹ Munofunga kuti ndakavhuya kundopa lugale panyika na? Hayi, ndinoti kamuli, asi kupambanisiwa.⁵² Nokuti kubva kuna vhashanu vhengumba imwe vhatshapesana vhatatu vhatshapambana na vhavhiri, vhavhiri navhatatu.⁵³ Vhaka ketana, bhabha vhatshapesana nemwanawoutukana wavho nomwanatukana na bhabha vhavhe, mayi nemwanawousikana wavho nomwanawousikana na mayi vhavhe, mazwale vhatshapesana neukaji wemwana noukaji wemwana namazwale vhavhe.⁵⁴ Jeso akati kuvhanhu vhanji, "Kana mutshivhona gole litshikwira kumavhirira, pakalehwa munoti, 'Vula itshana,' zwinoete saezwo.⁵⁵ Kana mutshivhona mwiya itshihuhuta itshibva pasi, munoti, 'Kutshapisa tshaizwo zwinoeteka.⁵⁶ Hypocrites, imwi vhanyengejeri munozivha kudujira zwamunovhona zwenyika nezwokumakola, asi hamuzivhi neni kudujira tshikati yetshi?⁵⁷ Munolegereni kuzwitongera imwi zwakanaka?⁵⁸ Nokuti kana mutshienda kuna Ishe noujivhisi uwo, uejise kuti ulegejiwe naye mutshiri muzira, kuti alege kukukwirira kuutongi, akuese kupolisa upolisa akusunge mujere.⁵⁹ Ndinoti kamuli, haungabudimo usanu walipa mali yokupejisira."

Chapter 13

¹Netshikati yetsho, vhamwe vanhu vhanga vhalipo vhaka buzwa mahwi lavha Galeliya vhakanga vhayivhengana lopa lavho nezwibayiro zwavha na Pilato. ²Jeso akapindula akati kavhali,"Mundoti vha Galeliya avho vhakanga vhalitshinyina kupinda vha Galeliya whose zwakatambula sayezwo? ³Hai, ndomuvhuja.Asi kana musinga tendevhuki ,nemwi mose mutshapalala sayezwo.⁴Kana vheya vhane gumi nevhashanu na vhavhiri vhaka wingwa neswinga ye Siroani yakavhavhulaya,munoti vhanga vhane mhaka kukunda vhanhu whose vhaigala Jerusalema naa? ⁵Hai,ndinoti. Asi kana musinga tendevhuki,nemwivho mutshapalala sayezwo."⁶Jeso wakalevhreka ufanyikiso,"Umwe unhu wanga aneukuyu wanga ukasimwa muunda uwe wo zambiringa waka simwa mune akavhuya atshitswaka mbebo kaali aka komwa. ⁷Iyapo akati kulimi weminda wezambiringa, "Talira, ndakavhuya makole matatu nditshitswaka mbebo paukuyu hoyu ndakakomwa.Utemeyi.Unokonweni pasi?⁸Akapindula akati,'Ishe,mulegeni zwenu nhaka kuswikira nditshiulimira nokuuyesa upfuje. ⁹Kana ukahobheba zwibehwa gole lovhuya, zwakanaka; asi kana usingabebi, mungahoutema zvenu!"¹⁰Iyezwi Jeso wanga atshigudisa mune limwe Sinagoge nezuvha le Savhatha. ¹¹Zwino talira, kanga kune ukaji wanga anomwiya wovhugwere makole anegumi namashanu namavhiri.Wanga akawonyana asingakoni kumuluka.¹²Jeso ukati atshivhona, akaudana akati,"Umayi ,wasunungugwa pavhugwere huhwe." ¹³Vhakayesa mavhoko awe panhezulu kuke,akasanula zwetshikati yetsho akalumbija Mwali. ¹⁴Asi ukugwane we sinagoge wakatshamwa nokuti Jeso wakapolesa nezuvu lesavhatha. Akapindula akati kuvhanhu vhakawanda,"Mazuvha mashanu nalimwe alipo unofanira kubabwa navho.Vhuyai nayawo mupolesiwe,asi musavhuya nezuvha la savhatha."¹⁵Asi Ishe wakaupindula akati,"Imwi vhanjengeji! Kati umwe noumwe wenu haangasununguli ngombe iye kana dongi iye patshidliro nousi we savhatha akayenda nayo kundoinwisa na ?¹⁶Zwino mwanasikana wa Abhurahama, wanga akasungwa na Satani makole anegumi namashunu namavhiri haafanira kusunungugwa nezuvha lesavhatha patshisungo itshi na ?¹⁷Zwino wakati alevha iyezwo vhajivhisi vhavhe whose vhakashonisiwa,asi vhanhu zwose zwakatonaka zwakayetiwa naye.¹⁸Jeso wakati,"Vhushe hwa Mwali, hwakafanana nenivho nditshahwufananija neni? ¹⁹Hwakafanana nesanga yembeu yemastarda yakatogwa nounhu wakaida muunda uwe, ikamera ikaeta uti ukugwane, zwinyoni zwokumakole zwikagala pamatari awo."²⁰Wakati zwino,"Vhushe hwa Mwali nditsha hwufananyiji nenivho?²¹Hwakafanana nekukumuso yakatogwa noukaji akayesa muzwiyera zwitatu zwefulawa kuswikira yose fulawa ya kukumuka."²²Zwino Jeso wakayenda muma dorobha na mumisa, atshingo fundija atshingoyrnda kuswika Jerusalema. ²³Umwe ukati kaali,"Ishe,vhatshahopiyiwa vhasoma naa?"²⁴Akati kavhali, "Gwisani kupinda nesuvho lakamanikana voti,nokuti,ndinoti kauli,vhakawanda vhanozama kupinda,asi havhanga koni.²⁵Patshikati iyetsho kana mwene wengumba akamuluka akavala ukovha,imwi mukatanga kumira kuze mukakokonya paukovha mutshiti,'Ishe,Ishe,mutivilen.' "Akapindula akati kavhali,'Handimuzivhi imi kamakabva.'²⁶"Zwino mutshatanga kuti,'Taidla,taimwa panda penu vhuye maigudisa pazira jomumisa yedu.'

²⁷"Asi iye utshati,'ndoti kamuli,handizivhi kamakabva.Ibvayi kandiri ,imwi mose vhati vhezwska kalulama!"²⁸Apo patshavha nokulira nokudengenyeka kameno kana mutshivhona Abhurahama,Isaka,Jakobho,na vhaporofita whose vhalii muvhushe hwa Mwali,asi imwi mabudisiwa kuze. ²⁹Vhatshabva mabvazuvha, nokumavhirira ,nokumakole, napasi,vhakagala muvhushe hwa Mwali. ³⁰Talirani,vhalipo vhopejisira vhatshavha vhokutonga ,novhokutanga vhatshavha vhokupejisira."³¹Netshikati iyetsho , vhamwe vhaFarisi vhakavhuya vhakati kaali,"Endai mubve pano nokuti Herodhi unoda kukuvhulaya."³²Jeso akati,"Endayi munovhuja mhunguhwe iyo,'Talayi,ndinobudisa mwiya yakayipa ndino polesa nasi namangwana,nezuvha letshitatu ndinopejisa.'

³³Pakangokhakhika,ndinofaniri kuyenda nasi nama, mangwana,nelinotevhera,nokuti hazwingayeteki kuti uporofita avhulawe kuze ku Jerusalema.³⁴Jerusalema,Jerusalema, ndiyani ukavhulaya vhaporofita nokutaka namahwe avho vhakatumwa kaali.Ndanga nditshida ngamaanda seni kukuvhanganyija vhana vhavho semhambo inovhunganyija hwukwana jayo pasi pamapapiro ayo,asi makalamba. ³⁵Vhonani,masiyigwa ngumba yenu yavha dongo zwinhu kazwo.Ndinoti kamuli, hamutshandivhona kuswikira mutshiti ,Ngaalumbijiwe iye unovhuya nezina la Ishe.""

Chapter 14

¹Zwakayeteka zuvha leSavhatha, waka yenda akandopinda mungumba youmwe ukugwane wavha Farisi kuti adle vhurotho, vhakautalisisa. ²Zwino, padha kuke kanga kuneunhu wanga ane endema. ³Jeso akabhzwa vhadujiri vhoutemo wavha Judha navha Farisi atshiti,"Zwakatendegwa kupoja unhu zuvha leSavhatha, kana hayi?"⁴Asi vhakanyalala.Zwino Jeso akautola, akaupoja, akawuyendisa. ⁵Akati kavhali, "Ndiyani pakati penu angati mwanatukana uwe kana mbaho iye ikawira mugomba nezuvha le Savhatha asingayibhudisi iyapo?"⁶Vhasingakoni kuzwipindula pazezulu payezwo.⁷Zwino Jeso wakavhona iyavho vhanga vharambiwa vhatshizwikhethera zwindulo zwaphandha, akalevha ufananijo, atshiti kavhali, ⁸"Kana iwe utshinga warambiwa pautambo wokuwana, usagala patshindulo tshaphadha, nokuti umwe unoramba unokujiva kupinda iwe. ⁹Zwino unhu wakamuramba mose atshiswika, utshati kawuli,Ipiwa hoyu umwe paugere,'Ukotanga kugala kutshigalo tshasule utshishona. ¹⁰Asi kana warambiwa, endayi undogala kutshigalo tshasule, kuti uya wakuramba atshivhuya, utshati kawuli, 'Ungana,endayi kutshigalo tsahphadha!Zwino utshakujiva phadha kavhose vhawugere navho padafula. ¹¹Nokuti umwe noumwe unoziwuja utshaninisiwa,futhi unoziwininipisa unokujiva."¹²Jeso wakati kune unhu wakauramba,"Kana wangajira tshiswuswulo ka tshilayilo, usaramba vhanganana kana vhakulu vhavho kana hama jijo kana vhafumi vhepadhuze, kuti vhatshahodovha vhokurambavho futhi vhatshidovha kulipa.¹³Asi kana wagajira utambo wetshilayiro, rambayi vhasina, nezwilema,nevhanosuja nevhasingavhoni, ¹⁴futhi utsha kombolelegwa, nokuti havhana zwavhangakulipira nazwo.Nokuti utshalipiga pakumuka pevhakalulama. ¹⁵Zwino umwe anga agere padhafula na Jeso atshihwa hezwi zwinhu, wakati kaali,"Wakakombolegwa ndihoyo utshadla zwokudla pavhushe hwa Mwali!" ¹⁶Asi Jeso wakati kaali,"Umwe unhu wakagajira tshilayiro tshikugwane akaramba vhakawanda. ¹⁷Patshikathi tshetshiswuswulo, wakatuma ulanda uwe kunayavho vhangavharambiwa kundoti,Vhuyani, nokuti zwose zwagajigwa kale.¹⁸Iyapo vthose vhakatanga kulevherera.Wokutanga wakati kaali, 'Ndatenga minda, ndofanira kuyenda ndinouvhone.Ndokumbira kuti undilevherere.' ¹⁹"Umwe akati, 'Ndatenga mboho jokwana majoko mashanu, ndoda kuyenda kundo jizama kuze.Ndokumbira undilevherere.' ²⁰"Zwino umwe unhu akati, 'Ndawana ukaji nayezwo handingavhui."²¹Ulanda wakavhuya akavhuja Ishe uwe zwinhu yezwo.Iyapo nwene wengumba wakatshamwa akati kulanda uwe, 'Endayi kutavhanya muzira hugwane ne nhuku jemumisa uvhuye navhasina,nezwilrma, nevhasingsvhoni nevhanosuja.' ²²"Ulanda akati, 'Ishe izwo zwamalayijira ndazwiyrta, asi ngumba itshambovhapo."²³Ishe wakati kulanda, 'Endayi muzira nomulukuta uvhakombejere kuti vhapinde, ngumba yangu izale. ²⁴Nokuti ndinoti kawuli, hakuna umwe kuvha lume vhandaka ramba angalavhira tshilayiro tshangu."²⁵Zwino vhanhu vhanji vhanji vhakayanda naye, akatendevhuka akati kavhali, ²⁶"kana unhu atshivhuya kandiri asingsnyali bhabha vhavhe, mayi, ukaji, vhana, vhakuli ne zwaji tshero novhupenyu huhwe, hangavhi utevheri wangu. ²⁷Ani nani usingahwali tshipambano tshitshe akuvhuya sule kangu hangavhi utevheri wangu.²⁸Nokuti ndiyani kamuli unoti kana atshida kuvhuka thawa asingagali pasi akavhala kudhura kayo akavhona kana anemali yokuyipejisa nayo? ²⁹Nokuti, kana atanga kuyimuluja asingahoyipejisi, vthose vhanozwivhona vhanothoseka, ³⁰vhatshiti, 'Uyu unhu wakatanga kuvhaka akakomwa kupeja.'³¹Kana niupiyo Ishe kana atshiyenda kundogwa noumwe Ishe asingstsngi kugala pasi akafunga kana iye anevhanhu manezwulu zwemazana zwinegumi uno kwanisa kundosangana nounovhuya kundogwa anevhanhu vhanewzulu zwemazana zwinamakumi mavhiri?³²Kana asingakoni,unotuma unhu iye atshambovhka kule, kundokumbira mamhungo olugale. ³³Sayezwovho, ani nani kamuli usingasiyi zwose zwaanazwo hangavhi utevheri wangu.³⁴Munyu wakanaka,asikana munyu kalasakuvhavha kawo, utshalugwa nenfuthi?³⁵Hawusina basa paminda kana padutu lopfuge.Unodigwa kule.Unezevhe ngahwe, ngaahwe."

Chapter 15

¹Zwino vhatheresi vhose navhatshinyi vhakayenda kuna Jeso kundo igira zwaayi levha. ²Vhose vha Farisi navhanwali vhayihwisisana vhose,vhatshiti, "Uyu unosangamija vhatshinyi,atshidla navho." ³Jeso wakavhavhuja ufananijo atshiti, kavhali, ⁴"Ndiyani pamuli, unemakwayi anezana kana akalasikigwa nli nwepeji,angasiya makumi mashanu nana namashanu nana mubani, akatevhera lakalasika kuswikira aliwana? ⁵Zwino kana aliwana , unoyesa pamapfui awe atshifala. ⁶Zwino kana aswika paua , unodana vhanganam pamwepeji nevhavhakijani vhavhe , atshiti kavhali, 'Falani nem, nokuti ndawana gwayi langu lakalasika. ⁷Ndinoti kamuli , sayezwo ufalo utshawha kumakole pazezulu poutshinyi umwepeji unotendevhuka , kupinda kavhakalulama vhana makumi mashanu nana nashanu naina vhasingadi kutendevhuka⁸Kana ndiupyo unhukaji unemasiliva ane gumi , kana akalasa limwepeji , ungalenga kulayitha tshilamba , kuti atswayire ngumba , akatswakisia kuswikira aliwana? ⁹Kana aliwana , unodana vhanganam pamwepeji navhavhakijani naye , atshiti , 'Falani nem, ndawana siliva yandanga ndalasa. ¹⁰Ndinoti kamuli sayezwo , ufalo ulipo phadha pevhatumwa vha Mwali pazezulu potshinyi umwepeji unotendevhuka."¹¹Zwino Jeso akati , "Umwe unhu wanga anevhanantukana vhavhiri, ¹²zwino utuku wavho akati kuna bhabha vhavhe,'Bhabha, mundipeni ukovhe we nhaka unohovha wangu.Akavhaphakhira pfumo pakati pavho.¹³Mazuvha matuku apinda , nwanatukana utuku wakavhunganya zwose zwaanga apiwa akayenda kuniya yakule , ndiko kakandopeja fuma iye atshiyenda. ¹⁴Zwino wakati apeja zwose , zala hugwane yakaswika panyika , akatanga kukonwa.¹⁵Iyapo wakayenda akandozwiyesa kune umwe wavhanhu vhenyika iyeyo , iye wakatuma kuminda kundofinda nguluvhe. ¹⁶Wanga atshida kuzwigutsha nemasanga ayidliwa nenguluvhe nokuti kanga kusina unhu wayiupa.¹⁷Zwino wakati atshizwifunga , akati , 'Vhalanga vhanji seni vha bhabha vhangu vhane zwokudla zwakawandisa asi imi yapa , ndofa nezala! ¹⁸Nditshamuluka ndikayenda kuna bhabha vhangu , ndikandoti kavhali , "Bhabha , ndaka tshinyira makole pamwepeji nemwi. ¹⁹Handitshafanira kuhwi nwanatukana wenu ; asi mundiyete soumwe waavhalanda vhenu."²⁰Ukamuluka nwanatukana akayenda phadha ka bhabha vhavhe.Zwino atshambovha kule , bhabha vhavhe vhakawuvhona vhakawuhwira vhusiwana vhakawugidimira vhakambundikira vhakawu khisa. ²¹Nwanatukana wakati kavhali , 'Bhabha , ndakatshinyira kumakole pamwepeji nemwi.Handitshafanira kuhwi nwanatukana wenu.²²"Bhabha vhakati kuulanda wavho, 'Tavhanyijani muvhuye nenhumbi yakanyanya kunaka , muusimije , moyese ringi yoluvhoko gugwe , nethovho musoka jije. ²³Zwino movhuya nenamana yakakola tuyivhulaye. Tidle titshi fala. ²⁴Nokuti nwanatukana wangu anga akafa, asi yezwi unophira .Anga akalasika, asi yezwi wawanika. 'Zwino vhakatanga kufala.²⁵"Zwino nwanatukana uwe wedanji anga ali kuminda.Zwino wakati atshiswika, atshixhwedera padhuze nengumba, wakahwa kuyimba nokujayiva. ²⁶Iyapo wakadanira umwe wavhalanda akawubhuzwa kuti izwi zwini. ²⁷Ulanda akati kaali, 'Ukulu uwo wavhuya paua zwino bhabha vhavhe vhavhulaya namama yakakola nokuti vhawuwana ali upenyu.²⁸"Zwino nwanatukana wedanje wakatshamwa akalamba kupinda , zwino bhabha vhavhe vhakabuda paze vhakaluvhirira zwikugwane. ²⁹Asi nwanatukana wedanje wakapindula akati,kuna bhabha, 'Talirani ndakamubatira makole avha manji ndisingambopfuki ulayo wenu , asi hamuna kutongondipa mbujana kuti ndifale nevhanganam vhangu,³⁰asi nwanatukana wenu hoyu wavhuya, wakapofuja fuma yenu nezwifevhi , wavhuya mukawu vhulayira namana ikakola.³¹"Bhabha vhakati kaali,'Nwanangu , iwe unemi tshikhathi tshose , zwose zwangu ndizwizwo. ³²Asi zwinofanira kuti tose tifale nokufalisisa , nokuti ukulu uwo anga afa , asi iyezwi unophira ; anga akalasika , asi wawanika."

Chapter 16

¹Jeso wakati kuvhathevheri vhavhe , "Kanga kune ufumi wanga ane utaliri, izwo wayivhijiwa kutshiwi utaliri uwe unotambisa fuma iye. ²Zwino iyapo ufumi wakadana akati kaali, 'Izwi zwandanohwa pazezulu papo ndizweni? Uzwidavhirireyi pazezulu pevhutaliri huho , nokuti hawungadovhi ukavha utaliri.'³"Zwino utaliri ukati mumoyo uwe, "Tshini tshandingayeta, Ishe wangu zweonditolera vhutaliri hwangu?Handina simba loku lima nalo, futhi kukumbira ndinoshona. ⁴Ndinozivha zwanditshayeta, kuti kana ndabudisiwa pavhutaliri, vhanhu vhatsha ndisangamija mungumba javho."⁵"Zwino utaliri wakadana umwe noumwe anga anetshikwereti na Ishe uwe, akati kunewokutanga, 'Unetshikwereti tshakayeta seni kuna Ishe wangu?' ⁶Akati, 'Magate emazana emafuta.'Akati kaali, 'Tolayi bhuku liro, ugale pasi kutavhanya, umale makumi mashanu.' ⁷"Zwino utaliri akati kune umwe, 'Iwe unetshikwereti tshakayeta seni kana Ishe wangu?

Akati, matengu ezana egorosi.'Akati kaali,'Tolayi bhuku liro , unwale shanu nenhutu.'

⁸"Zwino Ishe wakalumbija utaliri asina kululama nokuti anga ayeta nokuthanga.Nokuti vhanatukana vhenyika yezi vhaka thanya paluji gwavho kupinda vhanatukana vhetsiyeja. ⁹Zwino ndinoti kamuli, muzwiyetere vhangana nefuma isina kululama, kuti kana yapera, vhamusangamije mungumba jisingaperi.¹⁰"Wakatendevhuka pazwinhu zwitukutuku wakatendevhukavho pazwinhu zwikugwane, asi usina kululama pazwinhu zwitukutuku hangalulami pazwinhu zwikugwane. ¹¹Nayezwo kana musina kuvha vhakatendevhuka pafuma isina kululama, ndiyani utshamutenda nefuma isiye shuwa?¹²Kana musina kuvha vhakatendevhuka pazwinhu zwoumwe, ndiyani utshakupa mali iyo?¹³"Hakuna ulanda angakona kubatira vhana Ishe vhavhiri, nokuti utshanyala umwepeji akada umwe, kana utsharabhirira umw akayeja umwe.Hamungabatiri vha Mwali ne fuma."¹⁴"Zwino vha Farisi, vhanga vhatshida mali, vhakahwa hezwi zwose, vhakauseka. ¹⁵Akati kavhali, "Imwi munozwilulamisa pakati pevhantu, asi Mwali unoziwha moyo yenu.Kuti izwo zwinokujiva pakati pevhantu zwinonyoweja kuna Mwali.¹⁶Ulayo navha Porofita zwanga zwiripo kuswikira kuna Jowana.Kubva patshikhathi yetsho, ivangeri yovhushe hwa Mwali yayingopalijija, umwe nounwe unopinda mahuli neetshisimba. ¹⁷Asi zwakaleruka kuti makole ne nyika kuti zwipinde panekuti thoro yolu nwalo gweutemo ikonesiwe.¹⁸Umwe nounwe wakalamba ukaji uwe akawana umwe umwe unoyeta vhupombwe, futhi umwe no umwe unowana wakalambwa noulume uwe unoyeta vhupombwe.¹⁹"Zwino kanga kune umwe ufumi wayi simira nhumbi tswuku mwenda yakanaka futhi wayifalira fuma iye yakawanda. ²⁰Zwino umwe ulombo wayihwi Lazaro aga avhete paukovha uwe, anezwilonda,²¹atshida kuzwigutisa nezwayiwa pasi pedhafula loufumi.Tshero imbwa jayivhuya jitshinazwo zwilonda zwizwe.²²Zwino ulombo wakati afa vhatumwa vhakauyesu patshifuvha tsha Abhurahama.Ufumi wakafa vho akatshigwa,²³zwino ali maHandesi, alipakugwajiwa, akatalira zezulu akavhona Abhurahama ali kule na Lazaro ali patshifuvha tshitshe.²⁴Zwino akalira atshiti, 'Bhabha Abhurahama, mundihwireni vhusiwana, tumani Lazaro, kuti anyike ulomo wounwe uwo muvula atonhoje lulimi gwangu, nokuti ndinogwajiwa neupiso wemoto.'²⁵Asi Abhurahama akati, "Mwana,fungayi kuti wakapiwa zwakanaka zwizwo pavhupenyu huho, na Lazaro sayezwo vho wakapiwa zwakayipa.Asi iyezwino unonyalajija iyapa, iwe unogwajiwa. ²⁶Pazwinhu zwose yezwi, uganu ukugwane wakayesiwa panyika, kuti vhangeno vhanoda kupfuka kuyenda seri kamuli, akomwe futhi naliyoko unoda kuvhuya katiri akomwe.²⁷"Ufumi akati, 'Ndinokumbira kamuli,Bhabha Abhurahama, kuti mutume kungumba ya bhabha vhangu-²⁸nokuti ndina vhakulu vhashanu-kuti andovhavhuja kuti vhalege kuvhuya panyika heyi inopisa.'²⁹Asi Abhurahama akati,"Mozisi navha porofita; vhanavho ngavhavha igire ivho.'³⁰Ufumi akapindula akati, 'Hayi, Bhabha Abhurahama, asi kana umwe akabva kunevhakafa akayenda kavhali, vhanga tendevhuka.'³¹Asi Abhurahama akati kaali, 'Kana vhasinga ingiri Mozisi navha porofita, havhangatendi tshero umwe akamuka kune vhakafa."

Chapter 17

¹Zwino wakati kuvha tevheri vhavhe, "Hazwingayeti kuti zwino tshamwisa zwisavhuya, asi ane nhamo iye zwino vhuya naye! ²Zwayivha naye kuti guyo lisungirigwe muhulo iye awisigwe mugungwa kuti atshamwise pavhatuku avha.³Tanyirani.Kana hama iyo ikatshinya,ulayire, kana akatendevhuka, ukanganwire. ⁴Nhangwe aku tshinyira nangwe nezuvha limwepeji,ukajokera kayali kanenge,atshiti,'ndatendevhuka,' uwukangamwire!"⁵Zwino vhapositori vhakati kuna Ishe,"Mutiwejereni kutenda kedu." ⁶Ishe vhakati,"Kana makavha nokutenda kakayetase sanga ye masitadha,mayiti kukhuyu uyu ijugwe,'usimiwe mugungwa,' mukawana wajukuka.⁷Ndiyani kamuli,angavha noulanda unolima kana uno lisa makwayi, akati kavhali atshibva muunda, 'Vhuyayi ugale pasi udle"? ⁸Handingati kayali, ndigajirire zwokudla, uzwi sunge mukundu undishumire kuswikira imi ndadla ndikanwa.Iwe ukodla nokunwa"?Unga tenda ulanda zwaayiyeta,zwakanga zwalayijigwa na? ¹⁰Saizwo nemwivho, kana mayeta zwose zwamaka layigwa, vhatshiti,'muti tiri vhalanda.Pasinataka yeta sezwa tayifanira kuyeta."¹¹Zwino vhakati vhatshiyenda Jerusalema,akapinda na Samariya ne Galiliya. ¹²Zwino atshipinda munoumwe usa, wakasangana nevha nhulume gumi vhanga vhana mapere mbuji.Vhamire kule ¹³vhaka davhijira,vhatshiti, "Jeso, Ishe, tihwireni vhusiwana."¹⁴Zwino ukati atshivhavhona, akati kavhali,"Endani mundo zwisumbija kuvha pirisita."Vhakati vhatshiyenda vhakapola. ¹⁵Zwino umwe wavho atshivhona kuti ndapola, ukajoka, atshikuja Mwali nehwu gugwane. ¹⁶Ukawira pasi netshiso pasoka ja Jeso, aka uvhona.Zwino iye anga ali uSamariya.¹⁷Iyapo Jeso wakapindula,"Havhana kupijiwa vhegumi na? Vhalipi vheshano navhana? ¹⁸Hapano akawanika ajokera kundo kuja Mwali, hasi uyu utogwa na?" ¹⁹Yapo wakati kaali,"Muluka, uyende.Kutenda kuko kakupija."²⁰Zwino wakati atshibuzwiwa na Farise kuti vhushe hwa Mwali hwuno swika lini, Jeso akavha pindula akati,"Vhushe hwa Mwali hahwu vhuyi hutshi vhoneka. ²¹Havhangati,Talirani,vhaliyapa! kana,'yoko!'Talirani , Vhushe hwa Mwali hwuli mukati wenu."²²Akati kuvha tevheri,"Mazuvha atshaswika amutshatswaka kuvhona zuvha limwepeji lamazuvha omwana woutukana wounhu,asi hamunga livhoni. ²³Vhatshati kamuli,'talirani,yoko! talirani,yoko!' Asi hamunga livhoni, ²⁴nokuti soupenyo unopenya utshibva kuno lumwe lutivhi pasi lino utshi vonekera kuswikira kune lumwe lutivhi, ugu ndizwo zwitsha yeta who namazuvha omwana woutukana wounhu who nezuvha lire.²⁵Asi unofanira kutambula ngamandda nokulasikigwa noluji ugu. ²⁶Sezwa zwanga zwakayeta pamazuvha a Nowa, ndozwazwitshayeta who namazuvha omwana woutukana wounhu.

²⁷Vhayidla,nokumwa,nokuwanana,nokuwanisiwa kuswikira zuvha lakapinda Nowa muareka-vula inji ikaswika ikapalaja vhose.²⁸Sezwa zwanga zwakayeta, mazuvha a Loti-vhayedla, nokumwa, nokutenga nokutengisa, nokusima noku vhaka. ²⁹Asi nezuvha laka buda Loti muSodhoma, moto netshikegulu zwanga zwitshibva nyezulu zwika vhapalaja vhose.³⁰Ndizwo zwazwitzhayeta nezuvha yero mwana woutukana wounhu laatsha vhoneka nalo. ³¹Nezuvha iri uli panyezulu pengumba, nhumbijije jiri mungumba ngalege kujikita kundoji tola sayezwo who ulikuminda ngaalege kujokera sole.³²Langalirani ukaji wa Loti. ³³Aninani unotswaka kutanyira vhupenyu hwuhwe utshalasikigwa nahwo,asi aninani unolasa vhupenyu hwuhwe utshahwulalamisa.³⁴Ndinoti kamuli, vhusiku uhwo vhanhu vhavhiri vhatshavha panhovho imwepeji.Umwe utshatogwa,umwe utshasala."

³⁵Vhanhukaji vhavhiri vhatshakuya pamwepeji.Umwe utshatogwa,umwe utshasala." ³⁶Vhavhiri vhatsha kuminda, umwe utshatogwa, umwe utshasiyiwa.³⁷Iyapo ukavhabuzwa,"Api,Ishe?"Wakati kavhali,"Apo penetshitumbu, ndipo pano kuvhanganira magola."

Chapter 18

¹Zwino waka vhavhuja ufananijo wokuti vhana fanira kurabhira tshikati tshose vhasinga lasi moyo, ²akati, "Mune limwe dhorobho manga mune umwe utongi anga asingahli Mwali kana kuvha neshemu nounhu." ³Zwino manga munetshiri kaji mudhorobho yero, yailamba itshi vhuya kaali,vhatshiti, 'Ndilulamise vho kuno undivhenga.' ⁴Iye ukambo lamba tshikati, asi pasule wakati mumoyo mume, 'nongwe ndisingahli Mwali kuvha ne shemu no unhu, ⁵iye tshirikaji zwaino nditambuja, nditshalalamisa ilege kuvha netshamusule,indilovhe kumeso."⁶Ishe wakati,"Ihwani zwino lehwa nou tongi asina kunaka. ⁷Iyezwi Mwali hanga lulamisiri vhaka bululugwa vhavhe vhano davhijira kayali masikati novhusiku? Nangwe atshinonoka panyezulu pavho na ? ⁸Ndinoti kamuli utsha tavhanyija kuvha lulamisa. Asi mwana wounhulume wounhu, kana atshiswika, utshawana kutenda panyika na?"⁹Wakalevhavho ufananijo uyu kune vhamwe vhanga vhatshizwitenda vhatshiti takalulama vhatshi ejahamwe, ¹⁰"Vhanhu vhavhiri vhakakwira kugereke kundo rabhira-umwe ali uFarisi umwe ali uterisi."¹¹Ufarisi waka mira aka rabhira dleni atshizwirevha akati ndino mutenda, 'Mwali, kuti handina kufanana navhamwe vhanhu-makalolo, vhasina kululama, mhombwe-kana nouteresi uyo. ¹²Ndino zwinyima zwokudla kavhali ne viki.Ndinopa tshegumi tshe zwose zwandino wana.¹³Asi uteresi, wakamira kule, asingadi kana katalira nyezulu, aka zwilovha tshifuvha, akati, 'Mwali, mundihwirevho vhusiwana imi, utshinyi.' ¹⁴Ndinoti kamuli, uyu wakajikitira kanyi kuke alulamisiwa kupinda uya, nokuti umwe noumwe unoziwikuja utshaninipisiwa umwe noumwe, asi unoziwvi ninipisa utsha kujiwa."¹⁵Zwino vhanhu vhaka vhuya nezwisiye kayali kuti avha rabhirire, asi vhatevheri vhakati vhatshizwihona, vhakavha layijira. ¹⁶Asi Jeso wakavha danira kavhali,akati, " Legani vhana vhatuku vhavhuye kandiri, musavha jivhisa.Nokuti vhushe hwa Mwali ndihwo hwuno vhadlali. ¹⁷Shuwa shuwa ndinoti kamuli, aninani asinga sangamiji vhushe hwa Mwali so mwana utuku hanga pindi mahwuli."¹⁸Zwino umwe ukugwane wakaubuzwa, akati, "Ujjisi wakanaka, ndingayeteni vho kuti ndigale nhaka yovhupenyu hwusinga peri"? ¹⁹Jeso wakati kaali, "Unondiyejereni wakanaka? Hakuna wakanaka, asi umwepeji kupela iye Mwali. ²⁰Unoziwha milayo- usapombwa, usa vhulaya,usaba, usapupula kunyepa, kuja bhabha namayi vhavho." ²¹Iye akati, "Izwi zwose ndakazwi tshengeta kubva pavhutuku hwangu."²²Zwino Jeso atshizwihwa, ukati kaali, "Kukonwa tshinhu tshimwepeji kupela.Tengesa zwose zwaunozwa upe vhalombo, uvhe nefuma nyezulu-ukovhuya, unditevhhere." ²³Zwino ukati atshihwa yezwo, ukabahwa nesungu tshaizwo, nokuti anga ane fuma yakawanda.²⁴Zwino Jeso, atshimuvhoma ukati, " Vhane fuma vhatshalemegwa seni kupinda muvhushes hwa Mwali! ²⁵Nokuti gamera inga lerukigwa kupinda muvhuli levhaji, kuufumi kupinda muvhushes hwa Mwali."²⁶Zwino vhanga vhazwihwa vhakati,"Ndiyani anga pijiwa?" ²⁷Jeso akati, "Izwo zwisingayeti kuvhanhu zwino yetu kuna Mwali."²⁸Pitirosi ukati, "Talirani, isu taka siya zwose tikakutvhera." ²⁹Jeso akati kavhali, " Shuwa, ndinoti kamuli hakuna unhu ukasiya ngumbu, kana ukaji, kana vhanukuna, kana vhabhebhi, kana vhana, nokuda kovhushe hwa Mwali, ³⁰ndiyani usinga hopiwi zwinji kuna yezwo netshikati yetsho, namakole anotevhera, novhupenyu hwusinga peri."³¹Zwino vhakatola vhane gumi navhavhiri, akati kavhali,"Talirani, tinokwira Jerusalema, mwana woutukana wounhu utsha etegwa zwose zwamwagwa navha porofita. ³²Nokuti utsha yesiwa kune ma Gentili, nokusekwa, nokuetegwa zwakaipa, nokupfigwa mate. ³³Vhatsha ulovhesa, nokuuvhulaya, asi nezuvha lavhutatu utshamuka futi."³⁴Asi havhana kuhwisisa tshinhu kana tshimwepeji, tshayizwvohno mhungo iri langa laka vhandirira kavhali, ende havhana kuhwisisa zwakalehwa.³⁵Zwino wakati ahwedera,Jeso aswika Jeriko,rimwe bofu layigala pazira litshikumbira, ³⁶lakahwa vhanhu vhanji vhatshipinda,lika buzwa litshiti tshini tshoyeteka. ³⁷Vhaka livhuja vhatshiti ndi Jeso we Nazarete uno pinda.³⁸Yapo laka davhijira, litshiti, "Jeso, Mwana woutukana wa Dhavidha, undihwireyi vhusiwana." ³⁹Zwino vhanga vhaka tungamira vhakalayira, kuti linyalale. Asi lakanyanya kudavhijira litshiti, "Mwana woutukana wa Dhavidha, undihwireyi vhusiwana."⁴⁰Zwino Jeso wakamira akalayira vhavhuye nalo kaali.Likati lasedera,Jeso akalibuzwa ukuti, ⁴¹"Unoda kuti ndiku etereni?" Likati, "Ishe, ndinoda kuti ndivhone."⁴²Jeso wakati kaliri, "Tshivhonayi.Kutenda kuko kakupija." ⁴³Iyapo yapo lakavhona lika utevhera, litshi lumbija Mwali.Vhanhu whose vhatshi zwivhona, vhakakuja Mwali.

Chapter 19

¹Upirisita ukugwane ukati , "Zwinhu izwi ndi two na?" ²Stefani ukati, "Hama navha no bhabha ihwani Mwali wakupenya wakazwisumbija kuna bhabha vhedu Abhurahama vhatshambovha Mesopotamiya vhasanhu vhagala HArani. ³Ukati kaali, Ibva munyika iyo nomuhama jijo uyende kunyika yanditshakusumbija .⁴Iyapo ukabva munyika yavha Khaladini akagala Harani . Kubva iyapo zwino bhabha vhavhe vhakati vhafa Mwali ukafulusira yapo panyika yeyi yamugere iyewino. ⁵Asi hana kuupa nhaka yoma tshero pa unotshika nolusoka gugwe asi wakawupikira kuti utshaupa iyo ivhe neyavhana vhavhe vhainhoutevhera asanhу avhane mwana. ⁶Mwali akalevhoreka atshiti vhana vhavhe vhatshavha vhatongwa kunyika yavhamwe vhatshivhaeta vhalanda nokuvhavhonisa nhamo makole anamazana manna. ⁷Luji gwavhatshavha vhalanda vhago nditshalutongisa ndizwo zwinolevha Mwali sule kayezwo vhatshabva vhatshindi shumira panyika iyeyo. ⁸Akaupa sungano yakufumba zwino Abhurahama ukabebe Isaka akaufumbisa nezuvha leshanu nanhatu , Isaka ukabebe vhana tategulu vhanegumi namavhiri.⁹Vhanatategulu zwavhanga vhatshigoda Josefa vhaka utengisa akaesiwa Ijipita asi Mwali akavha naye. ¹⁰Ukaugwira panhamo jije jose akautusa kuti adiwe na Faro ishe we Ijipita avhe nokutanya panda kuke iye ukaeta uthaliri we Jipita newe ngumba iye yose.¹¹Zwino zala ikaswika pa Ijipita yose ne Khenana nenhamo hugwane vhana bhabha vhedu vhakakomwa zwokudla. ¹²Zwino Jakopo wakati ihwa kuti Ijipita kune mavhere pakutanga ukatuma vhana bhabha vhedu. ¹³Pagwendo gwetshipiri Josefa ukazivhiwa navhakulu vhavhe luji gwa Josefa gwakazivhiwa na Farawo.¹⁴Zwino Josefa wakavhatuma kundo dana Jakopo bhabha vhavhe ne hama jije jose vhavhye Ijipita vhanhu vha makumi mashantu namavhirinavhashanhu. ¹⁵Jakopo ukajikitira Ijipita akafa iye navhana bhabha vhedu. ¹⁶Vhakaesiwa Shekemi vhakavhigwa patshivhundo tshanga tshatengiwa na Abhurahama kuvhatukana vha Emori pa Shekemu. ¹⁷Zwino tshikati tshetshipikigwa tshanga tshaplikigwa Abhurahama na Mwali tshakati tshitshihwedera vhanhu vhakawanda vhakaeta vhanji pa Ijipita . ¹⁸Kuswika umwe ishe amuka mu Ijipita ishe wanga usina kuzivha Josefa. ¹⁹Iye ukabata luji gwedu nefungwa akatswenya vhana bhabha vhedu akavhamanikija kuti vhalase zwisiye zwavho kuti zwilege kulalamisiwa . ²⁰Tshikati iyetsho Mozisi paakabhehwa wanga akanaka tshayizwo asanhу asangana na Mwali ukaleriwa mweji mitatu mu ngumba ma bhabha vhavhe. ²¹Zwino wakati aposiwa mwana wa Farawo wousikana akaudobha akawulera kuti avhe mwanatukana uwe. ²²Mozisi wakagudisiwa vhutanyi hose hwa Ijipita akavha nesimba pamamhungo napamabasa awe. ²³Zwino akati aswika makole amakumi mana moyo uwe ukati kuvakatshira hama jije vhana vha Izirayeli. ²⁴Ukavhona umwe atshaetegwa zwisina kululama akaugwira akavhulaya mu Ijipita atshikwitshija anga atshitambujwa. ²⁵Ukati zwimwe hama jije jitshahvisisa kuti Mwali anaga atshida kuvhapija nouvhoko gugwe asi havhana kuhvisisa. ²⁶Fume mangwana ukangobudikira akawana vhatshigwa akazama kuvhalamula atshiti , "Vhalume muli hama munoeterana zwisina kunaka neni?" ²⁷Zwino iye anga atshitera umwe uwe zwisina kululama ukausundira kule atshiti, "Ndiyani wakakueta ubati noutongi wedu? ²⁸Unoda kundivhulaya sezwa wakavhulaya mu Ijipita zulo kanti? "²⁹Mozisi ukatiza atshihwa ihwi iri akavha utogwa munyika ye Midiyani, kaakandobeba vhanatukana vhavhiri. ³⁰Zwino makole makumi mana akati apera utumwa washe akauhoniwa naiye mubani letavha ya Sinai muudhugo wemoto muzidako.³¹Mozisi ukati atshivhona moto akamangala nezwaakavhona zwino ukati atshisedera kuingirisa ihwi la ishe lakawhika litshiti, ³²"Ndimwi Mwali wavhanabhabha vhavho Mwali wa Abhurahama nawa Isaka nawa Jakopo iyapo Mozisi ukatetemera akahla kuyingira . ³³Zwino ishe ukati kaali , "Bvisa tovho pasoka jijo nokuti apo pawukamira mavu matswene. ³⁴Ndakavhona zwangu tshayiko kutambula kavhanhu vhanga vhal mu Ijipita ndakahwa kugomera kavho ndajikita kundovhagwira zwino vhuyeli ndikutume Ijipita. ³⁵Ugu Mozisi wavhakalamba vhatshiti ndiyani wakaueta ubati noutongi ? ndiye wakatumwa na Mwali. ³⁶Mozisi ukavhabudisa ukaeta zwino mangaja nezwisumbijo munyika ye Ijipita napa gungwa dzwuku nomurenje , makole anamakumi mana. ³⁷Ndiye Mozisi ukaeta kuvhana vha Izirayeli Ishe Mwali wenhu utshatimusira maporofita pakuti pehama jenuh vhakafanana nemi yoyu ndiye wamutshahwa."³⁸Ndiye wanga ali kusangana mubani anoutumwa ukalevha mutavha re Sinai navhana bhabha vhedu vho wakasangamijiwa mahwi mapenu. ³⁹Ndiye wavhanga vhasingadi kutevhera vho vhana bhabha vhedu vhakaulamba vhakajokera Ijipita nemoyo yavho. ⁴⁰Netshikati yetsho ukati kuna Aroni utiyetere vho Mwali vhangatitungamira nokuti kana ali Mozisi hoyu wakatibvisa munyika ye Ijipita hatizivhi zwakaeteka kavhali. ⁴¹Zwino vhakaeta namana namazuvha iyawo vhakavhuya noutendero nowufananijo wavho vhakafalira basa lamavhoko avho. ⁴²Zwino Mwali akavhafulatira akavhalega kuti vhashumire hondo yoku makole sezwikanyogwa mubhuku lamaporofita kutshihwi saka makandivhigira zwipfuwo zwakabaiwa nezwibayiro makole makumi mana murenje imwi ngumba yavha Izirayeli na?⁴³Makamuluja tabhenekeri vha Moleki nenyereji ya Mwali wenha remfani zwifananijo zwamakaeta kuti muzwirabhire nditshamafulusa panda ka BHabhironi.⁴⁴Vhana bhabha vhedu vhanga vhanе tebaneko re fakazi mubani, yanga yakavhakwa

sezwakalayijira Mwali wakalevha na Mozisi atshiti ayiyete noufanyanyijo waaka vhona.⁴⁵ Yakati manga mutshigwa navhabhabha vhedu vhakapinda nayo na Jeshuwa munyika yavhahedheni Vhaka tabiwa Mwali panda kavhana bhabha vhedu kuswika pamazuvha a Davida.⁴⁶ Iye ukahwigwa vhusiwana panda ka Mwali ukakumbira kuvhakira Mwali wa Jakopo pakugala.⁴⁷ Asi ndi Solomoni wakavhaka ngumba ya Mwali.⁴⁸ Asi wanyezulu hangagali mujingumba jakavhakwa namavhoko sezwakalehwa nouporoifita atshiti,⁴⁹ "Makole nditsho tshigalo tshangu tshevhushe nenyika tshitshiko ishe soka jangu mutshandivhakira ngumba yakaeteseni? ndizwo zwinolevhha ishe kana bhulege yandingazolola payiri ndiipiyo?"⁵⁰ Kati luvhoko gwangu haguna kueta yezwino zwose na?⁵¹ "Imwi vhemitsipa ikawoma musina kutatiwa pamoyo nezevhe munogala mutshijivhisa mwiya utswene, savhana bhabha vhenhu nemi vho."⁵² Ndiupiyo pakati pamaporofita usina kutambujiwa navhana bhabha vhenhu ? vhakavhulaya maporofita havha vhaipalila kuvhuya kawakalulama iye wamukapandukira nokuuvhulaya zwino.⁵³ Iyemi makapiwa ulayo sezwawakalyijigwa navhatumwa asi musingatshengeti.⁵⁴ Zwino vhakati vhatshihwa yezwo vhakafa nesungu tshaizwo vhakatshenganya meno kuna Stefani.⁵⁵ Asi iye uzere ne mwiya utswene ukatalisira kumakole akavhona kupenya ka Mwali akavhona Jeso amire kuluvhoko goluj gwa Mwali.⁵⁶ Stefani akati , "Talirani ndinavho makole akavugwa, nemwana wotukana wounhu umire kuluvhoko goluhli gwa Mwali."⁵⁷ Iyezwi vhakadavhijira nehwi gugwane vhakavala zevhe javho vhakagidimira kaali vthose pamwepeji.⁵⁸ Vhakaubvisira kuze ke dorobho nokuubaka namahwe. mafakazi akaesa nguvho zwalo pasoka jemutukana aiwhi Sawulo.⁵⁹ Vhakataka Stefani atshidana ishe atshiti , "Ishe Jeso sangamijayi mwiya wangu."⁶⁰ Ukagwadama akadavhijira nehwi gugwane , "Ishe musavhapa iyezwo ukavhata lufu.

Chapter 8

¹Sawuli akanga atshitenda kuvhulayiwa kuke zwino netshikati yetsho gereke ye Jerusalema yakatambujija zwikugwane vhakapalajiwa vhose kunyika ye Judiya ne Samariya vhakasala vhapostola vhoga. ²Vhalume vhakaluga vhakavhiga Sitefani vhakaulira ngamanda. ³Zwino Sawuli akapalaja kereke atshipinda muji ngumbajose atshisukumija vhalume navhakaji nokuvhaesa mutsitokisi. ⁴Zwino avho vhakapalajigwa vhakamona nenyika vhatshipalija bungo. ⁵Filipi aka jikitira ku dorobho le Samariya akavha palijira khristo. ⁶Vhanhu vhanji vhakaingirisa no moyo umwepeji zwayilehwa na Filipi vhakauhwa noku vhona zwisumbijo zwaanga atshieta. ⁷Nokuti mwuya yetswina yakabva kuvhanji vhanga vhanayo itshidavhijira neihwi gulu navhanji vhanga vhakafa mitezo vhayisuja vhakapoziwa. ⁸Ufalo ukulu ukavhapo pa dorobho yeyo. ⁹Zwino kanga kune umwe ulume waihwu Simoni wayivha nanga kale mudorobho iyo wayimangaja vhanhu vhe Samariya atshizwieta unhu ukugwane. ¹⁰Vhose vha Samariya kubva kuvha tuku kuswika kuvhakugwane vhakaungira vhakati, "Ulume hoyu isimba la Mwali gulu." ¹¹Vhakaungira nokuti onga avhamangaja novhunanga huhwe tshikati tshirefu. ¹²Zwino vhakati vhatenda Filipi wayipalija mamhungo ovhushe hwa Mweali nezina la Jeso khristo vhakalovhejiwa vhalume ne vhakaji. ¹³Naiye Simoni akatenda vho nokulovhejiwa vho akagala na Filipi akamangala atshivhona zwisumbijo nemabasa esimba makugwane ukakahlamala. ¹⁴Zwino vhaapostola vhayivha pa Jerusalema vhakati vhawa kuti vha Samariya vhanga vhasangamija mhungo la Mwali vhakatuma Peturo na Jowana kavhali. ¹⁵Ivho vhakajikitira povhakavharabhirira kuti vhapuwe mwiya utswene. ¹⁶Kuswikira tshikati yetsho Mwiya utswene hauuna kuvhuya paumwe wavho vhanga vhangolovhejiwa muzina laishe Jeso oga. ¹⁷Pita na Jowana vhakaesa mavhoko avho panezulu pavho vhakasangamija mwiya utswene. ¹⁸Zwino Simoni akati atshivhona kuti mwiya utswene wapiwa nokuesiwa kuma vhoko avhapostola akavhuya kavhali ne mali. ¹⁹Akati, "Ndipeni nemu vho simba iri kuti wandinenge nditshiesa mavhoko panezulu pape apiwe mwiya utswene." ²⁰Zwino Peturo akati kaali, Sliiveri iyo ngaipalajiwe newe nokuti wakafunga kutenga tshido tsha Mwali ne mali. ²¹Haungawani ukovhe kana zifa patshinhu itshimoyo uwo hauna kunaka phanda ka Mwali. ²²Nayezwo, tendevhuka pakuyipa kuko urabhire kuna ishe kuti zwimwe ukanganigwe ufongo womoyo uwo. ²³Nokuti ndinovhona kuti wapinda muvhusungu hunovhavha napakusungwa kusina kunaka. ²⁴Simoni akapindula akati, "Ndirabhirireni kuna ishe kuti ndirege kuwigwa netshimwe tshayezwo zwamalevhfa." ²⁵Zwino vhakati vhapupula tshaiko nokulevhfa mhungo la Mwali, Peturo na Jowana vhakajokera Jerusalema vhatshi palija evangeri mumisaminji yavha Samariya. ²⁶Zwino utumwa wa Mwali akalevhhereka na Filipi akati, "Muluka uyende mabvazuvha kuzira inobva Jerusalema itshiyenda Gaza." Iyi zira inoenda neku kungwa. ²⁷Akamuluka akaenda zwino, kanga kune ulume we Etopiya ulanda ukugwane kwazwo wa Kandase mambokaji wema Topiya. Wayitshengeta lfumo gugwe gose. Akanga avhuya Jerusalema kundorabhira. ²⁸Wakanga atshijoka agere mugariki iye atshivhala uporofita Isaya. ²⁹Mwiya ukati ka Filipi, "Sendera ulambire pagariki yeyo." ³⁰Filipi aka gidimira akauhwa atshivhala uporofita Isaya akati, "Unohwisisa zwauno vhala na?" ³¹Akati, "ndingavhona seni kana umwe asingandidujiri?" akakumbira zwinesimba kuna Filipi kutiakwire agale naye. ³²Zwino paanga atshivhala palungwalo mu Etopiya wayivhala kuti, "Wakaesiwa pakubayiwa sehwai segwayana lakanyalala phanda pougari walo sayezwo haana kusama ulomo uwe. ³³Pakulingiwa kuke kutongwa kuke kukabvisiwa. Ndiyani iye unolondejera luji gugwe? Nokuti vhupenyu huhwe hunorbvisiwa panyika." ³⁴Ulanda akapindula Filipi akati, "Ndinokumbila kauli undivhuje kuti uporofita unolevhfa ani atshidlalo, unozwilevhfa iye kana umwe?" ³⁵Filipi akatoma kulevhhereka akatoma palunwalo hogu akaupalijira ihwi la Mwali. ³⁶Zwino vhakati vhatshienda muzira vhakaswika panevula, ulanda akati, "Talirani pane vula hapa. Tshini tshanga jivhisa kuti ndirege kulovhejiwa?" ³⁷Filipi akati, "Kana utshitenda nomoyo uwo wose unolovhejiwa." Vha Etopiya vhaka pindula "Ndinotenda kuti Jeso ndiye mwanatukana wa Mwali." ³⁸Ma Etopiya vhakakombejera kuti gariki imire vhakajikitira vhose muvula iye. Filipi noulanda akaulovheja. ³⁹Zwino vhakati vhatshibva muvula mwiya wa Mwali ukabvisa Filipi ulanda hanakuvhona kuti nokuti akaenda gwendo gugwe atshifala. ⁴⁰Asi Filipi akawanika paazoto akamona nyika atshipalija evangeri mudorobho jose kuswikira pa Sizariya.

Chapter 11

¹Zwino vhapolisti nehama vhanga vhalipa Judiya, vhakahwa kuti vha Gentilevhakasangamija vho ihwi la Mwali.
²Zwino Pita wakati akwira Jerusalema vhatendi vhokupfumbisi vhakaeta khani naye, ³vhatshiti, Wakapida iwe kuvhaklume vhasina kupfumbisiwa ukadla navho."⁴Zwino Pita ukatoma kuvhalovhejera zwose zwitshitevhererana atshiti, ⁵"Ndayirabhira muguta la Joppa ndikabaxhwa nomweya ndikavhona tshisumbijo tshimwe tshinhu tshakajikita tshinenge labi gugwane unojikitisa kudenga wakasungwa milomo mina Tshikaswika kandiri. ⁶Ndakati nditshitalisisa nokutshi wongolola ndikavhona mhuka jenyika jinamakumbo mana nezwivhanda nezwinokambayira , nezwinyonizwedenga.⁷Ndikahwa ihwi litshiti kandiri, "MULuka , Pita uvhulaye udle!" ⁸Ndikati , "Hayi ishe , nokuti muulomo mangu hamuna kumbopinda tshinhu tshisina kunaka tshineswina.
⁹Asi ihwi lakapindula gwavhuvhili litshibva kudenga litshiti , "Itsho tshakanasiwa na Mwali iwe usongoti hatshina kunaka. ¹⁰Hezwi zwakayejwa lutatu zwose zwikakwijiwa futi kudenga.¹¹Iyapo talira pakalepo vhalume vhatatu vhamire panda pengumba matanga tiri vhanga vhatumigwa kandirivhatshibva Sizariya . ¹²Iyapo ndikakokegwa no mweya kuti ndiyende navho ndisingagunguli . Nehama heji sanu naimwe jakandiperekeja , tikapinda mumba noulume hoyu. ¹³Wakativhuja kuti girozi wakayivhoneseni mira mumba mume itshti, "Nditumeni Joppa kundotola Simoni unodamwa Pita. ¹⁴Utshalevhhereka kamuli ulayera utshamupija iwe nemhuli iyo yose.¹⁵Zwino ndakati nditshitoma kulevhereka kavhali mweya utswene ukajikita zezulu pavho , sapazezulu pedu vho pakutoma. ¹⁶Imi ndakafunga shoko lashe lokuti Johani wakalovhejiwa nevula asi imwe mutshalovhejiwa nomweya utswene.¹⁷Zwino kana Mwali akavhapa tshipo itsho tshaakatipa isu pakutenda kedu kuna ishe Jeso khristu , imi ndayi hovha ani wayikona kujivhisa Mwali?" ¹⁸Zwino vhakati vhahwa iyezwo vhakanyala vhakarabhira Mwali vhatshiti, "Mwali wakapa vha Jentile vho kutendevhuka kovhupenyu."¹⁹Zwino havho vhakapalajigwa nokutwenyeka kukomuka pana Stefani vhakaenda ku swikira pa Fonikiya ne ku Sipurasi ne Antiyoko vhasingalevhi ihwi kuunhu mara kunavha Juda vhoga. ²⁰Zwino pakti pavho panga pana vhanwe vhalume vhe Siprasi ne Sayirini ivhi vhakati vhaswika Antioko vhakazuwa kuvha Giriki vho vhatshipalija ishe Jeso. ²¹Luvhoko gwa Mwali gukavha navho vhanji vhakatenda vhakatendevhukira kunashe. ²²Mahwi avho akawhika ne gereke pa Jerusalema vhakatuma Bhanabhasi kuti ayende Antiyoko. ²³Wakati aswika avhona kubata ka Mwaliakafala akakulujira vthose kuti vharabhire ishe nomoyowakakwata. ²⁴Nokuti wanga aliulume kaye uzere no mweya utswene nokutenda vhanji vhanji vhakawejegwa kuna she.²⁵Bhanabhasi akayenda Tarisasi atshindotswaka Saulo. ²⁶Zwino wakati auwana akavhu ya naye Antiyoko iyapo vhakakuvhangana negereke gole lose vhakafundija vhanhu vhanji vhanji . Vhatevhereri vhakatoma kudamwa kuhwi vha khristu mu Antiyoko.
²⁷Namazuvha iyawo vhaporofita vhakajikita vhatshibva Jerusalema vhakaenda Antiyoko. ²⁸Umwe wavho ayihwi Agabhasi akamuluka ndokuvhazivhisa nomweya kuti zira hugwane itshavhapo panyika yose . Hezwi zwakayeteka pama zuvha a Kilawudiyasi.²⁹Iyapo vhatevhereri vhakatenderana kuti umwe noumwe payikwanisa napo atume zwingatusa hama jigere Judiya. ³⁰Vhakaeta sayezwo vhatumira mali kuvhakugwane noluvhoko gwa Bhanabhasi na Saulo.

Chapter 12

¹Zwino netshikati iyetsho mambo Herodi akatambanuja mavhoko awe kuti atambuje vhamwe vhegerek. ²Wakavhuya Jemusi ukulu wa Johani nepfuma. ³Zwino wakati atshivhona kuti zwafaja vhJuda ndokupinda akabata Pita. Anga alimazuvha ezingwa zwisina mbiriso. ⁴Zwino wakati awubata akawusunga wakauyesa munjere akauyesa kumapoko mana limwenelimwe linovhagwi vhana kuti vhaulinde atshitiauyesa panda pavhanhu kana paseka yapinda. ⁵Nayiyezwo Pita akatshegetewa munjere asi wanga atshirabhira ngamanda negereke kuna Mwali. ⁶Zwino Herodi wakati ada kuubudisa vhusiku iyaho Pita wanga avhete pakati pavhangwi vhavhiri akasungwa nematshayini mavhiri navhalindi vhanga vhatshilinda jere panda paukovha. ⁷Iyapo utumwa washe wakabvirira ne paali tshiyejo tshikavhapo mujere akalovhaPita palutivhi ndokuumutsa atshiti , "muka tavhanya." iyapo matshayini akawa pamavhoko awe. ⁸Utumwa akati kaali, "Zwisungeyi mukhundu usungire manyatera awo." Wakaeta sayezwo utumwa akati kaali , "Fukayi nguvho iyo unditevhhere." ⁹Pita akatevera utumwa akaenda paze. Hana uzivha kuti zwanga zwayehwa noutumwa zazwiri zweshuwa . Wakafunga kuti unovhona sumbijo. ¹⁰Zwino vhakati vhapinda ulindi wokutoma nowavhuvhiri vhakaswika paukovha wamatale pavhayipinda napo guta likavha vulilra loga. vhakabuda vhakapinda neyimwe zira , utumwa akabva kaali tshilipolipo. ¹¹Pita wakati ajivhunuka akati, "Zwino ndinozivha zwatshose kuti ishe wakatuma utumwa uwe akandigwira paluvhoko gwa Herodi napa zwose zwanga zwitshifugwa navhanhu vhavha Judha." ¹²Wakati afunga hezwi wakayenda kungumba ya Meri mayi vha Johani, wayidamwa kuhwi Mako, kanga kukakuvhangana vhanhu vhanji vhatshirabhira. ¹³Wakati atshikokonya paukovha wegdedhe usikana woushumi unohwi Roda ukapindula . ¹⁴Iye wakati atshihwa ihwi la Pita hana kukwanisa kuvula gedhe naufalo asi ukagidimira mukati akavhavhuja kuti Pita ulipa gedhe. ¹⁵Ivho vhakati kaali, Unopenga." Iye akakwatisa atshiti , "Ndizwo." Ivho vhakati, "Utumwa uwe ." ¹⁶Mara Pita ukalamba atshikokonya vhakavula vhakavhona vhakamangala. ¹⁷Pita ukavhapa sumbejo noluvhoko kuti vhanyalale , akavhavhuja kuti Mwali vhaubvisa seni mujere wakati, "Vhujani hezwi zwinhu kuna Jemusi ne vhakulu ." Wakabva akaenda kune yimwe bhulege . ¹⁸Zwino kukati kayeja bokam gulu likavhapo pakati pavhagi vhatshiti Pita wayehwa seni. ¹⁹Herodi wakati autshwaka asingauwani ndokubuzwisia vhalindi akalayijira kuti vhavhulawe. Zwino wakajikita Judiya akaenda Sizariya akandogalako. ²⁰Zwino Herodi anga akatshamwa zwimwevho navhanhu vhe Thaya ne Sidoni. Ivho ndokuvhuya kaali vhose pamwepeji vhakaeta vhungana na Bhulastasi utaliri wengumba ya mambo, vhaka kumbira lugale nokuti nyika yavho yayipiwa zwokudla nenyika ya mambo. ²¹Iyapo nezuvha langa lakatagwa , Herodi akasimira nguvho jovhu mambo akagala patshigalo tshitshe tshovhushe akalevhhereka navho. ²²Iyapo vhanhu vhakadavhijira , "Heri ihwi la Mwali haasi lo unhu!" ²³Tshilipolipo utumwa wa ishe ukaulovha nokuti wanga asina kukuja Mwali , akadliwa ne honye akafa. ²⁴Asi ihwi la Mwali lakakula likawanda . ²⁵Zwino Bhanabhasi na Saulo vhakativhapeja basa na Johani wayidamwa kuhwi Mako

Chapter 14

¹Zwino pa Iconium na Pawulo na Bhanabhasi vhakapinda panhu pamwepeji vhose musinagogo lavha Judha vhakalevhoreka vhatshiti vhanji vhanji vhajudha navha Giriki vhatenda. ²Asi vha Judha havhana kungira vhakamusa moyo wavha Jentili wokuti vhalege hama. ³Nayezwo vhakagalapo tshikathi tshikugwane, vhatshilevhoreka panaIshe vhasingahli, iye akapindula mamhungo uvhusiwana huhwe akavhapa simba kuti zwisi=umbijo nezwikahlamajo zwietiwe namavhoko aPawulo na Bhanabhasi. ⁴Asi nayezwo vhanhu vhanji panyika vhakakhutana; vhamwe vhakaeta maJudha vhamwe mapositoli. ⁵Zwino vha Jentili navha Judha(pamwepeji navhabati vhavho)vhatshivhavhalira kuvhaetera zwakaipa nokuvhataka na mahwe, ⁶ivho vhakazwizivha vhaleatizila, ristra, neDerbe, jaivha nyika je erikaoniya noukunyika yakamonerejiwa, ⁷vhakando palijira vangeri iyoko. ⁸Zwino pa Lystra payigala, umwe ulume angaasina simba pasokajije, anga alitshilema kubva mudumbu lamayi vhavhe, hana kumboyenda. ⁹Iye wakahwa Pawulo atshilevhoreka.Zwino iye wakati atshiutalira akavhona kuti uno tnda kuti unopola. ¹⁰Ukati nehwi gugwane, "Mirayi zwavhudi nesoka jijo." Iye aka fufira zezulu aka enda. ¹¹Zwino vhanhu vhanji vhakati zwaehwa na Pawulo, vhakadavhijira nolulimi, gwavha Lycaonia, "mwali wajikitira katiri savhanhu." ¹²Bhanabhasi vhakautunija "Zeus," na Pawulo "Hermes," nokuti ndiye anga ali ulevhereki ukugwane. ¹³Iyapo upirista wa Zeus, anga anegereke iye panda panyika, akavhuya pama sowe nephulu; atshida kuvhabayira anavhanhu vhanji. ¹⁴Zwino vhapositola, Bhanabhasi na Pawulo, vhakati vhatshizwihwa iyezwo vhakapazula nhumbi javho vhakagidimira pakati pa vhanhu vhanji, vhakadanijira, ¹⁵"Vhalume munoetereni sayezwo?Nesu tiri vhanhu semwi vho tinopalijira mamhungo akanaka kuti mubve pazwinhu zwisina basa mutendevhuke kuna Mwali upenyu wakasika makole, nesango, negungwa, nezwose zwiri mukati mazwo. ¹⁶Iye netshikhathi tshakapinda, wakatendera vha Jentili vhose kuyenda nezira javho. ¹⁷Asi haana, kulega kuzwipupulila, atshieti zwakanaka atshimupa vula yokumakole ne tshikati tshamavhere manji, atshimuzaja moyo yenu nezwokudla noufalo." ¹⁸Nokulevhoreka kavho Pawulo na Bhanabhasi vhakatambula nokujivhisa vhanhu kuti vhalege kubayira. ¹⁹Iyapo vha Judha vhakabva Antioch na Iconium vhakaswika vhakakamusa moyo yavhanhu vhakawanda vhakataka Pawulo namahwe vhakaukokojera kuze kenyika vhatshiti wafa. ²⁰Asi vhatevheri vhavhe vhakamira vhakawukombereja, akamuluka akapinda munyika.Tshifume, akaenda Derbe na Bhanabhasi. ²¹Vhakati vhapolija evangeli panyika iyeyo pakaeta vhatevheri vhakawanda, vhakajokera Lystra, ne Iconium, ne Antioch. ²²Vhatshithembisa mwiya yavhatevheri, atshivhavhalila kuti vhakozerere pakutenda,atshiti, "Tinofanira kupinda muvhushhe hwa Mwali namadambujiko akawanda." ²³Vhakananga vhakugwane pagereke imwe neimwe, vhakarabhira vhatshii zwinyima zwokudla, akavhaesa kuna Ishe, wavhayitenda. ²⁴Vhakapinda ne Pisidia ndokuswika Pamphylia. ²⁵Vhakati vhapolija bungo ap Perga, vhakayenda Attalia. ²⁶Vhakamuluka vhakaenda Antioch, netshikepe apo pavhangva voesiwa novhusiwana hwa Mwali nokubata basa lavho nga vhapejisa iyezwo. ²⁷Vhakati vhaswika pakakuvhangana gereke, vhakalondejera zwose zwanga zwaehwa na Mwali naivho, nayezwo kuti anga avulila vha Jentili mikovha yokutenda. ²⁸Vhakagala tshikati tshikugwane navhatevheri.

Chapter 15

¹Vhamwe vhanhulume vhakajikita Judiya vhatshiyenda Antiyoki kundofundija vhakulu vhatshiti, "Kana musingafumbiwi neulayo wa Mozisi hawungaphijiwi." ²Asi Pawulo na Bhanabhasi vhakapambana nazwo tshayiko. Zwino Pawulo na Bhanabhasi vhahotendegwa navhamwe vhavho kuti vhakwire Jerusalema kuvhapositori vhakugwane pazezulu bungo yeri.³Zwino iyapo vhakaperekejiwa negereke vhakapfuka na Fayenikha na Samariya vhakalevhhereka zwokutendevhuka kema Jentile vhakafaja zwikugwane nehama javho jose. ⁴Zwino vhakati vhavhuya Jerusalema , vhaka sangamijiwa negereke namapositori nevhakugwane vhakalondejera zwose zwavhanga vhayetegwa na Mwali wavho.⁵Asi vhamwe vhanhu vhayitenda vheku guvhangano lavha Farisi, vhakamuluka vhakati , "Vhanofanira kufumbiwa nokulaiyiwa kuti vhatshengete ulayo wa Mozisi." ⁶Iyapo vhapostoli navha kugwane vhaka kuvhangana kuti vhalangane pazezulu pe bungo iri.⁷Zwino khani kugwane ikati yavhapo, Pita wakamuluka akati kavhali, "Hama jangu, munoziva kuti tshakanaka kubva kale Mwali wakati vhuja pakati pedu kuti vha Jentili vhahwe bungo levangeri neulomo wangu vhatende. ⁸Mwali uzivhi wemoyo wakavhapupulira akavhapa mwiya utswene sezwakayeta katiri. ⁹Hana kupambanisa pakati pedu nayivho zwakaswazwa moyo yavho nokutenda.¹⁰Nayezwo, zwino munoyejereni Mwali mutshiyesa mitshiba yavhathevheri joko yanga isingakonewi namazibhabha edu tshero nesu? ¹¹Asi takatenda kuti isu titshapijiwa ne vhusiwana wa ishe Jeso nekuda kavho."¹²Iyapo vhanji vhakalamba vhakanyalala vhaka ingira vhana Bhanabhasi na Paulo vhatshi londejera miyetero nezwimangajo zwakayehwa na Mwali navho pakti pema Jentili. ¹³Zwino vhakati vhanjalala kulevhhereka Jemusi akapindula akati, "Hama jangu mundi ingireni." ¹⁴Simoni wakalondejera utangiro wa Mwali kumusa ma Jentili kuti atole kaali vhanhu vhezira lire.¹⁵Nemamhungo amaporofita anotenderana nazwo yezwi nokuti zwakanwagwa. ¹⁶Sule kezwinhu yezwi nditshajoka futhi ndivhake thebhanekeli ya Davida yakawa., Nditshavhaka matongo ayo nditshiyimusa futhi. ¹⁷Kuyetera kuti vhanhu vhanji vhatswake ishe nema Jentili ose adamwe nezina langu. ¹⁸Ndizwo zwinolevha ishe atshiti, "Ndiyani wakayeta hezwi zwose zwinozikanwa kubva pakutanga?"¹⁹Nayezwo ndafunga kuti hatifaniri kutambuja havho vhema Jentili vhakatendavhuka kuna Mwali. ²⁰Asi tivhanwalire kuti vhalege zwakavhipisiwa noufananijo novhypombwe , nenyama yemhuka jakajipiwa ne lopa. ²¹Nokuti Mozisi kubva pamaluji akale wanga anevhayiwupalija panyika imwe ne imwe atshipalijiwa muma Sinagogo savhatha limwe ne limwe.²²Iyapo vhapostoli navhakugwane negereke yose vhakati zwakanaka kuti vhalondejere vhanhu kuti vhakethe Judasi wayihwi Bhasabhasi na Sayilasi vhangavhali vhakugwane vhehama kuti vhavhatume Antiyoki vhana Pawulo na Bhanabhasi. ²³Vhakanwala hezwi namavhoko avho , "Mupositoli navhakugwane hama jema Jentili, hama jiri Antiyoki Siriya, na Silisiya ndinomukwazisa nomufalo.²⁴Nokuti takahwa kuti vhamwe vhanhu vhakabva katiri vhatisiwa kulaya katiri vhaka mukhakhisa namamhungo anotshamwisa mwiya yenu. ²⁵Zwakayeta sezwakanaka katiri tangatafu nga tshinhu tshimwepeji kuti tikhethi vhanhiu tivhatume kamuli navhadiwa Pawulo na Bhanabhasi. ²⁶Vhanhu vhakaswenha vhupenyu hwavho nokuda kezina la ishe wedu Jeso khiristo.²⁷Zwino tatuma Judasi na Sayirasiviho vhatshamuvhua iyezwo vhamene nemamhungo avho. ²⁸Nokuti zwinoyeta zwakanaka ku mwiya utswene nekatiri tileg kumuxhwija zwinhu zwikugwane kune zwinhu iyezwi zwakafanira. ²⁹Zwinoti , legayi zwakabayigwa ufananijo nelopa nezwinhu zwakafa zwoga , nevhupombwe, kana mukazwijosa pazwiri mutshayeta zwakanaka. Musale zwavhudzi.³⁰Zwino vhakati vhayendesewa vhakajikitila Antiyoki vhaka kuvhanganya vhanhu vthose vhakavhapa tsamba. ³¹Vhakati vhayivhala vhakafala swimwevhpa pazezulu pokuvhalayijiwa . ³²Judhasi na Sayilasi vhanga vhalivhaporifita vhakavhafungisa hama nemamhungo manji vhatshivha kwatisa. ³³Vhakati vhavhanetshikati vhaliko vhaka yendesewa mulugale nehama kune vhanga vhavhatuma. ³⁴Asi zwakayeta zwakanaka kuna Sayilasi kuti asaleko. ³⁵Asi Pawulo na Bhanabhasi vhakagalako Antiyoki vhatshigudisa nokupalija nevhamwe vhanji bungo la ishe. ³⁶Zwino kapera mazuvha akawanda Pawulo ukati kuna Bhnabhasi, "Ngatijoke futhi tindovakatshira hama kune nyika imwe ne imwe matakpalija bungo la ishe tivhone kuti vhakayeta seni." ³⁷Zwino Bhanabhasi wanga atshida kutola Jowana wayiyihwa Mako. ³⁸asi Pawulo akati hazwina kunaka kuti vhatole Mako anga akavhasiya ku Phamfiliya asina kuyenda navho kubasa navho.³⁹Iyapo kuphambana kukavhapo nokudlalo vhakaphambana , Bhanabhasiakato;a Mako akayenda Sayipurasni netshikepe. ⁴⁰Asi Pawulo wakakhetha Silasi vhakayenda vhakathembwa nehama novhusiwana hwa ishe. ⁴¹Zwino akayenda neku Siriya neku Silisiya atshikwatisa gereke.

Chapter 16

¹Pawulo akaswika Debhe neku Lisita .Zwini iyapo umwe utevheri wayihwi Timoti anga alipo nwanantukana wounhukaji woutendi wanga ali uJudha asi bhabha vhavhe ali u Giriki. ²Iye wayipupuligwa zwavhudi nehamama janga jiri Lisita ne Ikhoniymu. ³Pawulo wayida kuti ayende naye zwino wakautola akaufumbisa nokuda kama Judha anga alikuna yejo nyika , nokuti vhose vhanga vhatshiziva kuti bhabha vhavhe uGiriki.⁴Sezwo vhayiyenda vhatshipfuka nemumadorobha vhanga vhatshiyeta zwakalehwa navhapostoli navha kugwane vhapa Jerusalema kuti vhazwitshengete. ⁵Nayezwo, gereke jakakwatisiwa pakutenda jikawanda pakuvhagwa kajo zuvha limwe ne limwe.⁶Pawulo navhamwe vhavhe vhakayenda vhakapfuka nekunyika ja Firijiya ne Galathiya vhamnbojivhisiwa ne mwiya utswene kupalija bungo ku Aziya. ⁷Zwino vhakati vhaswika paduze na Meziya vhakayeja kuyenda Bithiniya, asi mwiya wa Jeso hawuna kuvha tendera. ⁸Vhakati vhapinda Meziya vhakajikita pasi kunyika ye Thirozi.⁹Sumbijo yakavhoneka na Pawulo vhusiku, unhulume we Makedoniya wanga amire yapo akakumbira kaali atshiti, "Vhuya Makhedoniya utithuse." ¹⁰Zwino Pawulo wakati avhona tshisumbijo vhakatavhanya vhakatswaka kuyenda Makhedoniya vhatshiti Mwali watidana kuti tipalije ivangeri kavhali.¹¹Nayezwo takabva Thirozi netshikepe tikalulamira Samotiresi fume mangwana tikaswika Niyapolisi. ¹²Kubva iyapo tikayenda Filipi , mnyika kugwane ye Makhedoniya yanga iri yakatongwa ne vha Roma. Zwino tikagala mammwe mazuvha munyika yeyo. ¹³Nezuvha le savhata tikabuda kuze paukovha wegwizi patayiti panenge panebhulege yokurabhira. Takagala pasi takapalijira vhanhukaji vhanga vhakuvhangana ipapo. ¹⁴Zwino umwe unhukaji wayihwi Lidiya utengesi wenhumbi tswuku munyika ye Thayathira wayirabhira Mwali akatihwa. Zwino ishe wakavula moyo uwe kuti ayingire zwayi lehwa na Pawulo. ¹⁵Wakati alovhejiwa iye nevhengumba iye ukakumbira zwikugwane katiri atshiti , "Kana mutshiti ndakatendeka kuna ishe pindani mungumba mangu mugale." Akatiluvhirira.¹⁶Zwakayeta seyezwo, zwino tikati toyenda kubhulege yokurabhira ticasangana noumwe usikana ulanda wanga ane mwiya woku femba nokuvhona. Waywanira vhan ishe vhavhe mali yakawanda nokuhuka kuke nokuvhuja vhanhu zwitshayeteka. ¹⁷Ukaji uyu wakatevhera Pawulo nesu akadavhijira atshiti. "Havha vhanhu vhalnda vha Mwali wazezulu zezulu vhanomupalijira zira yokuphijiwa nayo." ¹⁸Wakayenda iyezwo mazuvha manji. Asi Pawulo wakafa nembiti kaali akatendevhuka akati kumwiya, "Ndokulaya muzina la Jeso khirstu kuti ubude paali!" Akabuda patshikati yetsho.¹⁹Zwino vhana ishe vhavhe vhakati vhatshivhona kuti talisiro yokufumisiwa kavho yayenda vhakabata Pawulo na Silasi vhakavhodosera pamusika phanda pavhabati. ²⁰Zwino vhakati vhayenda navho kuvhatongi vhakati , Havha vhanhu vhanophambanisa nyika yedu, Ma Judha. ²¹Vhatshipalija zwinhu zwatisina kutendegwa kana kuyeta isu vha Roma.²²Iyapo vhanhu vhanji vhakavhomukira Pawulo na Silasi , vhatongi vhakavhapazulira nhumbi javho vhakalaya kti vhalohwe ne samu. ²³Zwino vhakati vhavhalovha ngamanda vhakavhayesa mutshitokisi kuti avhatshengete zwavhudi. ²⁴Iye wakati alayiwa seyezwo wakavhayesa mutshitokisi tshomukati akasunga makumbo avho mumatanda.²⁵Zwino pavha pakati povhusiku Pawulo na Silasi vhayirabhira vhatshiyimba vhuyimbo hwa Mwali. Zwino vhamwe vhasungwa vhanfga vhaka ingira. ²⁶Pakavhapo kudengenyeka kukugwane kenyika , nayezwo minduli yengumba yakadengenesiwanokutavhanya mikovha ikavugwa futhi umwe no umwe akasunungugwa.²⁷Iyapo ulindi wetshitokisi wakapepuka akavhona mikovha yetshitokisi yakavulika wakaposera pfumo lire kaali kuti azwi vhulaye nokuti wayifunga kuti vhasungwa vhatiza. ²⁸Asi Pawulo wakadavhijira ne ihwi gugwane atshiti, "Usazwikuvhaja nokuti tirimo."²⁹Zwino ulindi wetshitokisi wakati akumbira tshivhorne akapinda mukati futhi akapinda atshihla akawira pasi phanda ka Pawulo na Silasi,³⁰Akavhabudisira kuze akati, "Vhana ishe ndofanira kuyetenai kuti ndiphijiwe?" ³¹Vhakati kaali, "Tenda kuna ishe Jeso khristu ukophijiwa, iwe nemhuli iyo."³²Vhakaupalijira bungo la Mwali kaali navhose vhaanga anavho mungumba yomo. ³³Zwino ulindi wetshitokisi akavhatola netshikathi yetsho vhusiku akaswazwa zwilonda zwavho akatolovhejiwa iye na vhamwe vhavhe vhose kutavhanya. ³⁴Zwino akati atshiyenda na Pawulo na Silasi kungumba iye wakaesa zwokudla phanda kavho wakafala zwikugwane nemuli iye yose kuti vhatenda kuna Mwali.³⁵Zwino kwakati kayeja vhatongi vhakatuma mapholisa vhatshiti, :legani vhanhu yavho vhayende." ³⁶Ulindi wetshitokisi wakavhuja Pawulo bungo atshiti, "Vhatongi vhatumira bungo kandiri kuti ndimulege tuyende mulugale."³⁷Asi Pawulo akati kavhali, "Vhatatilovha patshena isu vhanhu vha Roma tisina kutongwa- vhakatiyesa mutshitokisi. Zwino vhoda kutibudisa tshivhande naa? hayi! Ngavhavhuve ivho vhomene vhatibudise."³⁸Mapholisa akavhuja vhatongi mamhungo iyawa zwino vhatshihwa kuti Pawulo na Silasi vhanga vhal vha Roma vhanga vholila .³⁹Vhatongi vhakaswika vhakakumbira zwikugwane kavhali kuti vhabve vhakakumbira kuti vhayende kule nenyika yavho.⁴⁰Zwino Pawulo na Silasi vhakabuda mutshitokisi vhakayenda kungumba ya Lidiya . Zwino Pawulo na Silasi vhatshivhona hama jakavhanyala vhakati vhabve panyika yeyo.

Chapter 17

¹Zwino vhakati vho fula nepa Ampipolisi nepa Apoloniya , vhakavhuya kunyika ye Thesalonika panga pane Sinagogi lavha Juda. ²Pawulo sezwaayizieta akaenda kavhali akagala navho mazuvha matatu esavhata atshietera kuvhavulira mabhuku.³Ukavha vulira mabhuku nokuvhazivhisa kuti khristu wayifanira kutambula nokumuka kuvhakafa zwino kuti, "Jeso hoyu wandinomupalijira ndiye khristu." ⁴Vhamwe vhama Juda vhakatenda vhaka tevhera Pawulo na Silasi , navhavha Giriki vha kawanda vhayirabhira navhanhukaji vhayikuijiwa vhakawanda. ⁵Asi vha Juda vhanga vhasingatendi , vhakaeta godo, vhakatola vhamwe vhalume vhakayipa janga jiri simbe, vhakakuvhanganya vhanhu vhakawanda, vhakakanganisa nyika. Vhakakwira ngumba ya Jasoni vhatshida kubudisa Pawulo na Silasi kuvhanhu. ⁶Asi vhavhakonwa, vhaka kokojera Jasoni nejimwe hama padha kavhabati vhenyika . vhakalira , avha vhalume vhakanganisa nyika vhakaswika napanovho. ⁷Jasoni ukavhasangamija havha vhalume whose vhanu yeta zwinipambana nezwilevho zwa khristu, vhatshiti umwe ishe uliko - Jeso."⁸Vhakapambanisa vhakawanda navhabati vhe nyika vhatshihwa iyezwo. ⁹Asi vhakati vhatola ulindi kuna Jasoni navhamwe , vhakavhalega vhakayenda.¹⁰Vhusiku yoho hama jika tuma Pawulo na Silasi ku Beriya. Vhakati vhaswikako vhakapinda mu Sinagogi lavha Juda. ¹¹Havha vhanhu vhanga vhakanaka kupinda vhali Tesalonika, vhakasangamija bungo nomoyo wose, vhatshii talisisa mabhuku zuva limwe ne limwe. kana zwinhu iyezwo zwiri izwo. ¹²Nayezwo vhanji vhavho vhakatenda , navhanhu kaji vhayikuijiwa navha Giriki navhalume vhakawanda. ¹³Asi vha Juda vhe Tesalonika vhakati vhatshihwa kuti bungo la Mwali lopalijiwa na Pawulo pa Beriya, vhakaswika vho yapo vhaka musa nokupambanisa vhakawanda. ¹⁴Zwino iyapo, hama jikatuma Pawulo kuyenda kugugwa, asi Silasi na Timoti vhakagalako. ¹⁵Havho vhakaperekeja Pawulo vhakawuswikisa kunyika ye Athenisi . Pavhakasiyako Pawulo, vhakati vhaleyijigwa kuvhuja Silasi na Timoti kuti vhatavhanyije kuvhuya kaali vhakabva.¹⁶Zwino Pawulo akavhamirira pa Athenisi , ukahwa mbithi pa moyo atshivhona kuti nyika izere nemifananijo. ¹⁷Nayezwo , ukazuwirana mumu Sinagogi navha Juda navhayirabhira Mwali, napadale zuvha limwe ne limwe navha akasangana navho.¹⁸Zwino, vhamwe vheklu Epikhariya neku Sitoyiko vhaka guda vhakaita khani naye. Vhamwe vhakati, "Saka uyu ulevhni wezvisina basa unoda kulevheni?" Vhamwe vhakati, "Unenge upaliji wavha Mwali vhasinga zikamwi, "Nokuti wakavhpalijira Jeso nokumuka kavhakafa.¹⁹Vhakatola Pawulo vhakawuyesa pa Areopagus vhakati, "Ngatihwe vho kuti jijiso iyi itswa inolehwerekwa newe ndiyeni. ²⁰Nokuti unolevhna zwinwe zwinomangaja pazevhe jedu. Nayezwo, toda kuzivha kuti zwinhu izwi zwinolevheni."²¹(Zwino, vha Athenisi, whose navhathogwa vhayigalako vhayingo falira tshinhu tshimwepeji kulevhoreka kana kuhwa tshinhu tshi tswa).²²Zwino Pawulo akamira pakati pe Areopagus akati, "Imwi vhalume vhe Athenisi , pazwinhu zwose ndinovhona kuti munorabhira ngamandaa. ²³Nokuti ndakati nditshipinda nditshitalisisa zira yamunorabhira nayo , ndakawana vho aritari, yakanwagwa hezwi, "KUNA MWALI USINGA ZIKAMWI." Zwino tshamunorabhira musinga tshizivhi , nditsho tshandi nomupalijira.²⁴Mwali wakasika nyika nezwose zwiri mayiri, iye ishe wemakole nepasi, haagali mugereke jakavhakwa nama vhoko. ²⁵Haashumigwi namavhoko avhanhu, sezwa anenge atshikomwa tshinhu, zwaali iye mwenewazwo unopa whose vhupenyu nokufema nezwose. ²⁶Wakaeta maluji ose avhanhu atshibva kuumwepeji kuti agale pose panyika ambotala tshikati tshavhakatemegwa nemiganhu yokugala kavho, pabhulege,²⁷kuti vhatswake Mwali zwinwe vhawutswakuluje vhawuwane. Tshero asi kule nowumwe nowumwe wedu.²⁸Nokuti maali tinogala tinoenda tiripo, sezwa kalevha vhamwe vhanwali, "Nokuti tiri luji gugwe vho",²⁹Nayezwo, zwatiri luji gwa Mwali, hatifanigwi kuti vhu Mwali hwakafanana ne ndalama, , kana siliva , kana ibwe lakavheziwa nowukoni, kana kutanga kowunhu.³⁰Nayezwo, Mwali wakalega izwe kufunga tshikati tshokusazivha, asi iyezwino unolayijira vhanhu whose kosekose kuti vhatendevhuke. ³¹Nokuti wakathala zuvha laatshatonga nyika nalo nokululama noulume waakagaja . Mwali ukakwatista bungo yero kunavhose pakuwumusa kuvhakafa.³²Zwino vhamwe vhanhu vhatshihwa zwokumuka kavha kafa, vhamwe vhaka seka Pawulo; asi vhamwe vhakati, "Titshahokuingira futi panyezulu pezwinhu yezwi." ³³Zwapera , Pawulo ukabuda pavhali. ³⁴Asi vhamwe vhalume vhakawutevhera vhakatenda, pakati pavho kanga kuna Diyonisi mu Areopagite, nowunhu kaji wayihwi Damari navhamwe vhamwepeji naye.

Chapter 18

¹²Sule kayezwo Pawulo wakabva Athenisi akaenda Korinte. Iyapo ukawana u Juda wayihwi Aquila, weluji gwe Pontus, angobva Italiya noukaji uwe Pirisila, nekuti Claudius wanga alayijira kuti vha Juda vhose vhabve Rome. Pawulo akayenda kavhali, ³nokuti wanga ane basa limwepeji navho ukagala navho vhatshibata , nokuti basa lavho langa liri lokueta madende.⁴Zwino Pawulo ukazuwirana navho mu Sinagogi sabata imwe neimwe , atshizama kukomberejera vha Juda navha Giriki. ⁵Zwino kana Silasi na Timoti vhatshijikita vhatshibva Makedoniya , Pawulo ukakombejega ne bungo , atshipupulira vha Juda kuti Jeso ndiye khiristu. ⁶Asi zwino ma Juda vhakati vhatshiwujvhisa nokuwutuka , Pawulo akazuza magemesi awe kavhali akati, "Lopa lenju ngalivhe panyezulu pemisolo yenu; ndakanaka kubva yezwino nditshayenda kuvha Jentili. ⁷Ukabva iyapo akapinda mungumba youmwe ulume wayihwi Tito Juisito, ulume wayirabbira Mwali. Ngumba iye yanga iri paduze ne sinagogi. ⁸Khiristu ukugwane we Sinagogi ukatenda kuna ishe , vhose navhhe ngumba iye yose; navhanji vhe Korinte vhakahwa vhakatenda vhakalovhejiwa.⁹Ishe vhakati kuna Pawulo vhusiku ne sumbijo , "Usahla izwo, asi levhereka usanyalala. ¹⁰Nokuti imi ndinewe , hapana unhu angakumukira akakuyetera zwakayipa, nokuti ndinavhanhu vhakawanda munyika ino. ¹¹Pawulo ukagala ko gole nemweji mishanu noumwe atshigudisa bungola Mwali pakati pavho.¹²Zwino Galiyo ukati avha ubati we Achaia, vha Juda vhaumukira nepfungwa jimwe nemoyo umwepeji , vhakavhuya naye patshigalo tshokutongesewa. ¹³Vhakati, "Hoyu ulume unokombereja vhanhu kuti vharabhire Mwali nezira isingatendegwi noulayo. ¹⁴Zwino Pawulo wakati oda kulevhoreka, Galiyo akati kuvha Juda, "Imwi maJuda dleni yanga iri mhaka yezwisina kunaka kana kutshinya kakayipa, ndayifanigwa kuvha nemoyo ulefу kamuli vhaJuda. ¹⁵Asi kana iri mibuzwo panyezulu pamamhungo namazina noulayo wenu , thamban awenu vhene vhazwo, handidi kuvha utongi wayzwo.¹⁶Galiyo ukavhatata patshigalo tshokutonga. ¹⁷Zwino vhose vhakabata Sosteni ukugwane we Sinagogi , vhakaulovha panda ke tshigalo tshokutonga. Asi Galiyo hana kuvha nendavha nazwo kuti vhanoyeteni¹⁸Pawulo wakati agalapo mazuvha akawanda , ukawonesana nehama akavpomakaenda Siriya netshikepe ana Pirisila na Aquilla. Asanhу abva patshikepe, pa Cenchcrease , anga akageriwa mavuji nokuti anga azwipira. ¹⁹Pavhaka swika Efeso,Pawulo ukasiya Pirisila na Aquilla yoko asiyye mwenewazo wakapinda mu Sinagogiakazuwirana navha Juda.²⁰Vhatshi kumbira Pawulo kuti agale tshikati tshirefu, haana kutenda. ²¹Asi vhaka onesana navho , vhakati , "Nditshajokera futi kamuli kana Mwali vhatshida." Ukabva pa Efeso netshi kepe.²²Pawulo ukati aswika Sizariya , ukakwira kundomukisa gereke ye Jerusalema akajikitira Antiyoki. ²³Ukati agala zwetshikati yoko, Pawulo ukabva akadhambula nenyika je Galatiya ne Firijiya atshijitevhejikinya atshi kwatisa vhatevheri vhavhe.²⁴Zwino umwe u Juda wayihwi Apolosi anozwagwa mu Alexandra ukaswika Efeso. Wanga ane simba pamazuwi nepamabhuku. ²⁵Apolosi wanga agudisiwa zira ya she , akajungayira nemwiya , akalevhoreka nokunyanya kugudisa zwa Jeso, asi wayi zivha kulovhejiwa ka Jowana koga. ²⁶Apolosi ukatanga kulevhreka mu Sinagogi asingahli. Zwino Pirisila na Aquilla vhakati vhawahwa, vhakawutola vhakanyanya kuwu jekesera zira ya Mwali.²⁷Ukati atshida kupfukira Achaia , hama jikawukwatisa vhakanwalira vhatevheri vhalii Achaia kuti vhawusangamije. Ukati atshiswika , akatusa ngamaanda kuna havho vhayitenda nevhuiwana. ²⁸Apolosi ukakunda vha Juda nesimba patshena, Athisumbija nama bhuku kuti Jeso ndiye khiristu.

Chapter 19

¹Zwino Apolosi atshambovha pa Korinte, Pawulo ukati adhambula namatungo enyika anyezulu akaswika Efeso , akawana vhamwe vhatevheri iyoko. ²Pawulo akati kavhali, "Makasangamija mwiya utswene pakutenda kenu naa?" Vhakati kaali, "Hayi, hatina kutongwa nezwe mwiya utswene. "³Pawulo akati, "Saka makalovhejiwa papi?" Vhakati, "Nolulovhejo gwa Jowana." ⁴Zwino Pawulo ukapindula , " Jowana ukalovheja nolulovhejo gokutendevhuka . Wayivhuja vhanhu kuti vhanofanira kutenda kuna iye unohovhuva sule kuke , iye Jeso.

⁵Vhanhu vhatshihwa yezwo, vhakalovhejiwa muzina la ishe Jeso. ⁶Zwino Pawulo wakati ayesa mavhoko awe panyezulu pavho , Mwiya utswene ukavhuya panyezulu pavho vhaka zuwa nendimi vhaka polofita. ⁷Ivho vthose vhanga vhali vhalume gumi na vhavhili.⁸Pawulo wakapinda mu Sinagogi akalevhhereka asingahli mweji mitatu atshizuwirana navho atshivha kombejera namamhungo ovhushe hwa Mwali. ⁹Asi vhamwe vha Juda vhatshiromesa moyo nokusa yingira vhakatoma kulevherekazwakayipa muzira vhanji vhasanhu vhaswika . Zwino Pawulo akavhasiya akatola vhatevheri vhavhe akayenda navho, akalevhhereka navho zuvha nezuvha mutshikolo tsha Tiranasi. ¹⁰Iyezwo zwikajokonojwa makole mavhiri, nokudlalo vthose vhanga vhagere oa Asiya vhakahwa bungo lashe , vhaJuda navha Giriki. ¹¹Mwali akaeta masimba anomangaja nama vhoko a Pawulo.

¹²Nayezwo mimwenda nenhumbi zwaibva pa wumbiri zwayiyesiwa kuvhagwere navhanezwifo kukabva kavhali nemwiya yakayipa ikabuda¹³Asi kanga kunavhamwe vha Juda vhatliri vhayi mona mona. Vhakadana muzina laishe Jeso panyezulu pavhanga mwiya yakayipa vhatshiti , "Ndinomupikira na Jeso unopalijiwa na Pawulo, nokulayira kuti ubude kuze." ¹⁴U Juda upirisita ukugwane , zina lire wayihwi Skeva unevhana tukana vhashanu navhavhiri vhayiyeta iyezwo.. ¹⁵Mwiya wakayipa ukabapindula , Jeso ndowu zivha, na Pawulo ndowuzivha; asi imwi ndimwi vhanani?" ¹⁶Unhu anga ane mwiya wakayipa ukavhamukira simba akavhakulira akavhalovha vthose. Iyapo vhakatiza mungumba yomo vhasina kusimira vhakubvhajiwa . ¹⁷Iyezwo zwika zikanwa navhose, vha Juda navha Giriki, vhanga vhagere Efeso. Vhakatoma kuhla , nezina lashe Jeso lakakuiwa.

¹⁸Zwino vhanji vhavhangha vhatenda vhakavhuya vhakazwilevhulula nokulondejera mabasa avho avhayieta.

¹⁹Vhanji vhayieta masaramusi vhakavhunganija mabhuku avho vhakamapisa vhanhu vthose vhatshi vhona . Vhaka vhala utengo wajo , anga ali masiliva mazana anamakumi mashanu. ²⁰Nayezwo, biungo lashe likakula nesimba likakunda.²¹Iyezwo zwikati zwapejiswi , Pawulo ukafunga mumoyo kuenda Masedoniya na Achaia munjira kuenda ku Jerusalema ; ukati, "Kana ndamboyenda yoko, ndinofanigwa kundovhona Roma vho."

²²Pawulo ukatuma Masedoniya vhavhili vhavhai wushumira, Timoti na Erastasi. Asi iye mwenewazwo ukagalala Ezhiya tshikati nyana.²³Zwino netshikati yetsho kanga kusina zwinokukisa muzira ya Efeso. ²⁴Umwe wayihwi Demetrius uyeti we siliva, waeta zwi siliva zwa Atemisi , wayifumisa ngamanda vhagajiri vhapo. ²⁵Ukavha vhunganija ivho pamwepeji navhamwe vhabati vhezwakadlalo akati, "Vhalume munozivha kuti nebara yeri tinoeta mali yakawanda."²⁶Munovhona nokuhwa hezwo, Hapa Efeso poga , asi panenge pa Ezhiya yose, kuti Pawulo hoyu wakatendisa nokupamusa vhanhu vhanji. Iye ukati hohu vhu Mwali hwakayehwa nama vhoko haho vhu Mwali. ²⁷Zwino njoji ndiyokuti havhukoni hwedu hoga hungazwijiwa, asi kuti gereke ya Mwalikaji ukugwane Athemisi utsha mhuriwa naiyi amene uno rabhigwa pa Ezhiya yose nenyika yose abvisiwe pavha kugwane huhwe.²⁸Vhakati vhatshihwa yezwi, vhakafaa nembiti, vhakalira vhatshiti , "Ukugwane Atemisi avha Efeso." ²⁹Nyika ikavhiswi , vhakagidimira nemoyo umwepeji pavhugalo payitambwa. Vhabata vha ngana vha Pawulo paku famba , Gaius na Aristarchus, vhakavhuya vhatshibva Masedoniya.³⁰Pawulo wakanda kupinda nokuvhanhu vhanji, asi vhatevheri vhavhe vhasingawutenderi. ³¹Navhamwe , vhakugwane vhe Ezhiya vhanga vhali vhanganha vhavhe vhakatumira bungo kaali vhatshikumbira ngamanda kaali kuti alege kupinda napavhugalo payitambwa. ³²Vhamwe vhanhu vhakadavhijira tshinhu tshimwepeji navhamwe zwimwe , nokuti guvhanganano langa lavhaviringa. Vhanji vhavho vanga vhasasazivha zwavha vhuyira vthose.³³Vhamwe vhanhu vhaka budira Alekizanda , vha Juda vhatshiwusundira panda . Zwino Alekisandra ukamuluja luvhoko atshida kuzwidavhirira panda kavhanhu. ³⁴Asi pavhaka vhona kuti iye u Juda , vhakadavhijira vthose tshikati tshinenge maawa mavhiri neyihwi limwepeji, vhatshit, ukugwane ndi Atemisi wavha Efeso³⁵Zwino unwali wenyika wakanyalaja vhanji , akati , "Imwi vhalume vha Efeso, unhu ndiwupiyo usingazivhe kuti nyika yavha Efeso ndiye utshengeti wegereke yowukugwane Atemisi newufananijo wakajikita kumakole?" ³⁶Zwazwisingakoniwi kulambwa ,mayifanigwa kunyalala musinghaeti tshinhu. ³⁷Nokuti mavhuya navhalume avhavhasi mbava je gereke kana vhanyaji vha Mwalikazji wedu.³⁸Nayezwo , kana Demetriyasi ne vhamwe vhavhaki vhanaye vhane mhaka nounhu, misi yokutonga iripo navhatongi vhalipo. Ngavha wirirane zwavho. Asi kana mutshitswaka tshimwe tshinhu panyezulu pejimwe mhaka, zwinga gajigwa paguvhangano lakafanira . ³⁹Nokuti njoji ndiyo kuti tingakwirigwa panyezulu peguvhangano lanhasi , zwakusina mhaka kana tshiri tshinhu hetshi hatinga koni kupindula pazezulu pebopoto yeri." ⁴⁰Ukati alevha yezwo , akayendesa guvhanganano.

Chapter 22

¹"Hama jangu navhana bhabha vhangu ihwani kuzwidavhirira kangu panda penu zwino." ²Ivho vhakati vhatshihwa Pawulo atshilevherera navho nolulimi gwe Hebheru vhakanyalalala iye akati.³"Imi ndiri u Juda, ndaka behwegwa pa Tarsus ku Cilicia , asi ndaka leriwa mudhorobho lili pa Gamalieli. Ndiko fundijiwa nou layo kawo joulayiro wawha bhabha . vhedu nditshiingirira Mwali, semwi mose nasi. ⁴Ndiko tambuja vhezira iyi kuswikira paku vhulaya , nditshi sunga vhalume navha kaji nokuvhesa mutshitokisi,⁵seupirisita ukugwane sezwa anga andipupulira vho magolokota ose ndika piwa vhurifhi navho kuhama ndiko Dhamasiko, kuti ndiyese Jerusalema avho kati vhaka sungwa kuti vha panitshiwe.⁶Zwino ndikati nditshiyenda ndsedera Dhamasiko, panenge masikati, yapo ndikapenyegwa kose netshijeja tshikugwane tshayibva kumakole. ⁷Ndikawira pasi ndikahwa ihwi litshiti kandiri, "Awulo, Sawulo, unonditambujireni?" ⁸Ndikapindula nditshiti , "Ndimwi ani , ishe?" akati kandiri, "Ndimi Jeso we Nazareta, wauno tambuja."⁹Zwino vhayivha nemi vhakavhona tshijeja, vhakahla asi havhana kuhla ihwi lewaka levhereka nemi. ¹⁰Ndikati, "Ndoyeta seni ishe?" Ishe akati kandiri, "Muluka uyende Dhamasiko . Uko kawutshndo vhijiwa zwose zwakangwagwa kuti uzwyete."¹¹Zwino zwandanga ndisingakoni kuvhona nokupenya ketshijeja itsho, ndika denejesiwa noluvhoko nevhandaihva navho, ndikaswika Damasiko.¹²Zwino umwe unhulume wayihwi Ananiyasi unhu wayi rabhira Mwali sezwinelevha ulayo wayipupuliwa zwakanaka nama Judha vthose vhanga vhagerepo. ¹³Uka vhuya kandiri , akamira akati kandiri, 'Hama yangu Sawulo, tshivhona.' Netshikati yetsho ndika uvhona.¹⁴Iye akati , Mwali wama bhabha edu waka uvhujisisa kuti uzivhe kuda kuke, noku uvhona iye wakalulama , nokuhwa ihwi linobva mulomo mume. ¹⁵Nokuti utshavha fakazi kuvhanhu vthose sezwa aka vhona nezwa aka hwa. ¹⁶Zwino ukamirireni? muluka lovhejiwa, ungujiwe zwivhi zwizwao udane zina lire.¹⁷Zwino ndikati ndajokera Jerusalema nditshi rabhira mufgereke, ndika yeta noku bahwa nemwiya. ¹⁸Ndika uvhona atshiti kandiri, 'Tavhanyija ubve Jerusalema yezwi yezwi, havhanga sangamiji kupupula kuke panyezulu pangu.¹⁹Iyapo ndikati , 'Ishe , vhano zivha ali oga kuti ndaesiva mutshitokisi noku lovha masinagogi avho vhatienda kamuli. ²⁰Usi waka dulugwa lopa la Sitefani tshapupu tshenu nemi ndanga ndika mira yapo nditshi bvumira, kuvhulawa kuke ndika tshengeta nhumbi javho yi uvhulaya.' ²¹Yapo wakati kandiri , 'Enda , nditshakutuma kule kuvha Jentili."²²Vhaka ungirisa kuswika pahwi yero "Iyapo vhaka davhijira, "Wakadlali hsvho bvisiwi panyika , nokuti havha fabniri kulalama,"²³Vhakadanijira , vhakandira nhumbi javho pasi, vhtshi dzwalo ivu nyezulu, ²⁴Ukugwane wetshihulu tshama zana aka layijigwa, kuti ayesiwe kungumba yavhagi atshiti abuzwiwe nokulohwa ngamanda kuti azivhe ulandu wavhayi u popotera kndlalo.²⁵Zwino vhakati vhausanga namakuluvhi, Pawulo ukati kuukugwane wezano, "Wanga akamira yapo muka tendegwa kulovha unhu uli mu Roma asina kutongwa na?" ²⁶Zwino ukugwane wezana wakati atshizwiha ukayenda kuutungamiri ukugwane , akati kaali, "Tanyirani zwamunoeta unhu uyu u Roma."²⁷Utungamiri ukugwane waka vhuya akati kaali,"Ndivhuje, 'uli u Roma na?" Pawulo akati, "Ehe."²⁸Utungamiri ukugwane wakati, "Imi ndakatenga simba iri lakuvha u Roma no utengo ukugwane , Pawulo akati, "Ndaka behwa ndiri u Roma." ²⁹Zwino vhanga vho buzwisia. vhakabva paali yapo no utungamiri ukugwane wakahla vho , atshizivha kuti u Roma , nokuti anga awusunga.³⁰Zwino fume mangwana , atshida kuzivha tshayizwo kuti vha Judha vhakau sutulira ulandu akausunungula akalayira kuti vha pirisita vhakugwane namagolokota ose vhavhungane akajikitisa Pawulo, nokuyesa panda kavho.

Chapter 23

¹Zwino ndinoti, Mwali wakalasa vhanhu vhavhe naa? Hanakueesiwa. Nokuti nemu vho ndiri uIsraeri, woliji gwa Abhurahama, wongumba ya Benjanimi. ²Mwali haana kulasa vhanhu vhavhe, vhaakazivha pakutanga. Hamuzivhi Eria, kuti unokumbira kuna Mwali pausolo pavha Israeri? ³"Ishe, vhakavhulaya maporofita enu, vhakaputsha aritari jenu. Imi ndakasiwiwa ndoga, zwino vhanotswaka kundivhulaya." ⁴"Asi mhindulo ya Mwali inotitshini kaali? "Unoti ndakazwisiyira vhalume vhane zwiulu zwishanu nezwivhiri vhasina kugwadamira Baal." ⁵Zwino saezwo, netshikati tshinovho vhaliko vhakananga vhakasala namakombolero. ⁶Asi kana kunanga kuli kamakombolero, kunenge kusasavha kamabasa. Kana zwisingadlalo makombolero haatshavha makombolelo. ⁷Zwino titshatitshini? Vha Israeri havhana kuwana, zwavhangha vhatshitswaka, asi vhakanangwa ndivho vhakazwiwana, vhamwe vhakawomesegwa. ⁸Sezwazwikanwagwa: "Mwali ukavhapa mwiya wehope, nemeso kuti vhalege kuvhona, nezevhe kuti vhalege kuhwa, kuswika zuvha lanasi." ⁹Na Dhavita vho unoti, "Dhafula yavho ngayiyete usungo ne livha, netshitshamwiso ntshinotshivhija kavhali. ¹⁰Meso avho ngaswibigwe alege kuvhona, mukotamisa misana yavho misiyose." ¹¹Zwino ndinoti, "Vhakatshimwisiwa kuti vhawe na?" Hazwingayeti. Asi, nokuwa kavho, luppeno gukavhuva kuvha Jentili, kuti vhamusigwe godo. ¹²Zwino kana kuwa kavho kukafulisa nyika, nokutapujiwa kavho kukafulisa vha Jentili, zwikungwane seni kuzala kavho? ¹³Asi iyezwo ndinolevhoreka kamuli imwi vha Jentili, zwandiri upositoro wama Jentili, ndino kuja basa langu. ¹⁴Zwimwe ndinomusa godomkunehenyama yangu. Ndipiye vhamwe vhavho. ¹⁵Nokuti kana kulasawa kavho kuli kubatanijiwa kenyika, kusangamijiwa kavho kutshavha tshini asi vhapenyu pakufa? ¹⁶Zwino kana tshirebeo tshokutoma tshiri tshitswene, bungu lose lakadlalo vho. Kana uji uli utswene, matavhi akadlalo vho. ¹⁷Zwino kana mamwe matavhi akavuniwa, kana iwe, muorivhi womubani, ukabatanijiwa pakati pavho, ukavha noukovhe pamwepeji navho pauji napamafuta omuorivi, ¹⁸usingozwikuja kumatavhi. Kana utsizwikuja, hawe unomuluja uji, asi uji ndiwo unokumuluja iwe. ¹⁹Zwino iwe utshati, "Matavhi akavuniwa kuti imi ndisanganisiwe." ²⁰Heyo ishuwa. Vhakavuniwa nokusatenda kavho, asi unomira nokutenda kuko. Usingozwikuja, asi uhle. ²¹Nokuti kana Mwali asina kulega matavhi awo, hangakulegi. ²²Zwino, talirani, vhuvhudu novhuyipi kuna vhakawa asi kauli vhuvhudu hwa Mwali:kana utshigala, pavhuvhudu huhwe, kana zwisingadlalo. Newe utsha temwavho. ²³Nayezwo vho, kana vhasinga gali pakusatenda kavho, vhatshabatanijiwa. Nokuti Mwali unokona kuvha batanija futi. ²⁴Nokuti kana iwe ukatemwa kuwu orivi, kana uli uorivi womubani pakusikiwa kawo ukabatanijiwa pawu orivi wavhudi, zwitshipambana nokusikwa kazwo, zwikugwane avha vhalii matavhi awo, vhanga batanijiwa pauorivi wavho na? ²⁵Nokuti hama jangu, handidi kuti musazivha tshikajumbama hetshi, kuti mulege kuvha namanyawi, kuti mulege kutanya pakufunga kenu: kuwomesiwa kemoyo kukavhuva panyezulu pavhamwe vhavha Izirayiri kuswika pakuvhuva kavha Jentili. ²⁶Nayezwo luji gose gwavha Izirayiri gutsha pijiwa, sezwazwikanwagwa zwitshihwi: "Paziyonni patshabuda utusi. Utshabvisa kusada ka mwali ka Jakopo, ²⁷heyi ndiyo sungano yangu navho, usi wanditsha bvisa zwivhi zwavho." ²⁸²⁹Kana iri vangeri, ivho vhalii vhavhengi vhenu. Asi kana kuli kunanga, vhanodiwa nokuda kavhana bhabha. Nokuda zwipo zwa Mwali nokudana kuke hazwitshitiwi. ³⁰Nokuti semwi kale manga musinga ingiri Mwali, iyezwo mukahwigwa shemu nokusa ingira kavho. ³¹Sayezwo, nayivho vha Juda havhana kuyingira. Kutne shemu ikahwigwa imwi nayivho ngavha hwigwevho shemu. ³²Nokuti Mwali wakavhavhalira vhoose pakusayingira kavho kuti avha hwire vhusiwana vhoose. ³³Hayi, kufuma kokutanya nokuzivha ka Mwali kukajika seni! Kutonga kuke hakungapambanisiwi, nezirajije hajinga londiwi! ³⁴"Nokuti ndiyani unoziwha fungwa ja Ishe kana kuti ndiyani anga ali ulayiri uwe?" ³⁵Kana ndiyani ukatanga kupa Mwali tshimwe tshinhu, kuti Mwali alipigwe futi?" ³⁶Nokuti zwose zwinobva kaali zwipo naye zwiripo nokuda kuke. Ngaavhe nokupenya kusingaperi. Ameni.

Chapter 12

¹Nayezwo ndinokumbira ngamanda kamuli,hama jangu, nevhusiwana hwa Mwali, kuti muye se mimbiri yenutshivhe tshimbayiro,tshipenyu, tshitswene tshino faja Mwali. Ndiko kurabhira kenu kemoyo. ²Musa ezanisiwa nenyika yeyi, asi musandugwe fungwa jenu Kuti muyeje muzivhe kuda ka Mwali kakanaka, kunofaja kakakwana Mwali.³Nokudaka makombolelo andakapiwa ndinovhuja umwe noumwe ulipakati penu:Alege kuzwifunga kukugwane,kupinda pano faningwa kufunga napo, asi afunge nokufunga kakatanya, umwe noumwe netshiyero tshokutenda sezwakavhegwa na Mwali.⁴Nokuti sezwatinemitezo yakawanda pamimbiri yedu, asi mitezo yose hayina basa limwepeji loga. ⁵Nayezwo isu , tiri vhanjitiri umbiri umwepeji na Khirisito , umwe noumwe ali utezo wavhamwe.⁶Tinezwipo zwakasiyana patakapiwa makombolero napo.Kana kuli kupo profita ngati porofite zwakayezana nokutenda kedu. ⁷Kana tshiri tshipo tshoku shumira , nga shumire.Kana umwe ane tshipo tshokugudisa, ngagudise. ⁸Kana tshiri tshipo tshoku layijira, ngalayijire.Kana umwe ane tshipo tshokupa, ngape nemoyo wose.Kana umwe ane tshipo tshovhukugwane, ngabate nokukozerera.Kana umwe ane tshipo tshokuhwira vhusiwana,ngayete noufalo.⁹Ludo ngagulege kuvha nokutshutshuja.Vhengani zwakayipa;enderani pandda nezwakanaka. ¹⁰Kana guli ludo pakati pehama, dananani noludo.Tungamirinanani,kujani umwe.¹¹Lugani kuvha novhu simba pakutambujika pasina pamwiya.Batirani Ishe,muushumire. ¹²Falani pataliro, kozererani pakutambula, tengesekani pakurabhira. ¹³Kovhanani na Mwali pakukonwa sumbijirani zira jakawanda musumbijire ludo.¹⁴Kombolerani vhanomutambuja;kombolerani musatuka. ¹⁵Falani navhanofala;lirani navhano lira. ¹⁶Ivhani nomoyo umwepeji pakati penu.Musatswaka zwinolumbijiwa,asi muyendejane navhano zwitukupaja.Musat pamoyo yenu makatanya.¹⁷Musatshivhija unhu tshakayipa ne tshakayipa.Etani zwakanaka panda kavhanhu vhose. ¹⁸Kana zwitshi yet,a pamunokona napo, galani nolugale navhanhu vhose. ¹⁹Musatshivhija,vhadikamwa, asi mujivhulire kutshamwa ka Mwali.Zwakanwagwa,"Kutshivhija ndikangu;Imi nditshalipira,'ndizwo zwino levha Ishe."²⁰Asi ""kana uvhengi uwo anezala,uupeyi tsho kudla.Kana ane nyota,uupeyi zwokunwa.Nokuti kana utshiyeta iyezwo,utshatutira masimbe emoto pausolo uwe.""²¹Usakundiwa nezwakayipa,asi ukunde zwakayipa ne zwakanaka.

Chapter 13

¹Unhu umwe noumwe ngaazwiyese pasi pamasimba makugwane,nokuti hakuna simba lisina kubva kuna Mwali.Masimba alipo akayesiwapo na Mwali. ²Saka unolamba simba unojivhisa zwakayesiwapo naMwali;zwino ivho vhanojivhisa vhanozwitolera mhaka.³Nokuti vhabati havha hlisi uno bata basa lakanaka,asi kune vhano bata basa lakayipa.Unoda kusahla simba naa?Etayi zwakanaka,ukolumbijija nazwo. ⁴Nokuti ndiye ushumiri wa Mwali kauli kuti akuyetere zwakanaka.Asi kana utshiyeta zwakayipa,ihla;nokuti habati pfumo pasina.Nokuti ndiye ushumiri waMwali,utshivhiji wokutshamwa kune unoyeta zwakayipa. ⁵Nayezwo munofanira kuzwi yesapasi pavho,musingadlalo nokuda kokutshamwa koga,asi nokuda kehana vho.⁶Nokuti nemhaka yevo monolipavho vho utero.Masimba rdivho vhalanda vha Mwali,vhanolamba vhatshinga batira tshinhu yetsho.⁷Lipirani vthose zwavhano fanigwa kulipigwa:utero kuna vhanofanira kuteregwa, ulipo kuna vhanofanira kulipigwa, kuhla kuna vhanofanira kuhliwa, kukuja kuna vhano fanira kukuiwa.⁸Musavha netshikwerethi nounhu,asi kudanana.Nokuti unoda umwe wazajisa utero. ⁹Milayo,"Usayeta vhupombe, usavhulaya, usaba, usatshivha," kana ulayo upiyo noupiyo zwakakuvhanganyiwa pabungo lokuti,"Ida vhamwe sezwaunozwida iwe."¹⁰Ludo hagu yeteri umwe zwakayipa.Nayezwo,ludo gunozajisa utero.¹¹Nokuti ndihezwi, zwatinozivha tshikati, kuti zwinotshatovha tshikati tshokumuka kenu muhope.Nokuti zwino kupijiwa kedu kavha paduze kupinda zuvha latakatanga kutenda nalo. ¹²Vhusiku hwapinda,nezuvha liripaduze.Nayezwo ngatilase mabasa eswiswi,ngati simire nhumbi jokugwa jetshiyeja.¹³Ngati yende nezura yakafanira,sapamasikati, tisingayenda nokutamba kakayipa nokubahxwa kana novhupombwe nokusiringa kana negakavha negodo. ¹⁴Asi simirani Ishe Jeso Khiristo,usatswaka kufaja nyama,nokusiringa kuko.

Chapter 14

¹Zwino sangamijani usinasimba pakutenda, musingayeti gakavha naye pazezulu pokufunga kuke. ²Umwe unhu unokutenda kuti angadla zwose, asi unesimba unodla milivho. ³Unodla zwose ngalege kuzwiyeta asingadli;futhi asingadli ngalege kupa mhaka unodla zwose.Nokuti Mwali waka usangamija. ⁴Iwe ndiwe ani,unopaulanda woumwe ulanda?Iye unomira kana kuwa.Utshamira izwe nokuti Ishe vhane simba lokuumisa. ⁵Unwe unhu unoti zuvha linwe pedzi linopinda limwe.Umwe oti mazuvha ose akafanana.Umwe no umwe ngazivhe zwe shuwa mumoyo uwe. ⁶Iye unotshengeta zuvha,unolitshengeta nokuda ka Ishe;uyo unodla ,unodla nokuda ka Ishe, nokuti unovhonga Mwali.Iye asingadli,hadliri Ishe;asi unovhonga Mwali.⁷Nokuti hakuna umwe wedu unozwilalamira iye oga, hakuna unozwifira iye oga. ⁸Nokuti kana titshilalama,tinolalamira Ishe, kana titshifa tinofira Ishe.Zwino kana titshilalama kana titshifira, tiri vha Ishe. ⁹Nokuti Khirisito wakafira iyezwo aka mukira iyezwo, akalalama kuti avhe Ishe wavhapenyu navhakafa. ¹⁰Asi iwe, unopirireni ukulu uwo mhaka?Kana newevho unoyejereni ukulu uwo?Nokuti isu tose titshamira patshigalo tshokutonga tsha Khirisito. ¹¹Nokuti kakanwagwa kutshihwi , "Novhupenyu hwangu , "ndizwo zwinolevha Ishe , "Gona linwe nelinwe litshandigwadamira,Lulimi lolumwe gutshakuja Mwali." ¹²Nayezwo,umwe no umwe utshazwi davhirira iye kuna Mwali. ¹³Nayezwo, ngatilege kulamba titshitongana,asi zwiri khwine kutonga, kuti unhu alege kuyesa tshigumbu kana tshinopiringija pandda koukulu uwe. ¹⁴Ndinozivha nokuzivhisisa tshayiko kuna Ishe Jeso kuti hakuna tshinhu tshire swinatshimene. Asi iye unoti tshire swina, kaali tshineswina. ¹⁵Nokuti kana ukulu uwo atthiswibisa, moyo nokuda kokudla iwe hawunga yendi noludo. Usapalajiwa nezwekudla iwe wakafigwa na Khirisito. ¹⁶Nayezwo kunaka kenu ngakulege kuyejiwa. ¹⁷Nokuti vhutshi hwa Mwali hasi zwokudla kana zwokunwa, asi kululama,nolugale, noufalo mu Mwiya Utswene. ¹⁸Nokuti unobatira Khirisito pazwinhu yezwi unofaja Mwali futhi unotendiwa na vhanhu. ¹⁹Nayezwo, ngatitswake izwo zwino vhuyisa lugale nezwa tingakhwatisana nazwo. ²⁰Legani kupalaja basa la Mwali nokuda kezwokudla. Zwinhu zwose zwakanana zwazwo,asi zwakayipa kune anodla akatshamwa. ²¹Zwakanaka kusadla nyama, kana kusayeta tshimwe tshinhu tshino tshanwisa ukulu uwo. ²²Unokutenda na?Ivhayi nako kuvhe kuko pada ka Mwali. Wakakombolegwaa usingazwipi mhaka patshinhu tshaano tendera. ²³Asi uyo unongugula wavha nemhaka kana atshidla , nokuti hangadli nokutenda.Zwose zwisingabvi pakutenda zwivhi.

Chapter 15

¹Zwino isu tinesimba tinofanira kuhxwala vhugwere hwavhasina simba, kusi kuzwifaja. ²Umwe no umwe ngafaje wakanyi kuke pane zwikanaka , zwinokhwatisa.³Nokuti Khirisito vho hana kuzwifaja . Asi, sezwakanwagwa zwitshihwi,"Kukuyeja kakakuyeja nako kakawira pazezulu pangu." ⁴Nokuti zwose zwakanwagwa kale zwakanwagwa kuti isu tigude kuti tivhe netalisiro inobva pakukozerera nepakunyalaja kema Bhuku.⁵Zwino Mwali wokukozerera nokunyalaja ngamupe moyo umwepeji pakati penu sezwinoda Khirisito Jose. ⁶Wakayeta kudlalo kuti muvhe nefugwa imwepeji kuti mupenyise ne ulomo umwepeji mutshikuja Mwali Bhabha vha Ishe wedu Jeso Khirisito. ⁷Zwino sangamijani umwe, sa Khirisito sezwakasangamija iwe, kuti Mwali akuijewe.⁸Nokuti Ndinoti Jesoo Khirisito wakayehwa ushumiri wakafumbiwa kusumbija shumba ya Mwali, kuti akhwatise zwakapikigwa namazi bhabha, ⁹futhi kuti ma Jentili vhakuje Mwali nokuda kevhusiwana huhwe. Sezwakanwagwa zwitshihwi, "Nayezwo nditshamulumbija pakati pema Gentili nokumuyimbira zina lenu."¹⁰Futhi ndinoti,"Falani, imwi ma Gentili,nevhanhu vhavhe." ¹¹Futhi futhi,"Lumbijani Ishe,imwi ma Gentili mose; muti maluji ose alumbije."¹²Futhi, Isaya yoti, "Uji wa Jeso utshsvhapo, naiye unomuka kuti abate ma Gentili; vha Gentili vhatshaultalira iye ." ¹³Zwino Mwali unetalisiro ngamuzafe neufalo wose nolugale pakutenda kenu, kuti muvhe netalisiro yakawandisa nesimba la Mwiya Utswene.¹⁴Zwino imi ndimene,vhakulu vhangu.Ndinozivha tshayiko pazezulu penu kuti imwi mumene muzere nokunaka,makazajiwa nokuzivha kose.Munokona nokulayana.¹⁵Asi ndinonwala swimwe nditshinyanya kukozerera nditshiyeta kumufungisa, nemakombolero andakapiwa na Mwali. ¹⁶Makombolero okuti ndivhe ulanda wa Khirisito Jeso unotumwa kuma Gentili,nditshiyeta basa lovhu Phirisita pa Vangeri ya Mwali,kuti tshibayiro tshama Gentili tshifaje Mwali, tshakayehwa tshitswene ne Mwiya Utswene.¹⁷Nayezwo nditshazwilumbija muna Khirisito Jeso pazwinhu zwa Mwali. ¹⁸Nokuti ndingahla kulevha swimwe zwinhu asi ivho Khirisito zwavhakayeta nemi kuti ma Gentili vhayetisiwe nemamhungo nemabasa, ¹⁹nesimba nezwimangajo zwinomangaja, nesimba le Mwiya Utswene. Nokudlalo kubva Jerusalema,nenyika jakamonereja kuswikira Illrikhamu,ndakapalija swimwevho vangeri ya Khirisito.²⁰Nditshikozerera, tshinhu itsi kuti ndipalije vangeri,apo pasina kumbolehwa zina la Khirisito, kuti ndilege kuvhaka pazezulu pefungwa jeumwe. ²¹Sezwakanwagwa kutshihwi:"Avho vhasina kuvhijiwa nezwizwe atshivhuya vhatshauvhona, nayivho vhasina kuha vhatshahwisia."²²Nayezwo ndakajivhisiwa gwakawanda kuvhuya kamuli. ²³Asi iyezwino, zwandisina pokubata panyika yeji,zwaavha makole manji nditshida ngamada kuvhuya kamuli.²⁴Ndinetalisiro yokukuvhona nditshipfuka nditshiyenda Sipaniya, nditshavhuya kauli pagwendo gwenu, ndiperekejiwe nemwi iyoko ndombofala nemwi nyana. ²⁵Asi zwino ndomboyenda Jerusalema, kundoshumira vhatswene vha Mwali.²⁶Nokuti vha Makhedoniya nevha Atshaya vhakati zwakanaka kuti vhaphakhane nevhasina pavhatswene vha Mwali vhali Jerusalema. ²⁷Ndizwo, vhakayetera zwakanaka, vhane sungu navho.Nokuti kana ma Gentili vhakayeta vhaphakhani navho pazwinhu zwe mwiya utswene,vhanesungu nama Juzi nokuvhashumira nezwinhu zwenyama.²⁸Nayezwo, kana ndapeja tshinhu itsi ndikavhvahigira zwose zwandinenge ndawana, nditshayenda Sipaniya ndika kuvakatshira muzira. ²⁹Ndinozivha kuti kana nditshivhuya kamuli nditshavhuya nokukombolera kakazala ka Khirisito.³⁰Zwino ndinokumbira, zwikugwane vhakulu vhangu, na Ishe wedu, Jeso Khirisito, futhi neludo gwe Mwiya,kuti mugwe pamwepeji nemi pakurabhira kenu kuna Mwali pazezulu pangu. ³¹Rabhirani kuti ndisunungugwe kuna vhasinga ingiri mu Judiya,futhi kuti kushumira kangu kunavha Jerusalema kufaje vhatswene vha Mwali. ³²Rabhirani kuti ndivhuye kamuli noufalo nokuda ka Mwali,kuti ndiwane, zololo pamwepeji, nemwi.³³Zwino Mwali wolugale ngavhe nemwi mose.Ameni.

Chapter 16

¹Ndinolevherera kamuli Fibi hazwaji yedu, ushumiri wegereke iripa Kenkrea, ²kuti muusangamije muna Ishe. Sezwazwinofanira vhatswene vha Mwali, nokuutusa pazwinhu zwose, zwaangakomwa nokuti iye amene wakatusa vhanji nemivho ndimwne. ³Mundimukisireni Priscilla na Aquila, vhanobata nemi muna Khiristo Jeso, ⁴vhakayesa mitshiba yavho kugwira vhupenyu. Ndinopa kuvhonga kavhali, hayikona iye oga, asi nengereke jose jevha Jentili. ⁵Ndimukisisa ngereke jirimungumba javho. Ndino mukisa Epaenetus vhadijani vhangu, anovha utshero wokutoma Asia kuna Khiristo. ⁶Mundimukisireni Mariya, wakamutusa zwikugwane. ⁷Ndimukisireni Andronicus na Junia, woliji gwangu. Vhakasungwa pamwe peji nemwi vhakakulumbi pakati pavhaapostola, vhanditomeravho kuvha muna Khiristo. ⁸Ndimukisireni Ampliatus, udikani wangu muna Ishe. ⁹Ndimukisireni Urbanus, ushumisani wedu muna Khiristo, na Stachys, udikani wangu. ¹⁰Ndimukisireni Apelles, wakatendewa muna Khiristo. Ndimukisireni vhengumba ya Aristobulus. ¹¹Ndimukisireni Herodion, woliji gwangu. Ndimukisireni vhengumba ya Narcissus vhali muna Ishe. ¹²Ndimukisireni Tryphaena na Tryphosa, vhashumi muna Ishe. Ndimukisireni Persis udikani, wakashuma zwakanyanya muna Ishe.

¹³Ndimukisireni Rufus, wakaketiwa muna Ishe, namayi vhavhe nemwi. ¹⁴Ndimukisireni Asycritus, Phlegon, Hermes, Patrobas, Hermas, noukulu unavho. ¹⁵Ndimukisireni Philologus na Julia, Nereus ne zwaji iye, na Olympas, na vhanhu vthose vhatswene vha Mwali vhanavho. ¹⁶Mukisanani noku mamana kutswene. Gereke jose ja Khiristo jinomumukisa. ¹⁷Zwino ndinomukumbira zwikulu kamuli, hama jangu, kuti mutualisise avho vhanopokana na vhanotshamwisa vhatshiyeta zwinopokana negudiso yamaka guda. Uzwibvise mavhali. ¹⁸Nokuti vhakadlalo havhabatiri Ishe Khiristo, asi dumbu lavho. Vhanotshutshuja moyo yavhasina mano namahwi avho akanaka nokubata kumeso. ¹⁹Nokuti kutevhera kenu kakaswika kuvhanhu vthose. Ndinofala, asi, nezwenu, asi ndoda kuti muvhe vhakathanya kune zwavhuddi, asi vhasinafungwa kune zwakavhipa. ²⁰Zwino Mwali wolugale utshatavhanya kuxhwasisira Satani pasi pesoka jenu. Makombolero a Ishe Jeso Khiristo ngajivhe nemwi. ²¹Timothy, ushumisani wanu, unomumukisa, na Lucius, na Jason, na Sosipater, woliji ngwangu. ²²Imi, Tertius, wakamwala mamwalo hawo pasi, unomumukisa muna Ishe. ²³Gaiusi, wakandisangamija imi negereke yose, unomumukisa. Erastus, utshengeti wemali yeguta, unomumukisa, na Quartus hama. ²⁴Makombolero a Ishe Jeso Khiristo ngajivhe nemwi mose. Amen. ²⁵Zwino iye unokona kumukwatisa sezwinolevha vangeri langu nokupalijiwa ka Jeso Khiristo, nokuvuligwa kezwakajumbama zwisina kulehwa tshikathi tshisingaperi ²⁶asi zwino zwinosumbijiwa nokuzivhiswa kumaliji ose, nemamwalo avhaporofita sezwakalayijigwa na Mwali, usingaperi kuti vhayingire nokutenda. ²⁷Iye Mwali wakathanya oga ngaavhe nokupenya na Jeso, Khiristo, nokusingaperi. Amen.

1 Corinthians

Chapter 1

¹Pawulo wakadanwq nokuda ka Mwali, kuti avhe u postola wa Jeso khiristu naSositeni mhama yedu. ²Kugereke ya Mwali aripavha Korinte kune vhakaetewa vhatswene muna khiristu Jeso vhakadamwa kuti vhavhe vhatswene panhu pamwepeji navhose vhanodana posepose zina la Jeso khiristu ishe wedu wavho ne wedu. ³Makombolero ngssvhe nemwi nolugare gundovha kuna Mwali bhabha vhedu nashe Jeso wedu. ⁴Ndinogala nditshivhonga Mwali tshikathi tshothe nokuda kenu nanezulu pamakombolero a Mwali amakapiwa muna khiristu Jeso. ⁵Kuti maka fumisiwa pana zwose maali pakulevhoreka kose napakuzivha kose. ⁶Nokudlalo vhutshapupu hwa khiristu hwaka kwatisiwa mamuli. ⁷Kuti hamungakomwi tshipotshimwepeji mutshimirira kusumbijiwa kashe wedu Jeso khiristu. ⁸Utshamukwatisa kuswikira pakuguma muvhe vhasinapomejegwi pazuvha lashe Jeso khiristu. ⁹Mwali ndiye wakatendeka wakamudana makawirirana ne mwanatukana uwe Jeso khiristu ishe wedu. ¹⁰Zwino ndinokumbira zwikugwane hama jangu nezina lashe wedu Jeso khiristu kuti imwi mose mulevhoreke tshinhu tshimwepeji. kuti pakati penu palege kuvhanokukhuthana asi kuti musaonganisiwe zwakanaka pamifungo limwepeji nokufunga zwimwe. ¹¹Nokuti ndakabuzwiwa panezulu penu hama jangu navhali ku Kilosi kuti pane gakovha pakati penu. ¹²Zwandinolevha ndizwokuti, umwe noumwe wenu unoti "Ndiri wa Pawulo kana kuti ndina Aolosi, kana kuti ndina Kefaasi, kana kuti ndina khiristu." ¹³Khiristu ukakovhekanyiwa naa? Pawulo wakalovheregw patshipambano nokuda kenu naa? Makalovhejiwa muzina la Pawulo naa? ¹⁴Ndimutenda Mwali kuti handina kulovheja umwepeji wenu kuze ka Sifasi na Gayasi. ¹⁵Kuti

kusavha nounhu utshati makalovhejiwa muzina langu.¹⁶ Ndakalovheja vhengumba Sitefani asi vhamwe. Handizivhi kana ndakalovheja umwepeji.¹⁷ Nokuti khristu haana kundituma kulovheja asi kuti ndipalije vangeri ndisingaeti novhutanyi kuti tshipambano tsha Mwali tshirege kukonesiwa¹⁸ Nokuti bungo lowutshinjikwa vhupeji kune vhanopalajiwa. Asi katiri isu tinopijiwa isimba la Mwali .¹⁹ Nokuti kwakanwagwa kutshihwi, "Nditshapalaja vhatanyi hwavhakathanya , nditshakonesa kuzivha kavhanozivha,"²⁰ wakathanya ulipi? Unwali ulipi? Uyeti wekhani yomunyika ino ulipi?Mwali haanakueta vhuthanyi hwenyika kuti huvhe vhupeji naa?²¹ Nayezwo, vhuthanyi hwa Mwali nyika novhuthanyi hwayo zwaisina kuzivha Mwali . Mwali wakafa ajiwa nazwo kuti vanotenda avhaporese novhupeji hokupalija.²² Nayezwo vha Juda vhanokumbila zwisumbijo navha Giriki vhanotswaka vhuthanyi.²³ Asi isu tinopalija khristu wakalovhegwa patshipambanao zwinotshamwisa vha Juda novhupenji hwavha Jentili.²⁴ Asi kuna vhakadamwa vha Juda navha Giriki , khristu isimba la Mwali novhuthanyi hwa Mwali.²⁵ Nayezwo, vhupenji hwa Mwali hunopinda vhanhu novhuthanyi , novhudera hwaMwali hunopinda vhanhu nesimba.²⁶ Nayezwo , talirani kudamwa kenu hama jangu. kuti havhasi vhakawanda vhakathanya panyama vhakadamwa , havhasi vhakawanda. Vhanesimba havhanji vhakadamwa.²⁷ Asi Mwali wakapambanisa zwinhu zwovhupenji zwenyika kuti ashonise vhakathanya . Mwali wakapambanisa zwinhu zwinotolegwaa pasi zwenyika kuti ashomise zwozwine simba.²⁸ Mwali wakakhonisa zwinhu zwinoswenhiwa zwenyika. Nezwinolerusiwa nezwinhu zwisipo, kuti akomwese zwiripo simba lazwo.²⁹ Kuti kulege kuvha nenyama inozwikuja papanda pa Mwali.³⁰ Asi naiye Mwali muli muna khristu Jeso iye wakatietegwa isu vhuthanyi hunobva kuna Mwali.Nokululama novhutswene nolujikunulo.³¹ Nokuti sezwazwaka mwagwa, "Legani unzwiкуja azwikuje muna ishe."

Chapter 2

¹Zwino imi hama jangu, pakuvhuya kangu kamuli handina kuvhuya nditshimupalajira vhutshapupu hwa Mwali nokunaka kamahwi kana kovhuthanyi. ²Nokuthi ndakati handingazivhi tshinhu pakati penu kuzeni ka Jeso khiristu iye wakalovhelegwa patshipambano.³Ndangandiri pakati penu novhudera nokuhla nokutetemera kukulukulu. ⁴Nehwi langu nokupalija kangu zwanga zwisingahovha namahwi ekukombejera ovhuthanyi havhanhu asi nokusumbija komwiya noke nungo . ⁵Kuti kutenda kenu kulege kuvha muvhuthanyi hwavhanhu asi musimba lamwali.⁶Zwino tinolevha vhuthanyi pakati pavhakakwana asi vhuthanyi husanhu huli hwenyika ino kana hwavhabati vhenyika vhanokomwesiwa nungo . ⁷Asi tinolevha vhuthanyi hwa Mwali hwakajumbama, hwakafukijiwa , hwakatomogwa kupenya kedu na Mwali sango lisanhу lavhapo.⁸Husina kuzivhikamwa noumwe wavhabati vhesango lino nokuti dleno vhayivhuzivha vhangadleno vhasingalovheri ishe wokupenya patshipambano. ⁹Asi sezwazwakamwagwa , " Izwo zwisina kuvhoneka kana kuhwika nezevhe nezwisina kupinda mu moyo wounhu ndezwa Mwali zwaakagajirira vhanouda."¹⁰Nokuti Mwali wakazwisumbija hezwo katiri isu no mwiya . Nokuti mwiya unovhona zwose zwose nezwa kajika zwa Mwali. ¹¹Nokuti unhu ndiupiyo unoziwha zwaunhu asi mwiya wounhu uli maali? Sayiyezwo hakuna unhu unoziwha zwa Mwali asi mwiya wa Mwali.¹²Zwino isu hatina kusangamija mwiya wenyika asi mwiya onobva kuna Mwali , kuti tizivhe izwo zwatakangopiwa zwedu na Mwali. ¹³Ndizwo zwati levhavho tisingalevhi namahwi anotigudisa navhuthanyi hounhu asi anofundijiwa nomwiya utswene titshi dujira zwinhu two mwiya kuvhanhu.¹⁴Zwino unhu sezwaakabahwa hasangamiji zwinhu two mwiya wa Mwali nokuti vhupenyu kaali hazwihwisisi nokuti zwinohwisisiwa no mweya. ¹⁵Asi uli wo mwiya unohwisisazwose asi iye amene hazwihwisisi nounhu. ¹⁶Nokuti ndiyani wakazivha fungwa ya she kuti ungudise? Asi isu tinoulangalirawo khiristu.

Chapter 3

¹Nemi hama jangu ndangandisingakoni kulevhhereka nemwi sokunacho mwiya asi sokunavhenyama sokuna zwisiye muna khristu. ²Ndakamupa ukakahandina kumupa mangando nokuti manga musingakoni kuzwidla nayiyewi hamukoni.³Nokuti mutshambovha nyama . Nokuti zwapatshambovha negodo pakati penu khati hamuli vhenyama mutshamboyada nouhlovho wavanhu na? ⁴Nokuti kana umwe atshiti , "Imi ndiri wa Pawulo ", umwe atshiti ."Imi ndiri wa Appolosi." hamuli vhenyama na? ⁵Zwino Appolo ndiyani ? Pawulo ndiyani? Asi vhabati vhamakatenda navho ,so ishe vhatshipa ulayo kuno umwe noumwe.⁶Ndakalima Appolosi akadirijira , asi Mwali vhaka kuja. ⁷Nayezwo, unosima haali tshinhu kana nounodirijira haasitshinhu . Asi Mwali unomeji. ⁸Zwinio unosima noundodirijira vhamwe , umwe noumwe utshapiwa ukovhe uwe sevhakashuma. ⁹Nokuti tirivhabati pamwe peji na Mwali . Muli unda wa Mwalimuli tshivhakwa tsha Mwali.¹⁰Nokuda makimbolero a Mwali ndakalonga luzivho souvhaki , umwe unovhaka zezulu pago zwino umwe noumwe ngathanye kuti unovhaka seni zezulu pago. ¹¹Nokuti hakuna umwe ungalonga mamwe mano asi iwo akalongwa kale , ndiye Jeso khristu.¹²Zwino kana unhu atshikhakhira gereke ya Mwali Mwali utshaukhakhiravho. Nokuti gereke ya Mwali litswene¹³Kulege kuvha nounhu unoziyengera . Kana unhu atshiti ndakathanya pakati penu ulengeni avhe 'tshidada' kuti avhe wakathanya. Nokuti vhuthanyi bwenyika ino vhupenji kuna Mwali . ¹⁴Nokuti zwakanwaga , "Unobata vhaka thanya pamano avho." ²⁰Zwino futi, "Ishe unoziyha mifungo yevhakathanya kuti hayina matulo. ²¹Nayezwo, ngakulege kuvha nunhu unovhimba navhanhu. Zwino zwinhu zwose ndizwenu. ²²Kana Pawulo kana Appolosi, kana Kefasi, kana nyika , kana vhupenyu, kana lufu , kana zwinhu, kana zwinu zwino vhuya . Zwinhu zwose ndizwenu. ²³Imwi muli vha khristu na khristu ndiwa Mwali.

Chapter 4

¹Unhu upiyo noupiyo ngafunge seyezwo kuti tiri vhalanda vha Khristu vhatshengeti vhezwajumbama zwa Mwali. ²Zwino pazwinhu izwi pavhataliri panotswakwa kuti unhu awanike akatendeka. ³Asi zwinhu zwitukutuku kandiri kuti nditongwe nemu kana nokutongwa nounhu.Handizwitongi imi ndoga. ⁴Nokuti handizivhi ulandu wandinawo, asi handipirisiwi nazwo.Asi anonditonga ndiye Ishe.⁵Saka legani kutonga tshinhu tshikati tshisanu tshaswika,kuswikira Ishe avhuya.Iye utshabudisa patshena zwinhu zwakajumbama zweswiswi nokusumbija mifungo ye moyo.Apo unhu umwepeji utshakhuziwa na Mwali.⁶Zwino,hama jangu, zwinhu izwi ndaka wala ndizwifanajira imi na Apollos nokuda kenu, kuti, "mugude katiri kusapinda izwo zwakanyogwa."Kuti umwe alege kuzwikuja atshipemusa umwe kune umwe. ⁷Nokuti ndiyani wakakupumusa iwe?Zwino kana wakapiwa? Unozwifireni sousina kupiwa?⁸Matoguta matofuma mabata vhuse kuze kedu tanga tinetalisiro yokuti titshatonga tose. ⁹Nokuti ndinoti Mwali wakatigaja isu vhapositolu pakupejisira, savhanhu vhakatongegwa lufu.Nokuti takayehwa tshinhu tshinomangaja nyika, navhatumwa navhanhu.¹⁰Isu tiri zwidahera nukoda ka Khristu , asi imwi matanya muna Khristu.Isu tinokomwa simba, asi imwi munesimba.Imi munokujwa,asi isu tinonyajiwa.

¹¹Kuswikira tshikati itsho isu tinezala tinenyota,hatina tshatinga fuka, hatinavhugalo kaho hokugala.

¹²Tinotambula titshibata namavhoko ude.Kana titshitukwa tino, patutshejiwa.Kana titshitambujiwa tinosunga moyo. ¹³Kana titshipomegwa,tinovhalajiya.Taka eta sezwinia yenyika nolala avhose, kuswikira zwino.

¹⁴Handimunwalili zwinhu imwi kuti ndikushonise, asi kuti ndikulayijire savhana vhanodiwa. ¹⁵Nokuti nangwe maihva navha fundisi vhanezwiwulu zwine gumi muna Khristu, hamuna vhana bhabha vhaka wanda.Nokuti muna Jeso Khristu imwi ndakabeba ne evangeri. ¹⁶Nayezwo ndinokumbira zwikugwane kamuli kuti muvhe vhaingiri vhangu. ¹⁷Nenhaka iyi ndakatuma Timoti kamuli,mwana wangu unodikamira wakatendeka muna Ishe.Iye utshamufungisa mitovho yangu una Khristu, se zwandinofundija zwose pagereke jose. ¹⁸Zwino vhamwe vhanozwikuja,vhatshiti sokuti handinga vhuyi kamuli.¹⁹Asi nditsha lumbija kuvhuya kamuli,kana Ishe atshida.Handinga zivhi mamungo ayavho vhanozwikuja,asi simba lavho. ²⁰Nokuti vhushe hwa Mwali buzwi pamasoko asi pasimba. ²¹Munotswakeni?Ndivhuye kamuli nesamu kana noludo nomwiya wovhunyolo naa?

Chapter 5

¹Tinohwa kutshihwi vhupombwe hulipo pakati punu, vhupombwe hakadlalo husingazivheki nangwe pakati pavha tadzi hunoti umwe unotola ukaji wabhabba vhavhe. ²Munozwikuja hakwine manga mukalira kuti uyo wakapata basa abvisiwe pakati punu. ³Nokuti iri zwinukazwo tshero ndisipo noumbiri asi ndiripo zwangu nemwiya. Ndatotongesa uyo wakaeta tshinhu itshi sendinenge ndiripo. ⁴Nemwi makakuvhangana panhu pamwepeji nomweya wangu nezina laishe Jeso khristu nesimba laishe wedu Jeso khristu. ⁵Kuti unhu wadlalo ayesiwe kuna Satani nyama ipalajiwe mweya upijiwe pazuvha la ishe Jeso ⁶Kuzwikuja kenu hakuna kunaka, hamuzivhi kuti kukumuso nhuku inovhija tshingwa tshose. ⁷Bvisani kukumuso yakale kuti muvhe nebundu nyowani sezwamusina kuvhirisiwa nokuti pasika yedu yatikabayigwa isu ndi khristu. ⁸Saka ngatiete utambo tisingaeti nekukumuso yakale kana nekukumuso yokudunga nokuipa. Asi nevhuroto husina kukumuso hwakanaka ne shuwa. ⁹Ndamunwalila nevhurifhi hwangu kuti musaenda ne mhobwe. ¹⁰Handidi mhombwe jose jenyika ino kana vhanolutshivho kana mabinya, kana vhanorabhira zwkifanekiso nokuti kana zwaka dlalo mofsnira kubva panyika. ¹¹Asi zwino ndinomunwalila kuti mulege kuyendejana nounhu unoehwa hama kana unosimwa dolo kana atshirabhira zwifananijo kana utuki unosimwa doro gororo musadla nawaka eta sezwo. ¹²Nokuti imi nditshatongereni vhalikuze? Ko imwi hamutongi vhalipaka punu na? ¹³Asi avho vhalipaze Mwali unovhatonga, "Bvisani pakati punu unhu uyo wakaipa."

Chapter 6

¹Kana umwe wenu anoullandu noumwe, ungakozerera kulevhoreka kana navhakaipa akasalevherera kunavhakanaka na? ²Amuzivhi kuti vhakanaka vhatshatonga nyika? Zwino kana nyika itsitongwa nemi, imwi amufaniri kutonga nyaya nokutuku na? ³Amuzivhi na kuti titshatonga vhatumwa? Zwikugwane seni , zwevhupenyu ihovhu?⁴Zwino kana unoulandu zwevhupenyu huno unofanira kutongwa , munokuja seni avho vhanonyaja gereke? ⁵Ndinodlalo kuti mushroomisiwe. Hapana wakatanya pakati penu angakona kutonga pakati pe hama nehama iye na? ⁶Asi vhakiliu vhonokwirira vhakulu vhatshizwieta panda kavhasingatendi na!⁷Zwino matovha noulandu pakati penu zwamunokulirana. Munoregereni kutenda zwisina kunaka? Munoregereni kutenda kudlirijigwa? ⁸Asi imwi munoeta zwisina kunaka , mutshidlirijira mutshizwietera hama jenu!⁹Amuzivhi kuti vhasina kululama avhangagali nhaka yovhushe wa Mwali na? MUsalasika : Nokuti ngomwe vhanorabbira zwifananijo kana vhanovhypombwe , kana zwidahela , kana vhanota vhalume vhakaji, ¹⁰kana mbabva, kana vhatuki, kana makololo asi makaehwa vhakanaka makasanugwa novhushe wa Mwali. ¹¹Vhamwe vhenu vhanga vhakadlalo. Asi makaehwa vhakanaka, mukatshenesewa, makasanugwa nezina mla ishe Jeso khiristu nomwiya wa Mwali.¹²"Ndakatendegwa zwinhu zwose," asi zwinhu zwose azwitusi. " Ndakatendegwa zwinhu zwose , " asi andidi kukundiwa netshimwempeji . ¹³"Zwokudla ndezwedumbu ,nedumbu ndire zwokudla," asi Mwali utshapalija iro na izwo zwose . Asi umbiri hasi wovhypombwe, asi ndiwa ishe na ishe ndioumbiri. ,¹⁴Mwali wakamus Ishe futi utshatimus isu nesimba lire. ¹⁵Hamuzivhi kuti mimbiri hedu mitezo ya Khiristu?Ndingatola mitezwo ya Khiristo kuyeta mitezwo yemombwe?Zwisavha iyezwo!¹⁶Hamuzivhi kuti wakafanisiwa nemombwe wavhamumbiri umwepeji naye?Nokuti iye unoti," Avha vhavhiri vhatshavha nyama imwempeji." ¹⁷Asi wakasanganisiwa naIshe wavha mwiya umwepeji naye.¹⁸Tizani vhupombwe! Zwigvi vhose zwiri kuze koumbiri,asi unoyeta vhupombwe unokakira umbiri uwe.¹⁹Hamuzivhi kuti mimbiri yenu itemberi ye mwiya wakanaka, uli mukati menu,wamakapiwa na Mwali?Hamuzivhi imwi kuti mimbiri hasiyenu? ²⁰Nokuti mategwa noutengo. Nayezwo kujani Mwali mumbiri wenu, ne mwiya yenu, iri ya Mwali.

Chapter 7

¹Zwino kana zwiri zwamandimwalira, " Zwakanaka kuti unhu alege kubata ukaji." ²Asi nokuda kovhupombwe , ulume mumwe nomumwe ngaavhe noukaji uwe, noukaji umwe noumwe ngaavhe noulume uwe.³Ulume ngaape ukaji zwakafanira noukaji ngaadlalo vho kuulume. ⁴ukaji haana simba paumbiri uwe asi ulume . sayiyezwo vho ulume haana simba paumbiri uwo asi ukaji.⁵MUsongonyimana asi mutshiyeta tshikathi tshituku mumbotenderana kuti muvhe netshikati tshokuzwinyima zwokudla nokurabhira. Nokusangana futhi kuti Satani alege kumuyeja paakusangana kenu kuzwijosa. ⁶Asi ndinolevha hezwi nditshimutendera ndisingalejisi. ⁷Nokuti ndinoda kuti vhose vhavhe semi. Asi unhu umwe noumwe unetshipiwa tshtshe tshinobva kuna Mwali. Umwe tsholuji ugu umwe tsholumwe luji.⁸Asi ndinoti kunevasina kuwana nokushirikaji, zwakanaka kuti vhagale semi. ⁹Asi kana vhasingakoni kuzwijosa, ngavhawane nokuti zwirikhwine kuti vhawane pakutswa.¹⁰Zwino vhakawana ndinovhalayijira - asi hamindisho - kuti ukaji alege kubva kuulume uwe. ¹¹(Kana atshibva ngagale asingawaniki kana adanane neulume umwe,) Ule hafaniri hafaniri kulamba ukaji.¹²Zwino kuna vhamwe ndinoti- haasi ishe kana hama inoukaji usingatendi kana iye atshida izwo kugala naye ngaalege kuulasa. ¹³Kana ukaji anoulume usingatendi, kana asinga kwanisi kugala naye hafaniri kuulamba. ¹⁴Nokuti ulume usingatendi unojetiwa utswene noukaji uwe noukaji usingatendi unojetiwa utswene kana asi kudlalo vhana vhenu vhanga vhaneswina asi zwino vhatswene.¹⁵Zwino kana usingatendi atshiyenda ngaayende izwe. Hama kana ali ulume kana ukaji hasungwi ne zwakadlalo asi Mwali waka udana kuti muvhe nolugalo. ¹⁶Unoziwha seni ukaji kuti utshathusa ulume uwo? Kana kuti unoziwha seni ulume kuti utshathusa ukaji uwe?¹⁷Asi umwe noumwe sezwaakakovhegwa na ishe umwe noumwe sezwaakadanwa na Mwali ngayende sayiyezwo. Ndizwo zwandilanoyijira pagereke jose. akapfu. ¹⁸Kana umwe atshinge akadanwa akafumbisiwa ngaalege kuyehwa usina kupfumbisiwa kana atshinge adamwa asingapfumbisiwi ngaalege kupfumba. ¹⁹Kupfumba hasi tshinhu nokusapfumba haasi tshinhu asi kutshengeta milayo ya Mwali.²⁰Umwe noumwe ngaagale pakudanwa paakadanwa nako. ²¹Wakadanwa uliulanda na? Usangozwidla moyo asi kana ungasunungugwa zwiri khwine kuti udlalo izwo. ²²Nokuti wakadanwa munashe ali ulanda wavha usunungugwa washe . sayiyezwo vho wakadanwa akasununguka wavha ulanda wa khiristu. ²³Wakatengwa neutengo legni kuvha vhalanda vha vhanhu. ²⁴Hama jangu umwe neumwe ngaagale panda pa Mwali iyapo paakadanwaq napo.²⁵Zwino panyezulu pavhasikana , handina ulayo watsho asi ndinolevha sounhu wakapiwa kuhwira vhusiwana kuti avhe wokalulama. ²⁶Nayiyezwo , ndinoti nokuda ke nhamo ino zwakanaka kuti unhu agale akadlalo.²⁷Wakabatanijiwa noukaji nah? Usatswaka kusunungugwa waka sunungugwa paukaji na? usatswaka ukaji. ²⁸Zwino kana wawana hauna kukhakha kana khomba ikawanika hana kukhakha . Asi vhakadlalo vhatshavha nokutambujika panyama.²⁹Zwino ndinozwilevha hama jangu nokuti tshikathi tshifupi. kuti kubva zwino vhanavhakaji vhavha sevhasina. ³⁰Navhanolira vhavhe savhasingaliri navhanofala savhasingafali navhanotenga savhasina tshinhu. ³¹Navhanobata nesango savhasingabatisi . Nokuti ugaliro wesango lino unopinda³²Ndinoda kuti mulege kuvha nokufunganya . Usina kuwana unofunga zwashe kuti angaufaja seni uwe. ³³Asi wakawana unofunga zwesango kuti angafaja seni ukaji uwe- ³⁴Pausiyano pakati poukaji nekhomba usina kuwanika unofunga zwashe kuti uvhe utswene paumbiri napamwiya . Asi wakawanika unofunga zwenyika kuti ungafaja ulume uwe seni.³⁵Hezwi ndinozwilevha kuti muthusiwe imwi. Ndisingadi kumusunga nousungo asi nokuda kezwakafanira kuti murabhirire ishe musingakhakhisi.³⁶Asi kana umwe atshifunga kuti hayeteri khomba iye zwakafanira kana ali pazera loku wanika ngazwiyyete sayiyezwo- unofanira kuyeta zwaanoda . hayeti zvhivhi. Vhanofanira kuwana. ³⁷Asi uyo unomira akakwata pamoyo pape asingakombetshejiwi netshinhua asi une nungo zezulu pokuda kuke akatema mumoyo tshinhu itshi kuti utshatsheta khomba iye unoyeta zwakanaka. ³⁸Nayiyezwo unowana khomba iye unoyeta zwakanaka nounsingauwanisi unoyeta zwinopinda nokunaka.³⁹Ukaji wakasungwa noulayo ulume uwe atshambopira .Mara ulume uwe akapa wasununguka kuti awanike noulume waanoda , ngazwiye hwe muna she. ⁴⁰Asi unganyanya kufala kana atshigala akadlalo pakufunga kangu imi zwino ndinoti nemivho ndine Mwiya wa Mwali.

Chapter 8

¹Zwino panhezulu pezwakabaigwa:Zwifananijo tinozivha kuti tose tinako kuzivha.Kuzivha kunovhuyisa kuzwikuja,asi ludo gunokwatisa. ²Kana unhu atshiti ndinozivha tshinhu,hoyu unhu unodakuzivha asina tshaano zivha. ³Asi kana munhu atshida Mwali, iye unoziikamwa naiye.⁴Zwino, kana kuli kudla zwinhu zwakabaigwa zwifananijo:Tinozivha kuti tshifananijo hatshiti tshinhu panyika kana kuti hakuna Mwali asi iye umwepeji. ⁵Nokuti nyange vhalipo vhanohwi vha mwali,kana kumakole kana panyika(sezwavhalipo "vhamwali" kana vhanji "namajishe"manji), ⁶asi isu tinongovha na Mwali umwepeji, ndivho Bhabha,pazwinhu zwose zwino bva kavhali nesu tilipovhonokuda kavho, naizwovho Ishe Khristu, zwinhu zwose zwilipo naye, nesu tiripo naye.⁷Asi, vthose havhana kuzivha iyapo.Nokuti,vhamwe vhakalovherera tshifananijo kuswikila iyezwino,vhanodla vhatshiti zwakabaigwa zwifananijo moyo wavho hauna simba unonyala.⁸Zwino zwokudla hazwingati swikisi kuna Mwali.Nokuti kana tisingadli,hatlipisiwi kana titshidla hatitshenesi. ⁹Asi mutanyire kuti kusununguka kenu hakungavhuyisi mifungo kuna vhamwe vhanhu vhakanyala pakurabhira. ¹⁰Nokuti kana umwe atshikuvhona iwe, unako kuzivha, ugere pakudla mugereke yezwifanijo ska moyo wahoyo asina simba atshavha nezwivhindi zwokuti adle hezwo zwakabaigwa zwifananijo na?¹¹Nokuti nokuzivha kuko kuti,uyo asina simba, unopalajiwa iri hama yakafigwawho na ¹²Khristu.Zwino, kana mutshitshinyira hama sayezwo mutshigwajisa moyo yavho inesimba,munotshinyira Khristu. ¹³Saka kana zwokudla zwitshitshamwisa hama yangu, handingatombodi nyama zwatshose, kuti ndilege kutshamwisa hama yangu.

Chapter 9

¹Andina kusunguka na? Andisi upostoli na? Andina kuvhona Jeso ishe wedu ? hamuli basa langu munashe? ²Kana ndisili upostoli kuna vhamwe tshero zwakadlalo zwikhine ndili upostoli kamuli. Muli sumbejo netshikhwatiso tshovhupostoli gwangu muna she.³Kuzwidavhirira kangu kunayivho vhanonditonga ndikoyoku. ⁴Hatitendegwi kudla nekunwa naa? ⁵Hatitendegwi kuyenda noukaji unotenda savhamwe mapostoli , nevhakulu vha ishe na Khefasi? ⁶Asi imi na Bhanabhasi hatitendegwi kushuma basa?⁷Ndiyani angashuma sousole atshizwilipira? Ndiyani anaglima munda yemazambiringa asingadli utshero wahone? Kana unolisa makwayi asinganwi ukaka wawo? ⁸Izwi ndino zwilevha nokulevha kavhanhu naa? Iwo ulayo hawulevhi yezwi naa?⁹Nokuti paulayo wa Mozisi pakanwagwa kuti, "Usasunga ulomo webhaho inopula zwilimwa." Iye Mwali unendavha nebohonaa?

¹⁰Kana unolevha yezwo nekuda kedu koga naa? Shuwa , zwakanwaligwa isu nokuti unolima anetalisiro nounopula atshitalira kuti utshaphakhigwawho. ¹¹Kana isu tikomudzwalira zwinhu zwemwiya tshingavha tshinhu tshikugwane naa kana titshitsheka zwinhu zwenu zwenyama?¹²Kana vhamwe vhatshipiwa simba pazezulu pedu , isu hatipiwi gugwane naa? Asi hatina kuzwibatira nesimba. Asi tino tambujija pazwose kuti tilege kujivhisa vangeri ya khiristu. ¹³Hamuzivhi kuti vhanoshumira pazwinhu zwitswene vhanolalama nokudla zwinhu mugereke? Futhi vhanobata basa paatari vhanopha khana atari naa? ¹⁴Nayezwo vho ishe vhakalayijira kuti vhanopalija vangeri vhalalame ne vangeri.¹⁵Asi imi handina kuzwibatira netshimwe tshinhu izwo. Handinwali izwi kuti ndiyetegwe sayezwo imi. Nokuti zwirikhwine ndife pakuti umwe akonese itsho tshandino zwilumbija natsho. ¹⁶Nokuti kana nditshipalija vangeri handina tshandinga zwilumbija natsho , nokuti ndofanira kuyeta hezwi. Ndine nhamo kana ndisingapaliji vangeri.¹⁷Nokuti kana nditshizwieta nditshida imindinoubayiro . Asi kana nditshizwieta ndisingadindakapiwa zwangu vhutaliri. ¹⁸Zwino ubayoro wangu ndiweni? Ndiwo kuti kana nditshipalija ndivhigire vhanhu vangeri ya khiristu vhasingalipi¹⁹Nokuti tshero ndakasununguka kuna vwhose ndakazwiyeta ulanda wavhose kuti ndiwanr vhanji tshayiko. ²⁰Kuvha Juda ndakavha sou Juda kuti ndiwone vha Juda . Kuna vhalii pasi poutemo, ndakavha sounhu alipasi poutemo tshero ndisanhu ndavha pasi poutemo wangu kuti ndiwanre vhalii pasi poutemo.²¹Kuna vhasina utemo ndakavha sounhu usina utemo tshero ndisanhu ndavha unhu asina utemo wa Mwali asi pasi poutemo wa khiristu . Ndayeta sayezwo kuti ndiwanre vhasina utemo. ²²Kune vhasina simba ndakavha usina simba kuti ndiwanre vhasina simba . Ndakavha zwose kuvhanhu vwhose kuti ndilalamise vhamwe nemihxwalo yeso.²³Zwinhu zwose ndinozwieta nokuda ke vangeri, kuti ndiphakhigwe makombolero pamwepeji navhamwe.²⁴Hamuzivhi kuti vhanogidima, vhagidimi vwhose vhanogigma,asi umepeji unopiwa ubayiro?Gidimani sayezwo muwane ubayiro. ²⁵Umwe noumwe unotamba unozwijoa panezwose.Zwino ivho vhano zwiyeta kuti vhawane korona inovhola, asi isu kuti tiwana isingavholi.

²⁶Zwino imi ndozwondogidimisamiyezwo, sezwisina basa; ndinogwa, asi handigwi sounhu unogwa nemwiya.

²⁷Asi ndinogwajisa ubhiri wangu, nditshauyeta ulanda, kuti zwimwe imi ndakapalijira vhamwe, ndilege kuvha ndakalasiwa ndirimbi.

Chapter 10

¹Nokuti handidi hama jangu kuti mulege kuzivha kuti vhana bahabha vhedu vthose vhanga vhali pasi pegole futi kuti vthose vhaka ambuka gungwa. ²Vthose vhaka bhabhatijiwa muna na Mozisi mugole no mugungwa. ³vthose vhakadla zwokudla swimwe peji zwemwiya. ⁴Vthose vhakanwa zwakunwa swimwepeji zwomwiya . Nokuti vhakanwa pahwe lemwiya lakavhatevhera ihwe yero langaliri Mwali. ⁵Asi Mwali hana kufajiwa navhanji vhavho nokuti vhaka palajija mubani. ⁶zwino zwinhu hezwi yanga iri sumbijjo katiri kuti isu tilege kutshivha zwakayipa sezwavhakatshivha. ⁷Musa nyengetera mifananijo savhamwevhavho sezwazwakanyogwa zwitshihwi, Vhanhuvhakagala pasi pakudla nokunwa , vhakamuka kuti vhatambe." ⁸Ngatilege kueta vhuhule, savhamwe vhavho vhakaeta, Pazuva limwe peji vhanhu makumi mavhiri amazana namazana matatu vhakafa nahwo. ⁹Ngatilege kueja Mwali sevhamwe vhavho vhakauseya vhakapalajiwa nenyoka. ¹⁰Mulege kungunguna savhamwe vhenu vhaka ngunguna vhakapalajiwa noupaliji¹¹Zwino hezwi zwinhu zwakaeteka kavhali sesumbijo katiri. Zwakanwagwa kuti tinyevhegwe isu takaswikigwa nokuguma kenyika. ¹²Nayezwo legani umwe unofunga kuti unomira atanye alege kuwa. ¹³Hakuna miyejo yakamubata iwi asi wavhanhu vthose asi Mwali waka tendeka .Hangamulegi mutsiyejiwa kupinda pamunokona asi pamiyejo iye utshamupa zira yokubuda muvhe nesimba lokukozerera. ¹⁴Nayezwo , vhadijanwa vhangu tizani kumifananijo. ¹⁵Ndinolevha kamuli savhanhu vhanohwisisa , fungani zwandinolevha. ¹⁶Ukombe wokuvhonga watinovhonga hakusangana nelopa la Jeso nna ? Vhuroto hwatino pemula hakusangana nawumbiri wa Jeso nna? ¹⁷Nokuti pane tshingwa tshimwe peji isu vhanji tiri umbiri umwepeji nokuti tirno kovhana tose tshingwa tshimwepeji. ¹⁸Talirani vha Isirayeli panyama . Avho vhanodla zwipiriso havhapakani ne atari nna? ¹⁹Ndoeta seni zwino ? Kuti ufananijo tshinhu nna? Itsho tshikafu tshobayigwa ufananijo tshinhu nna?²⁰Asi ndinoti hezwo zwavhanonobayira vhanozwipa kumwiya yakayipa nema dimoni hakusi kuna Mwali . Handidi kuti imwi muvirirane nema demoni. ²¹Hamunganwi paukombe waMwali noukombe wama dimoni . Hamunga dliri padhafula la Mwali ne dhafula lama dimoni. ²²Asi tinoda kumusa godo la ishe nna? Tine simba sayiye nna?²³"Ndakatenddegwa zwinhu zwose , " asi zwinhu zwose hazwinditusi. Ndakatenddegwa zwinhu zwose , asi zwinhu zwose hazwi mulujiri vhanhu nyezulu. ²⁴Unhu ngalege kuzwitswakira zwakanaka asi unofanira kuyetera zakanaka umwe.²⁵Idlani zwose zwinotengwa panotengisiwa pasin kubuzwiwa ubuzo nokuda kehana. ²⁶Nokuti nyika ndiya ishe nokuzala kayo . ²⁷Kana umwe wavhasingatendi danira kundodla kana mukada kuyenda endani , zwose zwinoyesiwa panda kenu idlani musingabuzwi nokuda ke hana. ²⁸Asi kana umwe akati kamuli. "Itshi tshibayira." usatshidla nokuda kaiye wakamusumbija nokuda kehana. ²⁹Hana youmwe unhu handilevhi iyo asi youmwe . Nokuti kusununguka kangu kunotongegweni nehana youmwe? ³⁰Kana nditshidla nditshidobha ndingaho tukigweni nokuda ketshinhу tshandino tenda panyezulu patsho?³¹Neyezwo kana munodla kana kunwa kana kuyeta tshimwe tshinhу etani zwose kuda kaMwali kukuiwe. ³²Legani kutshamwisa kana ma Juda nokuvha Giriki noku gereke yaMwali. ³³Semi vho ndinofaja vhanhu vthose pazvhinhу zwose ndisingatswaki zwinonditusi imi asi zwinotusa vhakawanda kuti vhapijiwe.

Chapter 11

¹Ivhani vhavheri vhangu, semi ndiri utevheri wa Khiristo. ²Zwino ndinomulumbija nokuti munondi langalira pazwinhu zwose.Mutshitshegeta ulayo sezwandakamupa iwo. ³Nayezwo ndinoda kuti muzivhe kuti Khiristo usolo woumwe noumwe, futhi usolo woukaji ndiye ulume, futi usolo wa Khiristo ndiye Mwali. ⁴Ulume umwe noumwe unorabhira kana kuporofita usolo uwe wakafukijiwa unioninipisa usolo uwe.⁵Asi unukaji umwe noumwe unorabhira kana kuporofita usolo uwe.Usina kufukijigwa unioninipisa usolo uwe nokuti ndizwo zwimwepeji nokutesegwa. ⁶Nokuti kana unhukaji asina kufukija usolo uwe, ngadambuligwe mavuji awe ayete mafupi.Kana zwisingafaniri kuti unhukaji adambuligwe mavuji, kana atesegwe ngafukijiwe.⁷Nokuti unhulume hafaniri kufukija usolo, zwaali ufananijo nokupenya ka Mwali.Asi unhukaji ndiye kupenya kounhulume. ⁸Nokuti unhulume habvi kuunhukaji.Asi, unukaji unobva kuulume.⁹Futi ulume haana kusikigwa unhukaji.Asi, unhukaji ukasikigwa ulume. ¹⁰Nokuda kayezwo unhukaji unofanira kuvha netshisumbijo tshesimba pausolo uwe, nokuda kavhatumwa.¹¹Tshero zwakahlalo, Ishe, unhukaji halikuze kounulume, noulume halikuze kounukaji. ¹²Nokuti unukaji sezwaanobva kuunulume, nokuhlalo vho unhulume unobiwa nounhukaji.Asi zwose zwinobva kuna Mwali.¹³Tongani imwi mumene: Zwakafanira kuti unhukaji arabhire kuna Mwali asina kufukijiwa na? ¹⁴Saka hamugudisiwi naiwo usiki kuvhanhu kuti kana unulume unamavuji malefu, muno shonisasiwa nazwo na?¹⁵Asi kana unhukaji unamavuji malefu,ndiko kupenya kuke? Nokuti wakapiwa vuji lire tshivhe tshifukijo. ¹⁶Zwino kana umwe unenge atshida kuyeta khani, hatina ulayo wakahlalo isu, tshero gereke ya Mwali.¹⁷Asi kana nditshimuvhuja iyezwo,handimulumbiji.Nokuti hamusanganiri zwinopinda nokunaka, asi zwakaipa. ¹⁸Nokuti ihwi lokutanga, kana mutshivhungana mugereke, ndinohwa kuti kukutana kulipo pakati penu, pamwe ndinotenda kuti ndizwo. ¹⁹Nokuti gudiso jakapamuka jinofanira kuvha pakati penu, kuti avho vhakatendeka vhavhoneke pakati penu.²⁰Zwino kana mutshikuvhangana pamwe peji hakuti mudle tshilayiro tsha Mwali.²¹Nokuti kana modal umwe noumwe unatomera vhamwe kuhla tshilayiro tshitshe umwe unezala umwe ukabatiwa. ²²Saka hamuna ngumba kamungadlira nokunwira na? Munozwija gereke ya Mwali ? Nditshati tshini kamuli ? Nditshamulumbija ? Handina kukulumbijira hezwo!²³Nokuti imi ndakasangamija kuna ishe itsha tshandakakupa vho, kuti ishe Jeso nevhusiku hwaaka pandukigwa wakatola vhuroto. ²⁴Akati avhonga ukatshipemula akati, "Hoyu umbiri wangu unopamuligwa imwi. Etani hezwi mukondifunga."²⁵Sayezwo, vho vhakati vshapeja kulayira akati ukombe hoyu ndiyo sungano itswa mulopa langu . Etani yezwo tshikati tshose kana mutshimwa mutshindifunga." ²⁶Nokuti tshikati tshose kana mutshihla vhuroto hoku kana ku mwa ukombe uyu munopalija lufu gwa ishe kuswikira atshivhuya. ²⁷Asi nayezwo umwe noumwe unodla vhuroto uhu kana kunwa ukombe wa ishe nouhlovho usina kufanira utshavha nemhaka youmbiri nelopa la ishe. ²⁸Zwino unhu ngaazwije kuti adle vhuroto hohu atshidlalo nokunwa ukombe hoyu. ²⁹Nokuti unodla nokumwa nohlovho usina kufanira unoziwidlira nokuzwimwira kutongesewa zwaasinga hwisisi mumbiri wa ishe. ³⁰Ne mhaka iyi vhanji vhalipo pakati penyu vhasina simba vhanotongwa vhanji vhavhete.³¹Nokuti dai tayizwieta isu timene , hatayitongisiwa. ³²Zwino kana titshotongiwa na ishe, tinojosiwa, kuti tilege kutongegwa kulohwa pamwe peji neniyika.³³Nayezwo, hama jangu, kana mutshi sanganira pakudla, miriranani. ³⁴Kana umwe ane zala, ngadle kanyi kuke, kuti mulege kukuvhanganira kutongwa . Nezwimwe zwaakanwala, nditshazwigajira kana ndaswika.

Chapter 12

¹Zwino kana zwiri zwipo zwemweya hama jangu handidi kuti muvhe musingahwi. ²Munozivha patshikati tshamanga muli vhanhu vhasingatendi manga mutshi dhosegwa zwifaniso zwisinga koni kulevhoreka sezwamayitungamirigwa navho. ³Saka ndinomuhwisia kuti hakuna unhu uno levhereka nomwiya wamwali angati, "Jeso ndiye ishe..Ishe asi mwiya utswene." ⁴Zwino maluji manji ezwipo alipo asi mwiya ndiwo umwepeji. ⁵Maluji manji akarabhira alipo nazwinho ishe umwepeji. ⁶Maluji manji amabasa alipo asi Mwali umwepeji iye unobata zwose muna vhose.⁷Asi umwe unopiwa kusumbijiwa komwiya kuti vhose vhatusiwe. ⁸Nokuti umwe unopiwa nomwiya ihwi lovhatanyi kuumwe ihwi lokuzivha nomwiya iyoyo. ⁹Umwe kutenda mumwiya iyoyo, mumwe oyoyu mumwe zwipo zwokupolisa mwiya uyu. ¹⁰Umwe kuyeta mabasa esimba umwe kuporofita umwe kuzivhisisa mwiya umwe maluji endimi umwe kudujira ndimi. ¹¹Asi izwi zwose zwino ehwa nomwiya iwoyoyu umwe peji unotevhera umwe noumwe sezwa akananga. ¹²Nokuti soumbiri umwepeji unemitezo minji nemitezo yose umbiri umwepeji wakadlalo ivho khristu. ¹³Nokuti mumwiya umwepeji isu tose taka bhabhatijiwa muumbiri umwepeji kana tiri vha Juda kana vha Giriki kana vhalanda kana vhaka sununguka isu tose taka nwa pamwiya umwepeji. ¹⁴Nokuti umbiri hawutezo asi minji. ¹⁵Kana lusoka gukati, "Kubva nhasi handidi luvhoko, handiri, utezo wounhu umbiri, saka hagoumbiri zwagwadlalo na?" ¹⁶Nezevhe kana ikati, "Nokuti handiri ziso handiri utezo woumbiri, saka hagowumbiri naa?" ¹⁷Kana umbiri wose wangauli ziso kuhwa kayihovhapi? kana umbiri wose wanga ulizevhe, kunuhwija kayihovhapi?" ¹⁸Asi zwino Mwali wakaesa utezo umwe, umwe peji umwe noumwe paumbiri sezwaakada. ¹⁹Kana yose yavha mitezo umbiri waivhapi? ²⁰Asi zwino une mitezo minji asi umbiri umwepeji ²¹Ziso alingati paluvhoko 'handikudi' kana kuti luvhoko gungati kusoka, 'handi kudi'. ²²Asi mitezo iyo yombiri inenge isina nungo ndiyo inodiwa. ²³Nemitezo iyo yombiri yatinoti hayikujiji ndiyo yatino kuja tshaizwo nemitezo iyo yedu isina kunaka ndiyo yanaka nokupindisisa. ²⁴Asi mitezo yedu yakanaka hayikonwi kukuiwa asi Mwali uka batshanyija umbiri wose akakuiwa ano kupindisisa mitezo ino konwa kunaka. ²⁵Wakayeta hezwi kuti palege kuvha nokupambana paumbiri, asi kuti mitezo itshengetane zwako ezana. ²⁶Kana utezo umwepeji utshitambujika mitezo yose ino tambula pamwepeji nawo. Utshifala mitezo yose inofala vho. ²⁷Zwino imwi muli umbiri wa khristu.noumwe noumwe utezo yawo ²⁸Mwali wakaesa vhamwe pagereke pakutanga vha positoli wavhuvhiri vhaporofita vhe tshitatu vhagudisi, vhatevhereri vhayeti vhama basa esimba vhatevheri vhe zwipo zwinopolesa navhano tusa navha bati namaluji manji enolimi. ²⁹Vhose vhapostoli naa? Vhose maporofita naa? Vhose vhagudisi naa? Vhose vhaeti vhamabasa esimba naa? ³⁰Vhose vhanewipo zwokupolisa naa? Vhose vhano levhereka nendimi naa? Vhose vhano dujira naa? ³¹Asi kozererani zwipo zwikugwane. Nditsha musumbija vho zira yakanaka inopinda Jose.

Chapter 13

¹Nhangwe ndikalevha nendimi javhanhu nejavhatumwa ndisina ludo ndavha sendarira jinolira. ²Nhangwe ndinetshipo tshokupolofita nditshihwisisa zwaka jumbama zwose nokuzivha kose nhangwe ndinokutenda kose kuti ndibvise tavha , ndisina ludo handizivhi tshinhu. ³Nhangwe ndakovhera vhalombo zwose zwandinazwo , nhangwe ndikaesa umbiri wangu kuti ndipisiwe . Ndisina ludo handituswi tshinhu.⁴Ludo gune moyo ulefу , gunomoyo unyolo , ludo haguna godo. Haguna manyawi , hagu zwikuji. ⁵Hagueti zwisingafaniri , haguzwitswakiri zwago. Hagutshamwi , haguna zwiera. ⁶hagufaliri zwisina kunaka asi, gunofalira zweshuwa. ⁷Gunofukija zwose , gunotenda zwose, gunetaliro panezwose . guno kozerera pane zwose.⁸Ludo hagungo pera. Zwino kana kuli kuponofita kutshapera . Kana jiri ndimi jitsha guma. Kana kuli kuzivha kutsha bvisiwa. ⁹Nokuti tinozivha zwisakakwana tino porofita zwisakakwana. ¹⁰Asi kana zwakakwana zwaswika izwo zwisina kukwana zwitshabvisiwa.¹¹Imi nditshambovha nwana ndailevherera somwana ndaigunga somwana ndailangalira somwana. Zwino zwandavha ukugwane, ndabvisa vhuhwanana. ¹²Nokuti zwino tinovhona patshivhoni asi netshikati itsho titshavhona nezwiso zwakatalisana. Zwino ndinozivha zwisakakwana asi netshikati yetsho nditshazivha sezwandakazibwa nemwi vho. ¹³Zwino kutenda netaliro noludo zwitatu izwi ndizwo zwinogala , Asi tshikugwane pakati pazwo ndigo ludo.

Chapter 14

¹Tevherani ludo kozelelani zwipo zve Mwiya asi zwikulu kuti muporofite. ²Nokuti unozuwa nolumwe lurimi haazuwi kuvhanhu asi kuna Mwali. Nokuti hakuna unouhwa asi noMwiya unozuhwa zwakajumbama. ³Asi uporofita unozuwa kuvhanhu atshivha kwatisa nokulaya ,nokunyalaja. ⁴Unozuwa nolulimi unoziwi kwatisa iye, asi unoporofita unokwatisa gereke. ⁵Zwino ndinoda kuti imwi mose mulevhhereke nendimi.Asi tshero zwikapfuka yezwo ndinotama kuti muporofite . Asi kana unoporofita ukugwane kunotozuhwihwa nendimi (asi kana atshidujira kuti gereke ikwatisiwe). ⁶Asi iyewzi hama jangu kana nditshivhuya kamuli nditshilevhhereka nendimi ndingamutusa neni ? kana ndisinga levhereki nokuvuligwa , kana nokuzivha , kana noku porofita, kana nokugudisa.⁷Tshero zwinhu zwisina vhupenyu zwinolira kana iri gulu kana,ludimbwa , kana zwisinga siyani pakulira kazwo, zwinga zibwa seni tshino lijiwa neguliu kana ludimbwa? ⁸Nokuti kana hwamanda isingaliri zwavhudi ndiyani ungazivha kuti tshavha tshikati tshokugwa? ⁹Zwakadlalo vho nemwi kana musingazuhwi noliulimi . mahwi anohwika kuzivhiwa zwinolehwa zwitshazivhiwa seni ? Nokuti mutshangolevherekera mumwiya zwenu.¹⁰Mahwi anemaluji akawanda panyika hakuna tshinhu tshisina zwatshinolevha. ¹¹Asi kana ndisingazivhi kuti ihwi linolevheni imi nditshavha sounhu wolumwe luji nounolevhhereka utshavha kandiri sounhu wolumwe luji.¹²Sayezwo imwi kuva mutshikozerera zwinhu zve mwiya tswakanzi zwikulu kuti mukwatise gereke. ¹³Saka nuno levhereka nolumwe lulimi ngaarabhire kuti akwanise kudujira. ¹⁴Nokuti kana nditshirabhira nolumwe lulimi mwiya wangu unorabhira asi kufunga kangu kunokomwa zwibebo.¹⁵Zwino imi nditshaeta seni? Nditsharabhira ne mwiya wangu asi nditsha rabbira ne fungwa jangu . Nditshayimba ne fungwa jangu. ¹⁶Kana zwisingadlalo kana utshitenda Mwali ne mwiya uyo ulikuze utshati tshini, "Amen." seni pakutenda kuko asingazivhi tshawuno levha iwe?¹⁷Nokuti iwe unotenda izwo zwakanaka asi umwe unhu hakwatisiwi. ¹⁸Ndinotenda Mwali kuti imi ndino levhereka nendimi kupinda imwi mose. ¹⁹Asi pagereke ndinoda ngamanda kulevha mahwi matuku nokufunga kangu kuti ndigudise vhamwevho pakuzuwa nolumwe lulimi anokwana kueta gumi. ²⁰Hama jangu musavha vhana pakufunga, asi muvhe zwisiye pane zwakavhipa. ²¹Paulayo zwakanwagwa kuti, "Nditsha zuwa kuvhanhu havha nditshilevha navhanhu vhejimwe ndimi nemimwe milimo. Tshero zwakadlalo havhangi , "Ndizwa zwinolevha ishe."²²Saka ndimi sumbijo hayikona kune vhanotenda asi kune vhasingatendi. Asi maporofita ndie sumbijo hayikona kune vhasingatendi asi kune vhanotenda. ²³Kana nayezwo kana gereke yose yavhu ngana ende vhose vhaka zuhwa ne ndimi , vhanga vhalikuze ne vhasinga tendi vhaka vhuya muukati havhangati munopenga?²⁴Asi kana vhose vhaka porofita umwe asingatendi kana usina kuguda ukapinda utshatendisiwa nezwaatshahwa zwose. Utshatongwa nazwose zwaakalevha. ²⁵Neyimwe zira zwaka jumbiwa mumoyo uwe zwitshasumbijiwa , Nayezwo utshawira pasi nekumesoatshirabhira Mwali. Akapupula kuti Mwali uli pakati penu tshayiko.²⁶Zwino titshati tshini tshinotevhera hama jangu? Kana titsha kuvhangana linhi umwe noumwe une pisalema une tshokugudisa netshaaka vuligwa nolumwe lulimi unetshe kudujira. Etani zwose kuti muvhake gereke . ²⁷Kana umwe atshilevhhereka nolulimi ngazwi etiwe navhavhiri kana kupinda vhatatu. Vhatshivhalana noumwe ngadujire zwaanenge alevha. ²⁸Asi kana pasina unodujira nganyalale mugereke. Ngazwivhuje iye nokuna Mwali.²⁹Legani vhaporofita vhavhiri vhatatu vhanyalale mugereke. Futi legani vhamwe vhayingire. ³⁰Zwino kana tshimwe tshinhu tshika vuligwa umwe ugereco woku tanga nganyalale.³¹Nokuti munga porofita mose mutshieti umwe noumwe kuti vhose vhagude vhose vha nyalajiwe. ³²Mwiya wavha porofita unoziwilisa pasi pavha porofita. ³³Nokuti Mwali haali Mwali wokupambanisa asi wolunyalalo sapa gereke jose javha tswene.³⁴Vhanhukaji ngavhanyalale mugereke . Nokuti havha tendegwi kulevhereka. Asi vhano layigwa vhazwi ese pasi sezwino levha ulayo. ³⁵Kana vhatshida kuguda tshinhu ngavha buzwe vhalume vhavho kanyi.Nokuti tshinu tshino shonisa kuti vhanhukaji vhalevhhereke mugereke. ³⁶Kati ihwi la Mwali lakabva kamuli na? Iwe ndiwe woga likakuswikira naa? ³⁷Kana unhu atshiti ndiri uporofita kana ndiri womwiya, ngatende kuti izwo zwandinomunwalira paulayo wa Ishe. ³⁸Asi kana unhu asingazivhi, ngavhe asi ngazivhi.³⁹Saka, hama jangu, kozererani kupoerofita, musinga jivhis vhamwe kuzuwa nendimi. ⁴⁰Asi zwinhu zwose ngazwietiwe nezira yakanaka noulayo wazwo.

Chapter 15

¹Zwino hama jangu ndinokuzivhisa kuti evangeli yandakakupalijirayi iyo yamukasangamija vho iri yamunomira nayo, ²iyo yamunopijiwa vho nayo, kana mutshithusa nezira yandikapilija kamuli kana musina kutenda pasina. ³Nokuti pakutoma ndakakupa izwo zwandikasanganija vho kuti khristu wakafira zwivhi zwedu sezwakanwanga pamabhuku. ⁴Iye ukavhigwa ukamusawa nezuvha letshitatu sezwakanwaga pamabhuku. ⁵Jeso ukazwisumbija kuna Khefasi iyapo kunavhane gumi nevhavhili. ⁶Iyapo akazwisumbija kuhama jinopinda mazana mashanhua pamwe navhanji vhavho vhapanu kuswikira zwino. Asi vhamwe vhavhata. ⁷Iyapo akazwisumbija kuna Jemusi nokuna vhanwe vha postori vthose. ⁸Pakupejisira akazwisumbija kandirivho se akabehwa tshikati tshisanhu tshawswika. ⁹Nokuti imi ndiri utuku kuvha postori vthose. Handifaniri kuti ndihwi upostori nokuti ndakatambuja gereke ya Mwali. ¹⁰Asi nemakombolero a Mwali ndiri unhu wakadlali zwino namakombolero awe kandiri haana kuvha paswa asi ndakabata zwikugwane kupinda vthose hamisi makombolero a Mwali anga anemi. ¹¹Nayezwo kana ndirimini kana vhanhu ivho tinopalija kudlali nemwi makatenda kudlali. ¹²Zwino kana khristu atshipalijigwa kuti akamusawa kuvhakafa vhamwe pakati penu vhanolevha seni kuti hakuna kumuka kuvhakafa. ¹³Zwinodleni pasina kumuka kuvhakafa na khristu ungadleni asina kumusawa vho. ¹⁴Adleni khristu asina kumusawa kupalija kedu kungadleni kutshivha pasina nokutenda kenu kungadleni kutshivha pasina vho. ¹⁵Nesu tayiwanikwa tirizwapupu zwa Mwali zwokunyepa nokuti takapupula kuti Mwali akamusawa khristu iye waasina kuumusa, kana zwiri izwo kuti vhakafa havha musiwi. ¹⁶Nokuti kana vhakafa vhasingamusiwi na khristu haana kumusawa vho. ¹⁷Kana khristu asina kumusawa kutenda kenu hakuna basa mutshambovha muzwivhi zwenu. ¹⁸Zwino navho vhakafa muna khristu vhakalasika vho. ¹⁹Kana tine taliro kuna khristu pavhupenyu uhuhoga tinohwisa vhusiwana kukunda vhanhu vthose. ²⁰Asi zwino khristu wakamusawa kuvhakafa akavha tshibehwa tshokutoma tshawhakavhata. ²¹Nokuti lufu gwakavhuya nounhu kumuka kavhakafa kakavhuya nounhu vho. ²²Nokuti vthose sezwavhanofa muna Adamu, sayezwo vho vthose vhatshalalamisiwa muna khristu. ²³Asi umwe noumwe pajolo lire ; khristu tshirehwa tshokutoma titevhore avho vhalii vha khristu pakuvhuya kuke. ²⁴Iyapo kuguma kunoiswika patshikati tshitshapo Mwali bhabha vhushe patshikati tshaatshapalaja kubata kose novhushe hose nesimba. ²⁵Nokuti unofanira kubata vhushe kuswikira ayesa vhavhengi vhavhe vthose pasi pesoka jije. ²⁶Uvhengi wokupejisira utshapalajiwa nolufu. ²⁷Nokuti wakaesa zwinhu zwose pasi pesoka jake zwino kana atshiti, " Zwose zwakasiwa pasi pape," zwinovhoneka patshena kuti iye akaesa zwose pasi pape haesiwipo. ²⁸Zwino kana zwinhu zwose zwaesewa pasi pape, iyapo nomwanatukana vho iye utshaesiwa pasi pape akaesa zwose pasi pape kuti Mwali avhe zwose kunavthose. ²⁹Kana zwisina kudlalo avho vhanolovhejegwa vhakafa vhatshaeta seni? Kana vhakafa vhasingahomusiwi vhakalovhejegweni ivho vhakafa? ³⁰Nesu tiri pangozi tshikati tshose nendavha vhajeni? ³¹Ndinofa mazuva ose! Hama jangu kuzwilumbija kandinako pamusolo penu muna khristu Jeso ishe wedu. ³²Kana ndakagwa nezwivhanda pa Efesa sounhu zwainditusaneni kana vhakafa vhasingamusiwi? "Ngatidle ngatinwe nokuti mangwana tinofa." ³³Musingonyengetejegwa, vhungani hwakayipa hunovhoja vhunhu hwakanaka. ³⁴Pengenukani zwakalulama mulege kutshinya nokuti vhamwe havhazivhi Mwali. Ndinolevhoreka izwi kuti mushonisiwe. ³⁵Umwe utshati, "Vhafu vhatshamukaseni, vhatshavhuya noumbiri ukayeta seni?" ³⁶Iwe tshidayera ! yetsho tshaunojwala hatshimeri kana tshisingafi. ³⁷Tshawunojwala haujwali umbiri utshavhapo asi mhuji yoga . Kana yamapfunde kana yezwimwe. ³⁸Asi Mwali unopa umbiri paanoda napo, mbeu imwe neimwe umbiri wayo. ³⁹Nyama yose ha nyama imepeji . Asi imwe ndiye vhanhu imwe inyama yemhuka , imwe inyama yezwinyoni, imwe ndiye hovhe. ⁴⁰Kune mimbiri yekumakole nembiri yepanyika .Asi kopenya keyokumakole kumepeji nokenyika kumepeji. ⁴¹Kopenya kezuvha kumepeji nokopenya kemweji kumwepeji nokopenya kenyereli kumwepeji nokuti imwe nyereji inosiyana neyimwe pakupenya. ⁴²Ndizwo zwakayetiwa vho kumuka kavhakafa. Umbiri unojwagwa pakuvhola unomusiwa pakusavhola . ⁴³Unodzvagwa pakunyaja unomusiwa pakupenya . Unojwagwa zwisina nungo zwinomusiwa pasimba. ⁴⁴Unodwagwa uli umbiri wokubehwa unomusiwa uli umbiri wemwiya. Umbiri wokubehwa ulipo. noumbiri womwiya ulipo. ⁴⁵Zwakanwagwa vho kuti, "Unhu wokutoma , Adamu akayetiwa unhu upenyu." Adamu wokupejisira wakayetiwa mwiya unoda vhupenyu. ⁴⁶AAasi zwomwiya hazwo zwokutoma asi zwokubehwa zwikatevhera zwomwiya. ⁴⁷Unhu wokutoma ndiwenyika wevu. Unhu wovhuvhili wakabva kumakole. ⁴⁸Seni wevu, ndizwo zwakaehwa vho ivho vhokumakole. ⁴⁹Vhuye sezwatakanga tinoufananijo wounhu wevu titshavha vho noufananijo waiye wokumakole. ⁵⁰Zwino ndinoti vhakulu vhangu , nyama nelopa hazwingagali nhaka yovhushe hwa Mwali nokuvhola hakungagali nhaka yokusavhola. ⁵¹Talirani! ndinomuvhuja zwakajumbama . Hatingavhati tose asi titshatshitshiwa tose. ⁵²Pakaleyapo nekutshopira keziso nehwamanda kokupejisira. Nokuti hwamanda itshalira . iyapo vhakafa vhatshamuka nokusavhola , nesu titshasandugwa. ⁵³Nokuti itsi tshinovhola tshinofanira kufuka kusavhola nahesthi tshinofa tshinofnira kufuka kusafa ⁵⁴Zwino kana itsi tshinovhola tshakafu kusavhola nahetshi tshinofa tshafuka kusafa,

iyapo bungo laknwagwa litshaeteka linoti,⁵⁵"Lufu gwaminyiwa nokukunda." "Lufu kukunda kuko kulipi? Lufu luvholera gugo gulipi?"⁵⁶Luvholera golufu ndizwo zwinhu nesimba lezwivhi ndiwo ulayo.⁵⁷Zwino Mwali ngavhongiwe , uyo unotipa kukunda na ishe wedu Jeso khiristu.⁵⁸Saka vhakiliu vhanodiwa , mirani makakwata mulege kuzuziwa. Mubatirire ishe nesimba tshikati tshose mutshizivha kuti kubata kenu hakungavhi pasina munashe.

Chapter 16

¹Zwino kana zwiripo zwavhanganijiwa vhanhu vha Mwali vhakanaka:sezwandakalayijiwa segereke eGalatiya,etani sayezwo. ²Nezuvha lokutoma leviki, umwe noumwe ngahafuje zwimwe kanyikuke akuvhanganje paukawana napo, kuzwipo zwilege kuvhunganija kana nditshiswika.³Kana ndaswika, nditshatuma avhovhamunotenda nevhurifhi Jerusalema. ⁴Kana zwafanira kuti imi nalendevho, vhaenda nemi.⁵Zwino nditshaghuya kamuli kana ndopinda ne Makodonia. Nokuti ndinopinda ne Makedonia. ⁶Zwimwe nditshagala nemwi nengwe ndipeje mhepo, kuti muhondi perekeja, pose pando enda.⁷Nokuti handidi kukuvhona ezwino ndiripagwendo.Kuti ndinoti nditshagala nemwi tshikati,kana Ishe vhatshindi tendera. ⁸Asi nditshagala pa Efasa kuswika Petacositi, ⁹nokuti ndavuligwa ukovha ukugwane, unebasu gugwane nevhajivhisi vhakawanda vhalipo. ¹⁰Zwino kana Timoti atshiswika,musangamijini kuti agale nemwi asingahli, nokuti unobata basa la Ishe, sezwandoeta imi. ¹¹Nayezwo ngakulege kuvha nounhu ulamba asi muperekeje nolugale,kuti avhuye kandiri nokuti ndakatalira pamwepeji nehama. ¹²Zwino ali Apollos hama yadu, ndakakumbira kaali zwikugwane avhuye pamapeji nejimwe hana, asingadi kuvhuya iyezwino utshaghuya kana awana tshikati tsha kanaka. ¹³Lindani,mirani nesimba kutenda, etani kukwata sevhalume. ¹⁴Zwose zwamunoeta etani noludo. ¹⁵Ndokumbira zwikugwane kamuli hama jangu mozivha muli vha Sitefani, ndimwi mitshero yokutanga pa Akaya, vhakazwiesa kuti vhashumire vhanhu vha Mwali vhakanaka, ¹⁶kuti nemwivho mozwiese pasi pavhakadlalo napasi pavhose vhanotithusa navhanobata pamwepeji nesu. ¹⁷Ndinofala nokuvhuya ka Sitefani,Fortunatus,na Achaicus.Nokuti ivho vhakandietera basa vhakamirira imwi. ¹⁸Nokuti vhazoloja mwiya wangu newenhu neyezwo kujani vhakadlalo.¹⁹Magereke eku Asia anomumukisa.Aquila na Pirisila vhanomu mukisa zwikugwane muna Ishe panu pamwepeji negereke iri mungumba yavho. ²⁰Vhakulu vhavhe vhone vhanomukisa .Mumukisane nokuyeta zwakanaka. ²¹Ndiko kumukisana kangu imi ,Pawulo,noluvhoko gwangu. ²²Kana unhu asingadi Ishe,ngaavhe watuka,Ishe, unovhuya! ²³Makombolelo a Ishe Jeso ngavhe nemwi. ²⁴Ludo gwangu ngaguvhe nemwi mose muna Khiristo Jeso.

2 Corinthians

Chapter 1

¹Paulo, uapositola wa Khirisito Jeso unokuda ka Mwali,na Timothi ukulu wedu, kugereke ya Mwali iri ku Corinth, noku vhanhu vhone vhatshene vha Mwali munyika ya Achaia. ²Makombolero ngavhe nemwi nolugale gunobia kuna Mwali Bhabha vhedu na Ishe Jeso Khirisito.³Mwali ngavhongwe na Bhabha vhedu Ishe Jeso Khirisito.Ndi Bhabha vhokuhwira vhusiwana Mwali woku nyalaja kose. ⁴Mwali vhanotinalaja mukutambujika kedu kose kuti tinalaje vhamwe vhalimukutambujika.Tino nyalaja vhamwe nokunyalajiwa katinoyehwa nako na Mwali. ⁵Nokuti matambujiko aKhirisito se zwaakavha manji katiri sayiezwo vho kunyalajiwa kedu kakavha kunji na Khirisito. ⁶Zwino kana titshitambulazwedu, isu zwino yehwa nokuda kokunyalajiwa nokupolesiwa kenu;kana titshinalajiwa isu zwinoyehwa nokuda kokunyalajiwa kenu.Kunomukwatisa kukozerera pamadambujo iyawo anotitambuja vho nawo. ⁷Talisiro yedu zezulu kenu yakakwata, kuti zwamunosangana nesu matambujiko, sayiezwo vho pakunyalajiwa.⁸Nokuti hatidi, hama jangu, kuti mulenge kuzivha kutambujika kakatiwira pa Asia.Kuti takalemengwa kupinda simba ledu nokudlalo takalasa moyo titshiti hatingalalami. ⁹Nokudlalo,pamoyo yedu tanga tatozwitongera lufu. Kuti tilege kuthemba nenungo jedu, asi na Mwali, unomusa vhakafa. ¹⁰Iye wakatisunungula palufu lukungwane gwakadlali, utshatisunungula.Iye watinothemba naye kuti unotisunungula. ¹¹Nemwivho mutshatusana pakutikumbiriri.Kuti vhanhu vhanji vhavhonge panyezulu pedu nokuda ketshipo tshedu tshe vhusiwana tshatakapiwa nokurabhira kavhanji.¹²Nokuti kuzwikuja kedu: Ndikoku pupulira kemoyo yedu kuti tikayenda panyika zwikugwane kamuli novhutswene nevhukakki hwa Mwali tisingaendi, novhuthanyi hwennyama aso nevhusiwana hwa Mwali. ¹³Nokuti hatimumwaliri zwimwe zwinhu asi izwo zwamunovhala nezwamunohwisisa, ndinoti dleni mutshizwitenda kuswikira pakuguma ¹⁴sezwamakatitendaho pane zwimwe, kuti isutiri kulumbijiwa kenu, semwivho mutshavha kulumbija kedu nezuvha la Ishe Jeso. ¹⁵Nditshizivha iyezwo, Ndanga nditshida kuthoma, kuvhuya kamuli kuti mukombolegwe gwa vhuvhiri. ¹⁶Ndayilonga kumuvakatshira nditshiyenda Macedonia.Ndayida futi kumuvakatshira nditshibva Macedonia, ndiperekejiwe nemwi nditshiyenda Judhea.¹⁷Zwino zwandanga nditshida kuyeta iyezwo, ndakayeta nokusanduka moyo nah? Kana zwandinoda kuyeta ndinozwida nenyama nah, kuti imi pamwe nditi "Ehe, ehe" kana kuti "Hayi,hayi" netshikathi

tshimwepeji? ¹⁸Na Mwali wakalulama, ihwi ledu kamuli haliri "Ehe" kana "Hayi."¹⁹Nokuti mwana wa Mwali, Jeso Chiristo, uyo Sirivhano, Timothy wakatanga ,asiri "Ehe" kana "Hayi." asi wanga, ali "Ehe." ²⁰Nokuti zwipikigwa zwa Mwali tshero zwirizwinji seni "Ehe" iri maali.Nayiyezwo nayiye vho ndi "Amen" Mwali akujiwe²¹Zwino uyo unotikwatisa muna Khirisito , pamwe peji nemwi, ²²uyo wakati siyira tshikwatiso akatipa Mweya mumoyo medu.²³Asi ndinodana Mwali avhe tshapupu pamoyo wangu kuti handina kuhovhuya Korinte nokuti ndaka uhwira vhusiwana. ²⁴Hatiyeti nungo nokutenda kenu.Asi, tinomuthusa kuti mufale, nokuti mumire nokutenda.

Chapter 2

¹Asi ndinoti mumoyo mangu kuti handidi kuvhuya futi kamuli nditshilira. ²Nokuti kana nditshimulilisa, ndiyani utshandifaja kana asiriiye wakalilisiwa nemi? ³Nazwino ndiikanwala hetshi tshinhu kuti kana ndaswika ndilege kulilisiwa nayivho vhanofanira kufaja. Ndinomutenda mose kuti kufala kangu ndikenu mose. ⁴Nokuti ndikamunwalira nemisoji minji, pakutambula kukugwane nenhamo yomoyo, ndasingati mulijiwe. Nditshinwala sayezwo ndisingayeteri kumuhwisa shemu. Asi, ndinoda kuti muzivhe ludo lukugwane gwandinomuda nago. ⁵Navezwo kana umwe akasungupajiwa, haana kundililisa imi, asi ndinoti zwimwe -ndilege kunyanyisa imwi-mose. ⁶Kulovha hokukavhanhu vhanji kunoezana unhu wakadlali. ⁷Navezwo ikwene mupanitshe, zwirikwine kuti mukangamwire nokuunyalaja. Kuti alege kuvhola moyo tshaiko nesungu hugwane. ⁸Navezwo ndinokumbira kamuli zwikugwane kuti mukwatise ludo gwenu kaali. ⁹Nokuti ndakanwala vho hezwi zwinhu, nditshimuyeja ndizivhe kuti munoiningira pazwinhu zwose. ¹⁰Navezwo hoyo wamunokangamwira, nemi ndinomukangamwira vho. Nokuti hezwo zwandaka kangamwira-kana ndaka kangamwira tshinhu-tshandakaeta nokuda kenu papanda pa Khirisito. ¹¹Navezwo tilege kunyengegwa na Sarani. Nokuti mano awe tinomazivha. ¹²Navezwo ndakati nditshiswika pa Tiroyasi kopalija ivangeri ya Khirisito nditshivuligwa mikovha muna Khirisito. ¹³Ndanga ndisina zololo pamwiya wangu nokuti handina kuwana po Tito hama yangu. Asi ndakaonesana navho ndakaenda Makhedhoniya. ¹⁴Asi Mwali ngatendiwe, unotikundisa tshikhathi tshose muna Khirisito. Unotisumbija nesu pose pose mwiya wokuzivha mwali. ¹⁵Navezwo isu tiri hwema hwakanaka hwa Khirisito kuna Mwali, pakati pavhano ponesiwa navhanopalala. ¹⁶Kune vhanhu vhanopalala, vhamwe tiri hwema holufu honoesa kulufu kuvhamwe. Vhanwe vhano ponisiwa, tiri hwema hovhupenyu honoesa kuvhapenyu. Zwino utshakwanisa zwinhu zwakadlali? ¹⁷Navezwo hatifanani navhamwe vhakawanda vhanokakisa bungo la Mwali. Asi, tolilevha tisinga nyegeji, tinolevhoreka muna Khirisito, neshuwa sezwinobva kuna Mwali, papandda pa Mwali.

Chapter 3

¹Tinotanga kulumbijiwa kamuli futhi naa?Totswaka naa lunwalo ngunoyenda kamuli, kana gunobva kamuli, sevhamwe vhavhu, tingalimbijiwa? ²Imwi muli lunwalo gwakanwagwa mumoyo yedu, gunozikanwa nokuvhagwa navhanhu whose. ³Makavhoneka kuti muli lunwalo gwa Khirisito, gwakagajigwa nesu.Gusina kunwagwa ne ingi asi ne Mwiya Utswene wa Mwali.Gusina kunwagwa pamoyo weihwe, asi mumoyo wounhu. ⁴Kutenda kakadlali tinako kuna Khirisito kusanhu kavha Mwali. ⁵Hatiti takakwana isu timene kuti titeme tshinhu timene.Asi, kukwana kedu kunobva kuna Mwali. ⁶Ndi Mwali wakayeta kuti tivhe vhalanda vhesungano itswa.Isungano itswa isi yolunwalo asi ndiye Mwiya.Lunwalo gwakanwagwa zwinovhulaya,asi Mwiya unopa vhupenyu.⁷Zwino kana kushumira kakavhuyisa lufu kakatemwa nolunwalo gwemahwe - gwakavhuya nokupenya kakadlalo kevhanatukana vha Izirayeri vhakonwa kutala kumeso ka Mozisi.Nokuda kokupenya ketshiso tshitshe,kangakutshi phenyesesa. ⁸Saka kushumira ke Mwiya hakugavhi nokupenya kukugwane naa? ⁹Nokuti kana kushumira kokutongisa kakavhuyisa kopenya kukugwane,seni kushumira kokoulama kutshakunda pakupenya! ¹⁰Nokuti,nayitsho tshakapenyisa hatshina kopenya kana patshinhu itshi, titshifananija nokupenya kunokunda. ¹¹Nokuti kana itsho tshinopinda tshanga tshiri tshokupenya,zwikugwane seni itsho tshinogala itshi pakupenya!¹²Nayezwo zwinetalisiro, yakadlalo tinolevh tisingahli nepatuku. ¹³Tisingayeti sa Mozisi,wakayesa tshifikijiro kumeso kuke kuti vhana vha Izirayeri vhalege katalira vhukuma kuguma kezwi nopenya zwitshipinda¹⁴Asi vhakakhwatisiwa mufugwa javho.Nokuti kuswiki pa zuvha lanasi, pavhayvhala thesitamendi yakale,tshifikijiro tshinogovhapo.Hatshina kubvisiwa, nokuti muna Khirisito tshofanigwa kubvisiwa. ¹⁵Asi nanasi, kana Mozisi atshivhala,tshifikijiro tshiripo pa moyo yavho. ¹⁶Asi kana unhu atshitendevhukira kuna Ishe, tshifikijiro tshinobvisiwa.¹⁷Zwino Ishe Mwiya.Zwino pane Mwiya wa Ishe,ndipo panesununguko. ¹⁸Zwino isu tose,tiniti titshatalila nemeso asina kuthivhijigwa, kopenya ka Ishe.Tino sandugwa titshifanana noufananijo iyowo titshibva pakupenya kumwe titshiyenda kune kumwe kopenya,sezwinobva kuna Ishe, iye Mwiya.

Chapter 4

¹Saka ,zwatinako kushumira,uku pakahwigwa shemu, napo hatinyali. ²Asi,takalamba zwinhu zwakajumbama zwinoshonisa.Hatiyendi nokutshutshuja, tisingavhipisi ihwi la Mwali,asi titshi sumbija shuwa, tinozwitendisa kuhama javhanhu vhose phanda ka Mwali.³zwino kana vangeri yedu ikafukijiwa,yafukijiwa kunavhanolasika. ⁴Kunavhasingatendi,vhakapofujiwa fungwa na mwali we nyika ino. Kuti vhalege,kuvonekegwa netshiyeja tshe vangeri yekupenya ka Khiristo, ufananijo wa Mwali.⁵Nokuti hatizwpaliji isu, asi Khiristo Jeso kuti ndiye Ishe, nesu kuti tirivhalanda vhennnnnnu nokuda ka Jeso'. ⁶Nokuti Mwali wakalevha kuti,"Tshiyeja tshibude paswiswi."Ndiye ukavonekera moyo yedu,kuti atipe tshiyeja tshokuzivha kopenya ka Mwali kunovhoneka patshiso tsha Jeso Khiristo.⁷Asi fuma tinayo mumijiyo yedu, kuti vhukugwane hwesimba huvhe hwa Mwali hulege kuvha hwedu. ⁸Tinotambula pamatungo ose, asi hatikombejegwi. Linokakisiwa asi hatina kulasa moyo. ⁹Tinotambujiwa asi hatina kusiyiwa;takahwisigwa pasi asi hatina kupalala; ¹⁰tinolamba titshihxwala tshikhathi tshose muwumbiri wedu kufa ka Jeso, kuti novhupenyu vho hwa Jeso husumbije mumimbiri yedu.¹¹Nokuti isuvhapenyu tinogala titshingo yesiwa pakafa nokuda ka Jeso', kuti novhupenyuvho hwa Jeso husumbije munyama yedu inofa. ¹²Nayezwo kufa kunobata matiri, asi vhupenyu hunobata mamuli.¹³Zwino zwatine mwiya iyoyu wokutenda sezwazwaka nwagwa:"Ndakatenda, saka ndakalevhhereka."Nesuvho tinotenda,saka tinolevhhereka vho, ¹⁴nokuti tinozivha kuti iye ukumusa Ishe Jeso utshati musavho isu pamwepeji nemwi. ¹⁵Nokuti zwinhu zwose zwiyehwa nokuda kenu kuti makombolero akanjiwa kuti awanje kuvhongwa kuti Mwali akuiwe. ¹⁶Saka hatinyali . Asi tshero unhu wedu wakuze atshipera izwe, unhu womuukati hunotshinja zuvha limwe ne limwe. ¹⁷Nokuti kutambujika kudu, kakaleruka kulipo tshikhathi tshituku kunotiyetera kopenya kukugwane kukanaka kusingaperi. ¹⁸Tisingataliri zwinovhoneka,asi zwisingavhoneki nokuti zwinovhoneka.Zwinopinda asi zwisingavhoneki ndizwokusingaperi.

Chapter 5

¹Nokuti tinozivha kuti kana ngumba yedu yenyika tabhemakeri yedu itshiputshiwa, tinetshakavhakwa tshinobva kuna Mwali. Ngumba isina kuvhakwa namavhoko, asi isingaperi iri kumakole. ²Nokuti tinogomera vho mayiri, titshapanga kuti tifukijeni nengumba yedu inobva kumakole. ³Kuti kana takafukijiwa zwedu hatingawaniki tisina tshatikafuka. ⁴Nokuti nesu tiri muteshamakeri,tinogaka titshigomera, titshilemegwa.Tisingadi kuti tikutule. Asi, kuti tifukije, kuti tshinofa tshiriwe novhupenyu. ⁵Zwino uyo wakatigalirira tshinhu itshi ndi Mwali, ukati thusa ne mwiya uwe.⁶Nayezwo tinosunga moyo tshikathi tshose,titshhizivha kuti kana titshigala muumbiri, hatigali kuna Ishe. ⁷Nokuti tinoyenda nokutenda, hatiendi nokuvhona. ⁸Tinokozerera moyo vho titshiti ikwine tilege kugala paumbili kuti tigale kuna Ishe.⁹Saka tinokozerera kuti tiufaje iye, tshero titshigalamo tshero tisingagalimo, tshatinoda kuwufaja. ¹⁰Nokuti isu tose tinofanira kusumbijiwa panda ketshigalo tshokutonga tsha Khirisito, kuti umwe nomwe apiwe zwakayeta noumbiri, sezwaakayeta kana zwakanaka kana zwakaipa.¹¹Nayezwo, zwatinozivha kuhla ka Ishe, tinokombejera vhanhu.Asi tinosumbijiwa zwedu kuna Mwali, hati zwino ndinoti dleni titshisumbijiwa vho pamoyo penu. ¹²Hatitzwilumbiji kana kamuli, asi tinomupa zira yokumutenda nokuda kedu, kuti mukone kupindula avho vhanovhimba nazwinovhoneka vhasinga vhimbi nezwemoyo.¹³Nokuti kana titshipenga, tikadlalo nokuda ka Mwali; kana tiri vhanhu kavho,tikadlalo nokuda kenu. ¹⁴Nokuti ludo gwa Khirisito gunotikombejera, zwatinozivha tshinhu itshi: kuti umwe ukafira vthose, zwino vthose vhakafa. ¹⁵Zwino iye wakafira vthose, kuti avho vhanopira vhalege kuzwipirisa ivho asi uyo wakafa nokumusiwa nokuda kavho.¹⁶Nayezwo,kubva iyewino hatitangozivha unhu panyama, hati kana tikazivha Khirisito panyama.Asi kubva iyewino hatitshawuzivha sayezwo. ¹⁷Saka, kana unhu ali muna Khirisito, wavha tshisikwa tshitswa.Zwinhu zwakale zwapinda, Talirani,zwose zwavha zwitswa.¹⁸Asi zwinhu zwose zwakabva kuna Mwali.Wakatisanganisa naye na Khirisito akatipa kushumira kokusanganisa. ¹⁹Ndiko kuti Mwali wanga atshisanganisa nyika naye, muna Khirisito akasavhavhalira kupinda kavho.Akatipa isu ihwi lokusanganisa.²⁰Nayezwo tiri vhatumwi nokuda ka Khirisito, Mwali saanenge atshikumbira zwikugwane nesu.Tinokumbira, nokuda ka Khirisito:"Titshiti sanganisiwani na Mwali!" ²¹Uyo wanga asingazivhi zwivhi ukauyeta kuti avhe ne zwivhi nokuda kedu kuti isu tivhe nokunaka ka Mwali ne kaali.

Chapter 6

¹Zwino zwatinotusana naye, tino kumbira zwikugwane kuti mulege kusangamija makombolero aMwali pasina.
²Nokuti iye unoti,"Ndaka khwa iwe, netshikhathi tshaka fanira ndika kutusa pazuvha lokupijiwa."Talirani zwino tshikhathi tshaka fanira.Talayi, zwino ndiro zuvha loku pijiwa.³Handitshamwisi vhamwe netshinhu,kuti kushumira kedu kulege kuzojiwa.⁴Asi, pazwinhu zwose tino zwisumbija sevha shumiri vhamwali paku kozerera kukugwane,panhano,kana pakukonwa, pama tambujiko,⁵pakulohwa,pakusungwa, pakugwisanisa pamabasa,pakusavhata, pakuzwinyima zwokudla,⁶pakutshena moyo, paluzivho,pakukozerera,pavhunyolo,pamwiya utswene,nepaludo gusinga nyengeri,⁷pahwi lovrukuma, pasimba laMwali, nenhumbi jokugwa, jaka lulama, kuludli nokulumose.⁸Tiri vhashumiri vha Mwali mumwiya,kukuiwa,nokusakujiwa, nenguwi yakayipa nenguwi yakanaka, savhatshutshuji asitiri vheshuwa;⁹sevhasinga zikanwi, asi titshizikanwa; zwedu zwikugwane sevhanofa, asi talira, tiri vhapenyu; zwedu sevhanolangiwa tisinga vhulayiwi zwedu;¹⁰sevhano lira,asi titshagala titshifala zwedu; sevha sina tshinhu, asi tinazwo zwose zwedu.¹¹Takalevhhereka shuwa yose kamuli, vha Korinte, mimoyo yedu yakavulika.
¹²Hamumanikijiwi katiri, asi muno manikijiwa mumoyo yenu.¹³Zwino mukuhla tshitshanisani- ndinolevhera ka sakune vhanana-mukuje nemwivho.¹⁴Musongo sungwa zwisina kufanira pa joko pamwepeji nevhasinga tendi.Nokuti kululama kungavha novhu kama tshayihwo nokusa lulama?Tshiyeja tshinga fanana seni ne swiswi?
¹⁵Khirisito anga hwanana seni na Bheriyari?Unotenda ungavha noukovhe weni usinga tendi?¹⁶Gereke ya Mwali inga tenderana seni nemi fananijo?Nokuti isu tiri gereke ya Mwali upenyu, Mwali sezvakalevha atshiti:"Ndatshagala mukati mavho nokuenda mukati mavho.Nditshavha Mwali wavho,ivho vhatshavha vhanhu vhangu."¹⁷Saka,"Budani pakati pavho, muzwilevhulule,"ndizwo zwino levha Ishe."Musa batatshinhu tshine swina,imi nditshamusanganja.¹⁸Nditshavha Bhabha vhenu,nemwi mutshavha vhana tukana nevhana sikana vhangu,"ndizwo zwino levha Ishe unesimba lose.

Chapter 7

¹Zwino, vhanodiwa, zwatine zwipikigwa izwi, ngati zwitshenise pamaswina ose enyama nomwiya. Tikwanise vhutswene pakuhla Mwali.²Mutivulire moyo yenu! Hatina kuyetera unhu zwisakalulama. Hatina kukakira unhu kana kutshutshuja unhu.³Handilevhi hezwi kuti ndimupe mhaka. Nokuti ndambolevha kuti imwi muli mumoyo medu, kuti tife nokulalama pamwepeji nemwi.⁴Kusahla kangu kukulu pakulevha kamuli, nokuzwilumbija kangu kukugwane panhezulu penu.Ndizere nokunyalajiwa. Ndinofala bhati pakutambujika kedu kose.⁵Nokuti takati taswika Makhedonia, mimbiri yedu haina kuzolola. Asi, takatambula pamatungo ose kuze kanga kunokukakavhala mukati manga munokuhla.⁶Asi Mwali, unonyalaja vhakavhola moyo, wakatinyalaja nokuswika ka Tito. ⁷Handiti nokuswika kuke Mwali oga asi nokunyalajiwa kaakalajiwa nako Titios panyezulu penu. Atshitivhuja zwekuthama kenu, nokulira kenu, nokukozerera kenu panhezulu pangu. Saka ndakanyanya kufala.⁸Nokuti nhangwe ndakakulija nemarifi angu, handizwidi moyo.Asi nhangwe ndakavha nditshizwidla moyo zwangu, ndinovhona kuti vhurifi uhu hwaka kulija, asi tshaka vha tshiri tshikati tshituku zwatsho. ⁹Nokuti zwino ndafala, kusi kufalira zwamaka sungupajija, kokuyesiwa mukutendevhuka. Nokuti maka sungupajija sezwinoda Mwali, kuti mulege kulasikigwa netshinhu nokuda kedu.¹⁰Nokuti kulira sezwinoda Mwali kunovhuyisa kutendevhuka.Kuno yesa kukupija usinga zwidli moyo, asi kulira kenyika kunovhuyisa lufu.

¹¹Nokuti talirani kuti tshinhu itsho tshokuti makalijiwa sezwinoda Mwali tshakavhuyisa mukati menu. Kukozerera kukugwane seni nokuzwidavhirira, nokutshamwa, nokudla, netshishuvho, nokugwaja moyo nokujosera pazwinhu zwose makazwisumbija! kuti makatshena patshinhu itshi. ¹²Zwino kana ndaka munwalira, handina kuzwi eta nokuda kaiye waka eta zvisina kunaka, kana nokuda kaiye ukayetegwa zvisina kunaka, asi kuti kujungayirankenu nokuda kedu kuvhoneke nemwi vhene vhazwo panda ka Mwali.¹³Nemhaka iyi isu tinonyalajiwa. Zwino pakunyalajiwa kedu, takafala zwikugwane vhukuma panhezulu poufalo wa Tito, nokuti mwiya uwe wakakwatisiwa nemwi mose.¹⁴Nokuti kana ndakazwilumbija netshinhu kaali panhezulu penu, handina kushonisiwa. Asi sezwataka levha kamuli, zwose nezwovhukuma sayezwovho kuzwikuja kedu phanda ka Tito kuka vhoneka kuti ndikovhukuma.¹⁵Nemoyo uwe zwino manga manda wogala uli kamuli kana atshifunga kuyingira kenu mose, kama kawusangamija nako nokuhla nokutetemera.¹⁶Ndinofala nokuti pazwinhu zwose ndingakutenda.

Chapter 8

¹Zwino tinomuzivhisa, hama jangu, makombolero aMwali akapiwa pagereke je Macedoniya. ²Pakati pokuejiwa, kukugwane kokutambula ufalo wavho ukugwane pamwepeji novhulombo hwavho vhukugwane zwakawanja kusanyima kavho. ³Nokuti ndinopupula kuti vhakapa, nokuda kavho pavhaka kona napo,nyangwe kupinda pavhakakona napo ⁴vhakakumbira nokurabhira kukugwane katiri kuti tivhatendere kuetabasa iri lamakombolero nokusangana pakushumira Mwali navhanhu vhatswene. ⁵Havhana kueta sezwatakafunga zwoga, asi ivho vhakatanga kuzwipa kuna Ishe nakatiri nokuda ka Mwali. ⁶Naezwo takakumbira zwikugwane kuna Tito, kuti sezwaanga atanga apejise basa heri, lamakombolero pakati penu vho. ⁷Zwino sezwamakapindira panda kezwinhu zwose-pakutenda, noku levhereka, napakuzivha, napakukozerera, kose napa ludo gwenu katiri.Talirani kuti mupindire panda pabasa iri lamakombolero. ⁸Handilevhi nditshilajira asi kuti ndieje ndizivhe nokuti kakozerera kavhamwe kana ludo gwenu ndigovhukuma. ⁹Nokuti munozivha makombolero aIshe wedu Jeso Khristo.Kuti tshero wanga akafuma, wakavha ulombo, nokuda kenu kuti imwi no vhulombo huhwe muvhe vhafumi. ¹⁰Patshinhu hetshi ndino muvhuja kufunga kangu nokuti zwitshamutusa nokuti ndimwi makatangira vhamwe makeyi musingayeti zwoga asi mutshida vho. ¹¹Asi zwino pajisani, kueta vho sezwamanga mune moyo unoda saezwo pejisani vho pamunokona napo. ¹²Nokuti kana moyo wokupa ulipo,tshipo tshinofaja zwitshienda.Nokuwana kuunhu zwisinga endi, nokukonwa kounhu. ¹³Nokuti handilevhi kudlalo nditshiti vhamwe vhalerukigwe imwi mulemegwe ,asi kuti muezane. ¹⁴Kuti patshikati etshi kuwana kenu kutuse kukomwa kavho.Kuti kuwana khavho kutuse kukomwa kenu vho,kuti kuvhe nokuezana. ¹⁵Sezwazwakamwagwa: "Zwitshihwi wakakuvhanganyuza zwinji hana kusaligwa netshinhu, naiye wakakuvhangangija zwituku haana kukomwa." ¹⁶Zwino Mwali ngavhongwe, wakaesa mumoyo ma Tito unokozerera kakadlalo kamuli. ¹⁷Nokuti wakahwa izwe kulajira kedu, asi zwaanga atshikozerera zwikugwane. Wakaenda kamuli nokuda kuke izwe. ¹⁸Zwino takatumiwa pamwapeji naye hama iya unolumbijiwa pagereke jose. ¹⁹Zwisanhu zwiriezwo, zwoga asi iye ukalevhulugwa negereke kuti atiperekeje pabasa iri lamakombolero, linoetiwa nesu kuti iye Mwali akajiwe futi kuda kemoyo wedu usumbije. ²⁰Titshatanyira kuti kulege kuvha nounhu atipa mhaka panyezulu pezwakawanda izwi zwatinobata nazwo. ²¹Nokuti hatitswaki zwinhu zwakawanda panda ka Ishe koga, asi panda kavhanhu vho. ²²Takatumiwa vho navho hama yedu.Yatikaeja kakawanda takavhona kuti unokozerera pazwivhi zwinji. Asi zwino unonyanya kukozerera nokuda kokutenda kukugwane kaanako kamuli. ²³Kana ali Tito, ndiye ungani wangu noutusiwa wangu kamuli.Kana jiri hama jedu, ndivho vhapositoro vhegerek.Futi kukuiwa ka Khristo. ²⁴Nayezwo muvha sumbije napanda pegereke tthisumbijo tsheludo gwenu, netshokulumbija kedu panyezulu penu.

Chapter 9

¹Kutusa vhanhu vha Mwali ,handifaniri kuti ndimu mwalire. ²Nokuti ndinozivha kudakomoyo yenu ,kandinolumbijiwa panyezulu penu kunavha Makedonia.Kuti vha Akaya vhanga vhazwigajirira kubva makeyi.Nokukozerera kenu kakamusa vhanji.³Zwino ndakatuma vhakulu avha kuti kuzwilumbija,kedu nyezulu penu kulege kuehwa pasina patshinhu itshi, kuti sezwandakalevha mugale mukazwigajira. ⁴Kuti zwimwe,kana vhamwe vhe Makedonia vhatshivhuya nemi vhakakuwana musina kugajira,-isu hatirevhi imwi-tirege kushonisiwa pakutenda uku. ⁵Nayezwo zwakati zwakafanira kuti ndilayijire hama iji kuti vhatome kuyenda kamuli vhatome kugajirisa tshipo tshokuvhonga tshama kagajirira kale.Kuti tshigale tshakagajigwa tshiri tshipo tshokuvhonga, tshirege kuvha tshinhu tshakatogwa nesimba.⁶Zwino langalirani tshinhu itshi:Unodzwala zwituku utshatsheka vho zwituku, unodzwala zwakawanda unotsheka zwakawanda. ⁷Umwe noumwe ngayete sezwakafunga pamoyo,alege kuyeta nokulira,kana nokulovherewa nokuti Mwali unoda unhu unopa noufalo. ⁸Mwali unokona kukuwanjira makombolero ose kuti tshikathi tshose muvhene zwikaezana kose pazwose,kuti,muwanji,zwinhu zwose,munowana zwinhu zwose zwamunoda.Kuti muwanje mabasa ose akanaka. ⁹Sezwakanwaga zwitshihwi:"Iye akapalajira iye akapa vhalombo.Kululama kuke kunogala nokusingaperi."¹⁰Zwino iye unopa udzwali mbewu nevhuroto kuti zwivhe zwokudla utshakupa vho mbewu jokusima atshijowanja.Nokuyengejera zwibereko zwokululama kenu. ¹¹Mutshafumisiwa pazwose mutshingozivha kupa zwakawanda zwinoti kana zwitshiyehwa nesu.Mwali unovhigigwa kuvhonga zwitshibva katiri.¹²Basa lenu heri lino batisa vhanhu vha Mwali nezwa vhanokonwa,asi kuwandisa vho kuvhogwa kuna Mwali. ¹³Nokuda kezwinovhoneka pakushumira uku,vhanolumbija Mwali nyezulu pokupupula kenu kakaingira evangeri ya Khirisito.Nyezulu pokupa kenu zwakawanda kavhali nukona vhose. ¹⁴Naivho vhenevhazwo vhano mutama,vhatshimurabhira.Nokuda kemakombolero manji manji aMwali panyezulu penu. ¹⁵Mwali ngavhavhongiwe panyezulu petshipo tshitshe tshisingakoni kulondejera!

Chapter 10

¹Imi,Paulo,ndinokumbira zwikugwane kamuli novhunyolo novhusiwana hwa Khirisito. Imi utuku kana ndiripakati panu,asi ndokozerera kamuli kana ndisipo. ²Ndinokumbira kamuli kuti kanandavhapo,ndilege kuhokozerera nokutenda kandinoti zwino nditshakozerera nako, kuna vhamwe vhanoti tinoyenda nezira yenyama.³Nangwe zwedu titshiyenda nezira yenyama,hatigwi nezwyiyo zwenyama. ⁴Nokuti nhumbi jedu jokugwa najo hajenyama.Asi, jinesimba panda pa Mwali loputsha gakavha.Vhanotipa ma gementsi pasina.⁵Isu tinowisira pasi mufungo yose ya Khiristo.Isina basa nezwose zwinizwikuja zwitshipambana noluzivho gwa Mwali. ⁶Takazwigajira kujosa kusaingira kose, kana kuungira kenu kuzajisiwe.⁷Imwi munotalira zwinhu zwiri panda.Kana unhu atshithemba kuti ndiri wa Khiristo,naiye ngahazivhe kuti nesuvho tirivha Khiristo, saiye.⁸Nokuti tshero ndayinyanya kuzwikuja panezulu pesimba ledu, latakapiwa Ishe kukwatisa lisilokuputsha, handinga shonisiwi.⁹Kuti ndilege kuyeta sandinomuhlisa nolunwalo gwangu. ¹⁰Nokuti vhanhu vhanoti, "Manwalo awe ane mamhungo makugwane anesimba, asi umbiri uwe kana alipo unenge akanyala nokulevhhereka kuke kunoswenhiwa."¹¹Unhu wakadlalo ngaazivhe iyezwo zwatinolevha titshinwala lunwalo zwitshambo vha iyeziwiya zwatitshaeta timemwiyoko. ¹²Nokuti tinohla kuzwiezanisa nokuzwifananija navhamwe vhozwikuja .Asi ivhohavhana fungwa zwavhonozwiezanzisa naivho vhamene, nokuzwifananija naivho vhamwene.¹³Asi, nayezwo, hatingazwikuji titshipinda tshipimo .Asi, netshipimo tshinozwika patshipimo tshatakovhegwa na Mwali, kuti tshivhe tshikalo tthiswikevho kamuli. ¹⁴Nokuti hatinyanyi kuzwitambunuja sezwartsinga swikiri kamuli nokuti ndisu takatanya kuswikirira kamuli ne vangeri ya Khiristo.¹⁵Hatizwikuji titshipinda tshipimo panyezulu pabasa lavhamwa.Asi, tinetalisiro yokuti kana kutenda kedu kutshikula, isu titshakuiwa pakati penu kuswikira patshipimo tshedu kupindirija, ¹⁶tikopalija vangeri panyika jiri panda kenu, tilege kuzwikuja patshipimo tshoumwe panezulu pezwatoehwa zwazwo.¹⁷"Asi unoziwuja, ngazwikuje muna Ishe." ¹⁸Nokuti wakatendeka haye unoziwuji, asi ndiye unokuiwa na Mwali.

Chapter 11

¹Dleni mutshiyetera moyo ulefu nyana pavhupenji hwangu.Asi munondiyetera zwenu moyo ulefu! ²Nokuti ndine godo nemwi.Negodo la mwali, kuti nakamuwanisa noulume umwepeji.Kuti ndikuyese kuna Khirisito seusikana wakatshena.³Asi ndinodla,senyoka yakanyengeja Eva namano ayo,nayezwi mifungo yenu ngayiswibisiwe jipamuke pakululama nokutshena komoyo kuli kuna Khirisito. ⁴Nokuti kana umwe atshivhuya unopalija umwe Jeso tisina kumbopalija isu.Kana zwimwe mutshisangamija mumwe mweya wa musanhu mambosangamija kana imwe evangeri.Kana imwe evangeri yamusina kumbotenda zwino moyetere moyo ulefu!⁵Nokuti ndinoti handizivhi utuku napatukutuku kuvhapositola vhanopinda vhamwe vhose. ⁶Zwino tshero ndisinganasi pakalevhhereka,handina kudlalo pakuzivha.Asi pazwinhu zwose takasumbijiwa iyezwo kamuli panda pavhose.

⁷Ndakakhakha nah?Zwandazwijkitisa kuti imwi mukuiwe zwandakamupalijira evangeri ya Mwali kamuli.⁸Jinwe gereke ndakajitolera nditshilevha ubayiro kuti ndimupalijire imwi. ⁹Zwandanga ndinemwi patshikathi tshandanga ndiri kamuli, nditshikomwa handina kulemeja vhanhu nokuti zwandakakonwa ndakapiwa nehamma jakabva Makadhonja.Pazwinhu zwose ndakatshetanya kuti ndilege kumulemeja vhuye nditshilamba nditshithanya.¹⁰Sezwo shuwa ya Khirisito iri mandiri,hakuna unhu ungandikonesa kuzwilumbija kunyika je Achaia. ¹¹Seni? Nokuti handimudi nah? Mwali vhanozivha.¹²Asi tshinhu hetshi tshandinoyeta, ndinotshiteta kuti ndikonwese zira havho vhanotswaka zira kuti vhawanike vhakayeta sesu pazwinhu iyezwo zwavhanozwilumbija nazwo. ¹³Nokuti vhakadlalo vhaapositola vhemanyepo vhonobata zinyekenyeka.Vhano zwisandula vhatshizwiyyeta vhaapositola vha Khirisito.¹⁴Izwi hazwimangaji,tshero Satani unoziwyeta vhatumwa vhetshiyeja. ¹⁵Naiyezwo hasi tshinhu tshikugwane kana vhashumi vhavhe vhatshisandula vhatshizwiyyetasavhashumi vhokululama.Kuguma kavho kutshavha sezwarzahakabata.¹⁶Ndinoti futi:Ngapalege kuvha anofunga kuti ndiri tshidahera.Asi kana mutshiyeta,ndisangamijeni setshidahera kuti ndikozwikuja zwituku. ¹⁷Zwandingalevha nekuzwikuja-handilevhi semalevhero atshayeta Ishe-Ndinolevha setshidahera.

¹⁸Sezwo vhanhu vhanji vhatshizwikuja nekuda kenyama, nemi nditshizwikuja. ¹⁹Nokuti munoyetera mapenji.Moyo ulefu noufalo imwi muli vhakathanya! ²⁰Nokuti munoyeta nomoyo ulefu kana unhu atshimuyeta vhalanda, kana atshimupalaja, kana atshimutambuja,kana atshizwikuja,kana atshimulovha kumeso.

²¹Ndinolevha nditshizwisola nditshiti tanga tisina simba.Zwino kana kunounhu unokozerera-ndinolevhhereka setshidahera-imwivho nditshakozerera.²²Vha Hebhero nah?Zwino nemwivho.Vha Isirayeri?Zwino nevho.Vhana vha Abrahama nah?Zwino nemivho. ²³Vhashumira vha Khirisito?(Ndinolevha sounhu unopenga)Zwikulu imi:pamabasa ndinovhapinda pakusungwa mujere,ndinovhapinda pakulohwa zwikulukulu,palufu kunji. ²⁴Kubva kuvha Judah nda lohwa lushanu"samhu jinamakumi matatu shanu na na." ²⁵Lutatu ndakalohwa nethonga.Pamwe ndakatakwa namahwe.Vhutatu ndakawigwa netshikepe.Ndakapeja vhusiku namasikati ndayingovha mugungwa. ²⁶Kanji pagwendo, panjoji jovhuluji gwangu,panjonji njavhehedheni,panjonji muguta,panjoji mubani,panjoji mugungwa,panjoji pakati pehama jemanyepo.²⁷Pakubata napakutambula,pakusavhata kakawanda,pazala nenyota, pakuzwinyima zwokudla,pamhepo nokukonwa zwokufuka. ²⁸Kuze kayiyezwo, ndinolemegwa zuvha limwe nelimwe nokulangalira ngereke jose. ²⁹Ndiyani usina nhungo, nemi ndisingavhi nenhungo?Ndiyani kutshamisiwa,nemi ndisingatswi?³⁰Kana ndikazwikuja,ndikazwikuja nezwo vhusimbe hwangu. ³¹Mwali Bhabha vha Ishe Jeso ,unokuijiwa nokusingaperi,unozivhya kuti handilevha manyepo!³²Pa Dhamasika,ubati pasi pamambo Areta wakalinda dhorobho lavha Dhamasika atshitswaka kundisunga. ³³Asi ndakaposiwa mudengu napa hwindo paguda, ndikapunyuka mumavhoko awe.

Chapter 12

¹Ndinofanira zwangu nokuzwikuja, tshero zwisina kunaka.Asi nditshaswika pazwisumbijo nezwaka vugwa zwa Ishe.²Ndinozwizivha unhuuli muna Khirisito avhamakole anegumi namanna-apinda kana zwakaehwa mumbili kana kuzekoumbiri,handizivhi,Mwali unoziwaha-unhu wakadlali waakakwija kumakole neletshitatu.³Futhi ndinozwizivha unhu-wakadlali kana zwakaetiwa muumbiri,kana kuzekoumbiri, handizivhi, Mwali ndiye unoziwaha- ⁴kuti wakakwijiwa muparadiso akahwa mamhungo asingalevheki haana kutendegwa unhu kuti alevhe. ⁵Panezulu pounhu wakadlali nditshazwilumbija.Asi panezulu pangu handizwilumbiji, asi panezulu povhutera hwangu hwoga.⁶Nokuti kana nditshida kuzwilumbija,handingavhi benji, nokuti nditshalevha vhutanzi.Asi handizwilumbiji,kuti kulege kuvha nounhu ungati ndiri ukugwane panezwaakavhona kana zwaakahwa kandiri. ⁷Nayezwo kuti imi ndilege kunganya kuzwikuja nokuda kovhukugwane hwezwakandivilira ndakapiwa mihwa munyama yangu, utumwa wa Satani andilovhe-kuti ndilege kunyanya kuzwikuja.⁸Panezulu payetsho tshinhu ndakakumbira kuna Ishe zwikugwane katata, kuti tshibve kandiri. ⁹Iye wakati kandiri,"Makombolelo angu anakulingana,nokuti simba langu linozajisika pavhutera huho."Nayezwo zwirikwine kuti ndizwilumbije noufalo ukugwane novhutera hwangu, kuti simba la Khirisito ligale panezulu pangu. ¹⁰Nayezwo ndinofala novhutera,nokunyaja nokukomwa,nokutambujika,nenhamo nokuda ka Khirisito nokuti kana ndine vhutera,iyapo ndinesimba.¹¹Ndavha benji imi! Mondikombejera, nokuti imi ndaifanira kulumbijiwa nemwi.Nokuti handiri utuku utukutuku napatuku pavhapositola, vhano pinda vthose nyange ndisi tshinhu. ¹²Nayezwo zwisumbijo zwamapositola zwakaetiwa pakati kenu nokukozerera kukugwane, nezwisumbijo nezwikahlamajo namabasa esimba. ¹³Nokuti makapindiwa seni nejimwe gereke,asi pakuti imi handina kumulemekeja?Mundikangamwireni zwenu kusalulama hoku!¹⁴Talirani !Itshi nditsho tshikathi tshetshitatu.Yandazwigajirira kuvhuya kamuli, handingameji nokuti handitswaki zwinhu.Asi ndinotswaka imwi.Nokuti vhana havhafaniri kutshengetera vhabebi.Asi, vhabebi vhanofanira kutshengeta vhana. ¹⁵Nokuti ndingafala zwikugwane kupeja zwose zwangu nokupejiwa imi nokuda kemwiya wenu.Kana imi nditshimuda zwikugwane, imi ndodiwa zwisoma naa?¹⁶Zwino ngazwivhe sayezwo, zwazwo imi handina kumulemeja.Asi zwandanga ndine fungwa, ndakamubata namano. ¹⁷Ndamutolera tshinhu naa noumwepeji wayavho wandakatuma kamuli? ¹⁸Ndakalajira Tito ndikatuma hama iya naiye, saka Tito wakamutolera tshinhu naa? Hatina kuenda nemwiya umwepeji naa?¹⁹Tshikhathi tshose manga mutshiti tinozwitendera kamuli naa? Tinolevhoreka papanda paMwali muna Khirisito , asi tinolevhva hezwi zwose vhadikani kuti mukwatisiwe.²⁰Nokuti ndinowa kuti zwimwe kana ndoswika nditshamuwana musina kueta sezwandinoda.Nemi ndingawaniwa nemwi ndikaeta zwamusingadi.Zwimwe mulipo negakavha, negodo, nokutshamwa, nokukhuthana, nokutshana, namakuhwa, namanyawi, nenyonganiso. ²¹Kuti kana nditshiswikakako, Mwali wangu alege kundininipisa papanda penu.Ndilire panhezulu pavhanji vhavho vhanotshinya vhasina kutendevhuka paswina yavho, novhypombwe, novhutere hwavhakaeta.

Chapter 13

¹Hetshi tshikhathi tshetshitatu tshandinovhuwa kamuli."Ulandu umwe noumwe unofanigwa mkumirigwa nemilomo mivhiri kana mitatu yevhutanzi." ²Ndakambomuvhuja ndikati vhose vhakatshinya kale nevhose vhatshinya ndiripo gwetsipiri,ndikati kavhali futhi:Kana ndovhuya futhi,handitshadovha ndikavhalegerera.

³Ndomuvhuja hezwi nokuti munotalira sumbijo ya Khirisito unolevhhereka mandiri.Iye asingakomwi simba kamuli.Asi,unesimba mamuli. ⁴Nokuti wakalovhegwa patshipambano nokukomwa simba ,asi unolalamisiwa nesimba la Mwali.Nesuvho hatina simba maali, asi titshalalama pamwepeji naye nesimba la Mwali kamuli.

⁵Muzwiyejeni imwi vhenevhazwo,kuti muvhone kana muli pakutenda.Muzwiyejeni imwi mumene.Hamuzivhi naa imwi mumene,kuti Jeso Khirisito uli mamuli?-kana kuti,zweshuwa,makomwa kuzwiyeja. ⁶Asi mutshazivha zwenu kuti imwi hamuli vhakalasiwa.⁷Zwino tinorabhira kuna Mwali kuti tilege kuyeta tshinhu tshimwepeji tshakayipa .Hatirabhiriri kuti isu tivhoneke kuti takatendeka.Asi kuti imwi tuyete zwakalulama tshero isu titsheta setikalasiwa. ⁸Nokuti hatikoni kuyeta tshinhu tshinopambana neshuwa,asi tshinothusana neshuwa.

⁹Nokuti tinofala kana isu titshikomwa simba imwi mutshivha nesimba.Tinorabhira kuti mukwanise.

¹⁰Ndinomwala zwinhu yezwi ndirikule nemwi kuti kana ndavhapo ndilege kuyeta neswiri - sezwandakapiwa na Ishe simba lokukhwatisa,lisiri lokuphutsha.¹¹Pakupejisira ,vhakulu vhangu,falani! Shumani, munyalajiwe,ivhani nomoyo umwepeji, galani mulugale.Mwali weludo nolugale utshavha nemwi. ¹²Mukisani vhamwe nokukhisa kutswene.¹³Vhatswene vhose vhatshamumukisa. Kuda ka Ishe Jeso Khirisito, noludo gwa Mwali, nokuhwisisana ke Mwiya Utswene ngazwivhe nemwi mose.

Galatians

Chapter 1

¹Pauro, upositoru asi upositoru we unhu asi wa khiristu Jeso nokuda ka Mwali bhabha wakau musa mulufu.

²nevha ndinotenda navho vhose nemi kugereke ye Galathiya³Moyo unyolo nolunyalalo kuna Mwali bhabha na ishe Jeso khiristu, ⁴wakazwipa nekuda kezwivhi zwedu kuti atisunungule kutshikhathi tshayezwino tshezwivhi nokuda Mwali bhabha. ⁵Ngavhe nokupenya nokusingaperi. Ameni. ⁶Ndinomangala kuti munotavhanya muka tshitshira uyoyo wakamudana muma kombolero a khiristu. Ndikamangala kuti mupamukire kune limwe soko.

⁷Kusikuti pane limwe vhanomuviringija vhatshida kutshija soko lakhiristu⁸Asi tshero isu kana utumwa unobva kumakole akamupalija limwe soko lino pambana nelatino palija isu ngavhe wakatukwa ⁹.Sezwatakambolevh za zwingo ndinolevha sayezwo futhi , "Kana kuno unhu unopalijira soko limwe linopambna nelamuka sangamija , ngavhe wakatukwa." ¹⁰Nokuti zwingo ndinoeta vhungana na vhanhu kana na Mwali? Kana ndinotswaka kufaja vhanhu ? kana ndayifaja vhanhu nayezwo handiri ulanda wa khiristu.¹¹Nokuti ndomuzivisa vhatendi kuti soko laka palijiwa nemi handina kueta sele vhanhu. ¹²Nokuti handina kulipiwa no unhu kana kufunjiwa no unhu asi ndakalisumbijiwa na Jeso khiristu.¹³Nokuti makahwa nozwevhupenyu hwangu ndili muchitendelo chevha Juda {Judaism), kuti ndayitambuja gereke ya Mwali zwikulu nokuda kuyi palaja. ¹⁴Pakurabhira nama Juda ndayipinda vhanji vhezela langu paluji gwangu. Ndinyanya kukozelera ulayo wama bhabha angu.¹⁵Zwino mwali iye wakandisunungula kubva mudumbu lamayi vhangu akandidana novhusiwana huhwe kuti wafajiva nazwo.

¹⁶Kuti asumbije mwana tukana uwe mandiri ndi u palije pakati pevha Jentile. Zwakadlalo handina kulangana ne nyama ne lopa. ¹⁷Handina kukwira Jerusalema kuna yavho vhakanditangira kuvha vhatendi, Asi ndakayenda Arabhiya ndikajokera ndikajokera Damasika.¹⁸Iyapo makole matatu apinda ndikakwira Jerusalema kundovhona Kefasi ndikagala naye mazuvha gumi namashanu. ¹⁹Asi handina kuvhona umwe wavha postori kuze ka Jemusi umwe waghatevheri vha Ishe. ²⁰Izwi zwandino munwalila talirani panda ka Mwali handilevhi manyepo.²¹Iyapo ndakaswika kunyika ye Siriya ne Silisiya. ²²Asi ndanga ndisinga zikamwi pa tshiso negereke je Judiya jiri muna khiristu . ²³Asi vhanga vhawha kuti, "Uya wayitambuja kale zwio wavha kupalija kutenda kaayi palaja kale.

²⁴Vhakalumbija Mwali mandiri.

Chapter 2

¹Kupera kwe gumi lamakole namakole mana ndakaenda Jerusalema na Banabasi na Titosi ².Ndakaenda nokuda kukusumbijiwa ndika londejera shoko landiipalija kuba Jentile ndika levhereka tshivhanekure vhanetshilemera ndinevhutanzi kuti hagidimi kana kugidimira pasina³Kana iye Titosi wanga anemi wanga ali u Greek hana kukombejegwa ku fumbiwa. ⁴Vhakulu vhokunyebejera vhaka vhuya tshivhande vhatshi ferefeta nezwe lusununguko gwatinago muna khristu Jeso. Vha itama kutieta vhalanda nokuhwa kuti taiti tshini. ⁵Hatina kjuzwijkitisa kwavhali kuetera kuti vhutada hwehwi hulambe mamuli.⁶Avha vhanosumbija kukosha (zwavhanga vhalii hazwina zwazwinolevha kandiri Mwali havhasumbiji kukiuthekanja) , vho ndinoti avho vhayizwieta vhakakosha havhana zwavhaka wejera ⁷pandiri.Tshaka sala nditsho kuti vhaka zwivhona kuti iye waka peja basa kune vhasina kufumba kunge sa Pita atshidlalo kune vhakafumba . ⁸Zwino Mwali zwaaka shuma alimuna Pita pavhu postoli kene avho vhakapfumba , vhaka dovha vhaka shuma mandiri kuma Jentile.⁹Apo Jemusi, Sifasi, Jona vhamizhiwa ne kuvha ivho vhakamira payihwi vhaka vhona zwikombolevho zwanga zwa piwa mandiri vhakapa luvhoko gwavho ngoludli gokudlijana kuna Bhanabhasi. Vhakatenda kuti toenda kumaJentile ivho vhaenda kunevha pfumba. ¹⁰Vhaka kumbira kuti musakangamwa vhano tambula tshinovha nditsho tshinhu tshandayidisa kueta.¹¹Zwino Kefasi akati aswika Antiyoko ndakaunjivhisa patshena nokuti wanga anoulanda. ¹²Nokuti vhamwe vhalume vhanga vhasunu vhabva kuna Jemusi , Kefasi wanga atshidla nema Jentile. Vhalume avha pavhakavhuya abva amira akabva pama Jentile.. Wauyihla havho vhayida kupfumbisa vhanhu.¹³Navhamwe vha Juda vhakaeta mano mano pamwe peji naye. zwikaeta kuti naiye Bhanabhasivho wakatsausiwa namano mano avho. ¹⁴Ndakati nditshivhona kuti havhayendi nokululama ne shuwa yehwi ndakatikuna Kefasi panda pa vthose, "Kana iwe uli u Juda utshienda savha Jentile usingaeti savha Juda unolovhovherera seni vhayete zwivhji kuti vhaende savha Juda. ¹⁵Isu ma Juda pakubehwa kedu tisongoti tirivha eta zwivhi vhanobva kuvha Jentile . ¹⁶Zwatino zivha kuti unhuhalulamisiwe namabasa olayo mara nokutenda kuna khristu Jeso nesuvho takatenda kuna khristu Jeso kuti tilulamisiwe nokululamisiwa namabas olayo nokuna hakuna nyama ingo lulamisa namabasa olayo.¹⁷Isu pakutswaka kedu lulamisiwa muna khristu nesuvho tawanika tirivhatshinyi . Zwini khristu ufundijiwe zwivhi na? Hayi. ¹⁸Nokuti kana ndambo vhaka futhi zwandambo hwasa ndino zwieta uyeta zwivhi. ¹⁹Nokuti paulayo imi ndikafa kulayo kuti ndilalame kuna Mwali ndalovhegwa pamutshinjikwa pamwe tshete na khristu, handitsjhava²⁰Handitsjhava imi ndinopira asi khristu anopira mandiri kupira kwandino pira naye munyama zwino ndinolalama nokutenda kuli mmuna mwanakomana wa Mwali wandida akazwipila nokuda kangu. ²¹Handi khonisi makombolero a Mwali dleno kululama kayiwanika nokuda kuulayo khristu akafira pasina.

Chapter 3

¹Zwidahera zwama Gatiya! Makaloyewa nani? Zwakayeteka phada ke meso kuti Jeso Kristo wakamemezewa akalovhegwa. ²Itshi nditsho tshinhu tshandinoda kuhwa kamuli: Maka sangamija Mwiya nemabhasa owulayo kana kuti nekuhwa kukutenda? ³Muli zwidahera naa? Makatanga ne Mwiya makavha kuda kuti muzaji sire nenyama naa? Makatambula zwingapa ngapa zwamahala? Navhezo ndi zwama hala naa? ⁵Uyu unomupa Mwiya nokuyeta zwima ngajo unozwiyeta nemabasa ewulayo naa kana kuti nekuhwa kekutenda? ⁶Kunga Abhurahama,"akatenda Mwali aka vhaligwa yezwo akahwi wakanaka." ⁷Nezira imwepeja yeyo,hwisisani kuti avho vhanokutenda ndivho vhana vhaAbhurahama. ⁸Zwinwagwa,pakuvhona kuti Mwali utsha lulamisa majentili nokutenda.vhakapalija soko kuna Abhurahama,asthiti"MaMuli nyika jose jitshambolegwa." ⁹Nayezwo avho vhanotenda vhakakombolegwa unhulume wokutenda. ¹⁰Vhose vhakabatirira pamabasa awulayo vhali pasi pokutuka;nayezwo zwaka nwagwa,"Wakatukwa aunhu wose usingatevhejeri zwakamwagwa mubhuku loulayo nokuzwiyeta." ¹¹Zwino zwavha patshena kuti hapana unhu wakalulamisiwa phada kaMwali nekuda ke ulayo,nokuti ¹²"Vhakalulama vhatshalalama nokutenda." "Wakatukwa wose anozwisungirira pauti"¹³Ulayo hasi wokutenda,asi " Kutukwa ke ulayo kavha tshituko tshedu,nokuti zwakamwagwa" Wakatukwa wose anozwisungirira pauti"- ¹⁴kuyetera kuti kukomboregwkaAbhurahamu kugavhuya kumaJentile muna Kristo Jeso,kuyetera kuti nokutenda tikosangamija tshivhimbisotshe Mwiya.¹⁵Vhakulu vhangu,legani ndizuwememasoko evhanhu,kana tshitenderano tshagajigwa ne unhu tshayehwa neulayo hapana agayesa thungo kana kuwejera patshiri. ¹⁶Zwivhimbiso zwalehwa kunaAbhurahamu nayoyo wakautevhera.Hayilevhi kuti,"kune vhakauthevhera," zwinolevhavhakawanda,asi kune umwepeji,Nekuna yoyo unokutevhera,"ali Khritsos.¹⁷Zwino zwandolevhavhidihezwi:Ulayo wakahovhuya sule kamakole mazana mana nemakumi matatu,hazwiyesi tshitenderano pathungo tshakayesewa naMwali,kuti zwivhulaye tshivhimbiso. ¹⁸Nokuti nhaka inovhuya neutemo,hayivhuyi patshena kuna Abhurahama netshivhimbiso.¹⁹Saka bhasa leulayo langa lirileni? Wakayesewa nokuda kezwivhi kuswikira uyo wakatevhera Abhurahama anovha ali iye wakayetegwa tshivhimbiso avhuya.Ulayo wakayesewa negirazi kubudikira neluvhoko gwahayo anomira pakati. ²⁰Zwino unomira pakati zwinolevhavhanhu vhanopinda unhu umwe peji.Asi Mwali umwepeji.²¹Saka ulayo hawutenderani nezwi vhimbi sozwali naa? Hay! kana kulikuti ulayo wakapiwa itsa tshinopa vhupenyu,zwinokululama kunga deni kakavhuya noulayo. ²²Asi zwinwagwa zwakasungirira zwose pasi petshivhi kuyetera kuti tshivhimbiso tshinovhuya nokutenda muna Jeso Khristo tshipiwe kune yavho vhanotenda. ²³Zwino kutenda kusanhu kavhuya,tanga takasugwa pasi keulayo,tiri vhasugwa kuswikira kutenda kavuligwa katiri. ²⁴Saka ulayo wakati tshengeteja kuswikira Khristo avhuya,hati tshavha pasi peutshengeti. ²⁵Asi zwino kutenda kakavhuya,hatitshavha pasi peutshengeti. ²⁶Nokuti mose muli vhana vhaMwali nekuda kekutenda muna Khristo Jeso.²⁷Nokuti nekuwanda kenu makalo vhejiwa muna Khristo makazwi simija Khristo. ²⁸Hapana ujudha kana muGiriki,hapana vhakasunugugwa,hapana unhulume kana unhukaji, nokuti mose muli vhamwepeji muna Khristo Jeso. ²⁹Zwino kana muli vhaKhristo,muli zwibhewa zwa Abhurahama,vhuye muli vhadli vhenhka sezwakalehwa netshivhimbiso.

Chapter 4

¹Nazwino ndinoti udli wezifa kana atshambovha nwana kaangambo siyani noulanda kunyangé alimwene wazwo. ²Asi ulipasi pavhatalili navhatshengeti patshikati tshakatagwa na bhabha.³Saizvozvo nesu vho. titshili vhana takanga noulaya wenylka wevhanana. ⁴Zwino tshikati tshakati tshazala Mwali wakatuma nwana tukana uwe wakabehwa no unhu kaji waka behwa pasi poulayo. ⁵Kuti akunule vhali pasi poulayo kuti tisanganije milayo sevhana⁶Zwino zwomuli vhana mwali wakatuma mwiya wanwana tukana uwe mmoyo yenu unodana atshiti , "Abba, Bhabha!" ⁷Iwe hausi ulanda asi mwana ,kana wavha nwana wavha udli wezifa nokuda ka Mwali.

⁸Netshikati iyetsho pamanga musingazivhi Mwali manga muli vhalanda vhaavho vhane masimba kusiri kuda ka Mwali. ⁹Asi zwamazivha Mwali zvikugwane naiye unomuziva muno okeleleni kuzwinhu zwisina basa sokutamba majanila . Munoda kujokela kuvhu siwana novhulanda na?¹⁰MUnobhasobha mazuvha nemweji netshikati nemakole. ¹¹Ndinohla napanhe zulu pokuti ndakaeta mabasa kamuli pasina¹²Ndinokukmbila kamuli hama jangu etani semi nokuti imi ndaeta semwi. Hamuna tshamakandietela kana tshimwe peji tthisina kululama.

¹³Mutshambozwizivha kuti ndakakupalijila vangeli pakutanga nokuda kokugwala panyama. ¹⁴Nayetsho tshinhu tshanga tshili panyama yangu tshanga tshiri miejo kamuli hamuna kutshiswenha kana kutshinenga asi makandi sangamija soutumwa wa Mwali saiye khiristu Jeso.¹⁵Zwino munondikombolela neni ndinomupupulila kuti kana maikona maitombola meso enu makandipa iwo. ¹⁶Saka ndavha uvhengi wenu nokuti ndikamuvhuja ahuwa na?

¹⁷Vhanovhiraira noutovho usina kunaka asi vhatshida kumuvarijira paze kuti imwi muvhreibairire. ¹⁸Ndizwa budhi kuti patshinhu tshakanaka pavhirairigwe tshikati tshose mulege kuzwietu kana ndilipo kupera. ¹⁹Vhana vhangu, vhandakatambuloila nditshivha bhebha kuswika khiristu abumukati menu, ²⁰ndaida kuti ndivhe nemwi saka sandulani mahwi angu ndinovilingiwa nokuda kenu.²¹Ndivhujeni inwi munoda kuvha pasi poutemo hamuingili utemo na? ²²Ipopa akanyogwa kuti Abrahama anga ana vhana tukana vhavhili umwe aliwe ulandakazi umwe uwe kaji. ²³Iye wowulandakaji kabehwa nezila yenyama asi wounhukazji wakasununguka wakabehwa sezwaanga akapikisigwa. ²⁴Zwino hezwi zwinofanajigwa kuti vhakaji vhavhili isungano mbili imwe inobva patavha ye Sinayi inobeba vhana vhuvhulanda ndi Hagari. ²⁵Zwino Hagari ndiyo tavha ye Sinayi iku Arabia; akamirira Jerusalema zwino nokuti arimu ulanda nevhana vhavhe²⁶Zwino Jerusalema lilinhezulu lakanununguka ndivho mai vhedu. ²⁷Nokuti zwakamwagwa zwitshihwi, "fala iwe usingabhebbi, upululuge udavhijile iwe izwo usinga tambuli nokubeba nokuti vhana vhe anosuwa vhanowanda ,vhanogwaja kune vhana vhe ane ulume. ²⁸Zwino irnwi hama jangu mulivhana vhokupikigwa saisaka. ²⁹Asi patshikali iyetsho iyoyo wabehwa nezila yenyama wakatambuja waka behwa nezila yemwiya zwakango dlalo naizwo. ³⁰Asi lunwalo gunoti tshini ? Talayi ulandakaji nomwana vhavhe, nokuti mwana woulandakaji hangadli zifa panhu pamwepeji nomwana tukana wowuka sununguka. ³¹Saka hamajangu, hatili vhana vhoulandakaji tili vhowakasunuguka.

Chapter 5

¹Khiristu ukatisunungula kuti tivhe vhakasununguka . Nayezwo mirani nesimba mulege kusungw ne joko yovhulanda. ²Talirani imi Pawulo ndinoti kamuli kana mapfumbiswa khiristu haanga kutusi tshinhu³Ndopupulira umwe noumwe wa pfumbiswa kuti iye lokuti milayo yose. ⁴Makapalajaniswa na khiristu iye unoda kululamisa nowulayo mabudisiwa panyasha.⁵Nokuti isu ne Mweya tinomirira kutenda tariro yokululamisiwa. ⁶Nokuti muna khiristu Jeso kupfumbiswa kana kusapfumbiswa hazwitis tshinhu asi kutenda kunobata ludo. ⁷Manga mutshigidima zwavhudi. Ndiani ukamujivhisa kuti mulege kuyingira shuwa? ⁸Hamuna kukombejegwa naiye wakamudana?⁹Kukumuso nukutuku inokukumusa bundu lose. ¹⁰Ndinotenda panezulu penu munashe hamungafungi tshimwe tshinhu. Asi uya unomupambanisa unofanira kutongwa izwe nangwa ali ani nani . ¹¹Hama munashe , kana utshipalija kuti vanhu vhapfimbisiwe ndino lamba ndinotambujiwa nen? ¹²Dai iyavho vhanokupalajanisa , vhatsha zwidambulavho!¹³Nokuti imwi hama jangu makadanigwa kusunungugwa hama munashe . asi kusunguka kenu ngakulege kuvha zira yen yama. ¹⁴Ulayo wose unoza jiwisa nesoko limwapeji "Idayi umwe semadiro awunozwieta." ¹⁵Asi kana mutshilumana nokudyana tanyirani kuti mulege kupejerana¹⁶Zwini ndinoti , "Endani no mwiya iyapo hamungaeti kutshivha nyama. ¹⁷Nokuti nyama inotshivha itshigwa ne Mwiya utshigwa menyama. Nokuti hezwi zwinogwisana kuti mulege kuyeta zwamunoda . ¹⁸Asi kana mutshitungamirigwa ne Mwiya hamutshavha pasi poulayo.¹⁹Zwini mabasaenyama anovhoneka , vhupombwe,neswina, nevhundere, ²⁰nokurabhira zwifananijo, novhuloyi nokuvhengana,nekupesana , nokupalajana,nokufundijana,zwakabuda, ²¹nokugodolana, nokuvhulayanokubatiwa, nokutamba kakayipa , nezwinhu zwakadlalo. Hezwi zwandinomuvhuja iyezwe, sezwandakamuvhuja kale kuti vhanoeta zwakadlalo havhangadli zwifa la Mwali.²²Zwino kudla kweMweya ndigo ludo, nowufala nolugale, ²³nokupfavha, nokuzwijosa, hakuna ulaya unojivhisa zwinhu zwakadlalo. ²⁴Asi avha vhalibha khiristu Jeso vhakalovhera nyama patshipambano pamwe peji nokuda kayo nokutshivha kayo.²⁵Kana titshipira ne Mwiya ngatiyendevho ne Mwiya . ²⁶Ngatilege kuzwikuja kutukana titshigojirana.

Chapter 6

¹Hama jangu, nyange unhu abahwa zwizwitshangopfuka imwi vhemwiya muuose nomoyo unyolo, uzwitha nyilevho iwe kuti usongo ejiwavho. ²Mulujisanani mixhwalo yenu mukozajisa mitemo ya Mwali seyezwo. ³Nokuti kana unhu atshizwiti tshunhu iye asili tshinhu unozwitshutshuja iwe. ⁴Zwino unhu umwe noumwe nga eje basa lile amene ukozwilumbija panhezulu pape iye amene oga asingazwieti panhezulu poumwe. ⁵Nokuti unhu umwe noumwe unofanila kuxhwala utolo uwe. ⁶Nazwino unopalija soko ngaapakana nounopalija zwinhuzwose.

⁷Musatshutshujiwa , Mwali hasekwi zwinodzwaga ounhu ndizwe zwaas notsheka. ⁸Nokuti uka dzwala nyama iyo utshatsheka kuvhola kutshabva panyama asiunodzwalila mwiya utsha kohwa vhupenyu husingaperi hunobva pamuviya. ⁹Zwino ngatitshilega kunyaala nokueta zwinhu zwabidli kuetele kuti titsheke netshikhati tshabudi kana tisingaboli moyo. ¹⁰Zwino zwatinetshikhati vthose zwabu zwikugwane kungumba yavhanotenda. ¹¹Talirani kukula kakaeta magwalo ndino munyolela noluvhoko gwangu. ¹²Vthose vhanoda kuhwi vhakanaka pane zwovhoneka panyama ndivho vhamulovhelela kuti mutahwe vhanodlalo kueta kuti vhalege kutamuijiwa nokuda ketshipambano tsha Mwali. ¹³Nokuti kunyange bakapfumba ivho havhabhasobhi ulayo vhamene asi vhanoda kuti imwi mupfumbe kueta kuti imwi muzwilumbije panyama yenu. ¹⁴Asi kana ndilimi ngandilege kuzwilumbija nokuti nokuzwi kukumusa napatuku asi nokuda ketshi pambano tsha Mwali . ¹⁵Nokuti kufumba kana kufumbisiwa hatshisi tshinhu asi tshisikwa tsha Mwali. ¹⁶Vthose vhanoenda noulayo lugale ngaluvhe khezulu pavho makombolero panhezulu pavha Izirayeli (Israel). ¹⁷Kubvila iyezwino ngakulege kuonounhu unondi tambuja nokuti ndinamavhangashe Jeso pambili wangu. ¹⁸Musa hwashewedu ngavhe nomweya wenyu hama dzangu. Ameni.

Ephesians

Chapter 1

¹Pauro, upostoriwa khristu Jeso nokuda ka Mwali kuvha tswene nokuna vhanotenda muna khristu Jeso kuvha Efesi. ²Makombolero kamuli ne lunyolo kuna Mwali bhabha vhedu na ishe Jeso khristu³Ngaavhongwe Mwali na bhabha vha ishe wedu Jeso Khristu wakati lopafaja nokuti lopafaja kase mwiya kumakole na khristu. ⁴Mwali wakati khetha maali nyika isanhavhambiwa kuti tivhe vhatswene vhasina nmhaka papada pape muludo.

⁵Mwali wakatitemera murudo kale kuti na Jeso khristu tiyete vhanatukana vhavhe sezwa akafajiwa pakuda kuke. ⁶Ulayo wedu kukuja kemakomorero awe akatipa izwe mukuda kuke. ⁷Muna Jeso khristu ndiye watine jikunulo nelopa lire nokukanganwigwa ke nzwivhi zwedu nokuwanda kemakombolela awe. ⁸Wakawejera makombolero neluzivho gwose nakuzivha. ⁹Mwali ukatizivhisa zwakavhanda zwokuda kuke sezwaakafajingwa mufunga kuke . ¹⁰Kuti ayendese kuzala ketshikhathu, akuvhanye zwinhu zwose muna khristu kumakole nezwiri panyika pausolo umwepeji nekuna khristu. ¹¹Muna khristu takapiwa nhaka , yakate megwa kale kale noulaya uwe unoeta zwose nokunga kokuda kuke. ¹²Mwali wake tilumbije , nokenya ndiyani wakatanga kuvho metalisiro muna khristu litshavha nolumbija nokupenya . ¹³Muna khristu nemivhomukahwa . Soko levhutanzi maali iyo vangeri yokuphijiwa kenu munaiye wamaka tenda kaali maesengwa tshivimbiso tshe Mwiya mutswene . ¹⁴Uli ubhati wenhaka yedu kusumbija kujikunungwa ke vhanhu vha Mwali tshayivho kuti kupenya kuko kulumbijiwa.

¹⁵Saka nemivho ndakati ndahwa nezwe lutendo gugo muna ishe Jeso pakati pedu noludo kuvha tswene vthose .

¹⁶Handilege kuvhonga Mwali pazezulu penu ndimufunga paminyengetero yangu¹⁷Ndino rabbira kuti Mwali wa ishe wedu Jeso khristu bhabha Mwiya vhokupenya kukugwane , vhakupe mwiya woku tanya niwokuvuligwa pakuzivha. ¹⁸Ndorabhira kutimeso emoyo yenu kuti avhe netshieja kuti muzive kuti kudana kuke kunetalisiro yeni ne fuma yekupenya kenhaka iye pakati pevhata tswene vha Mwali.¹⁹Paunamato wangu ndokumbira zwikulu zwakapindirija simba lire katiri isu tinotenda nokubata kesimba lire gulu. ²⁰Ndiro simba limwepeji lakawumusa muvhakafa nokugalisa kuluvhoko gugwe goludli kumakole . ²¹Wakagaja khristu zezulu kezwigalo zwose zwavhutongi ne vhuse nesimba namazina ose anolehwa pasanhu pali panyika iyeyi yoga asi pane inohobuya.

²²Mwali wakayesa zwose pasi pesoka jije akapa gereke iye kuti avhe so usolo wezwose. ²³Gereke umbiri uwe kuzala kaiye unoza jisa zwose muna vthose

Chapter 2

¹Asi uli iwe wanga wakafira mukukhakha neku zwivhi , ²nekuti wayifamba nezhila ye sango utshiphila nokuda kontemo we vhutongi go mweya no mweya wekusatelele ulayo. ³Nenguvha ya pfuula tanga titshitshivha nyama, titshieta kuda kedu kenyama nekufuma kedu ne pakubehwa kedu isu navhamwe vhose.⁴Mwali wakafuma nokuhwira vhusiwana noludo lukugwanr gwakatida isu. ⁵Zwatanga tikafa muzwivhi wakatimusa tikangala muna khristu nevhusiwana taka pijiwa. ⁶Mwali wakatimusa pamwe peji na khristu vhakatieta futi kuti tigale pamwe peji naye muna khristu Jeso. ⁷kuetera kuti mumakole anotevhera asumbiji fuma hugwane nevhusiwana novhunyolo huhwe muna khristu Jeso .⁸Makasunungugwa nekutenda asi hazwina kubva kamuli asi tshipo tsha Mwali. ⁹Hazwina kubva mukushuma zwokuti unhu angazwikuja nazwo. ¹⁰Sezwo tirivhashumiri vha Mwali vhakasikwa muna khristu Jeso kuti tiete mabasa akanakanagajigwa kale na Mwali kuti tiende maali.

¹¹Nayezwo fungani kuti pamanga muli ma Jentile munyama. Munodanwa mutshihwi hamuna kupfumba mutshinzi , "Vhasina kupfumba." Kupfumba uku kunoetwa nemavhoko o unhu. ¹²Kuti netshikati iyetsho manga musina khristumulivhatogwa pavhushe hwa Izraeli. Mulivhapfumba pasungano yetshipikigwa musina kutilisira musina Mwali panyika.¹³Asi zwino muna khristu Jeso imwi manga mulikule naye kale makaxhwedera mulopa la khristu. ¹⁴Nokuti iye mwene lunyalalo awedu iye wakayets kuti tivhe tshinhu tshimwe peji! menyama wakapunya luvhando ngokupalajanisa. ¹⁵Kuti patshipambano abatanije vhose vhavhiri ¹⁶kuti vhavhe nyama imwepeji kuna Mwali patshipambano wayivhulaya luvhengo patshipambano.¹⁷Ukavhuya atshipalija lugale kamuliimwi manga mulikule nalugali kune vhanga vhalipedlo. ¹⁸Nokuti isutose tinopinda nayiye nemwiya umwepeji kuna bhabha.¹⁹Nayiyezwo imwi ma Jetile hamutshavha hamutshavha vhatogwa kana vhapfumba. Muli sungano pamwe peji navha tswene vhengumba ua Mwali. ²⁰Makavhakwa pakutanga kemapositor nema porofita, Jeso khristo iye ameno ali aliihwe lepakhona. ²¹Maali ngumba yose yakasimisiwa itshikula kuti ivhe tembere tswene ya Mwali. ²²Zwiri maali nemwivho makavhakwa pamwe peji kuti muvhe vhugalo hwa Mwali mu mweya.

Chapter 3

¹Nendavha iyi,imi Paulo,ndiri usungwa waKhristo Jeso nokuda kenu,imwi maJentili, ²Kana mukahwa zwenu kukovhegwa kemakomborero aMwali andakapiwa pazezulu penu³Kuti zwango zwakavhanda zwakasumbiji ngwa, sezwandakamunwaliri masoko nezwikavhanda kuna Khristo. ⁴Kana mutshimavhala iwo,mungavhona kuzivha kangu nezwikavhanda kuna Kristo. ⁵Zwanga zwisina kuzivhisiwa vhanhu vha kale.Asi iyezwino zwaka vulingwa vhapositoru navha porofita vhatswene ne mwija.⁶Zwokuti maJentili vhadli vhefuma panhu pamwepeji nesu nemutezo youmbiri panhu pamwepeji nesu,vhaka kovhegwavho panhu pamwepeji nesu tshipikingwa muanJeso neVangeri. ⁷Yandakayetwa ushumiri wayo,netshipo tshemakombolero aMwali andakapiwa nekubata kesimba lire.⁸Kandiri-utuku tshayizwo kune vthose vhavhdi-ndakapiwa makambolero yawa kuti ndipalijire maJentili fuma isingalondeki kaKhristo ⁹nokusumbija vthose kuti kukovhera kakoyeta seni kwezikavhanda zwanga zwikafukijiwa muna Mwali,wakasika zwose kubva patshikhathi tshekutanga.¹⁰Kuti zwino nevhabati,nevhanesimba kumakole vhabivhisiwe negereke kuthanga kukugwane kaMwali. ¹¹Setshilevho tshokutanga-tanga tshaukoa tema muna Khristo Jeso ,Ishe wedu.¹²Maali tinokukozerera kedu nokupinda kedu tsisingahli nokutenda maali. ¹³Saka ndokumbira kuti mulege kupera moyo nokutambijika kangu,pazezulu penu ndiko kukuiwa kenu.¹⁴Ne ulanda yoyu ndinogwadama nema gona angu kuna Bhabha, ¹⁵Iyavho luji gose kumakole nepanyika vhanotumijiwa neziva lavho, ¹⁶Ndorabhira kuti vhamupe pafuma yokupenya kavho kukugwane,simba kuti mukhwatasiwe neMwiya wavho mu unhu womukati.¹⁷Ndorabhira kuti Kristo agale pamoyo yenu nokutenda kuti imwi munemiji yenu muludo gugwe. ¹⁸Muvhe nesimba lokuhwisia panhu pamwepeji navha vhudi vthose,kuti kufala,nokuleba,nokukwirira,nekijuka kakayeta seni,¹⁹Naokuzivha ludo gwa Khristo gunopinda zwose zwatinokumbira,kuti izivhe ludo gwaMwali gunopinda luzivho gwevhahanu,kuti muzajisigwe nezwa Mwali.²⁰Zwino iye unesimba lokuyeta zwikugwane tshayizwo zwinopinda zwose zwatinokumbira kana zwatinofunga,nesimba lire mukati medu, ²¹ngaavhe nokupenya mugereke muna Khristo Jeso kuswikira mumaluji ose nokusingaperi.Ameni.

Chapter 4

¹Nayezwo,imi usungwa muna Ishe,ndinokumbira zwikulu kuti tuyende zwakafanira kudhanwa wamakadhanwa, ²Nokuzwininipisa kose novhunyolo nemoyo ulefu,mutshiyeterana moyo ulefu muludo. ³Mutshikozerera kutshengeta swimwezwe Mwiya mutshisungo tsholugale .⁴Kune umbiri umwepeji ne mwiya umwepeji,sezwamakadhamwa vhomutalisiro imwepeji yokudhamwa kenu. ⁵Vhuye Ishe umwepeji,nokutnda kumwepeji,nolubhabhatijo lumwepeji. ⁶NaMwali umwepeji na bhabha vhavhose vhalii pazezulu pevhose unobhata nevhose ali mukati me vhase.⁷Asi umwe no umwe wedhu wakapiwa makombolero nekuyera ketshipotsha Khristo. ⁸Nayezwo unoti:" Wakakwira zezulu,wakasunungula vhakasugwa,Akapa zwipo kuvhanu."⁹Zwolevheni kuti"wakakwira,kuze kokuti wakajikita vho kumativhi ali pasi penyika? ¹⁰Wakajikita ndiye wakakwiravho zezulu zezulu kemakole,ose kuti azajise zwose. Khristo wakapa vhamwe kuti vhavhe mapositoro,vhamwe vhapaliji,vhavhe vhafunji navha funjiwa;¹¹Kristu wakapa vhamwe kuti vhavhe mapositori, vhamwe maporofita , vhamwe vhapaliji, vhamwe vhafunji navha funjiwa. ¹²Kuti vhanhu vha Mwali vhatswene vhakwanisire basa lavho lokushumira noloku vhaka umbiri wa kristu . ¹³Kujimana isu tose tiswike pa vhumwepeji hwokutenda nokuzivha mwana komana wa Mwali, nepauunhu wakula , nepatshiyero tshevhukugwane wekubehwa ka kristu .¹⁴Kristu wakati mulujira kuti tilege kulamba titshingovha vhatuku vhano vhanotengenyese, nokutatiwa nemwiya upiyo ne upiyo nokufunziwa nokunyengetera kevhanhu nemano kuti vhaujose pakunyengetera. ¹⁵Asi tilevhe shuwa muludo tikokula maali pazwose iye khristo iya usolo ali Mwali .¹⁶Khristo wakavhaka umbiri wose, wakasanganisiwa zwakanaka maali nokubatanija mitezo yose inokhwathisa utezo umwe no umwe utshibata netshiyera tshawo kuti umbiri ukule pakuvhakwa kawo muludo.¹⁷Nayezwo, ndinolevha nokupupula tshinhu itshi muna ishe nditshiti, musalamba mutshiyenda sema Jentile vhanoyenda novhupeji mukufunga kavho. ¹⁸Vhakaswibisiwa pakusahwisisa kavho vhalii vhatongwa kuvhupenyu hwa Mwali nokuda kokusaziva mukati mavho nokuda kekuwoma kemoyo yavho. ¹⁹Vhakazwipa vhasina basa nekuzwitongesa kuti vhabate mabasa ose okavhipa nokutshivha. ²⁰Asi imwi hamuna kufunziwa khristu sayezwo. ²¹Ndinoti kana ali iye wamakahwa nokufunziwa maali se shuwa muna Jeso. ²²Makafunziwa kuti pamayendero enu okutanga mubvise unhu wakale muvhupenyu . Unhu wakale onovhola moyo nolutshivha gokurabhira²³Makafunziwa kuti mutendevhuke mumwiya wokufunga kenu. ²⁴Vhuye mufuke unhu utswa wakasikwa akafanana na Mwali pakululama neshuwa yakanaka.²⁵Nayezwo, siyani manyepo mulevheke umwe no umwe shuwa kune hama iye, nokuti tili mitezo mimwe peji. ²⁶Tshamwani musingatshinyi. Zuvha ngalirege kuvhira mutshakatshamwa. ²⁷Musapa Sathani ukana.²⁸Wakaba ngalege kuba futhi, asi ngashume kushuma kwanaka nemavhoko awe kuti avhe netsha angapa vhanokonwa. ²⁹Mumilomo yenu mulege kubhuda masoko akavhola asi akanaka . Linokhwatisiwa pakafanira livhigire makombolero vhano ingira. ³⁰Legani kulija mwiya wakanaka wa Mwali wamakayesengwa ku khwatisa maali kuswikira pazuvha lokusunungugwa.³¹Esani kule sungu jose nokutshamwa, neswiri, nokupopota,nokutuka nezwikavhipa zwose. ³²Muyete moyo unyolo muhwilane vhulombo mukanganwirane sezwa maka kanganwigwa na Mwali muna khristu.

Chapter 5

¹Neyezwo ivhani vhatevheri vha Mwali sa vhana vhanodiwa. ²Endani muluge Jeso sezwakamudavho akazwipa nokuda kedu kuti avhetshipo netshipiko kuna Mwali.³Asi vhupombwe neswina yose kana kuttshivha ngazwilege kulehwa pakati penu sezwinofanira vhatendi. ⁴Nezwakavhipa nokulevha zwovhusweule nokunemera zwisina kufanira asi zwiri kwine kutenda.⁵Nokuti munozivha suwa kuti hakuna mhombe kana unhu uneswina kana unotshivha ndiye unorabhira zwipiriso ungadl nhaka muvhushe hwa khiristu ne hwaMwali. ⁶Ngakulege kuvha no unhu unomutshutshuva namahwi asina basa nokutinemhaka yzwinhu yezwi kutshamwa ka Mwali kuno vhuya panyezulu pavhanatukana vhokusayingira. ⁷Nayezwo legani kuganana navho.⁸Nokuti kale manga muli swiswi asi yezwino mavha tshiyeja muna Mwali. Endani sevhana vhetshiyeja. ⁹(nokuti tshibehwa tshe mwiya tshiri mukunaka kose , nokululama neshuwa). ¹⁰Mutshizama kuti ndizwipiyo zwinofaja Mwali. ¹¹Legani kuwirirana namabasa eswiswi asina zwibehwa. Zwiri kwine musatenda mazwiri. ¹²Nokuti izwo zwinoyehwa nahavho vhakavhanda zwinoshonisa kana zwitshilehwa¹³Asi zwinhu zwose zwalayigwa zwino sumbijiji netshiyeja nokuti zwose zwino sumbijijiwa tshawha tshiyeja. ¹⁴Patshimwe netshimwe tshinovhoneka tshiyeja. Muka pahope umuke ku vhafu Mwali vhatshapenya kauli¹⁵Tanyani tshaiko pakuenda kenu, mulege kuenda savhanhu vhasina kutanya asi savhaka tanya. ¹⁶Mutanyire tshikati tshenu nokuti mazuvha akayipa. ¹⁷Saka musavha masweule asimmuzivhe kuda ka Mwali.¹⁸Legani kuba hkwane waini nokuti ndipo pane kusazwijosa. Asimuzale ne mwiya utswene. ¹⁹Muvhujane pakati penu nezwiimbo zwe mwiya muyimbire mulihire Mwali mumoyo yenu. ²⁰Mutshivhonga Mwali bhabha tshikati panyezulu pezwinhu zwose muzina la Mwali wedu Jeso khiristu . ²¹Mutshizwiyesa umwe pasi poumwe mutshihla Mwali.²²Vhanhukaji muzwiyesa pasi pavhalume vhenu tshayiko sezwamunoeta kuna Mwali. ²³Nokuti ulume usolo waukaji sa khiristu usala wegerek , iye mwenewazwo ndiye uponesi wavhanhu. ²⁴Asi gereke sezwayiri pasi pa khiristu vhakaji ngavhadlalo pa zvinhu zwose kuvhalume vhavho.²⁵Vhalume idani vhakaji vhenu khiristu sezwaakada gereke akazwipa nokuda kayo. ²⁶Kuti ayiyete tswene atshinasa, nokunguja kevula payiwhi . ²⁷Kuti azwiyesere phanda kuke gereke inopenya isina bambo kana kuwonyana kana tshinhu tshakadlalo asi ivhe tswene isina mhaka.²⁸Sayezwo vho vhalume vhanofanira kuda vhakaji vhavho semivhiri yavho unoda ukaji uwe unozwida. ²⁹Nokuthi hakuna unhu ukambovhenga nyama iye asi unoypa zwokudla nokuyitshengeta khiristu sezwaano yetera gereke. ³⁰Nokuti isu tiri mitezo youwumbiri uwe³¹"Nayezwo unhu utshasiya bhabha vhavhe namayi vhavhe arabhirire ukaji uwe, iyavho vhavhiri vhatshavha nyama imwepeji." ³²Tshakajumbama itshitshi kugwane asi ndinolevha zwa khiristu nezwe gereke . ³³Asi imwivho umwe noumwe ngaade ukaji uwe sezwa anozwida iye, noukaji unofanira kuhla ulume uwe

Chapter 6

¹Vhana , ingirani vha bebi vhanu munashe nokuti ndizwo zwakalulama . ²"Kujani bhabha na mayi," (ndiwo ulayo wakutanga unetshipikigwa). ³"kuti uyetegwe zwakanaka , ugale tshikathi tshilefu panyika."⁴Vhana bhabha , legani kutshamwa vhana vhenu vhalereni pakulanga nokulaya kashe.⁵Imwi vhalanda , ingirani havho vhali vhane vhenu panyama nokuhla nokutetemera nemoyo yaka lulama, mutshizwieta sokuna khristu. ⁶Musangovha vhabati mutshivhoneka konga savhafaji vhavhanhu , asi sa vhallanda vha khristu vhanoeta kuda ka Mwali nomoyo wose. ⁷Mutshibata nomoyo wakanaka mutshizwieta sokuna ishe musingaeteri vhanhu. ⁸Nokuti tinozivha tshinhu tshipiyo netshipiyo tshakanaka. tshinoetiwa nounhu mumwe no umwe utshapiwa futi na she . Kana akasungwa kana akasunungugwa.⁹Majishe batani vhalanda vhenu zwinofanana mulege kuvhatshuhwisa. Nokuti munozivha kuti ishe wavho nowenu uli kumakole haatendi zwinovhokeka zwounhu.¹⁰Pakupejisira hama jangu, ivhani nenungo muna she nomusimba lire gulu. ¹¹Simirani nhumbi jokugwa najo ja Mwali mukone kumira mutshigwa namano a Satani.¹²Kugwa kedu hasi kokugwa nenyama ne lopa asi nevhatongi nemajishe enyika neswiswi lino nemwiya yakaipa yedenga. ¹³Zwino simiraninhumbi jose jokugwa najo ja Mwali kuti mukone kuzwithi vhijira pazuvha lakayipa kana mutshingamapeja zwose momira.¹⁴Nazwino mirani makasunga khundu jenunehutada makasimira tshakavalala chifuvha nokululama. ¹⁵Nepasoka jenu makasunga kugajira evhangeri yolugale. ¹⁶Mukukoza kose tolani mkuzoja kolutendo ndoya yamungakona kujima nayo misevhe yomoto yowakaipa.¹⁷Tolani zwigogo zwekuponesa nempfumo o mweya liri iro soko la Mwali. ¹⁸Paminamato yose nezwamunokumbira rambirani tshikati tshose mu mwya. mutshilinda pazwinhu izwi nokukozerera kose nokukumbirira vhaka lulama vhose.¹⁹Mundirambirirevho kuetera ndipiwe mahwi panditshavula ulomo. Kuti ndidujire ndisingahli zwakavhajika zve vangeri. ²⁰Ndezwe vhangeri ndakatumwa ndiri utumwa wayo wakusungwa namatale kuti ndizwilevhe ndisingahli , sezwandinofanira kulevha.²¹Titshikasi (Tychicus) , hama inodiwa noushumiri wakalulama muna ishe nditshaeta kuti zwose uzwizive ndokuti muzivhe kuti ndozwieta seni. ²²Ndakautumira kamuli netshinangwa kuti mukozivha kuti tiriseni kuti okokulujira mimoyoyo yenu.²³Lugale ngaguvhe kuvhatendi noludo nekutenda kuno Mwali na bhabha na ishe Jeso khristu. ²⁴Lugale ngaguvhe navhose vhanoda ishe wedu Jeso khristu noludo gusingaperi.

Philippians

Chapter 1

¹Paulo na Timothi ,vhalanda vha Kirisito Jeso,kuvha tswene vhose muna Kirisito Jeso vhali vhaFilipi ,navhataliri navhalanda vhegerekere. ²Makombolero ngavhe nemwi nolugale gunobva kuna Mwali Bhabha vhedu na Ishe Jeso Khirisito.³Ndinovhonga Mwali wangu tshikhathi tshose kana nditshikufunga, ⁴Pamwe nepamwe nditshirambira nditshilevha nezwizwo, nditshiyeta unamato unofalo. ⁵Nokuda kokusanganakenu pa ivangeri kubva pazuvha lokutanga kuswika iyezwino. ⁶Ndino zivha tshinu itshi, kuti iye wakatanga basa lakanaka mukati menu utshilipejisa kuswikira pazuvha la Khirisito Jeso.⁷Sezwakanaka kandiri kuti ndifunge sayezwo pazezulu penu mose zwandinomufungira mumoyo mangu mose makakomborlegwa pakusungwa kangu nepakusima ,nokukwatisa ivangeri. ⁸Mwali ndiye ufakazi wangu, ndino mutamira mose zwikugwane ne vhusiwana hwa Khirisito Jeso.⁹Ndizwo zwandinorabira: kuti ludo gwenu gulambe gutshingowanda pa kuhwa nekuhwisia kose ¹⁰kuti myeje muzivhe kuti zwinhu zwakanaka, ndizwiyo kuti muvhe vhakalulama, navhasina ulandu kuswikira pazuvha la Khirisito, ¹¹muzere zwibebo zwakalulama zwinovhu na Jeso Khirisito kuti Mwali avhe nokupenya nokulumbjijiwa.¹²Zwino ndinoda kuti muzivhe, vhana bhudi, kuti izwo zwakandiwira zwakato yendesa ivangeri. ¹³Nokudlalo , kuti kusungwa kangu kakazikanwa mungumba ya Ishe yose nokuna vamwe vhose kuti kuli muna Khirisito. ¹⁴Nevhanji vhana bhudi muna Ishe jakakhwatisiwa nokusungwa kangu,vhonyanya kukozerere kupalija soko la Mwali vhasingahli.¹⁵Umwe unopalija Khirisito negodo negakavha , vhamwe nemoyo wakanaka, ¹⁶Vhanwe zwavho vhanoyeta neludo, vhatshizivha kuti ndakagajiwia kuti nditavhirire ivangeri. ¹⁷Umwe unopalija Khirisito neswiri asingayiti moyo wakanaka, atshiti awejere nhamo pakusungwa kangu.¹⁸Zwisdindavha zwazwo? asi kuti Khirisito unopalija nezira jose kana namanokana neshuwa ndinofala nazwo,vhuye ndisingatshafala zwangu nazwo. ¹⁹Nokuti ndinozivha kuti nokuda kokukumbira kenu nokukhwatisiwa ke Mwya wa Jeso Khirisito.²⁰Zwandinotalira zwikungwane metalisiro kuti handinga shonisiwi, patshinhu tshimwe asi kuti, zwino sepa tshikhathi tshose ,tshokuhla kangu kose Khirisito utshakuiwa mumbiri

wangu kana novhupenyu kana nokufa.²¹Nokuti kandiri kuphira ndi Khirisito kufuma.²²Zwino kana nditshiphira panyama , izwo zwitshandipa zwibebo zwokubata kangu.Nditshakhetha tshipiyo? Handizivhi.²³Zwino ndinokombejegwa nezwinhu zwivhiri.Ndinoda kubva kuti ndivhena Khirisito nokuti ndizwo zwipinda nokunaka,²⁴asi nokuda kenu zwakanaka kuti ndigale munyama.²⁵Zwino nditshitenda tshinhu itshi, ndinozivha kuti nditshagalandikalamba ndidere nemwi mose,kuti muyenderere phada mufalepakutenda,²⁶kuti muzwilumbije zwikugwane muna Khirisito Jeso kana ndovhuya kamuli futhi.²⁷Asi endani zwoga zwakafanira ivangeri ya Khirisito,kuti tshero ndika vhuya ndikamuvhona tshero ndisipo, ndihwe pazezulu penu, kuti mumire nesimba ne Mwiya umwepeji,nemoyo umwepeji mutshigwira kutenda ke ivangeri.²⁸Musahla patshinhu tshimwepeji nevha nogwa nemwi.Nditsho tshitshavha sumbijiro yokupalaya kavhali,asi kamuli tshokuphija tshitshibva kuna Mwali.²⁹Nokuti nokuda ka Kharisito imwi makatendegwa kuti mulege kutenda kaali zwoga ,asi kuti mutambulevhonokuda kuke,³⁰imwi mutshigwavo nokugwa uku kamukavhona kandiru ,kamunozivha kuti ndinogwa nayezwi.

Chapter 2

¹Zwino kana kuvhalayigwa kulipo kuna Khirisito,kana kunyalaja keludo,kana kubatana ke mwiya,kana mumoyo nokuhwiravhusiwanu,²zwino zajisani ufalo wangu muvhe nokufunga kumwepeji,mutshivha noludo lumwepeji,nemwiya umwepeji,nefungwa imwepeji.³Musingahli tshinhu neswiri kana no kuzwikuja .Asi umwe no umwe ngaati nemoyo unoziwininipisa vhamwe vhono pinda iye pakunaka.⁴Umwe noumwe ngalege kutalira zwizwe,asi ngatalira nezwe vhamwevhon⁵Ivhani nemoyo yoyo wanga ulimuna Khirisito Jeso,⁶iye, tshero anga akafanana na Mwali,hana kuti kuyezana na Mwali nditsho tshinhu tshinofanira kubatisisiwa.⁷Asi wakazwiyyeta asina basa,akazwitolera tshimiro tsho ulanda, akabehwa noufananijo wounhu.Akati awanika sofananijo wounhu,⁸wakazwininipisa akayingira kuswikira palufu,lufu gwetshipambano!⁹Saka Mwali wakamuluja zwikugwane ,akamupa zina linopinda maziose,¹⁰kuti muzina la Jeso magona ose agwadame, kumakole na pasi na pasi penyika,¹¹kuti ndimi jose jibvumire jitshiti Jeso Khirisito ndiye Ishe, kuti Mwali Bhabha vhalumbijiwe.¹²Nayezwo, vhadiwa vhadiwa vhangu, sezwamunogira tshikhathi tshose,ndisanhu ndavhapo pejisani kuphijiwa kune nokuhla nekutetemera.¹³Nokuti ndina Mwali unobata mukati menu kuti mude futhi tuyete kuda kuke kakanaka.¹⁴Etani zwose musinga gunguli neswiri¹⁵kuti muvhe vhanhu vhasina tshavhangwa pomejegwa navhasinga tendi, vhana vha Mwali vhasina ulandu pakati poluji gwakakombana ,gwaka buda gwamupenya pakati pango setshijeja panyika.¹⁶Makabatisisa shoko lovhopenyu kuti ndivhe netshandinga zwilumbija natsho nezuvha la Khirisito ndizivhe kuti handina kugidima mahala kana kubata mahala.¹⁷Tshero ndikadulugwa pazezulu petshibayiro nebara lokutenda kenu, ndino fala nokufalisisa nemwi mose.¹⁸Nokuda kayezwo nemwivho mufale nokufalisisa nemi.¹⁹Muna Ishe Jeso ndinoti nditshamu lumbija kutuma Thimoti kamuli kuti nemi ndinofale ndahwa zwamuli.²⁰Nokuti handina umwe unhu unemoyo wakayeta souwe, utshavha nendavha nazwo zwenu.²¹Nokuti ivho vhanozwitswakira zwavho, zwisiri zwa Jeso Khristo.²²Asi muzivha kutendeka kuke,kuti akabata pamwepeji nemi pavangeri senwana unobatira bhabha vhavhe.²³Zwino ndiye wandinoti nditshautuma kamuli nokutavhangwa kana ndavhona kuti zwangu zwakayet seni.²⁴Asi ndinotenda muna Ishe kuti nemivho ndimene nditshatavhanya kubuya.²⁵Asi ndakati ndinofanira kutuma Ephafurodithasi kamuli.Ndibhudi vhangu,nouthusi wangu pamabhasa nepakugwa,utumwa wenu ne ushumiri wangu pakukonwa kose.²⁶Zwaanga atshimutamira,zwikungwane imwi mose, wakatambula tshayiko nokuti imwi manga mahwa kuti unogwala.²⁷Nokuti wanga atshigwala tshayiko ali paduze nokufa asi Mwali vhaka uhwira vhusiwanu,kuti imi ndilege zwoga asi nemivho,kuti imi ndilege kuwejerera nhamo pazezulu peyimwe.²⁸Nayezwo ndakakozerera kuutuma kamuli, kuti muuvhone futhi mufale nemi ndigere kuna vhenhamo.²⁹Nayezwo, muusangamijeni muna Ishe no ufalo wose,futi mukuje vhakadlalo.³⁰Nokuti nokuda kebasa la Khristo wanga oda kufa.Asingatshafunga vhupenyu huhwe atshida kukwanisa patanga tisingakoni kuwushumira iye.

Chapter 3

¹Pakupejisir, vhana bhudi, falani muna Ishe. Nokuti imi handitswenyiwi,noku munwalira futhi zwinhuzwiya asi zwinokhwathisa imwi. ²Talani kuze kuyimbwa.Talani kuze kune vhano bata zwakayipa.Talani kuze kune tala. ³Nokuti isu tiri vhopfumba tinorabhira Mwali mu Mwiya,tinozwilumbija muna Khiristo Jeso,tisingathembi nenyama.⁴Tshero,imi zwangu ndingathemba nenyuma.Kana kuno umwe unhu unoti ndinothemba nenyama,handina kuwana vhakawanda. ⁵Ndaka pfumbiwa nezuvha letshishanunanatu,ndiri woliji gwavha izirayeli, vhengumba yaBhenjamin,uttebheruwavha Hebheruzi pautemo, ndiri ufarisizi .⁶Pakukozerera kangu,ndakatambuja gereke;pakululama kunolehwa noutemo, pasina tshandingapomejegwa. ⁷Asi iyezwo zwanga zwiri fuma kandiri, ndikati ndiko kulasikigwa zwako nokudaka Kharisto.⁸Shuwa, ndinototi zwinhu zwose kulasikigwa zwako nokuda kokunaka kokuzivha Khiristo Jeso Ishe wangu wakalasikigwa nezwinhu zwose nokuda kuke ndikazwiyeta swina kuti ndiwane Khiristo. ⁹Ndiwanike maali, ndisina kululama kanga asi koutemo,asi kuli kutenda kuna Khiristo ndiko kululama kunobva kuna Mwali nezira yokutenda. ¹⁰Iyezwi kuti ndiuzivhe iye nesimba lokumuka kuke nokusangana naye pamatambujiko awe,ndifanane naye pakufa kuke, ¹¹kuti zwimwe ndiswike pakumuka kune vhakafa. ¹²Manditi ndatotshiwana, kana ndatokwanisa asi ndinokozerera, saka kuti zwimwe ndibate muna Khiristo Jeso zwaaka ndibatira. ¹³Vhana bhudi,imi handiti ndatotshibata.Asi ndinoyeta tshinhu tshimwepeji:kuka ngamwa zwakale nditshinanavhira kune zwiri phada, ¹⁴ndinokozerera kulamba nditshiyenda phada neumbono wangu kuti ndipiwe ubayiro wokudana kwa Mwali kunobva kumakole muna Khiristo Jeso. ¹⁵Nayezwo isu tose takakwana,ngativhe nomoyo umwepeji,kana imwi mune umwe moyo ,Mwali utshamusumbijara nayezwovh. ¹⁶Asi iyapo pataswika,ngatigale titshiyenda noutemo iwoyo kuti tifunge tshinhu tshimwepeji.¹⁷Ivhani vhatevheri vhangu, vhana bhudi.Zamani kutalira iyavho vhonoyenda sayezwo sezwa akatitungamirira isu. ¹⁸Vhanji vhonoyenda vhanji vhandakamuvhuja, nazwino ndinobhuzwavho nokulirira vhanoyenda vhalii vhavhengi vhetshi pambano tsha Khiristo. ¹⁹Kuguma kavho kupalija. Mwali wavho idumbu lavho,vhanozwilumbija pazezulu pewinoshonisa zwavho zwavhofunga zwenyika.²⁰Asi nyika yedu irikumakole,iko katakatalira kuvhuya ko phiji,Ishe Jeso Khiristo. ²¹Uyo utshsumbija umbiri wokuzwininipisa kedu kuti ufanane no umbiri wokupenya kuke nesimba iro laanokonavho nalo kuzwiyesera pasi pasi.

Chapter 4

¹Nayezwo, vhana bhudi madiwa vhandino tamira zwavhudi,ufalo wangu nekorona, mirani nesimba sayezwo muna Ishe,makadiwa. ²Ndokumbira zwikugwane Yudiya, ndokumbira zwikugane sentitshi kuti vhavhe nemoyo umwepeji muna Ishe. ³Yaa,newe vho, ungana wangu weshuwa ,pabasa ndokumbira kauli kuti uthuse vhanhukaji avha nokuti vhano thusana nemi pa ivangeri, pamwepeji na Kilementi na vhamwe vhakabata pamwepeji nemi, mazina avho alimubhuku yovhupenyu.⁴Falani muna Ishe tshikhathi tshose, Ndodovha futhi,Falani. ⁵Vhunyolo hwenu ngahuzikamwe vhase. Ishe uli paduze. ⁶Musafunganya pazezulu petshinhu tshi mwepeji.Asi pazwinhu zwose nekukumbira kenu ngakuzivhisiwe Mwali nokunyengetera nokuvhonga pamwepeji nokuvhong, ⁷zwino lugale gwa Mwali, gunopinda kuhwisisa kose, gutshalinda moyo yenu nefungwe jenu muna Khristo Jeso⁸Pakupejisira, vhana bhudi zwose zweshuwa, zwose zwinokuiwa zwose,zwinodiwa naapi kana tshingalumbijiwa tshipiyo ne tshipiyo, fungisisani nayezwo. ⁹Zwinhu izwo zwamakaguda nezwamakapiwa nezwamakahwa nezwamakavhona ngaavhe nemwi¹⁰Ndakafala zwikugwane munaIshe nokuti iyewino makapepuka futhi mukandilangalira zwenu asi makakomwa tshikhathi. ¹¹Handilevhi yezwo nokukomwa.Nokuti ndakaguda kutenda nezwose zwandi nazwo. ¹²Ndinozivha vhulombo ,ndinozivhavho kuvha nezwakawanda,patshinhu tshipiyo netshipiyo napazwinhu zwose ndakagudisiwa kuti ndizivhe kuguta nokuhwa zala, kuvhana zwakawanda nekusavhanazwo. ¹³Ndingayeta zwinhu zwose naKhristo unondikhwatisa.¹⁴Tshero zwakadlalo makayeta zwakanaka zwamakasanganisa nemi pakatambula kangu. ¹⁵Munozivha vho imwi vha Filipi kuti pakutanga ke vangeri, nditsibva Makedhonia, panga pasina gereke imwe yakasangana nemi pashoko lokupa noku sangamija,asi imwi mog. ¹⁶Nokuti nepa Tesalonika, makandituma lumwepeji nogwetshipiri futhi pakukomwa kangu. ¹⁷Handilevhi kudlalo kuti nditswake tshipo.Asi ndinotswaka tshibereko tshamunohofumisiwa natsho.¹⁸Zwino ndavha nezwose, ndafumisiwa ndaguta ndasangamija kuna Epafrodithe izwo zwinobva kamuli zwakayeta sehwema hunonuhwira, netshibayiro tshakafanira, tshinofadza Mwali. ¹⁹Zwino Mwali wangu utshazajisa kukomwa kenu kose pafuma iye mukupenya muna Khristo Jeso. ²⁰Zwino Mwali Bhabha vhedu ngavhe nokupenya nokusingaperi-peri,Ameni.²¹Mundimukisireni Mutswene umwe noumwe muna Khristo Jeso .Vhana bhudi vhanemi vhanomumukisa. ²²Vhatswene vthose vhanomumukisa zwikugwane iyavho vhengumba ya Khesari. ²³Makombolero alshe wedu Jeso Khristo ngaavhe nemwi mose.Ameni.

Colossians

Chapter 1

¹Pauli, upostola wa khristu Jeso nokuda ka Mwali no mutendi Timoti . ²Kuvhanhu vhatswene vha Mwali ne hama jakavhimbika muna Jeso khristu vhalu ku Kolose. Lugale ngaguvhe nemwi ne lunyalalo kubva kuna Mwali bhabha vhedu. ³Tinotenda Mwali bhabha vha ishe wedu Jeso khristu, tinoku rabhirira mose mazuva ose . ⁴Takahwa nezwelutendo gwenu muna khristu Jeso ne ludo gwamunago kuvhanhu vthose vha Mwali. ⁵Nokuti zezulu petalisiro yamatshengetegwa kudenga zwamakahwa kale pashoko le shuwa le vangeli. ⁶Iyo yakaswika kamuli nezira imwepeji iyeye ihwi liriku beba mitshero no kukula mu nyika, sezwa zwanga zwitshingoeta pakati penu ubva zuvha lamalihwa mukalihwisisa nyasha ja Mwali mu tshokwati.⁷Iri ihwi latakaguda kubva kuna Epafrasi , ulanda anoshumila Mwali watinoda akavhimbika kuna khristu kuluthungo gwedu. ⁸Epafrasi wakativhuja zwoludo gwenu mumweya.⁹Nokuda ko ludo hongu kubva zuvha latahwa hezwi hatina kumira kukurahirira . Tayikurahirira kuti uzajiwe ne luzivho ngokuda kuke muluzivho ngose nokuhwisisa mumweya. ¹⁰Kuti muende sezwinofanira ishe , mutshiuufaja panezwose utshibeba zwibebo pamabasa oseakanaka mutshikula pakuzivha Mwali kako.¹¹Nokukwatisiwa musimba lose nesimba lokupenya kuke mavhe nemoyo ulefoufalo; ¹²Mutende bhabha vhakaeta kuti muwane ukovhe munhaka ya vhanhu vhatswene vha Mwali mutshieja. ¹³Akatisunungula pasimba leswiswi akatiyesa muvhushhe hwa nwanakomana woludo hwavho. ¹⁴Watine jikinulo maali ndiko kukangamwigwa kezwivhi zwedu.¹⁵ndiye ufananjowa Mwali usingavhoneki dangwe lezwiseikwa zwose . ¹⁶Nokuti maali zwinhu zwose zwakasikwa zwirkudenga napanyika zvinovhoneka ne zwisingavhoneki kana vhushe kana vhubati, kana masimba , zwinhu zwose zwakasikwa naiyiye zwiripo nokuda kuke. ¹⁷Ndiye unotangira zwose zwose zwakabatana maali.¹⁸Ndiye usolo wombili ndiyo gerek . Ndiye wokutanga , dangwe lavhakamuka kuvhakafa, kuti iye avhe ukungwe pazvinhu zwose. ¹⁹Nokuti bhabha vhakafala nazwo kuti kuzala kose kugale maali. ²⁰Kuti naye ayananise zwinhu zwose kaali kuti iye avhe ukugwane pazwinhu zwose.²¹nemwi

vho kale mayivha vhafumba na vhavhengipakufunga kenu nemabasa enu akavhipa .²²Asi iyezwino wakamuyananisa paumbiri wenyama iye nokufa kuke kuti amuyese padda pape muli vhaatswene , musina ulandu musingapomegwi.²³Kana mutshilambira pakutenda makateyiwa mumire makakwata musingabvisiwi palutendo gwe vangeri yamakahwa , yakapalijigwa yanda yandaka yehwa upaliji wayo imi Paulo²⁴Zwino ndinofala pakutambujika kangu nekuda kenu, nditshizajisa panyama yangu zwakasala pamatambujiko a khristu nokuda koumbiri uwe iyo gereke.²⁵Ndiyo gereke yandakayetiwa upalaji wayo sezwandaka kovhegwa na Mwali zezulu kenu kuti ndizajise shoko la Mwali.²⁶Nditsho tshakavhajika ,tshanga tshakafukijiwa kubva pakutanga ketshikti neluji asi zwino tshakasumbijiwa vhatswene vhavhe.²⁷Kunayivho Mwali wakada kuvhazivhisa vhufumi wokupenya hwetshakavhajika iyetshi pakati pama Jentile tshokuti khiristu mukati menu taliro yokupenya.²⁸Iye watinopalija isu titshilayira unhu umwe no umwe vhanovhuthanyi hose kuti tiyese unhu umwe noumwe akakwana muna khiristu.²⁹Ndizwo zwandinobatiravho nditshigwa zwitshiyehwa nokubata kuke kunobata mukati mangu nesimba.

Chapter 2

¹Nokuti ndinoda kuti muzivhe kugwa kukulu kaninako zezulu penu. navhali pa Lawodisiya , navhose vhasina kumbovhona tshiso tshangu panyama. ²Ndino shumira moyo yavho kuti ikwatisiwe vhasunganijiwe muludo vhavhe nefuma yose yokuhwisia kakakwana, kuti vhasivhe tshakavhajika tsha Mwali iye khiristu. ³Maali fuma yose yoluzivho nokuzivha yaka mhulugwa.⁴Ndinolevha hezwi kuti kulege kuvha nounhu unomulasa namavhoko anonyengejera . ⁵Nokuti kunyangwe ndisipo panyama ndiripo nemwi pamweya ndinofala nditshivhona kuhwisisana kenu muna khiristu.⁶Sezwamaka sangamija khiristu Jeso ishe endani maali. ⁷Jikani miji maali nokuvhakwa kenu maali makakwagtisiwa pakutenda sezwamaka fundijiwa mutshinyanya kuvhonga .⁸Thanyirani kuti mulege kutapwa nounhu novhutshenjeri nokunyengerakusinamatulo, atshitevhera ulayo wavvhanhu nezwaku vhamba zwenyika asingatevheli khiristu. ⁹Nokuti kuzala kovhu Mwali kunogala maali paumbiri.¹⁰Maali nemi vho makazajiwa , iye muusolo wavhabati vhose mnama simba. ¹¹Maali nokupfumbisiwa kusingayehwi namavhoko umbiri wenyama utshibvisiwa nokupfumbisiwa kuli ka khiristu. ¹²Makavhigwa pamwepeji naye paku bhabhatijiwa pamakamusiwa vho pamwepeji nokutenda kenu simba la Mwali wakaumusa kuvhakafa.¹³Nemi imi manga makafa pakupfuka kenu napakusa pfumbisiwa kenyama yenu wakamupa vhupenyu pamwepeji naye . Wakakukanganwira pazwivhi zwenyu zwose. ¹⁴Wakajima lunwalo gwaigwa nesu pazwilevho zwanga gutshipesana nesu, wakalubvisa ingo pakati pedu akalulovhera pakatshipambano. ¹⁵Wakapalaja vhabati namasimba akavhabudisa patshena , akavhakunda mauli. ¹⁶Ngapalaje kuvha nounhu unomutongera mukudla kana mukumwa kana kuti nezweutambakana mweji utswa , kana nezwema zuvha e savhata. ¹⁷Iyi mibvuli yezwino vhuya asi umbiri ndewa khiristu.¹⁸Unhu ngalege kuvhapo unomutolera ubairo wenu nehole nokuzwijikitisa nokurambira vhatumwa atshivhimba nezwaaka vhona atshizwikuja pasina nokufunga kenyama. ¹⁹Hana kubatisisa muusolo . Umbiri wose unosanganisiwa nokusunganija zwisungo namalunda ndokukula nokukulisa ka Mwali.²⁰Zwino kana makafa pamepeji na khiristu kune zwekutoma zwenyika munozwiyesereni pasi pamirayiro samugere munyika. ²¹"Usabata, usalavhira ustswala." ²²Izwi zwose zwinofanira kupalajiwa kana zwinobatiwa nazwo mutshitevhera milayo nepfujo javhanhu. ²³Zwinhu zwakadlali zwakaeta sezwine vhuthanji pakurambira Mwali nokuda kavho nokuzwijikitisa , nokutambuja mimbiri , asi hazwina simba lokukunda kutshivha kenyama.

Chapter 3

¹Nayezwo kana makamusiwa pamwepeji na khiristu tswakani zwiri zezulu hoko kuna khiristu ugere kuludli gwa Mwali. ²Fungani zwiri zezulu musonofunga zwiri pasi. ³Nokuti makafa vhupenyu hwenuhwakavhigwa pamwepeji na khiristu muna Mwali. ⁴Kana khiristu iye vhupenyu wedu atshivhoke newivho utshovhoneka pamwepeji naye pakupenya⁵Nayezwo vhulayani mitezo yenuiri panyika inoti, vhupombwe, neswina, nokungula nokuda zwakavhipa, nokutshivha , ndiko kurambira zwifananijo. ⁶Nokuda kayiyezwo kutshamwa ka Mwali kunovhuya panezulu payhana vhe asingatevheri ulayo. ⁷Ne izwi zwinhu imwivho myifamba mutshigala mazwiri. ⁸Asi zwindomwi vho bvisani izwi zwose zwinoti, swiri,nokutshamwa ,nokuvhenga nokutuka, nokulevhoreka zwindoshonisa noulomo wenu.⁹Lengani kulevherana manyepo , zwamakabvisa unhu wakale namabasa awe. ¹⁰Mukafuka unhu utswa unovhandujiwa pakuzivha afanane noukausika. ¹¹Apo hapana u Giriki nou Judhakupfumbisiwa kana kusapfumbisiwa , mu babariaya , utongwa kana akasununguka , u skitiya kana ulanda, khiristu ndiye zwose iye ulimuna vhose .¹²Nayezwo savhasanangugwa vha Mwali vhatswene navhanodiwa, fukani moyo unokuhwira nomoyo unyolo nokusazwikuja novhunyolo nomoyo ulef. ¹³Muyeterane moyo ulef mutshikanganwirana unhu anoulandu noumwe, khiristu sezwaakukangamwira tuyete sayiyezwo nemwivho. ¹⁴Zwino nezulu kezunhu izwi zwose fukani ludo nditsho tshisungo tshinokwanisa.¹⁵Tenderani lugale gwa khiristu gutonge mumoyo yenu kuda ko lunyalalo kuti makadanwa muumbiri umwepeji. ¹⁶Soko la khiristu ngaligale mukati menu liwande nokutanya kose mufundijane nokulayijirana nemapisalema, nejimbo nejimbojomweya muimbire Mwali nenyasha mumoyo menu. ¹⁷Tshose tshamunoeta , muhwi kana mukueta etani zwose muzina la ishe Jeso khiristu . Mupe kutenda kuna Mwali bhabba kubulikija naye. ¹⁸Vakaji muzwiyeso pasi pavhalume venu se zwazwakafannira muna ishe. ¹⁹Vhalume idani vhakaji vhenu lengani kuvha nembiti navho nemoyo wakawoma kavhali. ²⁰Vhana ingirani vhabezi vhenu pazwinhu zwose nokuti ndizwo zwakanaka munashe. ²¹Vhana bhabba legani kutwenya vhana vhenu kuti vhalege kuvhola moyo.²²Vhalanda ingirani pazwinhu zwose vha ishe vhenu panyama ; legani kubata padda pameso avho savhafaji vhavhanhu asi nomoyo wakalulama mutshihla Mwali. ²³Zwose zwamunoeta muzwiete nomoyo wose sokunashe musingayeteri vhanu. ²⁴nokuti unoeta zwisina kululama utshapiwa zwisinalvo kululama zwaakaeta. hasi zwinovhoneka zwounhu zwinotendewa. ²⁵Kuno unoeta zwisakululama utshapiwa zwisakululama zwaakaeta, hasi zwinovhoneka zwounhu zwinotendewa.

Chapter 4

¹Majishe eterani vhalanda vhenyuzwakalulama zwakavhalingana mutshi zivha kuti nemwivho muna she kudenga.²Kozererani pakurambira mulinde pakuli nokuvhonga.³Mutirabhirirevho nesuvho kuti Mwali ativilile mikovha tizuwe tshakavhajika tsha khristu tshandaka sungigwa itsho.⁴Rabiirani kuti ndizwibvisire patshena sezwa ndinofanira kulevha.⁵Endani novhutshenjeri kune vhali paze mutshitanyira tshikati tshenu.⁶Kulevha kenu ngukuvhe nema kombolero tshikati tshote, kakalungwa nomunyu , kuti muzivhe kupindula umwe noumwe sezwamunofanira kueta.⁷Mutshizivhisiwa zwangu zwose na Thayitshikas hama inodikamwa upaliji wakalulama noulanda pamwepeji nashe.⁸Ndakautuma iye kamuli nenhaka heyi kuti muzivhe zwedu akhwathise moyo yenu.⁹Ndakautuma pamwepeji na Onesimasi hama yakalulama inodikamwa umwe wenu vhowha tshamuzivisa zwose zwapano.¹⁰Aristakasi usungwa pamwepeji nemi unokwazisa na Mako hama ya Banabasi (malayijigwa zezulu pape kana atshiswika musangamije).¹¹na Jeso unohwi Justasi. vhokupfumbisiwa ndiyavho vhoga vhanobata nemi pavhushe hwa Mwali ivho vhakandinalaja.¹²Epafrasi unomukwazisa umwe wenu ulanda wa khristu Jeso atshingwa tshikati tshose pakurambira nokuda kenu kuti mumire maka kwana mutshizivha vhutanzi kuda kose ka Mwali.¹³Nokuti ndinomupupulira kuti unotambujika zwikulu nokuda kenu navhaliku Lawodisiya nevhali ku Hayirapolis.¹⁴Luka ulapi unodikamwa na Demasi vhanomukwajisa.¹⁵Ndimukisireni hama jiri Lawodisiya neku Nimfa nekereke iri mumba mavho .¹⁶Kana manwalo awa alabwa pakati peno ngalabwevho mugereke yavho ye Lawodisiya nolungwalo Iwavho .¹⁷Vhujani Atshipas muti, "Talira basa lawakapiwa na she kuti ulipejise tshayiko."¹⁸Imi Paulo ndinomukwajisa nolungwalo loluvhoko gwangu . Langamirani kusungwa kangu. Makombolero avhe nemwi.

1 Thessalonians

Chapter 1

¹Pauli, Silvanasi na Timoti kha kereke yavha Tesalonika ili muna Mwali bhabhab naishe Jeso khristu. Lunyalalo nolugale ngazwivhe nemi zwitshibva kuna Mwali bhabba vhedu nashe wedu Jeso khristu.²Tinotenda Mwali tshikati tshose nokuda kenu mose titshimufunga vho pakurabhira kedu.³titshalamba titshilangalila basa lenu. linobva pakutenda nokutambulila vhamwe kunobva paludo nokozlelakunobva talisilo kuna ishewedu Jeso khristu panda ka Mwali bhabha vhedu.⁴Hama jinodikamwa muna Mwali,tinozivha kuti akakunangayi ,⁵nokuti vangeri ledu alina kuvhuiya nemahwi oga asi nesimba vho lemwiya nokuzivha futhi sezwatino zivha kuti tanga takaeta seni pakati pedu nokuda kenu.⁶Nemwi makavha vhalevheli vhedu navhashe zwamakasangamija bungo pamatambujiko nokufala kunobva mumweya utswene.⁷Nayezwo, makatungamilila vthose vhanotenda mu Masedoniya ne Akhayiya vhanotenda.⁸Nokuti bungo lashe lakabva kamuli lakahwika kose kusili ku Masedoniya ne Akhayiya asi kutenda kenu kuna Mwali kwakaswika kose saka hatifanikili kulevheleka tshinhu.⁹Nokuti ivho vhamene vhanopalija kupinda kedu kavhali kuti kanga kakaeta seni vhuye kuti makatendevhukila kuna Mwali mutshibva muzvijananijo mukarabhira Mwali muvhupenyuhwovhukuma .¹⁰Nokumilila mwanatukana uwe pakubva kumakole iye wakamusiwu kuvhakafa ndiye Jeso unotisunungula pakutshamwa kunovhuya.

Chapter 2

¹Nokuti nemwi hama jangu munoziva kuti kuvhuya kedu kamuli hakuna kuvha pasina. ²Asi tshero tikatambula nokuetegwa zwakayipa pa Fiulipi sezwamunozivha takakozerera kuna Mwali wedu tikamu palijira vangeri yamwali pakati pokujivhisiwa kukugwane. ³Nokuti kulayijira kedu hakuna kubva pakulasika kana pakufunga kakayipa kana pakunyengeja. ⁴Asi sezwandakateniwa naMwali kuti tipiwe vangeri ndizwo zwatinolevha tisingayeti kuti tifaje vhanhu asi Mwali. Ndiye oga unoyeja moyo yedu. ⁵Sezwamunozivha hatina kulevha mahwi okubata kumeso kana namano okukalira fuma , Mwali ithanzi. ⁶Tisingadi ukukuiwa navhanhu kana nemwi kana navhamwe tshero tayikona kumulemeja kwatiri mapositoria khiristu. ⁷Tanga tiri vhanyolo pakatyipenu souleri kana atshipembereja vhana vhavhe. ⁸Nayezwo takamutuvha ngamanda . Tikati zwakanaka kuti tilege kukovhana nemwi vangeri ya Mwali vhoga asi tshero nemwiya yedu vho nokuti manga madiwa nesu. ⁹Ndofunga hama jangu munolangalira kutambula nokugwa kedu taibata vhusiku namasikati kuti tilege kulemeja umwe wenu tikamupalijira vangeri ya Mwali.¹⁰Muli thanzi na Mwali vho kuti kuti tayiyenda novhu vhudi nokululama tisina tshatinga pomegwa kamuli imwi vhanotenda. ¹¹Sezwamunozivha kuti takaeta nemwi umwe noumwe wenu sabhabha vhanota navhana vhavho. ¹²Titshimulayijira titshimukwatisa titshimupupulira kuti muende zwakafanira Mwali iye unomudanira kuvhushe huhwe nokupenya kuke. ¹³Saka isu vho tinolamba titshitenda Mwali kuti patshikati tshamasangamija ihwi iro ihwi la Mwali lamakahwa katiri hamuna kulisangamija sehwi lavhanhu asi sehwi la Mwali liri iro nayiko linobata vho muukati menu imwi munotenda. ¹⁴Kamuli imwi hama jangu, makavha vhatevheri vhegerek ja Mwali jiri mu Judiya muna khristo Jeso nokuti nemwivho makatambujiwa seyezwo neluji gwenu sezwavhakatambujiwa ivho navha Juda. ¹⁵Ndivho vhakavhulaya ishe Jeso navhaporofita vhakati tata isu vhasingafaji Mwali vhatshigwa navhanhu vhose. ¹⁶Vhanotijivhisa kuti tilege kupalijira vha Jentile kuti vhalambe vhatshizajisa zwivhi zwavho asi kutshamwa kakajikittira panyezulu pavho kuswikira pakupejisira. ¹⁷Zwino isu hama jangu, zwatakapapambanisiwa nemwi tshikati tshituku pawumbiri pasipamoyo takakozerera ngamanda nokutama kukugwane kuti tivhone ne nemwi pameso. ¹⁸Nokuti tayida kuvhiuya kamuli imi Pawulo lumwepeji futi asi satani wakandijivhisa. ¹⁹Nokuti talisiro yedu ndiipyio kana ufalo kana korona yokuzwikuja nayo hamwinna panda pa ishe wedu Jeso khristo pakuvhuya kuke. ²⁰Nokuti mulikupenya kedu noufalo wedu.

Chapter 3

¹Saka zwatanga tisingakoni kukwata takati zwakanaka kuti tisiye tiritoga pa . ²Takatuma Timoti hama yedu ushumiri wa Mwali pa vangeri ya khiristo kuti amukwatise nokumukozereresa moyo pakutenda kenu. ³Kuti kulege kuvha nounhu unodengenyesiwa nenhamo iji nokuti munozivha muli imwi kuti takagajirigwa iyewzo. ⁴Suwa titshambovha kamuli takambomuvhuja kuti titshatambuiwa sezwazwakayehwa nemwi munozivha . ⁵Nahetshi tshiyetisi zwandanga ndisingatsha kona kukozerera dakamutuma kuti ndizivhe kutenda kenu nditshiti pamwe uyeji wakamuyeja hezwo zwatakambata zwikavha pasina.⁶Asi Timoti wakati aswika katiri ambobva kamuli ukativhuja mamhungon akanaka okutenda kenu noludo gwenu futi kuti munongoziti funga noufungo wakanaka mutshida ngamanda kutivhona isu sesuvho titshida kumuvhona imwi. ⁷Nokuti hama jangu takanyalajiwa panyezulu penu pakutambula kedu kose nenhamo nokutenda kenu.⁸Nokuti isu tinopira kana imwi makamira makakwata muna Ishe. ⁹Tingavhonga Mwali nenii panyezulu penu noufalo wose watinoi fala nawo panda pa Mwali wedu nokuda kenu? ¹⁰Vhusiku namasikati tinonyegetera ngamanda kuti tivhone tshiso kuti tizajise zwaka lebwa pakutenda kenu.¹¹Zwino iye Mwali bhabha vhedu na she wedu Jeso ngalulamisire zira yedu kamuli. ¹²Zwino ishe amukulise amuwajire ludo pakati penu navhose sezwatinoyeta isu kamuli. ¹³Akwatise moyo yenu kuti ivhe isina tshayingapomegwa pavhuvhudi panda ka Mwali, bhabha vhedu, pakuvhuya kashe wedu Jesoi pamwepeji navhanhu vhavhe vthose.

Chapter 4

¹Nayezwo pakupejisila hama jangu, ndinokumbila kamuli nokumutenda munashe Jeso kuti sezwamaguda katili noutovho wamunofanikila kuenda nawo unojuja Mwali kuti uwanne nokuti nokuengejela sayezwo . ²Nokuti munoziva watakamupa unobva kuna ishe Jeso.³Nokuti uku kuda kaMwali ndivhvhwutswene hwenu mulege mulege vhuphombwe. ⁴Kuti umwe neumwe wenuh azivhe kuzwiwanila ujiwo uwe utswene nokuukuja .

⁵Usingayiti makalo olutshivha Savha Jentile vhanga vhasingazivhi Mwali. ⁶Unhu ngalege kugetela hama iye zwakaipa kana kutshutshuja patshinhu iyetshi nokuti ishe ndiye utshivhi wazwozwose.⁷Nokuti Mwali haana kutidanila swina asi vhutswene. ⁸Nayezwo unolamaba iyezwo haalambi mwiya uwe iwo utswene⁹Zwino kana uliludo pakati pe hamahawufanikili kuti uyete kulunyorera asi iwe womene. ¹⁰Nokuti ndizwovho zwamunoetera hama jose jemaMasedoniya yose asi tinomuvhuja nokuti muwejere muwejelise pane yezwo. ¹¹kozelelelani kuvha nolugale umwe noumwe abate zwizwemubate basa namavhoko enu sezwandakamuvhuja. ¹²Kuti muende nezila yakafanila kuna vhalis kuze musingakomwi tshinhu.¹³Zwino hama jangu hatidi kuti mukomwe kuzivha panhezullu pavhete nduko kuti mulege kulila savhamwe vhasina basa. ¹⁴Nokuti kana titshitenda kuti Jeso wakafa akamuka nayezwo havho vhakavhata muna Mwali utshavha josela panhu pamwepeji naye . ¹⁵Nokuti tinomuvhuja bungo lashe kuti isu vhapenyu takasala kuswika pakuvhuya kashe hatingatongotangili vhakavhata.

¹⁶Nokuti ishe amene utshajikita kumakole nokudanijila nehwil loutumwa ukugwane nehwamanada ya Mwali vhakafa kuna khristuvhatshatanga kumuka . ¹⁷Zwino isu vhapenyu vhakasala titshatongwa panhu pamwepeji mumakole kuti tisangamije ishe kumakole . nayeszwo titshavha nashe tshikati tshose. ¹⁸Nayezwo nyalajanani nama mhungo hawo.

Chapter 5

¹Asi kana tshiri tshikati nemisi hama jangu hamufaniri imwi kuti munwaligwe tshinhu. ²Nokuti imwi mumene munzivhja zwavhudi kuti zuvha layishe linoswika sembava vhusiku. ³Kana vhatshiti lugale nokugalika iyapo kupalaja kutshatavhanyija kuvhawisa sokugwaja soukaji akazwi takula havhangva punyuki.⁴Asi imwi hama jangu hamulimuswi kuti zuvha iro litshamubata sembavha. ⁵Nokuti imwi mose muli vhana vhetsheja navhana vhamasikati hatiri vhovhusiku kana vheswiswi. ⁶Nayezwo ngatirege kuvhata savhamwe asi tirindire tiswinule. ⁷Nokuti vhanovhata vhanovhata vhusiku, vhano bahwa nedolo vhano batiwa vhusiku⁸Asi isu zwatiri vhamasikati ngatiswinule takasimira tshijitiro tshetshifuvha tshokutenda norudo, netshi gogo ne tarisiro yoluponeso. ⁹Nokuti Mwali hana kuti siyira kukwata asi kuti tiwane luponeso nayishe wedu Jeso khristu. ¹⁰wakatifira isu kuti kana titshi mirira kana titshivhata tipire pamwe peji naye. ¹¹Saka pembererani mukwatisane sezwamuinoeta. ¹²Zwino tinokumbira kwamuli hama jangu kuti muzivhe avho vhanobata pakati peno vhanokutungamirira muna ishe vhanokulayijira . ¹³Muvhakuje zzikugwane noludo nekuda kwebasa ravho. Ivhani nolugale pakati peno.

¹⁴Tinokumbira zwikugwane kamuli hama jangu kuti ulayo vhasingingirisi ulayo mukwatisise vhanopera moyo mutshigire vhasina mungo muvhe nomoyo ulefuna vhose. ¹⁵Mutanyire kuti umwe alege kutshivha umwe zwakaipa nezwakaipa Asi tshikati tshose mutevhore zvinhu zwakanaka umwe kuno umwe nokuna vhose. ¹⁶Falani tshikati tshose. ¹⁷Lambani mutshirabhira. ¹⁸Vhongani pazwinhu zwose nokuti ndiko kuda kwa Mwali kamuli muna khristu Jeso. ¹⁹Musongo jima mwiya. ²⁰Musanya ja zwino porofitiwa. Zamani zwinhu zwose mubatisise zwakanaka. ²¹Ejisani zwinhu zwose mubatisise zwakanaka . ²²Legani muluji ose ezwataida. ²³Mwali wolugale aliogo vhatswene kwazwo, mwuya wenu no moyo nomuvhiri zwitshengete tshaizwo zwisina zwazwi nga pumegwa pakuvhuya kwayishe wedu Jeso khristu. ²⁴Wakatendeka ndiye unokudanayi utshazwieta vho. ²⁵Hama jangu muti nyengetere vho. ²⁶Mukisani hama jose nokutseta kutswene. ²⁷Ndinokupikira naishe kuti marifhi avhaligwe hama tswene jose. ²⁸Makombolero nenyasha ja ishe Jeso khristu jivhe nemwi.

2 Thessalonians

Chapter 1

¹Paulo, Silivanasi, Timotiku kereke yavha Thesalonika muna Mwali baba iye Mwali Jeso khristu. ²Zwipo kamulinolunyalalogutshibva na MwaliJeso khristu.³Tinofanira kugala titshivhonga Mwali iwe ikulu titshi funga paku rabhira kedu. ⁴Isu vhene vhaswa tokuja negereke ya Mwalititshokozereralutendo muna zwose . ⁵Ndizwo zwino sumbija kuti vangeliyedu haina kuvhuya kwamuli nshoko loga asi nesimba , nemweya wakanaka nokuzivhwa kwavho sezwamayizivha kuti kaetase pakati peno nokuda kwenu.⁶Sokuita nemwi makavha vhatevheri vhedu navashe zwamasangamija shoko nafaro we mwioya wakanaka. ⁷Futi katiri taka tungamirira vhose vhayitenda tshikati Mwali Jeso atshivhuya kubva kumakole nevha tumwa vhavhe. ⁸Mumoto wayiduka izwi zwakaeteke pahavho ngavhasinga zivha Mwali nahavho vhanga vhsinganyajivangeliya Mwali⁹Vhatsha tambulila kutongwa kusingapeli kule novhupo ha ishe nokupenya ke simba la Mwali. ¹⁰Atshaeta izwi zuvha la anovhuya utshasimijiwa nevhatendi vha tswene vhatshifala vhose vhanotenda nekuti kupupulira kamuli kakatendewa. ¹¹Nayezwo nesu tinoku rabhirira tisingamili kuti Mwali agokulangalira kuti makafanira kdanijo nesimba lake atshazajikisa basa lokutenda nazose zakanaka . ¹²Tinorabhira izwi kuti zina la ishe Jeso lilumbijiwenemwi kaali ,nekuda ke nyasha ja Mwali ne ishe Jeso khristu.

Chapter 2

¹Iyezwino nokuvhuya ka ishe Jeso khiristu noku kuvhanganyiwa panu pamwepeji kuti tivhe naye takahwira vhusiwana vhakulu. ²Kuti mutavhanye kusunungugwa. pakufunga kwedu kana nemweya neshoko, kana netsamba ino ihhoi inobva kwatiri mutshivhi zuvha la khiristu laswika.³Ngakulege kuvha nounhu unokunyengeja nezira ipi zwayoatshiti zuvha ilo haliswikana kusat ikwatanga kuvhuya nonhu wezwivhi manatukana wokulasika asanu avhoneka. ⁴Iye unogwa atzshizwikuja pazose zwinoti Mwalikana zwinorabhigwa nokudla unogalasa Mwali mutemberiya Mwali atshizwieta Mwali.⁵Munofunga ndinemwi ndakamuvhuza zwinhu hezwi. ⁶Zwino munozivha tshino jivhisa asumbije netshikati tshitshe. ⁷Nokuti tshaka jumbika tshotobata basa asi zwitshaetewahazwo kuswikira iye atshibvisa zwinhu atshibviswa.⁸Iye usina kululama utshavhonekwa .Iye utshavhalawa naishe Jeso no mweye wolomo uwe utshapalaja noku vhonekwa noku vhuya kuke. ⁹Kuvhuya kuke kukaeta sama basa satani nesimba lose, nezwisumbijiwa nezwino mangaja zokunyepa. ¹⁰Nokunyengera kose kokusalulama kuno vhano parara , nokuti havhana kusangamija ludo zweshuwa kuti vhaphijiwe.¹¹Saka Mwali unotumila simba lo kukanganisa kuti vhateere manyepo. ¹²Kuti vhose vhasina kutenda zweshuwa vhakafanira zwisina kunaka vhatongwe. Isu tinofanira kuvhonga Mwali tshikati tshose pamusoro pedu.¹³Hama jangu wakamutanjira kubva pakutoma kuti muponeswe makanaka nelutendo zweshuwa. ¹⁴Izwo zwekunanirayi ne vangeri yedu kuti mumwe penya kwashe wedu Jeso khiristu. ¹⁵Nayezwo ham jangu mirani makakwata mutshengete milayo yamafundijiwa kana shoko kana tsamba yedu. ¹⁶Zwino ishe wedu Jeso khiristu na Mwali bhabha vhedu vhakatida vhakatipa nyasha javho kulayija kusingaperi metalilo yakanaka. ¹⁷Ngavhavhalayije moyo yenuvhamukwatise pamabasa ose nama shoko ose akanaka.

Chapter 3

¹Hama jangu mutirabhirire kuti shoko lashe lipinde likuiwe sezwazwinoita kamuli vho . ²Vhuye kuti tisunungugwe kuvhanhu vhasina kunaka , vakayipa nokuti navhose vhanotenda . ³Ishe ndiyе waka tendeka utshakwatisa nokuchengei kuna wakaipa . ⁴Tinokutendai munashe kuti munoetemutshalamba mutshetaizwozwatamu layijira . ⁵Dai Mwali amusumbija mimoyo ku ludo gwa Mwali noku shingirira kuna khristu.⁶Zwino hama jangu tinomurayira nehwı ishe wedu Jeso khristu kuti mubve pahana imwe kuti mubve pa hama isingatambi nenzira yakafara isangaingiri milayo yamakapiwa nesu. ⁷Nokuti munozivha muli mogu kuti munofanira kutevhera isu . kuti hatina kuenda nezira yasina kufanira pakati penu. ⁸Hatina kudla zwekudla two unhu tisina kubhadira asi takabata basavhusiku emasikati. ⁹Asikuti hatina simba asi kuti tikutungamira mutevhhere . ¹⁰Nekuti netshikati tshatavha kwamuli taka mulayijira yezwo kuno inhu atshi lamba kubata basa ngalege kudla vho. ¹¹Nekuti tinohwa kuti vhamwe pakati penu havhaendi nezira yakafanira vhasina tshavhanobata vhasingaregi zwavhamwe. ¹²Vhanhu vhakadlalo tinovhalayijira nokukumbira kwavhari muna ishe Jeso khristu kuti vhabate nokunyalala vhadlo zwa ludo zwavho vhoga.¹³Asi imwi hama jangu kuti musapera simba pakuita zwakanaka. ¹⁴pana panounhu angayingiri shoko ledu yetumba iyimutalisise umunhu uyo kuti mulege kuyenda naye ashonisiwe. ¹⁵Legani zwenhu kuyeja muvhengi mumulayijire se hama.¹⁶Iyezwino Mwali wapa lunyalalo iyepaka kutshikati tshose Mwali ngavhe nemwi. ¹⁷Imi Paulo, kumwala imi noluvhoko gwangutshinu itsho tshisumbija palunwalogwangw. ¹⁸Makombolero a ishe Jeso khristu ngavhe nemwi . Amen.

1 Timothy

Chapter 1

¹Paulo upostori wa Jeso khristu nokuda ka Mwali nokuda netshipikigwa tsho vhupenyu hwaaali muna khristu Jeso. ²Kuna Timoti , mwana wangu unodiwa , makombolero netsitsi nolugale zwinobva kuna Mwali bhabha , na khristu ishe wedu ngazwivhe newe.³Ndakakukulujira zwikulu nditshibva Masedoniya kuti usale kEfasasi kuti ulayire vhamwe vhanhu kuti vhasa gudisa zwisili zwa Mwali vhas funza jimwe funzo. ⁴Kana kulangalira ngano nemazina avhatetegulu asingaperi zwinogo musa kani kune kuita ka Mwali nolutendo⁵Asi tshinovhalajia noutemo ndigo ludo kunobva pa moyo wakatshena napa moyo wakanakam napakutenda kusinganyengeri. ⁶Vhamwe vhakalasika pa zwinu iyezwo vhaka pamuka vhanolevheleka zwisina basa. ⁷Vhakada kuvha vhafundiji woulayovhasingazivhi zwano levha kana zwavhano simbisa. ⁸Asi tinozivha kuti ulayo wakanaka kana titshitshumisa kakanaka.⁹Tizivhe kuti utemo hauna kuyetegwa vhakalulama vhoga , asi vhasina vhasina ndavha noulayonevhasinga tereri navhasingadi Mwali. navhano lovha vhana baba nanorovha na mayi navhano vhulaya vhana. ¹⁰Vhupombwe , tshivimbili navhalume navhanoba, navhano revha nhema vhanopika nhema vhuye tshimwe tshiri ko tshinopesana nejimwe pfunzo yakanaka.

¹¹Sezwinolevha vangeri noku hwinya ka Mwali womufalo wandaka piwa ini¹²Ndinomuvhonga iye khristu Jeso ishe wedu wakandipa simba wakati ndakatendeka andiessa pabasa lile. ¹³Kana nenı, ndaswena Mwali noku mutambuja ndieterevhahu zwakanaka asi ndakaetegwa vhusiwana notanga nditshizwi pakutenda. ¹⁴Asi makombolero ashe wedu jawanda zwigugwane okutenda gulu muna khristu Jeso.¹⁵Ishoko letshokwadi tinofanira kutendiwa tshaizwo kuti khristu Jeso wakavhuya panyika kuno ponisa vhakaki avho imi ndiri ukugwane wavho. ¹⁶Asi nayiyezwo ndakaetegwa vhusiwana kuti khristu asumbije uwe wose mulefumandiri . Ini ukugwane wavhatshinyi ndivhe tshisumbijo kuna vhanotenda kwaali zwinovhaisa ku vhupenyu vhusingaperi. ¹⁷Zwino iye ishe usingaperi usangafi usingavhoneki . Mwali woga wakatanya ngavhe nokukujwa nokupenya nokusingaperi.¹⁸Basa iri lakalayijiwa ndinokupa iro,iwe Timoti mwana wangukuti sezwazwa polofitiwa kale pamusolo papo ugwe pfumo yakanaka mazwiri. ¹⁹Waka bata kutenda kunyepa kwalulama iyo vhaka lasigwa nokutenda. ²⁰Vhamwe vhavho ndevhe mimwi na Satani,vhafundijiwe kuti vhalege kuserera Mwali.

Chapter 2

¹Nayezwo pakutanga kwezwose ndinolayila kuti vhanhu mose vhakumbiligwe , vharabhilige vhaledvhelegwe vhavhongegwe, ²kwema zishe navhose vhanoti vhakugwane kuti tigale nolugale nolunyalalo pakurabhila Mwali pose napamagalilo avhudi. ³Ndizwo zwinenge zwakanaka zwinofaja papanda pa Mwali upolesi wedu . ⁴Uyo unoda kuti vhanhu whose vhapolesi vhaswikilile pakuzivha vhutanzi.⁵Nokuti kunongovha na Mwali umwe peji routevhi umwe peji vho pakati pa Mwali navhanhu ndiye unhu wa khiristu Jeso. ⁶Akazwipila iye kuti avhe lujikunulo gwavhose tshivhe tshapupu netshikati tshakafanila. ⁷Itshatshanda kaetewa upaliji noupositolindinolevha shuwa muna khiristu handilevhi manyepo nougudisi wevha Jentile pakutenda kevhutanzi.⁸Nayezwo ndinoda kuti vharabhilire nyika jose vhatshimuluja mavvhoko matswene vhasina kutshamwa negakakavha. ⁹Sayezwovho kuti vhakaji vhasimile nhumbi jakafanila vhanoshona nokuzwijosa vhasavha neviji lakkalukiwa nemali kana mapalela kana nhumbi jinodura . ¹⁰Asi ngavhasimile mabasa akanaka sezwinofanila vhakadzi vhanoti vhanonamata Mwali.¹¹Ukaji ngaaazwigudise kunyalala nokuzwiesa pasi pana zwose. ¹²Anditendeli ukaji kuti azwigudise kana kuti avhe simba pamuselo pamurume asi nganyalale.¹³Nokuti Adamu wakatanga kusikwa kutshitevhela Eva . ¹⁴Naiye Adamu hana kutshutshujiwa asi ukaji wakatshutshiwa akapinda pakupfuka mulayiro . ¹⁵Asi mutshakombolelegwa nokubeba vhana kana vhatshilambila mukutenda noludo novhutswenekamwe peji nokuzwijosa.

Chapter 3

¹Isoko lenovhutanzi lokuti kana unhu atshitswaka basa lokuvhonesewa unoda basa lakanaka. ²Nayezwo, utaliri unofanira kuvha unhu une ulayo wavhudi , unofanira kuvha ulume woukaji umwepeji. unofanira kuvha asina tshaanga pomegwa akathanya atshiziva , ane ugaliro wakafanira, unoyetera vhapfumba ludo unofanira kuzivha kugudisa. ³asingadi wayini usingagwi ane moyo unyolo, asina khani usingadisi mali.⁴Unobata ngumba iye zwakanaka ane vhana vhanozwiyesa pasinougalira wose unokojiwa ⁵Kana unhu asingazivhe kubata ngumba iye angatshengeta seni gereke ya Mwali?⁶Asavha utendi utswa kuti alege kuzwikuja akawira mukutongwa na Satani.

⁷Vhuye futhi unofanira kupupuligwa navhali kuze kuti alege kuyejija nokubatiwa nemisungo ya Satani.

⁸Sayezwo vho vhashumuli ngavhavhe vhanokojiwa vhasina mahwi mavhi vhasingadi wayini yakawanda vhasingaliri fuma yakaipa . ⁹Vhanotshengeta zwakavhanda zwokjutenda muhana yakanaka. ¹⁰Nayivho ngavhatange nokuyejewa , ivho iyapo pashumire kana vhasina tshavha pomegwa.¹¹Nayezwo navhanhukaji ngavhavhe vhanokojiwa vhasingadi vhamwe vhakaswinula vhakatendeka pane vhose. ¹²Vhashumuli ngavhavhe vhalume vhano ukaji umwepeji. Vhanobata vhana vhavho nengumba javho zwakanaka. ¹³Nokuti avhovhakashumira zwakanaka vhanozwi wanira zina linokojiwa nokukozerera kukugwane pakutenda kavho muna khiristu Jeso. ¹⁴zwinhu izwi ndinokunwalira nditshitinditshatavhanya kuvhuya kaali. ¹⁵Zwino kana ndikanonoka ndinoda kuti uzivhe kuti vhanhu vhanofanira kuenda seni mungumba ya Mwali iyo gereke ya Mwali upenyu ,mbiri netshitshigiro tshe shuwa.¹⁶Hakuna angalamba kuti tshakavhanda tshokurabhira tshikugwane tshayiko tshokuti, " iye Mwali wakasumbijigwa panyama wakalulamisiwa pa Mwiya wakavhoneka navha tumwa , wakapalijiwa pakati pavha Jentile wakatendiwa panyika wakakujiwa mukupenya."

Chapter 4

¹Zwino mwiya unolevha patshena kuti patshi kati tshinotevhera vhamwe vhatshabuda pakutenda vhatshiingira mwiya unonyengejeranegudisoje mwiya wakaipa. ²Vhatshinyengejegwa nevhano levha manyepo vhakapisiwapahana javhonedale linopisa. ³Vhatshijivhisa vhanhu kuwanana nokulayijira kuti zwimwe zwokudla zwilegwe zwakasikwana Mwali kuti zwisangamijiwe nokuvhonga navhanotenda vhanozivha shuwa. ⁴Nokuti zwose zwakasikwa na Mwali zwakanaka hakuna tshinhu tshinofanira kulasiwa kana tshitshi sangamijiwa kana kuvhongiwa . ⁵Nokuti tshinoyehwa tshitswene ne soko laMwali nokunyengetera. ⁶Kana utshifungisa vhakulu zwinhu yezwiutshavha ushumiri wakanaka wa Jeso khristu. Nokuti unokula nemahwi olugale neugudiso yakanaka yawaka tevhela. ⁷Asi ulambe ngano jisina ndavha na Mwali nejetshembere nevhaka kwegula . Zwigudisa vhu Mwali. ⁸Kugudisa mbili kakanaka asi vhu Mwali wakakotsha ku zwinhu zwose. Kune hupenu hwa nhasi nohunovhuya. ⁹Isoko leshuwa linofanira kutendwa tshayiko. Nokuti ndizwo zwatino tambilira nokugwira . ¹⁰Nokuti talisilo yedu kuna Mwali upenyu uponesi wavhanhu vthosezwikugwane wavhanotenda. ¹¹Layijira nokugudisa zwinhu izwi. ¹²Unhu ngalege kuvhapo unosola vbutuku asi uyetere vhanotenda magwalo, pasokonepamayenderonepaludonepa mwiya nepakutenda nokululama. ¹³Shingilira kuvhala nepa kulayijira nepakugudisa kuswikira nditshivhuya¹⁴Usalega kutshengeta tshipo tshili mauli nokuporofita nokuyesewa mavhoko evhakugwane. ¹⁵Kozererayi zvinhu izwi . Ivhayi mavhali kuti kupindira kuko phanda kuvhoneke nevhanhu vthose . ¹⁶Uzwitshengete iwe nepfunzo iyo . Ulambire pazwinhu izwi nokuti kana utshieti iyewzo utshazwiphija iwe nevhanokuhwa.

Chapter 5

¹Usatuka unhu ukugwane ulayijire sabhabha navhatuku savhana. ²Navhanhukaji vhakugwane samayi navhatuku sezwajinokutshe komoyo wose. ³Kuyeja tshirikaji jiri tshirikaji tshayijo. ⁴Asi kana tshirikaji inavhana kana vhazukulu , ngavhatome ivho kufuda kurabhira Mwali pangumba yavho vhajosere zwakafamira kuvha bhebhi vhavho nokutindizwo zwinofaja Mwali. ⁵Zwino kana iritshirikaji tshaiyo yakasiyiwa iri yoga ndiyo ino temba Mwali inogala itshikumbira nokunyengetera vhusiku namasikati. ⁶Asi hoyo unokalira zwinofaja yakafa itshambo pira⁷Layijirayivho zwinhu hezwi zwavhudi kuti valege kuva netshavhanga pomegwa. ⁸Asi kana unhu asingatshengeti vhakanyi kuke ngamanda vhengumba iye walasa kutenda , wakayipa kukunda usingatendi.

⁹Tshirikaji ngayilege kunyorwa zina , asi kana yaswika makole makumi mashanhu nalinwe , wavha ukaji woulume umwepeji. ¹⁰Inokhuziwa panyezulu pamabasa akanaka kana yakalera vhana kana yaifanira vhapfumba kana yiyinguja soka javhatswene kana yayitusa vhalii mojoji, kana yaivharaira mabasa oswe akanaka.¹¹Asi ulambe tshirikaji kana vhatshiri vhakaji vhatuku nokuti kana jopambana na khristu jinotswaka kuwanika. ¹²Javha nemhaka nokuti jalamba kutenda kokutanga . ¹³Patshikati iyetshojinofunda kuva novhusimbe jitshi mona nejingumba hasimbe joga, asi vhaetivho vhamakuuhwa jisingalegi zwavhamwe jitshilevha zwisina kufanira.¹⁴Nayezwo ndinoda kuti tshirikaji nhuku jiwanike jibebe vhana jitshengeta ngumba jajo kuti jilege upa uvhengi zira yokupomera nayo. ¹⁵Nekuti vhamwe vhatopamuka vhatshitevhela Satani. ¹⁶Kana unhukaji kana unhulume utendi ane tshirikaji ngajituse gereke ilege kulemejiwa kuti ikotusa tshirikaji tshayijo. ¹⁷Vhakugwane vhanombata gereke zwakanaka ngavhahwi vhano fanigwa kukuiwa luvhiri ngamanda havho vhanombata pamahwi napakufundija. ¹⁸Nokuti lunwalo gunoti, "Usasunga ulomo wepulu inopula , nokuti futi umbala wakafanigwa noumbayiro uwe." ¹⁹Usangotenda ulandu unopomegwa ukugwane asi kana itshibva pamilomo yamafakaji mavhili kana matatu. ²⁰Vhanotshinya uvhajose panda kevhose kuti vhamwe vhakohla.

²¹Ndinomulayira shuwa panda ka Mwali na khristu Jeso navhatumwa vhakanangwa kuti utshengete zwinhu hezwi usingatongi usanhу wambohwa zwavhudi kana kueta tshinhu utshi pamusa vhanhu. ²²Usatavhanya kuyesa mavhoko nyezulu pounhu kana kusangana pazwivhi zwavhamwe uwitshengete kuti uvhe wakanaka.

²³Usalamba utshingonwa vula yoga asi umwe wayini nhuku yakalulamira mudumbu nokupoja nema lwajo akawanda. ²⁴Zwivhi zwavhamwe vhanhu zwinovhoneka patshena zwinotungamirira kutongwa kavho vhamwe futi vhanotevhewga nzwo. ²⁵Nayezwo vho kuna mabasa akanaka anovhoneka patshena nousina kudlalo hangajumbamisiwi.

Chapter 6

¹Vhose vhali vhalanda pasi pe joko ngavha vhatezi vhavha vhanonigwa kukuiwa kose kuti zina la Mwali neku gudisa zwilege kumhuliwa. ²Avho vhana vha Jeso vhanotenda ngavha lege kuzwieja zwajiri hama, asi zwi kugwane ngavava batire. zwavhali vhatendi ne vhanodiwa vhanotusiwa noku bata kakanaka gudisani zwinhu izwi uwzilayire. ³Kana kune unhu unogudisa imwe jijiso asingatenderi mahwi akalulama mahwi ashe wedu Jeso khristu , nejjiso inoyendera noku rabhira Mwali, ⁴unongo zwikuja usinga zivhi zivhi tshinhu , asi onongo kalira ubuzwo ne kani zwino musa , godo, negakavha , nokutuka , nokufungijira kaka ipa. ⁵nokukakavhajana kusingaperi kavhanhu vhano ulangalira vhaka vhalisiwa vhakatolegwa shuwa vhatshiti ku rabhira Mwali ndizwo fumisa ⁶Zwino kurabhira Mwali panhu pamwepeji noku tendeseka nezwa tinazwo ndizwo zwino fumisa tshaizwo. ⁷Nokuti hatikoni vho kubuda tine tshinhu. ⁸Asi kana tine zwokudla nezwokufuka titsha tenda nazwo. ⁹Asi vhanotswaka kufuma vhanowira mukuejiwa nokulemejiwa nokutshivha kovhu penjikuzwieja noku vhaeja zwino kuyendesa vhanhu muku paradzwa nokulasiwa. ¹⁰Nokuti kuda Mwali uji wezwakaipa zwose vhamwe vhatshida ngamanda vhaka pamusiwa paku rabhira vha kazwibaya ne sungu inji.¹¹Asi iwe unhu wa Mwali tiza zwinhu izwi utevere zwakanaka nokurabhira Mwali nokutenda neludo noku kozerera novhunyolo. ¹²Ugne kugwa kakanaka kokutenda ,ubatisise hupenyu husinga peri hwawaka danigwa kahuli ukapupula kakanaka panda kezwapupu zwinji.¹³Ndinokulaya panda ka Mwali unopa zwinhu zwose vhupenyuhwazwo na panda ka khristu Jeso, wakapupula kupupula kakanaka panda pa Pontiyasi Pilato . ¹⁴kuti utshengete ulayiro uisina luvhala usina tshaunga pomegwa kuswikira paku vhoneka ka she wedu Jeso khristu.¹⁵Patshano sumbiyiwa patshikati tshitshe iye oga waka kombolelegwa newa masimba ose ishe wemazishe. ¹⁶Iye oga asingafi ugere patshiyea tshisikoni kuti unhu asendere katshiri, usina kumbvhoneka nounhu, vhuye usikoni kuvhonekwa nokuijiwa nesimba lisiperi ngazwivhe kaali. Amen. ¹⁷Layijirani vhaftumi panyika yazwino kuti fuma isingaperi asi naMwali unotip two atshi wanja kuti fale nazwo . ¹⁸Kuti vhayete zwakanaka vhavhe fumi pama basa akanaka , vhaftalire kupa vhamwe noku kovhana. ¹⁹Vhazwi longejere fungwa jakanaka je tshikati tshino vhuya kuti vha batisise vhupenyu tshayibwo.²⁰Iwe Timoti tshengeta itsho tshauka piwa ufulatire kulevhoreka kusina kunaka na Mwali nokulamba kunobva pazivho inohwi zivho alimanyepo zwawo. ²¹Iyo yaka pupugwa navhamwe vhaka lasika pakutenda makombolero ngavhe nemi.

2 Timothy

Chapter 1

¹Pauro upositor wa Jeso khristu nokuda ka Mwali netshipikigwa tshovhupenyu hwaali muna khristu Jeso. ²Kuna Timoti mwana wangu unodiwa ; makombolero netsitsi , nolugale zwinobva kuna Mwali bhabha na khristu ishe wedu.³Ndino vhonga Mwali wandino shumira samazitategulu angu , nehamu yakatshena , kana nditshilamba nditshifunga pakukambira kangu vhusiku nama sikati. ⁴Nditshitama kukuvhona nditshilangalira misoji iya kuti ndizajiwe nokufala . ⁵Nditshafungisiwa kutenda kusinga luvhiriri kuli maulikayimbogala pakutanga muna magula vhavha Loyisi nomuna mayi vha Yunisi kandino zivha kuti kunogalavho mauli . ⁶Nemhaka iyi ndno kuyevhutshija ku ukunijiretshipiwa tshaMwali tshiri mauli nokuyesiwa pama vhoko angu. ⁷Nokuti Mwali hana kutipa mwiya wokuhla asi wesimba nowo ludo no wokuzwijola.⁸Nayezwo, usashonisiwa nokupupulira ishe wedu kana ini musungwa uwe utambule pamwepeji nemi nokuda ke vangeri nesimba la Mwali. ⁹Wakati piya akati dana kutidana kutswene zwisibvi pamabasa edu asi nokufunga kuke nemakombolero akatetera muna khristu Jeso tshikati jisanhu javhapo. ¹⁰Asi kuka sumbija nokuvhoka ka uponisi wede khristu Jeso iye wakalalija lufu akabudisa patshena vhupenyu nokusavhola nezira yeye vangeri. ¹¹Yandi tewa upaliji nou positoli nou gudisi kuvha Jentile¹²Nayezwo, ndatambula vho nezwinhu izwi asi handi shonisiwi nokuti ndinoziva tshayizwo kuti unokona kutshengeta tshandamupa kuswikira zuvha yero. ¹³Batisisa, zwawakasumbijiwa zwamahwi akalulama izwo zwawahwa kandiri mukutenda noludo guli muna khristu Jeso. ¹⁴Itsho tshakanaka tshakapiwa utshitshengete nomwiya mutswene unogala matiri. ¹⁵Unozwizivha hako kuti vhose vhali pa Ezhiya vhakandifulatira pakati pavho Figelasi na Hemojinasi. ¹⁶Ishe ngaete ngumba ya Onesiporasi nokuti kakawanda ukakwatisa asi shonisiwe neketani langu. ¹⁷Asi wakati aswika Roma ukandi tswaka zwikugwane , akandiwanu. ¹⁸Ishe auyitere tshinhu itshi kuti awane ngori kuna ishe nezuvha yero. Newe unoziwha vhukuma vhukugwane hwoku shumira kuke pa Efeso.

Chapter 2

¹Nezwo iwe nwana wangu ivha ne simba muma kombolero ne nyasha jiri muna khristu Jeso. ²Izwo zwawaka hwa kandiri panda kazwapupu zwinji uwippe vhanhu vhaka tendeka vhana konavho kugudisa vhamwe.³U tambule lumwe peji koga nemi so ugwi wakana wa khristu Jeso haku unhu unogwa pafuma uzwikakisa pamababsa ovhupenyu huhwo kuti akone kufaja yoyo wakatungamira kuhondo . ⁴Hakuna unhu unogwa pafuma unozwikakisa noku lovha asina kuvhona zwaka layijigwa. ⁵Nayezwo, kana unhu atshitatisana nevhamwe halumbijwi se mutatisi asingashumisi ulayo woutatisano.⁶Kakalulama kuti ulimi unobata basa awane ukovha wake kutanga. ⁷Fungisini zwandino levha nokuti ishe utsha kupa kuhwisia kezwinhu zwose⁸Langalirani Jeso khristu wakamuka kune vhakafa vholuji gwa Davida sevha ndinopalija pa vangeri yangu. ⁹Yandino tambilira kuswika paku sungwa sounyengeji asi ihwi la Mwali halina kusungwa. ¹⁰Saka ndino shingirira pazwinhu zwose nokuda kavha levhululi kuti navho vhawane kupira muna khristu Jeso lumwepeji tshete nokupenya kusingaperi.¹¹ihwi linolebesa linoti, "kana tafa lumwepeji tose naye titsha pila naye. ¹²Kana tika kozerera titsha bata vhushe pamwepeji naye kana taka ulamba iye unolamba. ¹³Kana isu tisina kutendeka iye unolamba akatendeka nokuti hanga zwilambi iye.¹⁴Uvhayevhutshije zwinhu izwi uvhalayire panda ka Mwali kuti vhalege kueta kani jisina ne basa , zwinovhapalaja vhano hwa. ¹⁵Shingayi kuti uzwi sumbije panda ka Mwali kuti unhu wa tendeka ubati usinga faniri izwe kushonisiwa unoshupa kululamisa ihwi lovhukuma.¹⁶Litshani kuzuwa kusingafaniri panda ka Mwali nokuti vhatshalamba vhatshingo nyanya pakusarabhira Mwali. ¹⁷Kutaula kavho kunozala setshilonda pakati pavho . Pakati pavho kuna Himnyis na Philetasi . ¹⁸vhakalasika vhakasiya mutshokwati .¹⁹Nhangwe zwakadlala nheyo yaka kwata ja Mwali jino mira jaka kwata naishe unoziwha vhavhe vhuye umwe noumwe unolivha zina lire na she ngabve pakusalulama. ²⁰Zwino mungumba hugwane mijivo ne Mali neye siliva zwoga yama tanda vho neyevu mimwe ino kujiva imwe isingakujivi. ²¹Naizwo, kana unhu atshizwinakisa kazwovho pazwinhu izwi utshavha ujiyo uno kujiva waka yehwa utswene wakakwana basa tenzi uka gajirigwa mabasa oseakanaka.²²Asi tiza kutshivha kovhujaha uvhinge kulalama nokutenda noludo nolugale pamwepeji zwoga navhano dana she nemoyo wakatshena. ²³Asi ulambe mibuzwo yovhupenzi nokusazivha utshizivha kuti zwiro beba kukakavhala.²⁴Zwino ulandu washe hafaniri kukakavhala asi avhe unyula kuvhanhu vhose unoziwha kugudisa unoshingilira pakuyegwa zwakaipa . ²⁵Unogudisa novhunyulo avho vhanouzivhisa kuti zwimwe zwa Mwali avhape kutenda vhuka vhakoziva vhutanzi tshaiho. ²⁶Vhapengenuke zwe vhabve pakumunikijika wa satani wanga akatiwa nanye kutivhayete kuda kuke.

Chapter 3

¹Zwino uzivhe tshinhu itshi, kuti namazuvha okupejisira tshikati tshoku tambula noulemo tshitsha swika .

²Nokuti vhanhu vhatshavha vhano zwida vhanoda mali vhanozwilumbija, vhano kuja , vhano tuka , vhasinga ingirisu vhabebi vhasinga vhongi vhasanhu vhali vhatswene. ³Vhasina ludo tshayigo , vhasingadi kuwirirana vhasingadi zwinhu zwakanaka. ⁴Vhano nyengejana vhasilangalira vhanota manyawi , vhanoda zwino faja zvenyika kupinda Mwali.⁵Vhanemifananijo yoga waku rabhira Mwali asi vhalasa simba lire ufulatire vhanhu ivhavho vho. ⁶Nokuti pakati pavho vhalipo vhano pinda mungumba vhatshi vherevheja vhatshi tapa vhanhukaji zwika lemejiwa nezwivhi zwikokojegwa nokutshivha kuka wanda. ⁷Zwinongogala zwifunda asi hazwikani kuswika pakuziva vhukuma.⁸Jeni na Jembero sezwa vhaka jivhisa Mozisi sayezwo ivho vhana zivhisa zwovhukuma vhali vhanhu vhane langalira jaka vhola vhaka lasika pakutenda. ⁹Asi hatsha pinda panda nokuti vhusewewule hwavho hutsha vhonekwa na vthose sezwa vhakaeta bwavho.¹⁰Asi iwe waka tevhera kufundisa kangu. nemayendero, nokufunga , nokutenda nemoyo ulefу noludo noku kozerera. ¹¹Nematambujiko , nenhamo izwo zwaka ndiwira pa Antiyoko napa Ikhoniyami, noku Lisita. Ndaka kondelera matambujiko makugwane andakahwa pazwinhu yezwo zwose ishe waka sunungula. ¹²Zwino navhose vhanoda kurabhira muna khristu Jeso vhatshatambuiwa. ¹³Asi vhanhu vhakayipa nevhanyengeji vhatshanyinyisa pakuyipa , vhatshi pamusa vhamwe nokuzwi pamusa ivho.¹⁴Asi iwe unondilambira panr zwauka guda zwika simbisiwa kawuli uzivhe kuti uka zwiguda kunani. ¹⁵Kubvira pavhutuku huhwa mahwi aka leruka onokona kukupa vhatshanyinyisa pakuyipa vhamwe nokuzwi pamusa ivho.¹⁶Lunwalo gose guka fulijigwa na Mwali gunotusa pakugudisa nokulayijira nokululamisa langa kuka lulama. ¹⁷Kuti unhu wa Mwali akwane agajirigwa kazwo mabasa ose akana.

Chapter 4

¹Ndinoku pupulira tshayizwo naye zwo panda ka Mwali nashe Jeso khiristu iye utshatonga vhapenu nevhakafa pakuna vhokutenda novhushe huhwe. ²Palijira ihwi lamba utshi dlala ntshikati yakafarira kana isina kufanira layijirani tuka langa nemoyo ulef uzikugwane ne izu gudisa. ³Nokuti tshifthinga tshitsha swika yavhatshalamba kutenderana jijiso yakulalama, asi vhatshida kufajiwa pazevhe javho vhatshizwivhunganijira jijiso pakutshivha kavho. ⁴Vhatshifulatija zevhe javho pashuwa vhatshipamukira kungano. ⁵Asi imwi swinhulayi pazwinhu zwose , tambujika , batayi basa lovhu vangeri upejise basa lilo zwavhudi. ⁶Nokuti imi ndotodulugwa . Tshikati tshangu tshokuenda tshaswika. ⁷Ndagwa kugwa kakanaka ndapeja gwendo gwangu ndikatshengetegwa korona yokulalama yanditshapihw na she utongi wakulalama nezuvha iyero handire ndoga asi ne vthose vhanoda kuvhoneka naye. ⁸Singayirayi kuti utavhanye kuvhuya kandiri. ¹⁰Nokuti Demasi wakandisiya . akada nyika yavezvino akayenda Tesalonika . Keresenzi akaenda Galatiya, Titasi akaenda Dalmatiya. ¹¹Luka onga unemi. Tola Mako uvhuye naye nokuti unonditusa tshaizwo pabasa. ¹²Tayikhasi ndakamutuma Efasisi . ¹³Ngugho yandakasiya pa Toroya kuna Khapasi uvhuye nayo pakuvhuya kuku nemabuku zwikuku magwalo amatebw. ¹⁴Alekizanda mupfuri wendarira wakandierter zwakayipa zwakawanda . Ishe utshawutshivha pakaeta napo. ¹⁵Newe utshenjere nokuti wakajivhisa zwikulu mashoko edu. ¹⁶Pakudavirira kwangu kokutanga kanga kusina unhu wakanditusa , asi vthose vhakandisiya. Ngavhalege kulavhira iyezwo. ¹⁷Asi ishe wakamira nemi akandisimbisa kuti ndipeje zwavhudi kupalija kangu kuvha Jentile ndikagwigwa pawulomo wndawu. ¹⁸Ishe utshandigwira pamabasa ose akayipa atshandilalamisa ndipinde muvhushe hwekumakole kopenya ngakuvhe kaali nokusingaperi . Amen. ¹⁹Mukisani Pirisika, Akhwila, nengumba wose wa Onesiphorasi. ²⁰Erastasinasara ku Khorinte asi Toropimasi ndikauusiya atshigwala ku Mayiritasi. ²¹Singayira kuvhuya mhepo isanhu yaswika . Yuburu ukamukisa , na Pudeni, Linasi, Kilawudiya navhose vhatendi nehama muna ishe Jeso . ²²Ishe Jeso khiristu ngavhe nemwi uwe ne nysha ngajivhe nemwi . Amen.

Titus

Chapter 1

¹Pawulo,utevhereri waMwali upositor wajeso Khristo nokuda kokutenda pavhaka nangiwo naMwali nokumuzivhisa zwavhukuma uli paku rabhira mwali, pasumbijo yovhupenu husingapei, ²hwaka pikira iye Mwali husinga tongolevha manyepo,tshikati tshisinga peri zwisanhu zwavhapo. ³Asi patshikati tshaka fanira wako zivhisa ihwi lire nokupalija kandika piwa noulayo waMwali Ulalamisi wedu. ⁴Kuna Tito,mwana wangu tshaiye pakutenda kedu tose. Makombolera vhusiwana no lugale zwinobva kuna Mwali Bhabha,naIshe Jeso Khristo,ulalamisi wedu ngazwivhe newe. ⁵Ndakakusiya pa Kerete nou landu hoyu,ku upejise kujira izwanga zwasala,nokugaja vhakugwane mumisa mikugwane yose sezwa ndaka kulayijira. ⁶Kana kune unhu usina tsha kapomejegwa ulume wokaji umwa peji,una vhana uhalulama vhasinga piwi ulandu havha zwijosi kana havha ingiris. ⁷Nokuti utaliri unofanira kuvha nounhu usina tshaano pomejegwaso tshengeti we ngumba yaMwali,asi eti kuda kuke,asi tavhanyiji kutshamwa asingadi wayini,asangagwi asinga levhereri wayini,asangagwi,asinga levhereri fuma yakayipa. ⁸Asi unoyetera vhapfumba ludo,unoda zwavhudi waka tanya waka lulama,utswene uno zwijosa. ⁹Uno batisisa ihwi lovrukuma sezwa lino gudisiwa kuti akone ku layijira nekugudisa yaka lulama,noku kunda vhano kakaja. ¹⁰Nokuti vhanji valipo vhasinga ingirsi,vhano levhereka zwisinga hwisisiki,vhano nyengerera,zwikugwane,vhakatatiwa. ¹¹Vhano fanira kukajiwa milomo yavho,vhano palaja mhuli tshaizwo zwavhano gudisiwa zwisina kufanira nokuda kefuma yakaipa. ¹²Umwe wavho uporofita wa kanyi kavho wakati,"vhakerete vhana gala vhatshi levha manyepo,zwivhanda zwakaipa nevhanokala vhano vhusimbe." ¹³Kupupula uku,ndikovhukuma nemhaka iyi uvhalaye zwiku gwane kuti vhululame pakutenda, ¹⁴vhalege kuingirisa ngano jajavha Judha,nemilayo yavhanhu vhano fulatira vhukuma. ¹⁵Kuna vhaka tshena zwose zwaka tshena;asi kuna vhakaswibisiwa vhasinga tendi hapana tshinhu tshaka tshena,asi kufunga kavho ne hama yavho zwakaswibisiwa. ¹⁶Vhanoti lino zivha Mwali asi ahuna ulamba namabasa avho,zwalivhanhu vhano nyangaja,vhasinga ingirisvhasinga fanigwe pamabasa ose akanaka.

Chapter 2

¹Zwino iwe,levhayi zwakafanira jijiso yaka lulama. ²Vhanhulume vhakugwane ngavhavhe vhaka swinula vhakuja,vhakatanya vhaka lulama oakutenda ,napaludo napakukozerera.³Saizwo vho vhakaji vhakugwane ngavhavhe nemayendera akafanira vhatswene vhasinga pamuki kana kuda wayini inji asi vhavhe vhagudisi vhakanaka, ⁴Kuti vhagudise vhakaji vhatuku,vhade vhalume vhavho nokuda vhana vhavho, ⁵vhavhe vhaka tanya,vhakatshena vhano gala pauza vhakanaka,vhano hwiisa vhalume vhavha,kuti ihwi laMwali lirege kunyaja.⁶Seyezwo vho vhanhulume vhatuku uvha layijire kuti vhavhe vhaka tanya. ⁷Pazwinhu zwose lwe umene uvha sumbije gwala lamabasa akanaka uvhe nokusokaka paku fundisa nemugaliro anokuiwa, ⁸nokulevhhereka kuka luga nokusingakoni ikunyajiwu kuti uno pesana nesu ashonisiwe asi netshinhu tshakayipa tshayanga levha panyezulu pedu.⁹Vhalanda ngavha zwiese pasi pavha tshinyi avho,vhavhafale pazwinhu zwose,vhasikakavhaji,¹⁰Vhasingabi,asi vhasumbiji kutendeka kavhudi kose kuti vhasongeje jijiso yaMwali ,upiri wedu pazwinhu zwose.¹¹Nokuti makombolero aMwali akavho nekwa jinovhigira vhanhu vhose kulalama. ¹²Tshitshati gudisa isu kuti tilambe kunabhira Mwali nokutshivha zwenyika tilalame nokutanya nokuluga ,nokurabhira Mwali patshi kati yetshi. ¹³takalira talisiro inofaja nokuvhoneka koku penya kamwali ukugwane upirisi wedu Kristo Jeso.¹⁴Waka zwipa nokuda kedu,kuti tijikunule vhavhe tshayivho vhano kozerera mabasa akanaka.¹⁵Levhani zwinhu izwi,ulayijire mulange nesimba lose,ngakulege kuvha nounhu mhula.

Chapter 3

¹Uvhayevhutshije kuti vhazwiye pasi pavha batu navhane simba kuti vha ingirise kuti vhavhe vhanhu vhaka zwigajirira kupata mabasa ose aka naka, ²vhalege kulevhera umwe zwakaipa vhalege kuvha negakavha vhavhe vhanwali vhayedtere vhanhu whose vhunyulo whose.³Nokuti nesuvho kale tayivha vhokusa funga,tisinga ingirise taka lakisa tiri vhalanda vhakutshivha kuka wanda nezwose zwino faja, tigere mukati mokuvhipa negodo,titshivhengwa titshivhengana.⁴Asi vhunyolo hwaMwali uponisi wedu noludo gugwe kuvhanhu zwakati zwavhoneka, ⁵wakati pirisa asinga zwiyeti nokuda kemabasa aka luga,tayeta isu,asi nokuda makombolera awe nezira yoku tshenesiwa kokubebwa kutswa kutshenesiwa Nomwiya Utswene.⁶Wakamawanja panyezulu pedu naJeso Khristo Upiris wedu, ⁷kuti isu tilalame ne makombolero awe tihwi vhadli vhenhaka nokuda ke talisiro yepenyu husinga peri.⁸Ihwu lovhukuma,vhuye ndinoda kuti ukwatis tshwayizwo zwinhu izwi,zwikuti tenda Mwali vhatanye kuti kuti vhalambe vhatshiyeta mabasa akanaka ndizwo zwakanaka ,zwino tusa vhanhu.⁹Asi munzwenge mibuzwo yovhusweyule nozino amazitategulu,nekani nokukakavhaja panyezulu poulayo nokuti zwisina basa,hazwina basa. ¹⁰Unhu uhwisisa zwakapindirija kana alayijiga limwapeji negwetshipiri,ulambe. ¹¹Zwaunonzi kuti wakadlalo waka pamuka unotshinya azwipa mhaka woga.¹²Kana nditshikutuma Atema kana Tayikhasi ukozerere kuvhuya kandiri nikopoli,nokuti ndakati nditshagala kutonhola yoko. ¹³Zenasi udujiri wolayo naAporo,uvhaye zwakanka pagwendo,vhalege kukonwa tshinhu.¹⁴Vhanhu vhedu ngavha gude vholamba vhatshiyeta mabasa akanaka,kuti vhatuse pano shota zwino fanira kuvapo,kuti vhalege kuvha vhanhu vhasina mbebo.¹⁵Vhose viali kandiri vhanoku mukisa ndimukisirevho vhano tida pakutenda,makombolero ngavhemwi mose.

Philemon

Chapter 1

¹Paulo,usungwa wa Khristo ,na Timoti hama yedu, kuna Filimoni, udikan wedu nounobata nesu, ²na Apfia hazwaji yedu,nokuna Arkipo ugwi pamwepeji nuse, nogereke iri mumba mume. ³Makombolelo nemwi, nolugale zwinobva kuna Mwali, Bhabha vhedu,na Ishe Jeso Khristo.⁴Ndinovhonga Mwali wangu tshikati tshose kana nditshimulangalira paminyengetero yangu, ⁵zwandinohwa zwoludo gugo nokutenda kaunako kuna Ishe nokuvhatswene whose. ⁶Ndinorambira kuti kukovhera kokutenda kuko ,kuvhe nesimba nokuzivhisa zwakanaka zwose zwiri maalimuna Khristo. ⁷Nokuti tinoufaloukulu nokunyalajiwa muludogugo, nokuti moyo yavhatwene yakalavhijiwa newe, hama yangu.⁸Nayezwo,kunyange ndisingahwi muna Khristo kumalayira kueta zwakafanana, ⁹nokuda koludo ndinoyeta zwokukumbira zwikulu, zwandakahlali zwangu,imi Paulo,mwana,vhuye zwino usungwa wa Khristo Jeso.¹⁰Ndinokumbira zwikulu kauli zezulu pomwana wangu,wandakabeba pakusungwa kangu Onesimo. ¹¹Wanga asingakuthusi kale, asi zwino unomutusa zwikulu iwe nemu. ¹²Ndauma futhi kamuli, naiyezwo iwe usangamije uyo uli vhula hwangu tshayibwo. ¹³Ndaida kuti ugale nemu, kuti pavhugalo huho andipalije pakusungwa kangu nokuda ke vangeri.¹⁴Asi ndanga ndisingadi kueta tshinhu.Iwe usanhu watenda kuti zwakanaka zwaungaeta zwilege kuyetiwa nokulovheregwasi nokuda kuko. ¹⁵Nokuti zwimwe wakalajanisiwa newe tshikhathi nowulandahoyu, kuti ukohovha naye nokusingaperi. ¹⁶Alege kuhovha ulanda, asi unhu unopinda ulanda, avhe hama inodiwa.Undiwa munyana nomu na Ishe,zwikulu kandiri,asi zwikulu futi kauli.¹⁷Zwino kana utshiti ndiri ukovherani newe, usangamijasezwaungandisanga mijia imi. ¹⁸Kana akakukhakhira kana kukukoloda,esayi zwose kandiri. ¹⁹Imi, Paulo, ndinozwimwala noluvhoko gwangu.Nditshalipa ndisingalevhi zwangu kuti zezulu kozwose unenge avha kandiri ndiwe umene! ²⁰Ndizwo, hama, ngandivhe noufalo kauli muna She; uzoloje moyo wangu muna Khristo.²¹Ndinokumwalira nokuti ndinotenda kuyingira kuko, ndinomwalila iwe. Ndinozivha kuti utshayeta vho kupinda pandinolevha napo. ²²Patshikhathi yetsho, asi ndigajirireyivho pokugala, nokutindinotilira kuti mutshandipiwa imi nokuda kokurambira kenu.²³Epafrasi, usungwa pamwepeji nemu muna Khristo Jeso,unokumukisa. ²⁴Na Mako,na Aristako,na Demasi,na Luka, vhanobata basa pamwepeji nemu. ²⁵Nyasa ja Ishe Jeso Khristo ngajivhe nomwiya wenu.Ameni.

Hebrews

Chapter 1

¹Mwali wakalevha kale kunana bhabha mumaporofita akalevha gwakawanda nezira jakawanda.²Zwino pakupejisira kamazuvhs yawo, wakalevhreka katili mumwanatukana waakayeta udli wenhaka yezwinhu zwose. zwiri maali kuti Mwali wakasanduluja.³Iye tshiyeha tshokupenya tsha Mwali nowufananijo uwe tshayiwo. Unotshengeta zwinhu zwose neyihwi lesimba lire . Wakati apejisa kuswaziwa kezwivhi , ukagala pasikulu vhoko goludli go vhushe kumakole .⁴Akapinda vhatumwa nokunaka seyezwo sezina laakagala nhaka yalo lakanyanya kunaka kupinda lavho. ⁵Nokuti wakambolevha kunani wavhatumwa Mwali akati, "Uli mwanatukanan wangu . Nasi nditshavha bhabha vhavho kana kuti wakambolevha kunani wavhatumwa Mwali kuti, "Nditshavha bhabha kaali futhi iye utshavha mwanatukana wangu?"⁶Asi futhi kana Mwali atshivhuyisa daje panyika unoti, "Vhatumwa vthose vha Mwali ngavha urabhire." ⁷Napanyezulu pavhatumwa unoti, "Iye unoyeta vhatumwa vhavhe kuti vhavhe mwiya navhalanda vhavhe kuti vhavhe udugo womoto.⁸Asi pamamwanatukana wakati, "Tshigalo tshenu imwi Mwali tshiriko nalinhi nalinhi. Neswimbo yokululumwa ndiyo swimbo yovhushe huho. ⁹Makada kululama mukavhenga kusalulama . Saka Mwali iye Mwali wedu wakamuzoja mafuta okufala kupinda vhangana.¹⁰Pakutanga Mwali makateya kutanga kenyika nemakole ndiro basa lamavhoko enu.¹¹Litsaperera asi imwi mutshalamba mulipo litshasakala senhumbi . ¹²Mutshalipeta setshinofukwa , litsha sandulijiwa senhumbi . Asi imwi hamusanduki, namakole enu haangagumi.¹³Asi wakambolevha kunani wavhatumwa Mwali netshikati tshipiyo . Galani kuluvhoko gwangu goludli kuswikira nditshiyeta vhavhengi vhavho tshitshiko thesoka jijo." ¹⁴Havhose vhatumwa vhemwiya ino shumira yakatumwa kundobata nokuda kavhanodla nhaka yokupiiwa nna?

Chapter 2

¹Saka tinofanira kuhwisia zwikugwane izwo zwatakahwa kuti tilege kukumbiwa²Nokuti kana ihwi lakanga laleha navhatumwa langa lakakwat nazwino kana kupinda kusayingira kose kakapiwa tshipo tshakanaka.

³Saka isu titshapapunyuka seni kana tisinandaba nokutusiwa kukugwane kukadlai? uku kukapalajiwa pakubangana ishe. kukakhwatisiwa katiri naivho vhakahwa. ⁴Naiye Mwali vho atshipupulirana navho nezwisumbijo nezwina mangajo, namabasa esimba manji, nezwipo zwe mwiya utswene nokuda kuke.⁵Nokuti nyika inovhuya yatinolevha haana kuyiyesa pasi pavhatumwa. ⁶Asi umwe wakapupula tshayizwo kune imwe nyika atshiti, "Unhu tshini? zwamunoufunga kana mwana woutukana wounhu zwamunouvakatshira? "⁷Makueta utuku pavhatumwa makawusimija korona nokupenya nokukujiva mukaubatisa vhushe hwemabasa amavhoko enu. ⁸Mukaesa zwinhu zwose pasi pesoka jije . Nokuti Mwali pakuyesa kuke zwinhu zwose pasi pape haana kusiya tshinhu tshimwepeji tshisina kuesiwa pasi pape. Asi zwino tigere kuvhona kuti zwinhu zwose zwakaesiwa pasi pape.⁹Asi tinouvhona iye Jeso wakaehwa utuku kuvhatumwa nokuda kokutambula kolufu wakasimijiwa korona yokupenya nokukujiva kuti nokuda kemakombolero a Mwali alavhire lufu atshietera unhu wose.

¹⁰Nokuti zwanga zwakafanira kuti Mwali wakayetegwa zwinhu zwose , nayezwo wakayeta zwinhu zwose pakuyesa kuke , vhanatukana vhanji pakupenya. Akwanise utungamiri hwokupijiwa kavho nezira yokutambula.

¹¹Nokuti uya unovhayeta vhatswene naivho vhanoetiwa vhatswene vhone vhakabva kunaumwe nendavha iyi hashoni kuvhaeta vhakulu. ¹²Zwaanoti, "Nditshapalijira hama jangu, zina lenu nditshamuyimbira pakati pegereke."¹³Nayezwo, "Nditshavhimba nayezwo." futhi, " talirani imi navhana vhandakapiwa na Mwali."

¹⁴Nayezwo, vhana zwavhakapakigwa lopa nenyama naiye vho wakakovhana navho panayezwo kuti nokufa kuke iye apalaje uyo unesimba lolufu , iye diyabhorosi. ¹⁵Okosunungula avho vhaivha vhalanda pavhupenyu hwavho hose nokuda kokudla lufu.¹⁶Nokuti ishuwa haana kutola tshimiro tshavhatumwa , asi wakazwitlera vhana vha Abhurahama. ¹⁷Nayezwo, wakafanira kuti ayezanise nehama jije pazwinhu zwose kuti avhenu prisita ukugwane une vhusiwana wakatendeka pa zwinhu zwa Mwali kuti ajikunule zwivho zwavhanhu. ¹⁸Nokuti Jeso zwaakatambula iye amene pakuejiwa kuke , unokona kutusa vhanoejiwa vho.

Chapter 3

¹Hama yakanaka hayikovherani nemu pakuerteriwa kunobva nyezulu . Fungani zwakanaka muvha postoli nemuvha Pirisita vhakugwane vhakupupula kedu iye Jeso khiristu. ²Wanga akatendeka kuna iye uka ugaj sa Mozisi vho mungumba iye yose . ³Nokuti uyu wakayi waka fanigwa kukuiwa kupinda Mozisi uvhaki wengumba sezwa anokuijiwa kupinda ngumba. ⁴Nokuti ngumba imwe neimweino vhakwa nounhu asi iye waka vhaka zwose ndiye Mwali. ⁵Zwino Mozisi anga akatendeka mungumba iye yose soulanda kuti avhe tshapupu tshezwinhu zwino fanira kulevherekwa. ⁶Asi khiristu samwana waunhulume wakayesiwa nyezulu pengumba iye tiringumumba iye isu, kana tika batisisa netaliro yatino zwilumbija panyezulu payo. ⁷Nayezwo zwinolevha mwiya utswene atshiti nasi kana mutshihwa ihwi lire. ⁸Musaomesa moyo yenu sapatshikati tshokutshamwisiwa nezuvha lokuejiwa mubani.⁹Pandakaejiwa navhana bhabha vhenu vhatshishupa vhakavhona mabasa angu makale ane makumi mana. ¹⁰Nayizwo ndakahwa sungu panyezulu poluji ugu ndikati vthagala vhatshipamuka pamoyo yavho asi havha i zivhi zira jangu. ¹¹Nayizwo, ndakapika paku tshamwa kangu ndikati havhangha pindi pazololo langu vhanotenda vhoga ndivho vhano pinda pazololo.¹²Hama jangu tanyirani kuti mukati noumwe wenyu mulege kuvha nemoyo wakipa usingatendi, mupamuke mutshibva kuna Mwali upenyu. ¹³Kwatisani zuvha limwe nelimwe kana kutshihwi nhasi kuti kulege kuvha noumwe wenu unoomesa kunyegwa nezwivhi.¹⁴Nokuti tavhakukovherana pamwepeji na khiristu kana titshibatisana ku vhamba kokutenda kedu kuswikira pamagumo. ¹⁵Zwitshi hwi , "Nhasi kana mutshihwa ihwi lire musawomesa moyo yenusapatshikati tshoku tshamwisanan." ¹⁶Nokuti ndivhana ani vhakahwa vhakau tshamwisa ? Havhasi vhone vhakabva Ijipita na Mozisi na?" ¹⁷Vhakahwa sungu makole ane makumi mana panyezulu pavhana ani? havho vhaka tshinya . Mitumbu yavho ikawira mubani na? ¹⁸Wakapinda panyezulu pavhanani kuti havhangha pindi panyezulu pape. ¹⁹Tinovhona kuti vhanga vhasinga koni kupinda nokusatenda kavho.

Chapter 4

¹Nayezwo , tshipikigwa tshokupinda muzololo lire zwatshitshisipo tinofanira kuhla kuti swimwe kulege kuvha noumwe wenu utsha wanika asinga faniri kupindamo. ²Nokuti takapalijigwa ivangeri sayivho, asi ihwi lavhakahwa halina kuvhatusa nokuti halina kusanganyiwa nokutenda kaivho vhakahwa.³Nokuti isu vhakatenda tinopinda pazololo yero, sezwa akalevha atshiti, "Nayezwo.ndakapika paku tshamwa kangu ndikati, havhangapindi muzololo langu." Nhangwe mabasa awe akanga akwanisiwa kubva paku vhambwa kenyika. ⁴Nokuti pane imwe bhulege waka levhereka panyezulu pezuvha leshanu nambili , "Mwali wakazolola nezuvha leshanu nambili pamabasa awe ose." ⁵Iyapo akati, "Havhanga pindi muzololo langu."⁶Nayezwo, ihwi zwalitshipo kuti vhamwe vhatshapinda paliri, futhi kuti avho vhakapalijigwa ivangeri kale havhana kupinda nokusa ingirisa kavho. ⁷Mwali futhi unota limwe zuvha, linohwi, "Nhasi," Ndizwo zwaanolevha na Davida nasi tshikati tshikugwane tshakadlali tshapinda sezwazwakambo lebwa kale zwitshihwi, "Nhasi kana mutshihwa ihwi lire , musawomesa moyo yenu."⁸Nokuti dlenu Joshuwa anga akavhapa zololo , Mwali wanga asingaho levha limwe xuvha pasule. ⁹Zwino zololo le Savhata lavhanhu vha Mwali litshipo. ¹⁰Nokuti uyo wakapinda muzololo la Mwali waka zolola iye alioga pamabasa awe sa Mwali pana awe. ¹¹Sayezwo, ngati kozerereni kuti tipinde muzololo yero. Kuti unhu alege kuvhapo unenge atshitevhera zira iyo yokusa ingira.¹²Nokuti ihwi laMwali ibenyu line simba lino pinja kupinda pfumo linotsheka kumativhi mavhiri, linobaya kuswikira pano palajana moyo nomwiya, namafundo nomongo, linotonga mufungwa nelangaliro jemoyo. ¹³Hakuna tthisikwa tshisinga vhoneki na Mwali, asi zwinhu zwose zwakavukugwa zwakavugwa pameso aiye watinofanira kuzwida vhirira kaali.¹⁴Nayezwo, zwatino upirisita ukugwane vhukuma wakapinda napakati pemakole iye Jeso mwana wounhulume wa Mwali ngatibatisise kulevhulula kedu. ¹⁵Nokuti hatina u pirisita ukugwane usingakoni kutihwira vhulombo pavhuxera hwedu. Asi wakaejiwa pazwinhu zwose sesu asene zwivhi. ¹⁶Nayezwo ngatisedere tisingahli kutshigalo tshovhushe tshemakombolero kuti tihwire vhulombo tiwane makombolero titusiwe netshikati tshakafanira.

Chapter 5

¹Nokuti upirisita ukugwane unogajiwa nokuda kavhanhu pazwinhu zwa Mwali kuti abayire zwipo nezwibayiro panezulu pezwivhi. ²Iye unokona kuhwira tsitsi novhusiwana kune avho vhasingazivhi navhakapamuka nokuti naiye mwene wazwo wakakomberejiwa novhutera. ³Nemhaka iyo , iye amene unofanira kuzwibayira panezulu pezwivhi zwizwe sezwaanobayira zwavhanhu.⁴Hakuna unhu angazwitolera basa heri asi kana atshidanwa na Mwali saiye Aroni. ⁵Sayezwo vho, khiristu haana kuzwikuja iye atshiyehwa u pirisita ukugwane , asi umwepeji unolevhoreka kaali ukati , "Ndiwe mwnatukana wangu nhasi ndavha bhabha vhavho."⁶Sezwaano levhavho pane imwe bulege , "Ndiwe upirisita nokusingaperi wegwala le ngumba ya mekizedeki."⁷Iye pamazuvha enyama iye khiristu wakavhuya kuna iye wanga atshikona kugwira palufu neminamato nekukumbira atshilira nokulira kukugwane nemisoji akahwika nokuda kuhla kuke Mwali. ⁸Tshero ali mwanatukana wakaguda kuyingira nezwaakatambulira.⁹Ukati akwanisiwa akahovha uvhambi wokupijiwa kusingaperi kune vhose vhanowuyingira . ¹⁰Ukahwi na Mwali upirisita ukugwane wegwalo lengumba ya Mekizedeki. ¹¹Tinamamhungo akawanda atingalevha panezulu pa Jeso anolema kumalevha zwamavha vhanhu vhasingakoni kuhwisisa zwavhudi . ¹²Nokuti tshero mayifanira kuvha vha gudisi zwino kana titshitalira tshikati mofanira kuti muvhe noumwe unomugudisa funjo zwokutoma zwokuvhamba kezwilevho zwa Mwali . Mavha vhanhu vhanofanira kupihwa ukaka vhasinga piwi zwakudla zwaka oma. ¹³Nokuti umwe noumwe unodya ukaka haahwisisi bungo lakalulama nokuti mwanautuku izwe, ¹⁴Asi ukatenga zwokudya zwikaoma ndizwa vhakugwane . vhanokuzivha kuka gudisiwa nezira yokulovhejiwa kuzivhisisa zwakanaka ne zwakayipa.

Chapter 6

¹Nayezwo ngatisiye bungo lokutoma ka khiristu tipindire panda paku kwanisiwa tisingaessi futi zwipozwokutendevhuka pamabasa akafa nejokutenda kuna Mwali. ²Ne jijiso yokulovhejiwa nekuesiwa mavhoko nezwekumuka kavhakafa nezwokutenda kusingaperi. ³Ndizwo zwatitshaeta kana Mwali atshititendera.⁴⁵⁶Nokuti kana vhalivho vhakavenekegwa, vhakalavhira tshipo tshanezulu vhakapakigwa mwiya utswene, vhakalavhira bungo lakanaka la Mwali namasimba enyika inovhuya , Kana vhakaphamuka , hazwieti kuvhatendevhusa futi. Nokutti vhanoho lovherera mwanatukana wa Mwali patshipambano vhatsshawushonisa patshena.⁷Nokutinyika iyo inoti kana yanwa vula inombosina pazezulu payo lunji ikabeba murivho yakafanira avho vhayinorimira - ndiyo inokombolegwa na Mwali. ⁸Asi kana ika beba mihra nelukato inoposiwa kule yobva yatukwa kuguma kayo ndiko kupisiwa.⁹Asi vhadikani , tshero titshirevherera hezwi tinozivha kazwo panezulu penu zwinhu zwinopinda nokunaka zwinoesa pakupijiwa. ¹⁰Nokuti Mwali hasantu avha asina kululama.ungakangamwa mabasa enu noludo gwamakasumbija nokuda kezina lire , zwamakashumira vhatswene mutshambovhashumira nazwo.¹¹Zwino tinoda kuti umwe noumwe wenu akozerere sayezwo kuti muvhe metaliro yakakwana kuswikira pakuguma. ¹²Kuti mulege kuvha novhusimbe asi muvhe vhatrevheri vhavho vhanodla nhaka yezwipikigwa nezira yokutenda nokushingirira.¹³Nokuti Mwali pakupikira Abhurahama , wakapika naiye mwene nokuti wakanga asina kugwane kaali akanga apika naye. ¹⁴Akati , "Nokukombolegwa nditshakukombolelavho , nokuwanja ndikuwanje vho." ¹⁵Ndizwo Abhurahama akati akozerera akawana tshipikigwa pakamirira¹⁶Nokuti vhanhu vhanopika nokugwane kavhali nokupika wokwatisisa ndiyo inogumisira gakavha lose pakati pavho. ¹⁷Sayezwo Mwali akati atshida zwikugwane kusumbija vhadli vhenhaka yetshipikigwa kuti tshirevho tshitshe hatshi pindugwi wakapinda pakati nokupika. ¹⁸Kuti nezwinhu zwinhu zwisingapindugwi nokuti pazira yaMwali hakoni kulevha manyepo, tivhe nokukwatsiwa kakabata yesu takatizira katalilo yakaesewa panda pedu kuti tibate .¹⁹Yatinayo setshibatiso tshomwiya taliroisingatengenyesiwi yakakwata inopinda kunezira mukati metshijitiro tshegereke. ²⁰Ulipi Jeso wakayenda isu tisanhu ukapinda mubulege akatimiririra. Iye akayehwa u pirisita ukugwane nokusingaperi nowulayo wa Mekizedeki.

Chapter 7

¹Anga ali mambo Mekizedeki weku Salema mupirisita wa Mwali wanyezulu waka sangana na Abhurahama pa kujoka kuke ando vhulaya vhashe vhaka kombolelegwa. ²Abhurahama akaupa tshegumi tsha zwose iye pakutanga , "Ishe wakalulama." kana zwitshisandulijiwa nokuti "Vhashe we Sarema" ndokuti, "vhashe vholugale". ³Asina bhabha asina mayi asina vhana makulu asina kutanga kwamazuvha kana kuguma kwevhupenyu .

Asiwakafanijiwa nomwana woutukana wa Mwali anogala ali upirisita nokusingaperi.⁴Zwino fungani kukula kounhu uyu wakapiwa natategulu Abhurahama tshegumi tshayaka apamba ⁵Zwino avho viali vhana vhotukana vhalevhi vhanopiwa basa lohvupirisita vhakalayijigwa nolayo kuti vhatole tshegumi kuvhanhu yoko kuhama javho nyangwe vhakabva mukunduja Abhurahama. ⁶Asi uyu asina kulayijigwa kuliji kwavhali wakapiwa zwegumi na Abhurahama wako kombolelegwa iye wanga akapikigwa.⁷Zwino hatingalambi kuti utuku ndiye unokombolelegwa neunopinda nokunaka. ⁸Vhuye pano vhanhu vhanofa vhanopiwa tshegumi asi anopiwa unolevhregwa zwitshihwi muvhupenyu. ⁹Zwino tingati nalevi unopiwa tshegumi iyevho wakapa zwegumi kuna Abhurahama?¹⁰Zwino nokuti Levi wakatanga ali mukundu ja bhabha vhavhe pakusangana Mekizedeki na Abhurahama.¹¹Nayezwo kana kukwanisiwa kavhapo nezira yevhu pirisita hwa Levi (nokuti vhanhu vhakapiwa ulayo nokuda kahwo), kathi umwe u pirisita wayifanira kuhomuka seni unoluji na aroni? ¹²Nokuti kana vhu pirisita hutshi tshitshiwa kauli noulayo unofanira kuti utshinjiwe vho¹³Nokuti uyu unolehwa zwinhu izwi panezulu pape no kuti angaasina kumbobata basa pa alitera. ¹⁴Nokuti zwinovhoneka patshena kuti vhashe vheduvhakabva kuna Juda panyezulu peluji ugu Mozisi hana kumbo levha zwavha pirisita¹⁵Izwi zwinosumbja zwavhudi kana kutshimuka umwe u pirisita akafanana na Mekizedeki. ¹⁶Musina kuetiwa upirisita noulayo wokulayigwa ke nyama asi nesimba lovhu penyu hwusingapejiwi. ¹⁷Iye unolevhelegwa kuti , "Upirisita nokusingaperi uneluji na Mekizedeki."¹⁸Nokuti ulayo wokutanga unokonesewa nokuda kovhusimbe hwawo vhuye nokuti hahuna basa. ¹⁹Nokuti ulayo hauna kukwanisa tshinhu zwino talisiro inopinda nokunaka ndizwo zwatinosedera nazwo kuna Mwali.²⁰Vhuya uhwe zwausina kupiwa. Vhamwe vhano vhuya kundoyeta vha pirisita pasina kupikwa. ²¹Asi ivho vhaka ehwa vha pirisita pasina kupikwa asi iye unopika kaali wakati, "Ishe wakapika haangazwidli moyo futhi. Iwe uli u pirisita nekusingaperi."²²Sezwo Jeso wakahwa ulanga wesununguko inopinda nokunaka. ²³Ivhi vhaivha vhakawanda nokuti vhakajivhisiwa nolufu kugalanokusingaperi. ²⁴Asi Jeso zwaanogala nokusingaperi unovhu pirisita vhusinga pindisiwe.²⁵Nayezwo, unesimba loku polesa zwavhudi kunayavha vhanovhuya kuna Mwali naye zwaapira nokusingaperi kuti avhalevherere. ²⁶Nokuti upirisita ukugwane wak dlali ndiye watayifanira kuvhanaye wakanaka usina tshakayipa usina kuswibisiwa wakapalajanisiwa navhatshinyi. waka kwijwa nezulu kumakole.²⁷Usingafaniri savhaye vhapirisita vhakugwane kubayira zuvha imwe nelimwe pakutanga penyezulu pezwivhi zwizwe pasule panyezulu pezwivhi zwa vhanhu. Nokuti wakaeta ezzo lumwepeji koga zwikapera pakuzwieta kuke tshibayiro. ²⁸Nokuti ulayo unogaja vhanhu vhane vhusimbe kuti vhavhe vha pirisita vhakugwane . Asi bungo lokupika lakatevherera mulayo , linogaja mwana woutukana wakakwanisiwa nokusingaperi.

Chapter 8

¹Zwino ihwi gugwane pahezvo zwatalevha timou Pirisita ukugwane wakagala kuludli gwe tshigalo tshovhushe bwanyezulu . ²Iye ushumiri wezwinhu zwitswene mowegereke ya ishe isina kumisiwa nounhu.³Nokuti u Pirisita umwe noumwe wakagajwa kuti abayire Mwali zwipo nezwibayiro. Nayiyezwo naiye wayifanira kuti avhe netshaangabayiravho. ⁴Nokuti dleno anga alipanyika , anga asingahovha u Pirisita , nokuti pane vhalipo vhano bayira zwipo sezwinolobwa noulayo. ⁵Ivho vhanoshumira ufananijo noubvuli wezwa nyezulu sezwakalayijigwa iye Mozisi oda kuyeta pokurabhirira . Mwali wakati, Talirayi uyete zwose noufananijo wawakasumbijiwa kuthavha,⁶"Asi zwino khristu wakaziva basa lakanyanya kunaka , sezwaali ulevhi wesungano ino pinda nokunaka yakakwatisiwa nezwipikigwa zwinopinda nokunaka. ⁷Nokuti dleno iya yokutoma isina tshayinga isomegwa yavhuvhili ingadleno isina kutswakigwa vhugalo.⁸Nokuti Mwali unovhapa ulandu atshiti, "Talirani mazuvha anovhuya ndizwo zwinolevha ishe - Anditshayeta nawo sungano itswa nengumba ya Isirayeli nengumba yavha Juda. ⁹Isina kuyeta sesungano yandakayeta nemijimu yavho pazuvha landakabata luvhoko gwavho kuti ndivhabudise munyika ye Ijipita. Nokuti havhana kulambila musungano yangu nemi handina kuvha nebara navho-ndizwo zwinolevha ishe-¹⁰Hoyu ndiwo ulanga wanditshayeta nengumba ya Isirayeli sule kama zuvha iyawo ishe vhanodlalo. Nditshayesa ulayo mumifungwa yavho nditshayi mwala mumoyo yavho. Nditshavha Mwali wavho nayivho vhatshavha vhanhu vhangu.¹¹Umwe noumwe hangahogudisa uwe kana umwe noumwe hama iye atshiti, 'zivha ishe'. Nokuti vthose vhatshandizivha kubva kuutuku kuswika kulikugwane pakati pavho. ¹²Nokuti nditshaavha novhusiwana nokusalulama kavho, nezwivhi zwavho handingazwifungi."¹³Nokudana ulanga 'utswa' , yakasakaja yokutoma zwino tshinhu tshosakala tshovha tshakale tshoda kungalangala.

Chapter 9

¹Zwino iyoyi sungano yokutoma yanga ine milayo yekurabhira Mwali nayo nengumba tswene yesango. ²Nokuti tebhanekevi yanga yagajigwa. Ngumba yoku toma manga mune tshigajiko tshelayiti nedafula , ne zwingwa zwokusumbija kuti ndipo panohwi patswene.³Zwino padda tshitvhijiro tshavhuvhili panga pane tathabenekeli yayihwi patswene. ⁴Panga pane ndiro yendalama nezwino nhuhwira , ne areka yesungano yanga yakanamwa mativhi ose ne ndalama. Iyamo, manga munehali yendalama yanga ine mana nethonga ya Aroni yakadlalo yokubatanija zwaka vhanda zwesungano. ⁵Panyezulu paya panga panama tsherabimu okupenya akajitira tshitibija tshengoni , hatikoni kulondejera iyezwo thitshiyeta tshimwepeji.⁶Zwinu hezwi zwakati zwagajigwa vha pirisita vhayipinda mugereke youtanga tshikatitshose vhatshibata basa la Mwali. ⁷Asi upirisita ukugwane ndiye oga ukapinda mungumba yavhuvhiri, lumwepeji pagole asingapindi anelopa laazzwivhulayira iye nezwivhi zwavhanhu.⁸Mwiya utswene utshasumbija tshinhu hetshi kuti zira inoyenda kubhulege tswene yanga isanhу yasumbijiwa thebhanekevi yokuthoma. ⁹Uya wanga uliufananijo wetshikathi . Tshavhanobayira natsho zwipo nezwibayiro zwisingakoni kukwanisa pamoyo iyo uyo unorabhira. ¹⁰Nokuti yayingovha milayo yenyama yezwokudla nezwokumwa nokungula kukulu yavhakatemegwa muumbiri kuswikira patshikathi tshakutshitshiwa.¹¹Asi khiristu wakati aswika ali upirisita ukugwane wezwinhu zwakanaka zwinovhuya akapinda napa thebhanekevi yakapinda pakukula napakukwana isina kuyehwa namavhoko ndiko kuti isavha yokusikiwa panyika. ¹²Haana kupinda nelopa lembuji kana lenamana asi nelopa lire tshayiro lumwepeji zwikapera pabhulege tswene akaliwanira lujikinulo gusingaperi.¹³Nokuti kana lopa lembuji nele ngombe namalota epanje kana zwitshoisasiwa zezulu kevhakaswibisiwa zwitshavheta vhatswene kuti vhanasiwe pa nyama . ¹⁴Kunyanya lopa lakhiristu iye wakazwieta no Mwiya usingaperi tshibayiro kuna Mwali tshisina tshatshinga pomejegwa litshatswenya moyo yedu pamabasa akafa kuti tishumire Mwali upenu. ¹⁵Nokuda kokuti iye ulevhereri wesungano itswa witshilevha kuti lufu zwagwakaswika kuhojikinula havho vhakatshinya pasungano yokuthoma vhakadamwa vhakapiwa tshipikigwa tshenhhaka isingaperi.¹⁶Nokuti apo pane zwido zwine simba vhanhu vhafa panofanira kuvhapo lufu gusanhu gwa eta. ¹⁷Nokuti zwido zwi nesimba kana vnhantu vhafa nokuti hatikovhi nesimba kana wakazwieta atshambopira.¹⁸Nayezwo, nesungano yokuthoma hayina kuvhambiwa pasina lopa. ¹⁹Nokuti zwilevho zwose zwakati zwelebwa kuvhanhu , Mozisi wakatola lopa lenamana nele mbuji nevula nenjara tsuku ne zwinonhuwira akasasa bhuku limene navhanhu vthose. . ²⁰Akati, "Iri ilopa lesungano yamakalayijigwa na Mwali."²¹Ndokusasa futhi sayezwo nelopa thebanekeli nemijiyo yose yokushumira nayo. ²²Nayiyezwo paulayo tingati zwinhu zwinenge zwinonasiwa nelopa kana kusinalopa linotevhuka hakuna kulegerera.²³Nayiyezwo mifananijo yezwiri kumakole yayifanira kuti inosiwa ne zwibayiro zwemhuka. Asi zwinhu zwokumakole zwmene kuti zwinasiwe nezwibayiro zwinopinda hezwi kunaka. ²⁴Nokuti khiristu hana kupinda pa bhulege tswene yakaetiwa namavhoko inofananija iyo iri tshayiyo. Asi wakapinda kumakole amene kuti zwinhu azwiyeso panda pa Mwali nokuda kedu.²⁵Nayezwo, hana kupinda kuti azwiyyete tshibayiro lunji lunji soupirisita ukugwane unopindapabulege tswene gole limwe ne limwe akabata lopa lezwimwe zwinhu. ²⁶Nokuti dlenu zwanga zwakadlalo ungadleno ayitambula lunjilunji kubva pakjuvhambwa kesango. Asi wakavhoneka lumwepeji pakupejisira ketshikathi kuti apalaje vhotshinyi nokuzwieta tshibayiro tshitshs.²⁷Nayiyezwo vhanhu zwavhakataligwa kuti vhafe lumwepeji kutongesewa kukotevhera. ²⁸Sayiyezwokhiristu wakaetegwa tshibayiro lumwepeji kuti aaxhwale zwinhu zwavhanji utshahovhoneka gwavhuvhili asinga xhwali zwinhi nayivho vhanoutevherera kuti avhapolese.

Chapter 10

¹Nokuti ulayo zwauno ubvuli wezwinhu zwakanaka kuti zwivhuye , usiri ufananijo tshayiwo wezwinhu yezwo . Iyavho vhano lamba vhatshibayira Mwali vhavhangakwanisi kukona avho vhanohwedera gole limwe ne limwe .

²Deni zwakadlalo zwingadleni zwisina kubayigwa naa? Nokuti navhanao rabbira kana vhanga vhatshenessiwa pamwepeji vhayidleni vhasina kuhofungisiwa zwivhi zwavho.³Asi nezwibayiro iyezwo vhanofungisiwa nezwivhi gole limwe ne limwe .⁴Nokuti lopa lebhoho ne mbuji halingakoni kutola zwivhi.⁵Saka khiristu ovhuya panyika utshati , "Tshibayiro nezwipo makazwilamba , asi makandigajirira imbir; ⁶hamuna kuda zwibayiro zwinopisiwa nezwibayoro zwezwivhi.⁷Zwino ndikati , "Talirani , ndavhuya sezwa kanwagwa mumabhuku nezwangu - kuti ndiyete kuda kenu Mwali."⁸Pakutanga wakati , "Zwibayiro nezwipo nezwibayiro zwinopisiwa nezwibayiro zwezwivhi hakuna kuzwida . Hakuna kufajiwazna." Zwiri izwo zwibayigwa Mwali sezwinelevha ulayo.⁹Zwino wakati , "Talirani Ndinovhuya kuyeta kuda kenu imwi Mwali ." Unobvisa tshokutanga kuti amise tshovhuvhili.¹⁰Nokuda yoko takayetiwa vhatswene netshibayiro tshoumbiri wa Jeso khiristu tshakabayigwa lumwepeji.¹¹UPirisita umwe no umwe unomira zuvha limwe ne limwe atshishumira nokubayira gwakawanda izwo zwisingakoni kubvisa zwivhi.¹²Asi khiristu uyu wakati abayira tshibayiro lumwepeji pazezulu pezwivhi akagala pasi kuluvhoko goludli gwa Mwali.¹³Wakamirira vhavhengi vhavhe kuswika vhayeta tshidhulo tshesoka jije.¹⁴Nokuti netshibayiro tshimwepeji wakakwanisa nokusingaperi avho vhanohehwa vhatswene.¹⁵Ne mwiya utswene unotipupuliravho nokuti wakatanga utshiti,¹⁶"Iyi ndiyo sungano yanditshayeta navho sule kamazuvha yawo , ndizwo zwinolehwa na ishe. Nditshayesa milayaoyangu pa moyo yavho nokunwala pafungwa javho.

¹⁷Zwino akadovha akawejereratshiti, "Zwivhi zwavho nokupfuka kavho handitshambozwifungijira.¹⁸Zwino kana zwivhi izwi zwikakanganwigwa hazwitshabayigwa.¹⁹Nayezwo vhakulu vhangu , zwatingakozerera kupinda pa bhulege tswene nelopa la Jeso .²⁰Nezira itswa mhenyu yakativhambira iye nokupinda kuke pamakhetheni egereke ndikakuti nyama iye.²¹Nokuti tino upirisita ukugwane mungumba ya Mwali .²²Ngatihwedere nemoyo weshuwa nokutenda kunesimba , moyo yedu yakswaswiwa kuti inasiwe pahana yakayipa nemimbiri yedu yakagujiwa nevula yakanaka.²³Ngatitshengete tshayiko kupupula ketalisiro yedu kuti ilege kudengenyeka nokuti iye wakapikira wakatendeka .²⁴Ngatilangane timusane moyokuti tivhe noludo namabasa akanaka.²⁵Tisalega kukuvhangana kedu sezwineleya vhamwe , Asi tilayane zwikugwane zwamuno vhona kuti zuvha loxhwedera.

²⁶Nokuti kana titshikhakha nehole kana titshisangamija zivhoyeshuwa hakuna tshibayiro pazezulu petshivhi.

²⁷Asi kungomirira titshihla kutongesewa nokutshammwa kunopfuta semoto kutshapeja vhavhengi vha Mwali.

²⁸Unhu unolamba ulayo wa Mozisi unoza asingahwiri vhusiwana kana panevhapupuli vhavhiri kana vhatatu.

²⁹Hamufungi naa kuti unhu akatshika mwanatukana wa Mwali , pasi pesoka jije futhi akati lopa lesungano lakayehwa tswene nalo - halina nethuso zwalo futhi akayeja mwiya wevhusiwana kuti iye hangahwi wakafanira nokulohwa kunopinda uku tshayiko naa?³⁰Nokuti tinouzivha iye wakati, Kulipija ndiko kangu; Imi nditshalipira ." Akati futhi, "Ishe utshatonga mhaka jevhahu vhavhe ." ³¹Zwinohlisa kuwira pamavhoko a Mwali upenyu!³²Asi fungani mazuvha akale amakati manonokegwamakakozerera pakugwa kukugwane kedambujiko.³³Pamwe nokuti makayehwa tshinhu tshinotalisigwa nokuyejiwamakakovhana nayavohvhakayetegwa iyezwo.³⁴Nokuti makahwigwa vhusiwana paku sungwa kangu , makatendegwaho noufalo kuti nhumbi jipambiwe mutshivha imwi mumene munefuma yakapinda nokunaka inogala iri kumakole.³⁵Nayezwo legani kulasa kusahla kenu kuno ubayiro ukugwane.³⁶Nokuti munofanira kuvha nokukozerera kuti kana mayeta kuda ka Mwali mukopiwa tshipikigwa.³⁷Nokuti tshikati tshituku tuku iye unovhuya utshavhuya asinganonoki.

³⁸Asi wakalulama wangu utshalamisiwa nokutenda. Zwino kana akajokera sule moyo wangu hawungafali naye.

³⁹Zwino isu hatiri ivho vhokujokera sule kuti tipalajiwe , asi tiri vhokutenda kuti tilalamisiwe nemwiya.

Chapter 11

¹Zwino kutenda ndigo kukwatiso gwe zwinhu zwatinatalira nesumbijo yezwinhu zwati singavhoni. ²Nokuti nayiko vhanhu vhakale vhakapupuligwa zwakanaka . ³Nokutenda tinohwisisa kuti nyika jikanyanyo logejiwa ne ihwi la Mwali nayezyo zwinhu zwinovhoneka hazwina kuyehwa nezwinhu zwinovhoneka.⁴Nokutenda Abheli wakabayira Mwali tshibhayiro tshakanaka kunetsa Khayeni, ukapupuligwa natsho kuti wanga akalulama na Mwali atshipupulira zwipo zwizwe nokutenda . Abheli utshangolevhhereka tshero afa izwe.⁵Nokutenda Enoki wakatogwa kuti alege kuvhona lufu. Hana kuvhoneka nokuti Mwali angautola. Nokuti asanhu atogwa wakapupuligwa kuti wanga atshifaja Mwali. ⁶Kana kusina kutenda hwazwitendi kuufaja nokuti unovhuwa kuna Mwali unofanira kutenda kuti iye ulipo vhuye unopa vhanoutswene ubayiro wavho.⁷Nokutenda Nowa wakati asevhegwa panyezulu pezwinhu zvisanhu zwavhoneka , ukagajira areka nokuhla Mwali kuti apiye mhuli iye. Nokudlalo ukapa nyika mhaka nazwo akagala nhaka yokululama kunovhuwa nokutenda.⁸Nokutenda Abraham akiati adanwa akayingira akabuda akayenda panhu paakahwi utshapapiwa pavhe nhaka iye. Ukabuda akayenda asingazivhi kaanoyenda . ⁹Nokutenda ukanogala soutongwa munyika yetshipikigwa. Ugagala mumadende ana Ayizeki na Jakobo vhadli vhenhaka. ¹⁰Nokuti wanga atshitalira nyika yakutanga ukoni nouvhaki ali Mwali.

¹¹Nokutenda , naiye Sara wakapiwa simba lokuvha netumbu tshero anga akegula, nokuti wanga akatendeka akawupikira. ¹²Saka kuunhu uyu umwepeji - wanga akayeta saafa - wakabva vhana vhakayeta senyereji jokumakole nokuwanda kavho futi soutavha uli paupendero wegungwa usingavhaliki. ¹³Iyavha whose vhakafa vhatshitenda vhasina kupiwa zwipikigwa . Asi vhakazivhona vhaka zwimukisa zwiri kule , vhakatenda kuti ivho vhapfumba navhayendi panyika . ¹⁴Nokuti vhanolecha zwakadlalo vhanosumbija kuti vhanotswaka nyika yavho tshayiyo.¹⁵Nokuti kana vhayilamb vhatshifunga nyika iyo yavhakabva kayili, vhaydleni vhanwana tshikati tshokujoka. ¹⁶Asi zwino vhanoda imwe inopinda nokunaka ndiyo yokumakole . Nayezyo Mwali haana soni panyezulu pavho kuti ayejiwe Mwali wavho nokuti wakavhagajirira usa . ¹⁷Nokutenda Abhurahamu atshiyefiwa wakabayira Ayizeki. Iye wanga asangamija tshayiko zwipikigwa , wanga atshibayira mwana uwe wakabehwa umwepeji oga. ¹⁸Ndi Abhurahama wanga avhuija kuti, "Muna Ayizeki vhana vhavho vhatshatumijiwa."

¹⁹Abhurahama wakati Mwali unokona kumusa Ayizeki tshero kuvhakafa iyapo vho kana titshilevhhereka noufananijo, kuti kavhali wakawujosera sule.²⁰Nokutenda Ayizeki wakakombolera Jakopo na Esawo nanyezyu pezwinohoyehwa. ²¹Nokutenda Jakopo pakufa kuke wakakombolera mwanatukana umwe noumwe wa Jesefa. Jakopo wakarabbira akahweyamira panyezulu peswimbo iye. ²²Nokutenda Jesefa kuguma kuke kavhaduze wakalevhhereka zwokubuda kevhana vha Izirayiri vhatshiyenda Ejipita akavhalayijira panyezulu pamafupa awe.

²³Nokutenda Mozisi pakubehwa kuke wakajumbwa navhanhenhi vhavhe mweji mitatu nokuti vhakavhona kuti wanga ali mwana wakanaka avhana kuhla ulayo washe. ²⁴Nokutenda Mozisi paanga akula, wakalamba kuhwi mwanatukana wousikana wa Faro. ²⁵Ukaketa kuyetegwa zwakayipa pamwepeji navhanhu vhaMwali pakufalira zwivhi tshikati tshituku. ²⁶Ukati kuyejiwa ka khiristu pakufuma kose ka Ejipita nokuti waka talira ubayiro.

²⁷Nokutenda Mozisi wakabva Ejipita . Hana kuhla kutshamwa ka Ishe nokuti wakakozerera sounhu unovhona iye asingavhoneki. ²⁸Nokutenda wakavhamba pasika nokusasa lopa kuti uvhulayi wamatanje asabata vhanatukana vhamatanje ama Izirayeli.²⁹Nokutenda vhaka ambuka gungwa dzuku sapanyika yakawoma. Vha Ejipita vhatshizama kuyeta yezwo vhakaminyiwa . ³⁰Nokutenda luvhoko gwa Jeriko gwakawira pasi, akomborejiwa mazuvha mashanu namavhili. ³¹Nokutenda Rahabbi tshifevhe hanakufa navhasina kuyingira nokuti wanga asangamija vhatengesi nolugale. ³²Nditshalevhhereni futhi zwimwe ? Nokuti nditshaperegwa netshikati kana ndikalevha zwa Gidionyi, Bharaki, Samisoni,Jefuta, Davita, Samuyeri navha porfiti. ³³Avha vhakakunda vhushe nokutenda kavho.Vhakayeta zwakalulama. Vhakapiwa zwipikigwa vhakavala milomo ye Ndawu. ³⁴Vhakajima simba lemoto, vhakatiza mapfumo anopinja , vhakakwatisiwa vhakavha nesimba pakugwa , vhakatatata hondo jamamwe maluji. ³⁶Vhanhukaji vhakapiwa futhi vhakafa vhavho vhaka musiwa . Vhamwe vhakapugwa vhakalamba kusunungugwa kuti vhawane kumuka kakapinda nokunaka. ³⁵Vhamwe vhakayejiwa vhatshisekwa. Nokuti futhi vhatshisungwa vhatshiyesiwa mujere. ³⁷Vhakalohwa namahwe. Vhakasunganijiwa vhavhiri vhavhiri. Vhaka vhulawa namapfumo . Vhakayenda vhakafuka zwikumba zwamakwayi nezwikumba zwembuji. Vhasina tshinhu, vhatshitambula vhatshiyetegwa zwakavhipa. ³⁸Nyika hayina kufanigwa navho. Vhatshimangala kujungayira mumataka nomumatavha, nomumapako, nomumakomba enyika.³⁹Avha vhanu whose vhanga vhakapupuligwa na Mwali nokutenda kavho, havhana kupiwa zwipikigwa . ⁴⁰Mwali anga atigajirira tshimwe tshinhu tshiri khwine , tshinopinda nokunaka kuti ivho vhalege kukwanisiwa kuze kedu .

Chapter 12

¹Nayezwo, nesu vho zwatikakomberejiwa negole lemfakazi lakakul lkadlali, ngatibvise zwose zwinolema nezwivhi zwinongoti nambatira hatigidime nokukozerera matange tange atikaesegwa panda kedu. ²Titshatalira kuna Jeso uvhambi noukwanisi wokutenda kedu. Iye wakakozerera patshiphambano nokuda koufalo wakaesewa panda kuke wakaswola kushonisiwa kavho andogala kuludli gwetshigalo tshevhushe hwa Mwali. ³Nokuti talirani uyo wakakozerera pakukakavhala kukadlali kavhakhakhi kuti imwi mulege kunyala nokupera simba pamwiya yenu. ⁴Mutshigere kulivhijira kuswikira lopa litshibuda pakugwa kenu nezwivhi. ⁵Nayiko makanganwa tshaizwo kulajira kunolevhhereka kamuli sekuvhanatukana mutshiti, "Mwanatukana wangu, usanyaja kulanga ka ishe usapera moyo kana utshilayijigwa naye. ⁶Nokuti waanoda ishe unoulaya unolevha zwikugwane mwana woutukana umwe noumwe waano sangamija." ⁷Kozererani zwenu moyo kuti mulaiwe. Mwali unobata nemwi savhanatukana nokuti mwanatukana ndiupiyo usingalayiwi na bhabha? ⁸Asi kana musingalayiwi , sezwinoetegwa vhose, muli vhana vhovhupombwe hamuli vhana tukana tshaivho. ⁹Nayiko , nesu tanga tina vhana bhabha vhedu panyama vhaitilaya takavhakuja. Asi hatingazwiesi zwikugwane pasi kabhabha vhemwiya kuti tiphire. ¹⁰Nokuti ivho zwavhudi vhakatilaya mazuvha matukutuku sezwavhayifunga , asi iye unotilaya kuti ttusiwe tikokovhegwa vhutswene huhwe. ¹¹Kana kulaya kose kana kutshietiwa kakaeta sokusingafaji asi maliro. Asi pasule kuno bhebhera ivho vhakagudisiwa nako zwibhebho zwolugale ndizwo zwibhebho zwakanaka. ¹²Saka kwatisani vho mavhoko akalembherera pasi namaginha anokonwa simba. ¹³Gajirirani soka jenu zira jakanaka kuti itshi tshinosuja tshirege kusonyoka asi tsipolisiwe. ¹⁴Tswakani lugale navhanhu vhose no vhutswene nokuti kuse kahwa hakuna unhu utsha vhona ishe. ¹⁵Mutshitanyire kuti kulege kuvha nounhu unokonwa pamakombolero a Mwali , kuti uli unovhavha ulege kumuka umutambuje vhanji vhakoswibisiwa nawo. ¹⁶Kulege kuvha nemhombwe kana usinandavhanazwo sa Esawu wakatengesa vhutanje huhwe nokudla lumwepeji. ¹⁷Nokuti munozivha kuti utshada izwo pasule kugala nhaka yamakombolero ukalambwa nokuti hana kuwana bulege yokutendevhuka tshero akaitswaka zwikugwane nemisoji. ¹⁸Nokuti amuna kusedera kutavha ingabatwa namavhoko inokupfuta kuswiswi nokuswiba namadumbu. ¹⁹Nokulira kekwata nokuhwa mamungo avho vhakalihwa vhakakumbira kuti ihwi limwepeji lilege kulivhujiva. ²⁰Nokuti vhakakomwa kutevhera tshanga tshalayijigwa tshokuti, "Kana nemhuka kana ikabata tavha itshabakwa namabwe kana kubayiwa nemisevhe." ²¹Itsho tshakavhoneka tshakahlihlija kudlali kuti na Mozisi ukati, "Ndinohla zwovhukuma ndinotetemera." ²²Asi imwi makaasedera kutavha yeziyonu nokunyika ya Mwali upenyu, Jerusalema liri kumakole nokumazana namazana avhatumwa vhasingavhaliwi. ²³Nokukuvhangana kukugwane nokugereke yamatanje ndiyani ukamwagwa kumakole wavhuya kuna Mwali utongi wavhose nokumwiya yavhakanaka vhakakwanisiwa. ²⁴Newe wavhuya kuna Jeso ulevhereri weusangano utswa nekulopa lakaswazwiwa linolevhhereka zwakanaka kupinda lopa la Abheri. ²⁵Tanyani kuti mulege kulamba unolevhhereka nokuti kana avho vhakaulamba tshikati tshaakavhalayijira panyika , vhasina kupunyuka zwikugwane isu kana tikafulatira iye wanyezulu. ²⁶Netshikati tshimwepeji ihwilire lika dengenyesa nyika. Asi yezwino akazivhisa akati, "patshikati tshimwepeji handinga dengenyesi pasi poga asi nditsha dengenyesa nokumakole." ²⁷Zwino ihwi iri lokuti lumwepeji linosumbija kubvisa kezwino dengenyeke sezwinhu zwakaehwa kuti izwo zwisinga dengenyeke zwigare. ²⁸Saka zwatinopiwa vhushe husinga dengenyeke ngativhe nokuvhonga kuti tishumire Mwali nako titshufalira , nokuukuja nokkuhl. ²⁹Nokuti Mwali wedu moto unopalaja.

Chapter 13

¹Ludo pakati pe hama ngakugale gulipo. ²Musakanganwe kuetera vhapfumba ludo . Nokuti vhatshijalo vhamwe vhakagalisa vhapfumba vhasinga zwizivhi.³Fungani vhakasungwa samunenge makasungwa pamwepeji navho ; Navho vhanoetegwa zwakaipa samunenge muli mumbiri imwi vho. ⁴Kuwana ngakujije navhose nenhovho ngailege kuvha noulandu nokuti Mwali utshatongesa mhombwe nevhanohula.⁵Musa kalira mali pamagaliro enu , tendani nezwamunazwo , nokuti iye amene wakati , Handinga mulegi , handingamusiyi." ⁶Nayezwo, tinobata moyo titshiti, "Ishe naiye unonditusa, handihli unhu ungandieteni?"⁷Langalirani vhatum=ngamili vhenu vhayi mupalijira ihwi la Mwali talisani kuguma kokuyenda kavho mukotevhera kutenda kavho. ⁸Jeso khristu unogala akadlalo zulo nanhasi, nokusingapeli.⁹Musatogwa nejjiso jimwe jisingazibwi, nokuti zwakanaka kuti moyo ukwatisiwe nemakombolero , ulege kukwatisiwa no kudla zwisina kutusa vhakaenda mazwiri. ¹⁰Isu tine alitali pasinga tendegwi kudliwa nevhano shumira tebhnekeri. ¹¹Nokuti mitumbi yezwipfuwa zwakayesegwa lopa lazwo pabhluge yakatshena noupisita ukugwane nokuda kezwivhi inopisiwa kuze kou sasa.¹²Saka na Jeso vho wakatambula panyezulu kedu vho, kuti ayete vhanu vhavhe vhatswene nelepa lire. ¹³Nayezwo ngatibudire kaali kuze kemisasa timuluje kushonisiwa kuke . ¹⁴Nokuti pano hatina uso utshagala asi tinotswaka utshavhapo. ¹⁵Nayezwo ngati lambe titshibayira Mwali naye tshibayiro tshaku ulumbija nditsho tshibereko tshemilomo ino pupula zina lire. ¹⁶Asi musakanganwa kueta zwakanaka nokukovhana; nokuti Mwali unofala nezwibayiro zwakadlalo. ¹⁷Ingirisani vhatungamili vhenu muzwiese pasi pavho nokuti vhano linda mwiya yenu savhanhu vhatshano buzwiwa panyezulu penu kuti vhayete hezwo noufala vhasinga zwieti nesungu nokuti yezwo hazwinga tusi tshinhu.¹⁸Tirabhirireni nokuti tnozivha tshaizwo kuti tine hama yakanaka zwatinoda kuyenda zwakanaka pazwinhu zwose. ¹⁹Ndinomukumbira zwikugwane kamuli kuti tuyete yezwo kuti nditavhanyije kujosegwa kamuli.²⁰Zwino Mwali wolugale wakajosa kune vhakafa ulisa ukugwane wamakwayi iye ishe Jeso khristu ne lopa le sungano isingaperi. ²¹Ngakukwanise pazwinhu zwose zwanaka kuti tuyete kuda kuke iye atshiyeta mukati medu izwo zwinofaja panda kuke na Jeso khristu ngayavhe nokupenya nokusingaperi peri Amen.²²Asi ndika mulayijira hama jangu kuti mutende nehwi loku layijira nokuti ndaka kamunwalira mamhungo masoma. ²³Zivhani kuti hama yedu Timoti wakasunungugwa kana akatavhanya kuswika nditshamuvhona pamwepeji naye.²⁴Mundi kwazisire vhatungamili vhenu vthose nevha tswene vthose vhe Itali vhano mukisa vho. ²⁵Makombolero ngavhenemwi mose . Ameni.

James

Chapter 1

¹Jemusi ulanda wa Mwali na ishe Jeso khristu kumaluji anegumi namavhili aka ralangangana , falani. ²Hama jangu zwitoleni so ufalopeji kana mutshiwira miyejo minji. ³Mutshizivha kuti kulingwa kokutenda kwenu kunobeba ku kozerera⁴Asi kushingirira ngakuvhe nebasa rakakwaniwa kuti mukwane mululame kazwo musinga bhaligwi tshinhu. ⁵Zwino kana umwe wenu atshishayiwa kutshenjera ngaakumbire kuna Mwali unongopa vthose asingazwotukwi utshapiwa iawe.⁶asi ngaakumbire nokutenda asingagunguli nezwitukutuku; nokuti unhu unogungula wakaeta fulo lemugugwa shukumijiwa nemhepo ritshimusawa vhunyowani. ⁷Unhu uyu alege kufunga kuti utshazowana tshinhu kuna Mwali. ⁸Unhu unemoyo mivhiri unosanduka sanduka panzira jake jose. ⁹Asi hama iri mutuku ngaatale nokukuja kwake. ¹⁰Nomufumi nokuzwininipisa kuke nokuti utshapinda seluvha lemadihwa. ¹¹Nokuti zuvha linobva pamwepeji tshete nemhepo inopisa nokuwomisa madihwa; Ruvha dito linowira pasi nokunaka zwa kanga kwavhoneka kunopera ; sayezwo vhoufumi utshaswavha panzira jije. ¹²Wakakombolegwa unhu uyo unokozerera pakaku lingwa nokuti kana atendiwa utshapiwa korona yovhupenyu yakapikigwa avho vhanouda. ¹³Kana unhu atshilingiwa ngaalege kuti ndinolingwa na Mwali ; nokuti Mwali hanga ungiwi nezwayipipa. Naiye amene hanga hangalingi unhu.¹⁴Asi unhu umwe no umwe lingwa kana atshi pongwa nokutshivha kwake atshifulira. ¹⁵Zwino kutshivha kana zwalema kuno beba zwivhi nezwivhi kana zwa zwakula zwinobhebha lufu. ¹⁶Musingonyepewga hama jangu jinodiwa.¹⁷Zwipo zwose zwakana nezwipiwa zwose zwakakwana zwinobva kumusolo zwitshi jikita kuna bhabha vhezwiyeja, uyo asina kupanduka kana umbiri wokushanduka. ¹⁸Nokuda kuke akati beba ne mamungo luvhukuma kuti isu tiyete setshi bebo tshokutoma tshezwi sikina zwizwe.¹⁹Munozivha zwenu yezwo hama jangu jinodiwa . Asi unhu umwe no umwe ngatavhanyise kuhwa anonoke kulevhoreka anonoke kukwata. ²⁰Nokuti kukwata ko unhu hakuyeti kululama

kwa Mwali.²¹Saka bvisani swina yose nokuvhipa kakawanda musanganije moyo unyolo mungo lakanisimiwa mukati menu linokona kupirisa mweya yenu.²²Asi ivhani vhaeti vhe bungo, musongovha vhahwi vhoga mutshizwi nyepera.²³Nokuti kana ali uhwi we bungu asamu ayeta ali uyeti kana ali uyeti walo wakafana no unhu unovhona kumiso kuke tshitshe behwegwa natsho mutshivhoni.²⁴Nokuti unoziwvhona nokutenda nokukangamwa pakaleba kuti wakayeta seni iye.²⁵Asi unhu ano langalira ulayo waka kwana iwo ulayo wokusununguka.²⁶Kana unhu pakati penu atshiti ndinorabira Mwali asinga humisi lulimi gugwe asi atsha nyepera moyo uwe kutenda kayoyo unhu.²⁷Kurabira kwakaluga kusina ulandu panda Ka Mwali wedu na bhabha ndiko kuyendera zwisiwana netshirikaji pakutambula kwavho nokuzwi basoba kuti alege kuswibisiwa nenyika.

Chapter 2

¹Hama jangu, kutenda kenu muna ishe wedu Jeso khiristu nokupenya ngaku lege kuvha nokutenda zwinovhoneka nounhu. ²Nokuti kana kukapinda unhu akasimira maringi egolidhi nenhumbi jakanaka kukopinda vho mulombo akasimira nhumbi jakaswiba. ³Mukatalira iyoyo wakasimila nhumbi jakanaka makati, "Gala hapa pakanaka," mukati kuulombo , "mira iyapo", kana kuti ugale pasi pano tshika soka jangu, " ⁴kati hamuna kutshinja moyo yenu? munongovha vhatongi vhane fungwa yakaipa na?⁵Ihwani hama jangu jinodikanwa, Mwali hana kunanga vhalombo vhenyika na kuti vhavhe vhafumi pakutenda na vhadli vhenhaka yovhushe hwakapikigwa vhanwuda? ⁶Asi imwi makaswenha ulombo khathi havhasi vhafumi vhanomulemekeja? Nayezwo vhatshamu kwilila kuzwikhundla zwokutonga naa? ⁷Khati havho vhanoswenha zina lakanaka lamunodamwa nalo na?⁸Asi zwino kana mutshizajisa ulailo wavhushe semanyolego azwakaehwa kutshihwi idai umweuwo sezwa unozwida iwe." Munoeta zwavhudi. ⁹Asi kana mutshirabhila zwinovhoneka zwavhanhu munoeta zwivhi munopiwa ulandu novhoutemo kutshihwi mulivhapindi.¹⁰Unhu unotshengeta utemo wose wakatshamisiwa netshinhu tshimwepeji , unenge wavha noulanda kuzwinhu zwose . ¹¹Nokuti iye ndiye wakati, " Usaeta vhupombwe ." ndiye futi wakati, "Usavhulaya ." Nayezwo kana usingaeti vhupombwe asi utshivhulaya uli upfuki woulayo.¹²Levhelekani vhuye etani savhanhu vhanohotongwa noulayo wokusunungugwa . ¹³Nokuti kutonga hakungavhi nokuhwila kune usina kuhwilavho nokulegelela vhamwe . Kuhwila vhanwe nolulegelelo lunokunda hunokunda kutonga kana kupa tshi gwevho.¹⁴Zwino thuseni hama jangu kana unhu atshiti unorabhira asi asina zwieto zwakanaka ? Sakakutenda kungauthusa na? ¹⁵Kana pane hama sa khalaji asina zwisimira atshikomwa zwokudla zuvha limwe ne limwe. ¹⁶Umwe wenu wakati kavhali, "Endani zwenu nolufalo mujiygwe ,mugute." musingavhapi izwozwinodikamwa noumbili zwinothuseni?¹⁷Nayezwo vho kana utshitenda usinamabasawakafa izwo.¹⁸Asi umwe angati, " Iwe unorabhira nemi ndinamabasa mundisumbijeni kutenda kenu kusina mabasanemi ndikomusumbija namabasa angu nokutenda kangu." ¹⁹Iwe unotenda kuti Mwali ndiye umwepeji unoeta zwakanaka , mwiya wakavhifha unotenda vho iyezwe itshitemera . ²⁰Zwino iwe unhu we usweule unoda kuzivha na , kuti kutenda kusina mabasa kakafa?²¹Haasi Abulahama bhabha vhedu havhana kululamisiwa nama basa na tshikati tshaka haigwa mwanatukana wake Isaka paali thali? ²²Unoziwivhona kuti kutenda kuke kakabatanyigwa panhu pamwepeji namabasa awe. Nayezwo kutenda kuke kakakwanisiwa namabasa.²³Lunwalo gukaeteka gunoti, "Abulahama wakatenda Mwali kukahwi kaali, ' ndiko kululama." Akahwi ungana wa Mwali.²⁴Munoziwivhona kuti unhu unolulamisiwa namabasa haalulamisiwi nokutenda koga.²⁵Sayezwo vho, Rahabhi tshifevhe haana kululamisiwa na mabasa tshikati tshakasangamija utumwa wokuvha endisa neimwe zila?²⁶Nokuti zwinenge umbili usina mwiya wakafa nokutenda kusina mabasa kwakafavho.

Chapter 3

¹Musavha vhagudisi vhakawanda vhana budi vhangu zwamunozivha kuti titshatongwa zwakanyanya. ²Nokuti tino bohwekana tose nezwinhu zwakawanda kana unhu asinga bohwekane nekulevhhereka iye unhu ukakwana uno kona kujosa umbiri uwe wose.³Zwino kana titshiyesa mabhiza madomu mumilomo yaho kuti atiyengere tojosa mimbiri yavho yose. ⁴Talirani makwayi nangwa alimakugwane sayezwo atshitiatiwa ne hwiya weswina anojoka netshi simba tshituku tuku kwose nokuda kemoyo wouyendesi kwayo.⁵Sayezwo lulimi lutukutuku asi nguno levha zwakawanda . Moto utuku uno dugisa huni jakawanda . ⁶Lurimi moto ngwaka yeta senyika izere nezwakayipa. Ndozwakaeta lurimi pakati pemimbiri yedu , gunoswibisa mimbiri wose, gunopatanija zira yose yovhupenyu nokubatija moto kugehena.⁷Nokuti maluji ose emhuka, zwinyoni,nezwinobambayira , nezwiri mujivha kutitiswa nevhanhu. ⁸Asi hapana unhu ungaatisa lurimi nditsho tshinhu tshakayipa tshinosanduka tshizere nowuti unovhulaya.⁹Tinolumbia ishe na bhabha ende tinotuka vhanhu vhakayetiwa nowufanananijo wa Mwali . ¹⁰Mulomo uwe muno bva kulumbija nokutuka. Hama jangu hatifaniri kudlalo.¹¹Tshisenya tshinobudisa tshitubu tshinwe vula inozipa neyino vhavha naa?¹²Hama jangu ukuyu unobhebha ma ma Orivi naa? Kana uzambiringa makuyu naa? Nyange vula inovhavha hayingabudisi inozipa.¹³Ndiyani pamuli ukatanya une luzivho? Ngasumbije nowuyendero uwe wakanaka na mabasa awe novhunyolo hwevhutanyi. ¹⁴Asi kana munegodo linogwaja mumoyo yenu musazwilumbijo nokulevhhera shuwa manyepo.¹⁵Kutanya hoko hakujikiti kubva nezulu asi ndikenyika tikamuka nako ndike mwiya weswina . ¹⁶Nokuti panegodo neluvhengo pane nyonganwo namabasa ose akayipa. ¹⁷Asi kutshenjera kunobva nezulu zwikugwane kakatshena unolugale zwinyolo kuyingira kuzere nengoni ne zwibebo zwavhudi kusinapamuki nekuluvhirira. ¹⁸Tshibereko tshevhpenu tshinodzwagwa palugare navhanoeta lugare

Chapter 4

¹Kugwa nekukakavhajana pakati penyu kunobvapi? Hazwibvi pakutshivha kenu kunogwa pamitezo yenu naa?

²Munogwa , munotshivha asi hamuna tshinhu. Muno vhulaya noku godolana musingakoni kuwana tshinhu. Munogwa noku kakavhala . Hamuna tshinhu nokuti hamukumbili. ³Munokumbila musingapiwi nokuti munokumbila zwakayipa kuti muzwipalaje pakutshivha kenu.⁴Imwi vhezwiota hamuzivhi naa kuti vhungana hwenyika huno vhengana na Mwali ? Nayezwo umwe no umwe unoda kuvha ungana wenyika unoziwieta uvhengi wa Mwali . ⁵Munofunga kuti lunwalo gunolevha pasina naa gutshiti; Mwiya wakagala mukati medu unotama negodo.⁶Asi unopa makombolero akapinda saka lunwalo gutshiti, "Mwali unojivhisa vhanozwikuja, asi unopa makombolero vhanozwininipisa." ⁷Nayezwo, muzwiye se pasi pa Mwali . Jivhisani Satani ako mutiza.

⁸Sederani kuna Mwali,iye akosedera kamuli. Ngulani mavhoko enu imwi vhakhakhi , nakisani mimoyo yenu imwi munemoyo mivhiri. ⁹Shuwa lirani mulayijire! Kuseka kenu ngakutshijiwe kuvhe kulira nokufala kenu jivhe sungu. ¹⁰Muzwininipise paphanda pa ishe ako mukuja.¹¹Vhakulu vhangu , musalevhelana zwakayipa. Unolevh ukulu uwe zwakayipa kana kutonga ukulu uwe unolevhera ulayo zwakayipa. Nokutonga ulayo. Zwino kana utshitonga ulayo hawusi uyeti woulayo asi utongi. ¹²Umwepeji woga ndiye upi woulayo noutongi. Iye unokona kuphija nokupalaja , asi iwe ndiwe ani unotonga vhavhakijani?¹³Zwino ingirani imwi munoti, Nhasi kana mangwana titshayenda ku dorobha yokuti tinogala gole lose titshipalijira kuti tifume." ¹⁴Imwi musingazivhi zwamangwana vhupenyu hwenu tshini? Nokuti muli vhusi hunovhoneka tshikathi tshitukutuku huka nyangalika.¹⁵Mungadeni mutshiti, "Kana ishe atshida titshaphira tiyete zwokuti nezwokuti." ¹⁶Asi zwino munozwilumbija pakuzwikuja kenu. Kuzwilumbija kose kakadlali kakayipa. ¹⁷Nayezwo, uyo unozivhha kuyeta zwakanaka akasazwieta iye une zwivhi.

Chapter 5

¹Vhuyani yezwi imwi vhafumi lirani mutshithavha ukosi nokuda kematambujiko atshamuwira. ²Fuma yenu yakavholo nhumbi jenu jaka pera nokumunyiwa. ³Ndalama ne siliveri zwine vhulari tshikathi tshaswika tshazwo zwitsha mupupulira zwakayipa itshapeja nyama yenu tshemoto. Makazwitshengetera fuma pamazuvha okupejisira. ⁴Talirani, ubayiro wavhalanda vhenu vhakatsheka minda yenu yamakalamba nayo nokuluvhirira unodanijira nokudana kavha tsheki kakaswika muzevhe ja ishe wehondo. ⁵Makagala muufalo panyika mutshikalira zwinofaja. Makakoja moyo yenu tshezuvha lokubhaya. ⁶Makatongera wakalulama mukauvhulaya asingamujivhisi. ⁷Nayezwo, vhakulu vhangu, kozererani kuswikira pakuvhuya ka ishe. Talirani ulimi unomirira tshibebo tshenyika tshovhutongwa atshikozerera pazezulu pazwo kuswikira zwapiwa vula yokutanga neyokuguma. ⁸Nemwivho kozererani , khwatisani mimoyo yenu nokuti kuvhuya ka ishe kavha paduze. ⁹Vhakulu vhangu, musagungulilana kuti mulege kutogwa. ¹⁰Talirani utongi umire paukovha. Tolani ufananijo vhakulu vhangu pakutambula nokukozerera tevherani makwala avha porofita vakalevherera nezina la ishe. ¹¹Talirani vhakazwipira moyo tinoti vhakakomboregwa. Makahwa zwokukozerera ka Jobho wakavhona ishe zwakavhavhalira iye kuti ishe une moyo unyolo tshayiko unohwira vhusiwana. ¹²Pane zwose vhakulu vhangu kupinda zwinhu zwose musapika tshero ne makole tshero nenyika kana nokupika kumwe kose asi, 'shuwa' yenu ngayivhe 'shuwa'. 'Hayi' ngayivhe 'hayi' kuti mulege kuwira mukutongwa. ¹³Kune umwe unotambujika pakati penu? Ngarabhire. Kune umwe unofala naa? ngayimbe mapisalema. ¹⁴Kune umwe pakati penu unogwala? ngaadane vhakugwane vhegerereke vhau rabhirire. Vhauzoje nemafuta nezina la ishe. ¹⁵Kurabhira kokutenda kutshauphija unogwala. Ishe utsha umusa kana akayeta zwivhi tshazwikangamwira. ¹⁶Nayezwo, pupulirani zwivhi zwenu murabhirirane kuti muphijiwe. Kukumbira ko unhu wakalulama kune simba gugwane pakubata kuko. ¹⁷Eriya wanga ali unhu wakaetasesu. Wakarabhira neurabhiro wokuti vula ilege kuna isisana panyika makole matatatu ne mweji mishanu no umwe. ¹⁸Zwino Eriya wakarabhira futhi makole akanisa vula nyika ikabeba zwibhebho zwayo. ¹⁹Vhakulu vhangu , kana kune unhu pakati penu wakaphamuka pashuwa , umwe aka ujosa, ²⁰ngaazivhe kuti unojosa ukhakhi pazira yokuphamuka kuke utsha phijiwa mwiya palufu nokufukija zwivhi zwinji.

1 Peter

Chapter 1

¹Pita,ushumiri wa Jeso Khirisito,kunehaka pasanhugwa,vhali vha pfuumba,vhaka palalira pa Poto,ne Galashia,ne Pakodokia,ne Asia,ne Bitinia. ²Vhaka vhuija nokuzivha zwiri panda ka Mwali Bhabha, muvhutswene hwe Mwiya,kuti vhaingire vhango nyaja lopa la Jeso Khirisito.Makombolero nolugale ngazwi wajije kamuli. ³Mwali Bhabha vha She wedu Jeso Khirisito ngatendiwe!Wakatibeba nolugale nevhusiwana huhwe, vhukugwane kuti tivhe nokutalisirra kopenyu kuno vhuya nokumuka kwa Jeso Khirisito kuna vhakafa. ⁴Kuti tivhe nenhaka isinga vholi,isinakuswibiswa,isingaswavhi.Yamakatshengetengwa kumakole. ⁵Imwi nogwigwa nesimba la Mwali nokutenda kuti mupiwe luponeso gwakagala gwaka gajigwa kuti gusumbijigwe netshikhathi tshokupejisira. ⁶Iyo yamunofalira zwikugwane,tshero zwino,kana zwitshifanira mutshilijiwa tshikati tshituku,nemijejo yaka wanda. ⁷Kuyejiwa kokutenda,kwenu kwakanakira zwikugwane kupinda mali inopera zwayo,nange zwayo itshiejiwa nomoto.Kuwanike kuthsi behwa kulumbijiwa nokupenya, nokukuiwa paku vhoneka ka Jeso Khirisito. ⁸Iye wamunoda,tshero musina kuuvhona iye warunotenda kaali,tshero musinakuuvhona zwino,mutshifala zwikugwane noufalo usingakoni kulehwa uzere nokupenya. ⁹Mutshipiwa tshinovhavhaligwa nokutenda kenu,mutshipiwi nemimwiya yenu. ¹⁰Ndigwo luponeso gwe mweya wenu,luponeso ugu awaka buzwisisiwa vhalanda tshaiko nama porofita,vhaka porofita zwavhaka etegwa, ¹¹vhatshi buzwa kuti tshikati nditshipiyo kana tshaeta seni,tshakalehwa nemwiya wa Khirisito,wanga ulimukati mavho tshikati tshaaka pupula kale zwakutambula ka Khirisito,nokupenya kunohotevhera iyezwo. ¹²Avho vhasumbija kuti vhanga vhasina zwibatiri ivho,asi imi, pazwinwe zwamakavhuiwa navho vhakamupalijira evangeri noMwiya Utswene wakanaka wakatumwa utshibva kumakole zwinhu hezwo zwayitumwa vhaida kuzwi ingira. ¹³Saka muzwisungeni kundu jefungwa jenu.Muswinule.Mutalire nomoyo wose kumakombolero amutshahopiwa pakuvhoneka ka Jeso Khirisito. ¹⁴Muvhe savhano vhanoingira,musinga pimi miyendero yenu,nokutshivha kakale pakusazivha kenu. ¹⁵Asi saiye utswene wakamudana nemwivho, mumene, muvhe

vhatswene pakuenda kenu kose.¹⁶Nokuti kaka nwagwa kutshihwi,"Muvhe vhatswene,nokuti imi ndiri utswene."¹⁷Zwino kana mutshiyeta "Bhabha" iye unotonga itshitalila zwakayehwa noumwe noumwe asingataliri zwino vhonekwa no unhu.¹⁸Kana mutshizivha kuti hamuna kusunungugwa nezwino vholo nesirivali ne mali pauyendero wenu usinabasa wama kasiyigwa navhana bhabha vhenu,¹⁹asi nelopa la Khirisito sele tshikwayana lisina tshalinga pomegwa lisina luvhala.²⁰Khirisito wakazivhiwa nyika isanu ya vhambiwa,asi waka sumbijiwa pakuguma kwe tshikati nokuda kenu.²¹Imi munotenda naye kuna Mwali,wakamumusa kuvhakafa aka mupa kupenya,kuti kutenda kenu netaliro yenu zwivhe kuna Mwali.²²Zwamaka nakisa mwiya yenu mutshiingira zweshuwa. Ne mwiya kuti mude hama nokutshutshuja;muno fanira kudana zwikugwane nomoyo wose.²³Nokuti makabehwa lunyowani,zwisingavhi pambewu inovhola,asi pane zwisingavholi,nesoko la Mwali wenu linogala nokusinga peri.²⁴Nokuti,"Nyama yose ikayeta sevhuhwa,nokunaka kose seluvha le vhuhxwa. Vhuhxwa huno swavha, ne luvha linowira pasivhuhxwa hunovhola neluvha lika wira pasi,²⁵asi bungo la Mwali linogala nokusinga peri."Ndiro yeri bungo loufalo lamapalijigwa.

Chapter 2

¹Nayezwo esani thungo zwakayipa zwose, nokunyengejera kose, nemano negodo, nokuphamuka kose. ²Sevhatuku vhatshambobehwa,pangani ukaka weMwiya usina kuvhipisiwa kuyetera kuti mukule nawo mukophijiwa, ³kana mukalavhira kuti Isheunemoyo unyolo.⁴Vhuyani kaali iye ihwe lenu lakanagwa na Mwali kuti lakakosha. ⁵Nemwivho munenge mahwe mapenyu muvhake muyete sengumba ye Mwiya muvhe vhu Pirisita vhutswene kuti mubayire zwibhayiro zve Mwiya zwinofaja Mwali nokuda ka Jeso Khirisito.⁶Nokuti mulunwalo zwirimo zwinoti:"Talirani, ndinoyesa muZiyoni ihwe lekorona, lakanangwa nokukosha.Nounotenda kaali hangashonisiwi."⁷Asi, kamuli, imwi munotenda.Asi kune vhasingatendi,"Ihwe lakanlambwa nevha vhaki, ndiro lakahovha usolo wekhona," ⁸futhi, "Ihwe lokutshamwisa ne ihwe lokupiringija vhatshiwa."Ndivho yavho vhanotshamwisiwa neihwe-nokuti havhaigiri ndizwo zwavhaka esegwavho.⁹Asi imwi muli luji gwakanangwa, vhuPirisita wa Ishe, luji lutswene , vhanhu vhaka zwiwanira, kuti mupalije kunaka kayiye wakamudana kuti mubve kuswiswi muvhuye kutshiyeja tshitshe tshinomangaja. ¹⁰Imwi kale manga musi vhanhu, asi iyewino mavha vhanhu vha Mwali.Manga musingahwingwi vhusiwana,asi iyewino mahwigwa vhusiwana.¹¹Vhadiwa, ndinokumbira zwikugwane kamuli zwamuli vhatogwa nevhapfumba kuti muzwijose pakutshivha kenyama, kunogwaa ne Mwiya yenu. ¹²Miyetero yenu ivhe yakanaka pakati pema Gentayile, kuti pavhonomu pomejera vhatshiti munoyeta zwakayipa, vhalumbije Mwali nezuvha lokuvakatshigwa kana vhatshivhona mabasa enu akanaka.¹³Muzwiyese pasi petshilevho tshimwe netshimwwe tshavhanhu nokuda ka Ishe.Kujani Ishe nokuti ndiye ukugwane ¹⁴futhi kana vhabati , nokuti vhakatumwa naiye kuti vhatshivhe vhanoyeta zwakayipa futhi alumbije vhanoyeta zwakanaka. ¹⁵Nokuti ndikho kuda ka Mwali, kuti nokuyeta kenu zwakanaka munyalaje kusazivha komapenji. ¹⁶Savhanhu vhakasununguka, musingoyeta kusununguka kenu kuti kuvhe kupfukija kezwakayipa, asi muvhe vhalanda vha Mwali. ¹⁷Kujayi vhanhu vhose.Idayi hama jose.Ihlayi Mwali.Kujayi Ishe. ¹⁸Vhalanda, ingirani vhatezi vhenu nokuhla kose.Musingazwiyeti kunavhakanaka nevha nyolo vhoga, asi kuna vhasakalulama vho. ¹⁹Nokuti ndikokuda, kana unhu atshikozerera pakutambula nokuda kemoyo kuna Mwali , unhu atshitambula asina mhaka. ²⁰Nokuti kune kulumbija kupiyo kana mutshikozerera matshinya futhi asi mukalohwa?Asi kana mukakozerera kana mutshiyeta zwakanaka mukatambula,iyewzo kuda ka Mwali. ²¹Nokuti makadanigwa iyewzo, Khirisito zwakamutambuliravho.Akamusiyira ufananijo kuti mutevhhere zira jije. ²²"Iye asina kuyeta zwivhi, nokunyengejera hakuna kuvhoneka mulomo uwe." ²³Iye wakati atshitukwa , hana kutuka futhi.Wakati atshitambula, asinga hlihljjiriki, asi wakayesa mhaka iye kuna iye unotonga. ²⁴Iye wakahwala iye zwivhi zwedu muumbiri uwe pauti kuti isu kana tafa kuzwivhi tilalamire zwakalulama.Iye wamakalamisiwa nemavhang awe. ²⁵Imwi mose mangamakalasika samakwaji, asi zwino majokera kuulisa noutaliri we Mwiya wenu.

Chapter 3

¹Sayezwo, imwi vhakaji ivhani pasi pavhalume vhenu.Kuti tshero kana vhamwe vhasingaingiri bungo, vhajosiwe namaendero avhakaji vhavho pasina bungo linolehwa, ²kana vhatshivhona maendero enu, akatshena pamwepeji nokuhla.³Lunako gwenu ngagulege- kuvha kokuhwa kokulukavuji, nokusonga ndalamala, kana kusimira zwisimiro. ⁴Asi, ngakuvhe unhu akajumbiwa wemoyo wakasonga zwisingavholi zwomwiya unyolo, wakanyalala unokosha zwikugwane phanda pa Mwali.⁵Nokuti sayezwo vho kale vhakaji vhatshena vhayitalira kuna Mwali, vhakazwi vhakazwi songeja vhatshizwiyesa pavhalume vhavho. ⁶Sarah wayi ingira Abrahama atshiueja Ishe. Navhana vhavhe zwino kana mutshiyeta zwakanaka musingahlilijigwi netshinhu tshipiyo netshipiyo tshinotshuhwisa.⁷Nemwi vhalume, galani navhakaji vhenhu nokuzwivhamu tshikuja ukaji mutshiti, ndiye ujiyo unesimba, duku kamuli. Zwavhali vhadli vhenhaka ye makombolero ovhupenyu pamepeji nemwi. Kuti unyengetero yenu irege kujivhisiwa.⁸Pakupejisira, imwi mose, nomoyo umwepeji mose, muhwirane vhusiwana mude vhakulu vhenu, muvhe nomoyo unyolo, muzwininipise. ⁹Musinga lipiji zwakajipa nezwakayipa kana kutuka nokutuka.Asi mulopafaje, nokuti ndizwo zwamukadanigwa, kuti mugale nhaka, yokulopafaja.¹⁰Nokuti uyo unoda vhupenyu nokuvhona mazuvha akanaka ngaajosiwe lulimi gugwe panezwakayipa nemilomo iye kuti ilege kulevhhereka zwinonyengejera. ¹¹Ngadzwenge zwakavhipa ayete zwanaka.Ngatswake lugale agutevhere. ¹²Nokuti meso a Ishe ali pazezulu pavhakaluga, nezevhe jije pakukumbira khavho.Asi tshiso tsha Ishe tshiri pazezulu pavhanoeta zwakaipa.¹³Ndiyani utshakuyetera zwakanaka kana mutshikozeresa zwakanaka? ¹⁴Asi kana mutshitambula nokuda kokunaka, makalopafajiva.Musingohla kudlisa kavho nayezwo. Musongokhakhisiwa.¹⁵Asi, etani Ishe Khiristo utswene mumoyo menu. Avhe mwali mugale makazwigajirira kupinda umwe noumwe unokumuzwa pazezulu petalisiro iri mukati menu asi mutshietu novhunyolo nokudla-¹⁶ivhani, nehana yakanaka.Kuti pavhanokutsha ivho vhanomhura mukuenda kenu akanaka muna Khiristo vhanyajiwe. ¹⁷Nokuti zwirikwine, kana kuli kuda ka Mwali, kuti mutambule kana mutshietu zwakanaka pakuti kana mutshietu zwakayipa.¹⁸Nokuti na Khiristo akatambula vho lumepeji pazezulu pazwivhi.Iye akaluga, nokuda kavhasinakuluga, kuti atiese kuna Mwali. Akavhulawa iye panyama, asi akapijiwa pamwepeji paMwiya. ¹⁹Mauli akandopalijigwa vho Mwiya, iri pakusungwa. ²⁰Yanga isina kuingigwa kale patshikati tshiya moyo ulefwa wa Mwali utshimirira kugajirisiwa ke Areka, pamazuvha a Nowa, mukati mayo vhatuku-ivho vhanhu vhashanu navhatatu vhaka pijiwa kubva muvula.²¹Naiwo ufananijo wokulovhejiwa nokupijiwa zwino- gusingalevhi kubvisiwa keswina yenysama, asi kutswaka moyo wakanaka kuna Mwali-nokumuka ka Jeso Khiristo. ²²Khiristo iye uli kuludli gwa Mwali.Ukapinda kumakole.Vhatumwa, namajishe, namasimba zwikayesiwa pasi pape.

Chapter 4

¹Naizwo, Khirisito zwaaka tambulira isu panyama, nemwivho mufunge fungwa iyeyo. Nokuti unhu watambula munyama walega zwivhi. ²Nokuti, panguvha ikasala, panyama alege kulalama nokutshivha, kevhanhu, asi nokuda ka Mwali. ³Nokuti tshikati tshika pinda tshika lingana kuyeta kuda kehedheni, nokuyenda, nokutshivha, nokunwa wayini, nokutamba kukaipa, namapira nokurabhira, zwifananijo zwisina kufanira. ⁴Vhano kahlamajija netshinhu hetshi, kuti hatiyenderani navho pakusa zwijosa kavho uku kuka wanda, vhamulevhera zwakaipa.

⁵Ivho vhatshazwidavhirira kuna iye wakagajira kutonga vhapenye nevhakafa. ⁶Nokuti nokuda kayezwo evangeri yaka palijigwa vhakafa, kuti, vhatongwe zwavho panyama noluji gwavhanhu, asi vhalalame noluji gwa vhanhu noluji gwa Mwali pamwiya. ⁷Zwino kuguma kezwinhu zwose pavha paduze. Nayezwo ivhani makatanya, muswinule kuti murabhire. ⁸Zwikugwane pane zwose, danani noludo lukugwane, nokuti ludo guno fukijira zwivhi zwinji. ⁹Eterani ludo pakati penu kana muli vhapfumba musinga nyunyuti. ¹⁰Umwe noumwe sezwa akapiwa tshipo, palijanani natsho savhataliri vhakanaka vhe makombolero, akawanda a Mwali. ¹¹Kana unhu atshilevhhereka, ngalevhhereke saanenge ali mahwi a Mwali. Kana unhu atshishumira, ngazwiyehwe nesimba lana piwa na Mwali. Kutu Mwali akuiwe pane zwose na Jeso Khirisito. Iye Jeso Khirisito upenyu nesimba nokusingaperi-peri. Ameni. ¹²Vhakadiwa, musa kahlamala nokunyanyisa kokuyejiwa pakati penu, kuka vhuya kuka yeja mutshiti mahwinga netshisinga hwikani. ¹³Asi, falani zwamuno kovhana na Khirisito, paku tumbula kuke kuti pakuvhoneka kokupenya kuke mufale noufalo ukugwane. ¹⁴Kana mutshitukwa nekuda kezina la Khirisito, makalopafajiwa lopafajiwa, nokuti Mwiya wokupenya waMwali ugere panyezulu penu. ¹⁵Nokuti kulege kuvha noumwe wenuh utshatambula nemhaka yokuti uvhulayi, kana kuti mbava, kana unoyeta zwavhipa, kana asinga legi zwavhamwe. ¹⁶Asi kana unhu atshitambula nokuda kokuti MuKhirisito, ngalege kushonisa; asi, ngakuje Mwali ne zina iri. ¹⁷Nokuti tshikati tshaswika tshoku kutonga kutanga pangumba ya Mwali. Kana zwitshitoma, zwitsha hovheni kuna avho vhasingatevheri ihwi la Mwali? ¹⁸Nayiezwo "Kana zwitshi lema wakaluluma kuti apijiwe, kati uyo asingadi mwali nanotshinya havha tsha vhoneka?" ¹⁹Nayezwo naivho vhano tambula nokuda ka Mwali ngavha ese mwiya sika waka tendeka-zwakanaka.

Chapter 5

¹Nayezwo ndinolayijira vhakugwane pakati penu,imi, ukugwane pamwepeji navho netshapupu tshamatambujiko aKhirisito, nokukovhana navho wokupenya kutshasumbijiwa nditshiti: ²Iisani sambi la Mwali liri pakati penu, musingazwietyi nokulovheregwa, asi nemoyo unoda, nokuda ka Mwali musingazwietyi nokuda kukalira fuma yakaipa. ³Musingayeti nesimba zwamakakovhegwa asi muvhevhatungamiriri vhesambi. ⁴Kana ulisi ukugwane atshihovhoneka, mutshawana korona nokupenya isingaputi. ⁵Sayezwo imwi vhatuku muzwiyese pasi pavhakugwane nemwi mose simirani kuzwininipa umwe kunoumwe nokuti Mwali unojivhisa vhanozwikuja, asi unopa makombolero vhanozwininipisa. ⁶Nayezwo zwininipiseni pasi poluvhoko gunesimba la Mwali kuti amuluje netshikati tshikafanira. ⁷Poserani pawusolo pape kufungisa kenu kose nokuti iye unomutshengeta. ⁸Swinulani, mulinde. Nokuti uvhengi wenu Dhaiborosi unoyenda yenda sendawu, inolira itshitswaka wainga palaja. ⁹Mirani naye makamira. nesimba. pakutenda mutshizivha kuti kutambula iyoko kunoyetegwa hama jose jiri panyika. ¹⁰Zwino Mwali wamakombolero oseiye wakamudanira kuppenya kuke, kusingapiperi muna Khirisito, kana mambotambula tshikati tshituku, utshawu kwanisa, nokuwumisa nakumukwatisa, nokukuyeteni. ¹¹Kaali ngakuvhe kuppenya nesimba nokusingaperi peri.Amen. ¹²Ndakamunwalira mahwi matukutuku, na Silvanus hama ikatendeka,pakufunga kangu nditshilayijira nokupupula kuti awa ndiwo makombolero zwovhukuma a Mwali. Mirani maali. ¹³Unhukaji uli mu Bhabhironi, yakanangwa pamwepeji nemwi,vhanokumukisa. Na Makho, mwanatukana wangu, vhanokumukisa. ¹⁴Mukisani nokukutijana noludo.Lugale ngaguvhe nemwi mose muli muna Khirisito.

2 Peter

Chapter 1

¹Sayimoni Pita,ulanda noupositori wa Jesu Khiristo,kune vhakapakigwa kutenda kumwepeji,nekedu kunokosha nokululama ka Mwali wedu nouponesi Jeso Khiristo. ²Vhusiwana ngahuvhe nemwi nolugale ngaluwande pakuzivha Mwali na Jeso Ishe wedu. ³Nokuti nesimba lovhu Mwali huhwe,takapiwa zwose zwinodikamwa pavhupenyu napakurabhiro Mwali nezira yokuzivha iye wakatidana nokupenya kuke nokunaka. ⁴Akatipa zano nezwipikigwa zwinokosha zwakakula tshaiko, kuti muvhe vhanhu vhakaphakigwa vhumwali, makatiza kuvhola kulipanyika nokutshivha. ⁵Zwino nokuti munokozerera tshaiko wejerani kunaka pakutenda kenu, napakunaka wejerani kuzivha, ⁶napakuzivha, kuzwijosa, napakuzijosa, kukozerera, napakukozerera, kurabhira Mwali, ⁷napakurabhiro Mwali,kunowejera ludo kuvhakulu, neludo kuvhakulu gunowejera ludo. ⁸Nokuti kana zwinhu iyezwi zwiri mamuli zwitshalamba zwitshwanjiwa,zwitsha mueta vhanhu zhasina vhusimbe, navhasingakomwi zwibereko pakuzivha Ishe wedu Jeso Khiristo. ⁹Nokuti unhu asina iyezwo ibofu,unovhona zwiri paduze kupera wakangamwa kusazwiwa kuzwivhi zwakale. ¹⁰Saka,hama jangu, kozererani tshaiko kuti mukwatise kudamwa nokunangwa kenu,nokuti mutshiyeta iyezwi, hamunga mbotshamwisiwi. ¹¹Nokuti mukazwiyeta mutshavuligwa zwavhudi kuti mupinde muvhushe husingapeli hwashes wedu nouponesi Jeso Khiristu. ¹²Saka handingalegi kukufungisa hezwi zwinhu, tshikhathi tshose kunyangé mutshizwizivha zwenu, vhuye makakwata pashuwa yamunayo. ¹³Ndinoti ndizwavhudi kuti nditshambovha mugereke, yezi ndimumuse nokumufungisa. ¹⁴Nditshizivha kuti kubvisiwa kegerekere yangu kavha padhuze, sezwandakasumbijiwa nashewedu Jeso Khiristu.

¹⁵Zwino nditshakozerera kuti mukakona kufunga zwinhu iyezwi tshikhathi tshose kana ndayenda. ¹⁶Nokuti hatina kutela lungano gwefungwa jedu tshikhathi tshatikamuzivhisa simba lokuvhuya kaIshe wedu Jeso Khiristu, asi tanga tirivhanhu vhanga vhavhona vhumambo huhwe. ¹⁷Nokuti iye akapiwa kukuijiwa nokupenya na Mwali bhabha patshikhathi tshiyatshavhuya ihwi lakadlali khavhali litshibva nokupenya kukugwane,litshiti,"Uyu ndiye mwanatukana wangu, unodikamwa wandinalira." ¹⁸Ihwi heri takalihwa isu litshibva kumakole tshikhathi tshatanga tinaye muthavha tswene. ¹⁹Asi tinebungo lovhoporofita lakakwata tshaiko lamunoyeta zwavhudi kana mutshilijara lakayeta setshiyeha tshinovhonhekera muneswiswi kuswikira makhuvhi atshitsuka nenyamasase itshibudira moyo yenu. ²⁰Mutshizivha pakutanga, kuti hakuna vhuporofita holugwalo hokudujigwa nounhu. ²¹Nokuti hakuna vhuporofita hwakangovhuya nokuda kounhu, mara vhanhu vhatswene vha Mwali vhakalevhoreka vhatshimuswa no Mwiya Utswene.

Chapter 2

¹Vha porofitha vhemanyepo vhakavhuva kuvhanhu, vhagudisi vhemanyepo vhatsha vhuyavho kamuli.Vhatshapinja pakajumbama jijiso jakapamuka jinopalaja, vhatshilamba naiye tenzi wakavhatenga.Vhatshizwiwisira kupalajiwa kunotavhanya. ²Vhanji vhatshatevhera vhusimbe hwavho, nokuda kavho zira yeshuwa itshasasalajiwa. ³Pakukalira kavho vhatshamu tshutshuja namahwi amano-mano.Kutongwa kavho kakatovhapo kale, hakunonoki nokupalajiwa kavho hakuvhati.⁴Nokuti kana Mwali asina kulega vhatumwa vhakatshinya, asi wakavhaposera mugehena nokuvhayesa kumakomba eswiswi kute vhatshengetegwe kutogwa, ⁵asingalegi vho sango lakale, asi wakapolesa Noa, upaliji wokululama, pamwepeji navhamwe vhashanu navhavhiri tshikathi tshaakavhuyisa vula inji pa sango yavhanhu vhanga vhasingadi mwali. ⁶akasandula madhorobho eSodhomo neGomora akaeta malota akamatongera kuti apalajiwe akamayeta kuti tshivhe tshisumbijo kuna havho vhatshagala vhasingadi mwali,⁷asi akasunungula Loti, anga akalulama wazwidla moyo nokuda komayendero avhakaswiba avhakavhipa- ⁸nokuti unhu hoyu wakalulama, ugere pakathi pavho atshivhona nokuhwa wakagwajisa mwiya uwe wakalulama zuvha limwe ne limwe- ⁹kana Ishe vhakayeta hezwi zwinhu, unoziwha kusunungula pamilayo vhorabira mwali nokutshengeta vhasina kululama vhavhe pakulohwa kuswikira pazuvha lokutongwa.¹⁰Kunyanya ivho vhanoyenda nezira yenyama pakutshivha kunoswibisa.Nokusasalaja vhakugwane-vhakozerera, vhatshiyeta nokuda kavho asingahli kutuka avho vhanokupenya. ¹¹Vhatumwa tshero vhanovhapinda nesimba novhukugwane, havhavhuyi panda pa Ishe noulandu wokuvhapomera.¹²Asi havha vhanhu vhakayeta semhuka jisingafungi, jakabehwa kuti jibatiwe jipalajiwe.Havhazivhi zwavhano tuka.Pakupalajiwa nayijo jitshapalajiwa, ¹³vhatshiyetegwa zwisina kunaka uli ubayiro wokusalulama khavho.Savheya vhanoti mafalo kuyeta zwakavhipa masikati.Ivho makwapa na mavhala.Vhanofala nokunyengeja kavho kana vhatshidla nemwi. ¹⁴Vhanameso azere novhvupombwe; asingalegi kutshinya.Vhanotshutshuja vhanhu vhasinanungo, vhanmo moyo yakagudisiwa kutshivha.Ivho vhana vhakatukwa!¹⁵Vhakasiya zira yakalulama vhakapamuka, vhakatevhera zira ya Bharami mwana wa Bheori, wakada ubayiro wokusalulama. ¹⁶Asi wakalayijigwa zezulu pokutshinya kuke- nokuti dongi isingakoni kulevhereka yakalevhhereka nehwi lounhu ikajivhisa kopenya kou porofita.¹⁷Iyavha zwisenya zwisina vula mwando unotaxhwa nemhepo.Ivho vhakavhingigwa kuswiba keswiswi nokusingaperi. ¹⁸Nokuti nokulevhereka kavho mahwi manji okuzwikuja.Vhanotshutshuja pakutshivha kenyama, novhutera, avho vhatshangotiza vhatshibva kuna vhanogala pakupamuka. ¹⁹Vhatshitembisa kusunungugwa, matina vho vhalanda vhokuvhola.Unhu unoeta ulanda patshinhu tshose tshinovhuya paali.²⁰Nokuti vho kana nezira yokuzivha Ishe upolesi Jeso Khirisito vhombotiza zwavho zwino zwibisa zwenyika, kana vhakabaxhwa nokukundiwa nazwo kuguma kavho kavhipa kupinda kutoma kavho. ²¹Nokuti zwanga zwirikwine kavhali kana vhanga vhasingazivhi zira yokululama pakuti vhajoke paulayo utswene wavhakapiwa wavhanga vhabouzivha zwavho. ²²Zwinolehwa nesumo yeshuwa ndizwo zwakayehwa kavhali: "Imbwa yakajokera kumatanjo ayo, ne nguluvhe yanga yakangujiwa yakajokera kumatope."

Chapter 3

¹Vhadikamwa, iyi ndiyo tsamba yavhuvhiri yandinomumwalira iyezwino, panayeji jose ndinomusa fungwa jenu nditshimufungisa ²kuti mokofunga mamhungo akalehwa kale navha porofita vhatswene noutemo wa She uponesi wamakapiwa navha positoro vhenu.³Pakutanga muzivhe tshinu hetshi, pamazuvha okupejisira vhaseki vhatshavhuya vhatshiseka vhatshiyenda nokutshivhakavho. ⁴Vhanoti, "Tshipikigwa tshokuvhuya kuketshiripi? Nokuti kubva pakupalala kana bhabha, zwinhu zwose zwinongolamba zwakayeta sezwo zwanga zwakayeta, kubva pakutanga kokusikwa."⁵Vhano kangamwa nehole kuti kale makole ne nyika zwakabudisiwa muvula yakayehwa nevula neihwi la Mwali, ⁶navezwo nyika iripo tshikati yetsho, yakafukijiwa nevula. ⁷Neyihwi yeri makole nenyika zwakavhigigwa moto, zwinovhigigwa zuvha lokutongwa neloku palijiwa kavhanhu.

⁸Musakangamwa tshinhu hetshi, vhadikamwa, kuti kuna She zuva limwepeji lakayetase makole anemazana mashanu,namakole mazana ma shanu akayeta sezuba limwepeji. ⁹Ishe hanonoki kuyeta sezwaakapikira, sezwino levha vhamwe kuti. kunonoka, asi unumoyo ulefumwali. Nokuti haadi kuti vhamwe vhalasike, asi kuti whose vhatendevhuke.¹⁰Asi,zuvha la She litshavhuya sembava: Negole litshapinda nokutinhira kukugwane. Nezwegole zwitsha palajiwu zwitshipisiwa nemoto, nenyika namabasa alimayiri zwitshapisiwa.¹¹Iyezwizwose zwazwitshapalajiwa sayezwo, imwi munofanira kuvha vhanhu vhakayeta seni? Mutshagala muli vhatswene nokurabhira Mwali. ¹²Munofanira katalira nokutama vho kuvhuya kezuvha la Mwali. Pazuvha yero, makole atshapalajiwa nemoto, nezwamakole zwitsha nyunguluka nokupisa kukugwane. ¹³Asi sezwaakapikira tinotalirira gole nyowani ne nyika nyowani, munogala kululama mazwiri.¹⁴Saka, vhadikamwa, zwamunotalira zwinhu izwi, kozereranokuti muwaniwe naye munolugale, musinaluvhala musinamhaka. ¹⁵Mutshiti, moyo ulefumwali wa She wedu liponeso, sa pawulo hamayedu inodikamwa ukawumwalira vha, inokutanya kaakapiwa ¹⁶Pawulo sezwaanolevha mutsamba jije jose, panyezulu pe zwinhuiyezi mune zwimwe zwinokoza kuhwisis. Zwino yezanisiwa samamwe mabhuku kuswikira vhapalajiwa.¹⁷Navezwo imwi, vhadikamwi, zwamunozivha zwnhu izwi zwisanhu zwayehwa, tanyani kuti mulege kulasiwa nokuphamuka kavhakayipa muvhe paku kwata keno. ¹⁸Asi kulani mumakombolero nomuluzivho gwa Ishe wedu uponesi wedu Jeso kirisito. Ngaavhe nokupenya zwino kuswikira nokuzuvha lisingaperi. Amen!

1 John

Chapter 4

¹Vhadiwa musatenda mwiya yose egisani muvhona kuti mwiya unobva kuna Mwali nokuti maporofita akawanda akapuda kuze ke nyika . ²Nehezwo mutshaziva mwiya wa Mwali mwiya unolamba utshiti Jeso khristuwaka vhuya munya ndivha nogwa netshi khristu tshamakahwa kuti tshinovha futi tshatovha munyika . ³Mweya umwe no umwe usangapupuli kuti Jeso akavhuya panyika alinyama ayisi ya Mwali . Ndiyo inolwa na Mwali yamakahwa kuti inovhuya nazwino watovhuya panyika.⁴Unobva kuna Mwali vhana makakunda whose kuti kalimavhali ukugwane kupinda ali munyika . ⁵Ivho ndehevhenyika , nayizwo vhano levha zwe nyika ne nyika inovhuya zivha. ⁶Isu takabva kuna Mwali unoziivha Mwali unoti zivha anozivha Mwali anozivha isu zivha na mweya wezokwadi nomweya wevhukuma nokunyepa.⁷Vhadikani , ngati dane nokuti ludo kunobva kuna Mwali umwe no umwe unoda wakada waka behwa na Mwali unoziivha Mwali. ⁸Unhu usangadi ludo nazwi hadi Mwali kuti Mwali ludo.⁹Ludo gwa Mwali gwasumbija kwaitili netshinhu itshi kuti Mwali wakatuma nwana tukana uwe waka behwa ali oga munyika kuti tivhe novhupenyu naye. ¹⁰Ludo guli patshinhu itshi kuti hasu takada Mwali asi kuti ndiye wakatida akatuma nwana wotukana uwe kuti uvhe lujikunulo zwe zwivhi zwedu¹¹Vhadikani , kana Mwali akatida nezwo nesu vho tinofanira kuda. ¹²Hapana unhu wakambovhona Mwali kana titshidana Mwali agala matiri noludo gugwe guno kwaniswa matiri nokuti waka tipa zwemweya wake.¹³Ndizwo zwatino zivha kutito gala maali naiye matiri nokutiwaka tipa zwe Mweya uwe. ¹⁴Isu taka vhona vhuye tino pupula kuti bhabha vhaka tuma nwana wotukana avhe muponesi we nyika.¹⁵Ani naani unopupula kuti Jesonwanakomana wa Mwali nwana anogala maali naiye nwana anogala maali Mwali. ¹⁶Nesu takazivha tika tenda ludo hogu Mwali gwanago kwaitiri Mwali ludo unogala muludo unogala muna Mwali na Mwali unogala maali.¹⁷Ludo gwaka kwanisiwa matiri patshinhu itshi kuti tire kudla ne zuvha lokutanga nokuti sezwa aka ita iye. Ndizwo zwaakaeta panyika ino. ¹⁸Hakuna kudla muludo asi ludo gwakanaka kuno tata kudla nokuti kudla kuno lamba unhu unodla hana kukwaniswa pa ludo.¹⁹Isu tinoda nokuti iye wakatanga kutida. ²⁰Kana munhu atshiti ndinoda Mwali atshivhenga

hama yake ulevhi wamanyepo kana usingadi hama yako ya an unoda Mwali nga ade hama iye vho. ovhona ungada sei Mwali wausinga vhoni .²¹Iwoyu mulayo wabva kuna ali tinayo wokuti

2 John

Chapter 1

¹Kubva kugwane kuna mai vhakanangwa navhana vhavho ndinovhada zwe shuwa wayikona imi ndoganavhamwe vthose vhanozwizivha kuti ²ishuwa-nokuda keshuwo,inogola mavhili itshagala matili,vho nokusinga peli. ³Makombolelo,nevhusiwana nolugale zwitshavha nesu zwitshibva kuna Mwali Bhabha nokuna Ishe Jeso Khristo, mwana tukana waBhabha.mushuwa noludo.⁴Ndinofala zwikugwane nokuti ndakawana vhamwe vhana vhenu vhatshienda neshuwa sezwaka digwa naBhabha. ⁵Zwino ndinokumbila kwamuli,mayi-ndisingati ndomunyolela ualyo utswa asi ndiwo watakanga tinawo kubva pakutanga unofakila kuda umwe uwo. ⁶Ndigo ludo,kuti tiende muulayo uwe ndiwo ulayo sezwamakahwa-kubva pakutanga kuti tiende mauli.⁷Nokuti vhatshutshiji vhanji vhakabudikila panyika vhasinga pupuli kuti Jeso Khristo wakauya panyama. Muzwi thanyileni kuti mulege kulasikigwa nezwamaka shumila asi kuti mupiwe ubailo wakanaka. ⁸Muzwathangileni imwi kuti mulege kulasikigwa nezwamaka shumila asi kuti mupiwe ubailo wakanaka.⁹Umwe noumwe, unotungamilila vhamwe atshilamba kugudisiwa kaKhristo haana Mwali asi hoyo unolambila pakugudisiwa ndiye unaMwali. ¹⁰Kana umwe akavhuya kamuli asi ngavhuyi nokugudisa hoku musausangamija mangumba kana pamwe paanazivha. ¹¹Nokuti unoti kaali riavusa uno enelejana naye pamabasa akaipa.¹²Kunyange ndangandine zwinjzwanda ida kumwala handinga mwali lumwalo asi ndinozwimisila kuti nduvhuyeko tiivheke takatali lana kuti ufalo wenu uwejegwe. ¹³Vhana vhonukwa wenu vhanangwa vhanomukwazisa.

3 John

Chapter 1

¹Ukugwane kuna gayas,wandinoda muzwokwadi. ²Udikani ndinorabhira kuti zwose zwikuyendere kako nokuti uvhe utano,kana utshigutshikana nazwo. ³Nokuti ndakafala swimwevho hama jitshswika jitshapupulira vhutanzi huho,jitshiti unoyenda mushuwa. ⁴Handina ufalo unopinda hoyo,wokuti ndihwe kuti vhana vhangu vhoyenda mushuwa.⁵Udikani unobata basa lakalulama pazwinhu sezwawunoyeta kuji zwaji ne kuvha pfumba, ⁶vhakapupulira ludo ngugo padda pegereke,utshiyeta zwakanaka kana utshivhaperekeja noutovho wakafanira Mwali. ⁷Nokuti vhakabuda nokuda kezina lire,vhasingatoli tshinhu kuvhayeta zwivhi. ⁸Nayiyezwo isu tinofanira kusangamija zwakanaka vhakadlalo kuti,titusane pashuwa.⁹Ndakamwalira ngereke,mara Diotrephe,wayifalira kuvha wakutoma pakati pavho,unotilimba isu.

¹⁰Iyezwino kana ndikavhuya,nditshadana nditshalangalira mababs aanoeta,kuti uno tiyetera manyepo nemahwi akayipa,asingamija vhakulu iye mwene,asi wakamisa avho vhayida kuvhasangamija ndokuvha bvisira kuze ke gereke.¹¹Udikani,usongotevhera tshakaipa,asi tshakanaka.Uyo unoyeta zwakavhipa,haana kuvhona Mwali. ¹²Demetirasi unopupuliga navhanhu vthose,ne vhuthanzi hwemene. Nesu tinopupuliravho,uno uzivha kuti kupupula kedu ndekeshuwa.¹³Ndanga ndine zwakawanda zwandayida kukumwalira mara handidi kukumwalirane mbilo ne ingi. ¹⁴Asi ndninotalisira kukuvhona kusikale,tiko kuzuwa tika talana kumeso. ¹⁵Lugale ngaluvhe nemwi.Vhangana vhanomu lumelisa.Lumelisana vhangana vhedu iyoko ne zina.

Jude

Chapter 1

¹Judasi ulanda wa Jeso khiristu atshibhebbiwa na Jamusi , kune vhanodanwa vhatshihwi vhakadiwa muna Mwali bhabha vhakatshengetewa muna Jeso khiristu. ²Tsitsi lugale no ludo ngazwizale kamuli.³Vhakadiwa, ndikati nditshivhirayira zwikugwane kuti ndimunwalire pazezulu pekuphijiwa kedu tose, ndakavhona kuti ndinofanira kumu nwalira ndimulayijira kuti mugwire kutenda kakadlali kipiwa vhavhudi vthose kuna Mwali.

⁴Nokuti kunevhamwe vhanhu vhakapinda vhaka vhanda pakati punu. Avha vhanhu vhakagala vhayesegwa kale kutonga hoku. Vhanhu vhasingadi Mwali vhakatshinja moyo unyolo wa Mwali vhakaueta .vhatshi lamba Mwali uyu umwepeji na ishe wedu Jeso khiristu.⁵Zwino ndinoda kumufungisa tshero mayizivha kale zwose kuti Mwali wakati ambogwira vhanhu munyika ye Ijipita , asi apeja yapo wakapalaja avho vhanga vhasingatendi .⁶Futhi nevhatumwa vhasina kutshengeta vhukugwane hwavho, asi vhakasiya pavhayifanira kugala. Mwali wakavhatshengetwa vhakasungwa ne pasi peswiswi gulu kusikira pakutongwa kezuvha gulu.⁷Zwino Sodoma ne Gomora nema dorobha aka kombereja vhakazwipa tshayiko ku vhupombwe ne kutevhera kusazwibata. Akayetiwa sumbijo akalohwa nemoto usingaperi setshi gwevho .⁸Tshero zwakadlalo , vhanhu avha pakulota kavho vhatshilamba vhukugwane vhatshituka iyavho vhanopenya.⁹Asi mayikhele utumwa ukugwane , tshikathi tsha akagua na Satani wakaeta khani yaye pazezulupa Mozisi, wakahla kuupa ulandu emasoko okutuka asi wakati, "Mwali ngakulaye!¹⁰"Asi vhanhu avaha vhanotuka vhasingazwizivhi nokusa hewisira kubva pakubhehwa kavho semuka jisingazivhi kuti izwi zwinhu zwinoji vhulaya.¹¹Vhanenhamo! nokuti vhakayenda nezira ya Khayini vhakapengera kupfuka ka Bharami nokuda ko ubhayiro vhakalajira nokukakavhala ka kora.¹²Vhanhu yavha mahwe akavhanda pamitambo ye ludo kana vhodla nemwivhasingahli vhalisa vhanongozwitsheja ivho. Makole asina vula akahangwa ne mwiya . miti yemepo isina itshero yakafa luvhiri yakajungwa nemiji.¹³alwaje anopenya anopupuma soni jawo, nyereji jinoenda yenda vhakatshengetegwa kuswiba keswiswi nokusingaperi.¹⁴Iniki wetshitshanu nambirikubva kuna Adamu wakapolofita iyavha atshiti, Talirani ishe unovhuya nezwulu zwamazana zwevhanhu vhanne mwiya wakatshena wa Mwali.¹⁵Unovhuya kuti atonge vthose . Unovhuya kundo lovha vthose vhasingadi Mwali pazezulu pemabasa avho vthose akusada Mwali avhakaeta nokusadakavho Mwali nepazezulu pemasoko ose matukutuku akalehwa navhatshinyi vhasingadi Mwali.¹⁶Ivho vhangunguni nevhasingatendi nezwavhanazwo milomo yavho inolehv masoko okuzwikuja vhatshizwikuja nokuda kokufumisa.¹⁷Asi imwi makadiwa fungani masoko akadali kulehwa navha positori vha ishe wedu Jeso khiristu.¹⁸Vhanoti kawuli, ""kuti netshikati tshokupejisira vhaseki vhatshaeni? Vhanoyenda nokutshivha kavho vhasingadi Mwali.¹⁹Ndivho vhanokupambanisa ndivhe nyama vhasina mwiya.²⁰Asi imwi vhanodiwa muzwi vwoke pakutenda , murabhire Mwiya utswene .²¹Muzwitshengete muludo gwa Mwali mutshi talira vhusiwana hwa ishe Jeso khiristu unotipa vhupenyu husingaperi.²²Hwirayi vhusiwana vhamwe vhano gungula.²³Muvaphije mutshivha bvisa pamoto vhamwe vhanosumbijira nokuhla mutshi vhenga tshero ne nhumbi yakaswibisiwa nenyama.²⁴Zwino kuna iye unokona kumutshengeta kuti musakhunwa nokumuyesa phanda kokupenya kuke musina tshamunga pomejegwa mutshifala tshayizwo,²⁵Kuna Mwali uponesi wedu na Jeso khiristu ishe wedu ngakuvhe kupenya novhutshe nesimba patshikhathi tshose iyezwe, nokusingaperi. Ameni.

Revelation

¹Uku ndiko kujumbulula ka Jeso Khiristu kuti Mwali wakaupa kti asumbije vhalanda vhavhe zwinhu zwayinanira kutavhanya kuyetiwa.Wakayeta kuti zwizihwe nokutuma utumwa uwe Jowana,²wakafakazira ihwi la Mwali nezwokufakaza ka Jeso Khiristu, atshilevha zwose zwaanga avhona.³Wakakombolegwa uyo unovhalira zezulu tshiporofita futhi vhano igira mahwi okuporofita futhi vhatshitshengeta zwaka nwagwa iyomo, nokuti tshikhati tshiri paduze.⁴Jowana, kuyenda kugereke shanu nambiri jiri Aziya:Makombolero ngavhe newe nolugale gunobva kunaiye umwepeji,futhi nanga, futhi utshahovhuya, futhi atshibva kumwiya mishanu namivhiri iri phadha ke tshigalo tshitshe,⁵futhi nokuna Jeso Khiristu, iye wakatendeka pakufakaza, dale kune vhakafa,futhi ubati wema zishe enyika.kuna iye wakatida futhi akati swazwa zwivhi nelopa lire⁶wakatiyeta mazishe, navha Pirisita kuna Mwali na Bhabha-kaali ngakuvhe kupenya nesimba lisingaperi peri.Ameni.⁷Talira, unovhuya namakole;ziso limwe nelimwe litshauvhona,nayivho vhakaubaya.Malaji ose enyika atshalira nokuda kuke.Ee, Ameni.⁸"Ndimi Alifa na Omega, "Ndizwo zwino levha Ishe Mwali, "Iye wokutanga kuvhapo,futhi utshavhapo, futhi utshahovhuya,iye wamasimba ose."⁹Imi, Jowana-ukulu wenu iye ukovhekanyi pamwepeji nemwi pakutambujika novhushe futhi nokukozerera muna Jeso-wanga ali patshihwi tshayihwi Phathimosi nokuda ke ihwi la Mwali nokupu[ula nezwa Jeso.¹⁰Ndanga ndiri mu Mwiya nezuvha la Ishe.Ndakahwa ihwi gulu sule kangu layiyetasehwamanda.¹¹Litshiti, "Nwalayi zwawavhona mubhuku,futhi uwitumire kugereke shanu nambhiri kuswika Efhesasi, kuswika Samina, kuswika Phegamum, kuswika Thayathira,kuswika Sadisi,kuswika Philadelphia, kuswika Lodisiya."¹²Ndakatendevhuka kuti ndivhone ihwi lazuwa nemi,futhi nditshitendevhuka ndakavhona zwigajiko zwezwilamba zwishanu nazwivhiri zwendalama.¹³Napakati pezwigajiko zwezwilamba panga paka yeta senwanantukana wounhu, akasimira lefu yakaswikira kusoka nebhabda lakamonereja

tshifuvha tshitshe lendalama.¹⁴Usolo uwe nemavuji awe zwanga zwakatshena sejara-sekutshena sema iyizi-futhi meso awe seundugo wemoto.¹⁵Soka jije jayiyeta sesafuli inopenya ya swazwiwa mufanetsi.¹⁶Anga anenyereji shanu nambiri kuluvhoko gweludli, ne Pfumo linemilomo mivhiri yakapia layibhuda muulomo uwe.Kumeso kuke kayipenya sezuvha linesimba lalo.¹⁷Ndikati nditshiuvhona,ndakawira pasoka jiye sendikafa.Wakayesa luvhoko gugwe goludli pandiri akati,"Usahla.Ndimi wokutanga nokupejisira¹⁸futhi iye upenyu.Ndanga ndafa,asi talirayi, ndinophira kusingaperi peri!Futhi ndinema khiyi olufu ne Hadesi.¹⁹Nayezwo nwalayi pasi zwawavhona, nezwiripo, nezwitshahovhapo sule kayezwi.²⁰Zwakavhanda zwenyereji shanu nambiri jaukavhona muluvhoko goludli gwangu, futhi nezwigajiko zwishanu nazwi vhiri zwezwilamba zwendalama:Nyereji shanu nambiri,futhi zwigajiko zwezwilamba zwishanu nazwivhiri ndijo gereke."

Chapter 2

¹"Mwalirani utumwa wegerekere iri pa Efeso: 'Kayi naiye ukabata nyereji shanu na mbiri muluvhoko gugwe goludli unoyenda pakati pezwigajiko zwetshilamba, zwishanu nazwivhiri, ²"Ndinozivha mabasa awo, nokutambula kuko, nokukozerera kuko,futhi kuti haudi kuvhona na navhanhu vhakavhipa, ukavhayeja ivho vhanoti tiri mapositoro vhasi ivho vhovhukuma, ukavhawana vhalii vhamanyepo.³Ukakozerera novhanemoyo ulefua nekuda kezina langu, usinganyali. ⁴Asi handi fali netshinhu hetsho kawuli kuti ukasiya ludo gugo gakutanga. ⁵Nayezwo funga paukawa.Utendevhuke ukoyeta mabasa awo okutanga.Kana usingayeti sayezwo,nditshavhuya kaulindikobvisa tshigajiko tshitsho tshetshilayiti pa vhugalo hwatsho.⁶Asi tshinhu hetshi unatsho:Unovhenga mabasa avha Nicolaitans, andino vhenga nemivho. ⁷Unezevhe,ngaahwe zwinolevh Mwayi wegerekere.Unokunda nditshautendera kuti adle uti wovhupenyu, ulimuparadiso ya Mwali."⁸"Mwalirayi utumwa wegerekere iri pa Smyrna: 'Kayi naiye wokutoma nowokupejisira, wanga afa akapira futi: ⁹"Ndinozivha mabasa awo nokutambula kuko novhulombo huho, asi uli ufumi.Nokutuka kayivho vhanoti tiri vha Juda, asi havho tshayivho.Asi isinagogo la Satani.¹⁰Usingohla hezwo zwautsha tambula nazwo.Talira! Dadurosi oda kuyesa vhamwe vhenu mujere kuti vhayejiwe, mutshatambula mazuvha gumi.Uvhe ukatendeka kuswika pakufa, ndikokupa korona yovhupenyu. ¹¹Unezevhe, ngaahwe zwinolevh Mwiyakugereke.Unokunda hangakuvhajiwi nelufu gwavhuvhiri."¹²"Mwalirayi utumwa ulipagereke iri pa Pergomum: 'Kayi naiye unepfumo lino pinja linotsheka kose: ¹³"Ndinozivha zivha mabasa awa futi nepawunogala, ndipo panetshi golo tshe vhushe tsha Satani.Wakabatisisa zina langu.Usingalambi kutenda kangu,tshero panemazuvha aAntifasi thanzi yangu, unhu wangu wakatendeka, ukavhulawa pakati penu, hapo pano gala Satani.¹⁴Asi handifali nezwimwe zwinhu zwituku kauli:Nokuti unavhamwepo vhanobatisisajijiso ya Balaam,uka gudisa Bharaki kuyesa tshikakisi panda kevhana vha Izirayiri tshokuti vhadle zwakabayigwa zwifananijo nokuyeta vhupombwe. ¹⁵Nokudlalo,unavhamwevho vhanobatisisa jijiso yavha Nicolaitas tshinhu tshendino vhenga.¹⁶Nayezwo tendevhukayi, kana! Usingayeti, sayezwo, nditsha tavhanya kuvhuya kaali, ndikogwa navho nepfumo loulomo wangu. ¹⁷Unezevhe, ngaahwe zwinolevh Mwiya wegerekere.Unokunda, nditshaupa mana yakajumbama, futi nditshamupa ihwe jena iro likanwagwa zina, lisinga zihwi nounhu asi naiye unolipiwa."¹⁸"Mwalirayi utumwa wegerekere iri pa Thyatira: 'Kayi ne Mwanatukana wa Mwali,unemeso akafanana noudugo wemoto nesoka jije jikayeta se inopenya: ¹⁹"Ndinozivha mabasa awo:Neludo ne kutenda nokushumira nokukozerera kuko.Futi kuti mabasa awo okupejisira anopinda akutoma.²⁰Asi handifali netshinhu hetshi kauli:Kuti unotendera uya unhukaji Jezebel, unoziweyeja uporofita wounhukaji.Futi unogudisa nokupamusva vhalanda vhangu kuti vhayete vhupombwe nokudla zwakabayigwa zwifananijo. ²¹Ndikaupa tshikati kuti atendevhuke, asi akalamba kutendevhuka pakupombwa kuke.²²Talira!Ndinod kuuposera panhovho vhanoyeta vhupombwe naye panhamo hugwane, kana vhasinga tendevhuki pamabasaavho. ²³Navhano vhavhe nditsha vhavhulaya nelufu, negerekere jose jitsha zivha kuti ndimi ndinosetscha zwemufungwa nezwemumoyo.Nditshapa umwe noumwe paaka shuma napo.²⁴Asi kamuli imwi mukasala pa Thyatira, whose vhasina jijiso heyi vhasinga zivhi hezwo zwavhanoti zwakajika zwa Satani ndioti kamuli, 'Handingakuhxwiji umwe uhxwalo.'²⁵Asi, batisisan yezwo zwamunazwa kuswikira nditshi vhuya.²⁶Unokunda atshitschengeta mabasa angu kuswikira pakupejisira, nditshaupa simba panyezulu pamaluji. ²⁷'Utshamulisa neswimbo yedale, sehali jouvhumbi jino hxwasikanyiwa.'²⁸Sezwandakapiwa na Bhabha vhangu, futhi nditshaupa masase yamangwanana. ²⁹Unezevhe, ngaahwe zwino lehwa na Mwiya kugerekere."

Chapter 3

¹"Nyolerani utumwa wegerekere iri paSardis :Uti kayi naiye unemwiya mishanu na mivhiri yaMwali ne nyereji shanu nambiri."Ndinozivha mabasa awo.Kuti unohwi uli upenyu,asi wakafa. ²Pepuka ukwatise izwozwka kasala zwanga zwoda- kufa, nokuti handina kuwana mabasa awo kuti akawana padda ka Mwali wangu.³Nayezwo fungani, kuti, wakasanganija nokuhwa usibhasobhe, utendevhuke.Asi kana usingapepuki, nditshavhuya sembava, hawungazivhi tshikati tshanditsha vhuya natsho. ⁴Asi unemazina matuku pa Sardis avhanhu vhasina kuswibisigwa nhumbi javho, vhatsha enda nemi, vhanne nhumbi tshena, nokuti vhakafanigwa nazwo.⁵Unokunda utshasimijiwa mwenda utshe na, handinga puthsi zina lire pabhuku yovhupenyu, nditsha levhulula zina lire pandda kabhabha vhangu, napadda pavhatumwa vhavhe. ⁶Unezevhe, ngahwe zwinolevha mwiya kugerekere."⁷"Nyolera utumwa wegerekere uli pa Philadeiphia: 'Uti kahi naiye utswene iye we shua- iye unekiyi ya Dhavida, iye unoti kana atshivila hakuna unovala, kana atshivila hakuna unovula. ⁸"Ndinozivha mabasa awo.Talira, ndakaesa padda kuko ukovha wakavulika hakuna ungakona ku uvala.Kuti unesimba duku izwo, wakatshengeta ihwi langu ukasalamba zina langu.⁹Talira! ndinokupa vhamwe vhalii vhesinagogo la Satani, vhanoti tiri vha Judha vhasi ivho tshaivho, asi vhanolevha manyepo- talira nditshavhavhuyisa kuti vharabhire padda pesoka javho, futhi vhazivhe kuti ndakakuda. ¹⁰Zwawakatshengeta ihwi lokukozerera kangu, nditshaku tshengeta vho patshikati itsho kuejiwa yoda kuvhuya panyika yose, kuyehwa vhanogala panyika. ¹¹Ndinotavha nyija kuvhuya.Batisisai itsho tshaunatsho kuti ulege kutolegwa korona yavho.¹²Unokunda nditshauyeta pila mugerekere ya Mwali wangu.Haanga budimo futhi, nditshanwala panyezulu pape zina la Mwali wangu, nezina ledhorobho la Mwali wangu(Jerusalem nyowani, linojikita kumakole kuna Mwali wangu), nezina langu nyowani. ¹³Unezevhe, ngaahwe zwinolevha mwiya kugerekere."¹⁴"Nyolani utumwa wegerekere iri pa Laodicea: 'Zwahwi Ameni, vhutanazzi hwakatendewa vhukuma kutanga,kezwisikwa zwa Mwali. ¹⁵"Ndinozivha mabasa awo kuti hautonholi kana kupisa.Dlenu utshitonholo kana kupisa! ¹⁶Zwino, zwa unojiya- usingatonholi- nditshakuswiswina muulomo wangu.¹⁷Nokuti unoti, 'Ndakafuma, ndakafumisiwa handikoni tshinhu.'Usingazivhi kuti ndiwe unovhulombo, nenhamo, uli ulombo, nebofu, usina tshokufuka. ¹⁸Ndinokupa pulani: kuti utenge kandiri ndalamaya yakaesiwa mumoto kuti uvhe nefuma, nenguvho tshena kuti uwifukije soni jokusafuka kuko, jirege kuvhoneka netshizolo tshameso kuti uzole meso uvhone.¹⁹Vhose vhandinoda ndinovhalanga nokuvhalovha.Nayezwo kozerera utende vhuke. ²⁰Talira, ndimire pa ukovha nditshikokonya. kana unhu akahwa ihwi langu akavula ukovha, nditshapinda kaali nditshalayira naye, naiye utsha laira neni.²¹Unokunda nditsha upa tshinhu itshi kuti agale neni patshigalo tshangu tshovhushe, semi vho ndakakunda ndikagala pamwe peji na Bhabha vhangu patshigalo tshavho tshovhushe. ²²Unezevhe, ngaahwe zwinolevha mwiya kugerekere."""

Chapter 4

¹Sule kaezwo ndakatalira, ndikavhona ukovha wakavulika kumakole.Nehwi lokutanga landikahwa lakaeta sele kwatalitshi levhereka nemi, litshi, "Kwira iyapo,ndikokusumbija zwinofanira kurtiwa sule keyezwo." ²Tshilipo ndakavha mu Mwiya, talira tshigalo tshevhushes tshikagajiwa nyezulu, nouumwe ugere patshiri. ³Iye wanga agerepa wanga akafanana nehwe lejaspis neresaridio.Kanga kunoulalavhungu wakakombereja tshigalo.Ulalavhungu wakafanana nehwe resmaragdino.⁴Kanga kune zwigalo zwovhushe zwina makumi-mavhiri nezwina,zwanga zwanga zwakakombereja tshigalo tshevhushes napazwigalo panga pagere vhakugwane vhana makumi- mavhiri namanna, vhakasimira nhumbi tshena, vhanga vhane kopa yendalamo pamisolo yavho.

⁵Napatshigalo tshovhushe panga patshibuda upenyo, namahwi, nokutinhira.Nezwilayiti zwishanu nazwi vhiri zwayipfuta pandda petshigalo, zwilayiti zwanga zwiri mwiya mishanu namivhiri ya Mwali.⁶Pandda petshigalo tshovhushe panga pane gugwa linovhonekeja, lakafanana ne kristaro.Napakati petshigalo tshevhushes, napamatavhi ose etshigalo tshevhushes panga pane zwisikwa, zwine zwipanya zwizere nameso, pandda na sule kazwo.⁷Tthisikwa tshipenyu tshokutanga tshanga tshikafanana nendawu, tthisukwa tshipenyu tshetshipiri tshanga tshikafanana ne namana, tthisikwa tshipenyu tshetshitatu tshanga tshinetshiso tshaka yet a setshetshina tshanga tshikafanana nugodo linopuruka. ⁸Nezwisikwa zipenyu hezwi zwinha zwanga zwizere nameso kumativhi ose nomuukati hazwizololi masikati no vhusiku zwitshiti , "Mutswene.mutswene,mutswene iye Ishe Jeso wehondo,wamasimba ose, iye wanga alipo, ulipo noutshahovhuya."⁹Zwino kana zwisikwa zwipenyu, izwi zwovhigira iye, unogala patshigalo tshevhushes, iye ali upenyu nokusingaperi peri, ¹⁰vhakugwane vhanamakumi mavhiri navhana vhowira pasi pandda paiye ugere patshigalo tshevhushes vhatshimurabhira iye ali upenyu nokusingaperi peri.Vhatshi uposera korona javho pandda ketshigalo, tshevhushes vhatshiti, ¹¹"Imi , Ishe Mwali wedu, makafanira kuti muvhigigwe kopenya, nokukuijwa nesimba, nokuti ndimwi makasika zwinhu zwose zwakavhapo zwakasikwa nokuda kenu,"

Chapter 5

¹Ezwo ndakavhona luvhoko gokudla gwaiye wa nga agere patshigalo tshovhushe bhuku yakanwagwa mukati nokuze kayo, yakanambatijiwa nezwikwatiso zwishanu ne zwivhiri. ²Ndaka vhona utumwa unesimba atshidavhigiro nehwi gugwane atshiti, "Ndiyani wakafanira kuti avule bhuku iri nokusunungula zwikwatiso zwalo?"³Hapana unhu ulinyezulu kana uli pasi kana ulipasi penyika waka kwanisa kuvula kana kuvhala bhuku. ⁴Iyapo ndaka lila ngamanda kusina kuwanika unhu waka kwanisa kuvula bhuku noku vhala. ⁵Umwe wavha kugwane wakati kandiri, "Usalila.Talirayi !Nda yoluji gwavha Judha , uji wa Dhavita, yakakunda kuti vulila bhuku nokusunungula zwikwatiso zwayo zwishanu na zwivhiri."⁶Zwino ndakatalira pakati petshigalo tshovhushe nezwisikwa zwipenyu zwina, napakati pavhakugwane, gwayana rimire laiyiyeta sala yibayiwa linenyanga shanu na mbiri ne meso shanu namavhiri zwitshilevha mwiya mishanu na mivhiri ya Mwali yaka tumigwa panyika. ⁷Wakaenda akabata bhuku kuze muluvhoko goludli kuna hoyo anga agere patshigalo.⁸Zwino likati tatola bhuku zwisikwa zwipenyu zwina na vhakugwane vhana makumi mavhiri navhana vhaka wira pasi panda pe Gwayana, umwe noumwe anelutimbwi ne ndiro jendalama jizere nezwintonuhwira.Alimarabhiriyo avhatswene.⁹Vhaka imba lumbo lunyowani: "Wakafanira kutola bhuku avule zwikhawatiso zwayo.Nokuti makabayiwa muka tengera Mwali nelopa lenu vhanhu vhanobva kumaluji ose nendimi jose,navhanhu vhose, neluji gose. ¹⁰Mukavha etera Mwali vhedu, kuti vhavhe mazishe navha Pirista vhabate vhushe panyika."¹¹Zwino ndaka talira ndakahwa ihwi lavha tumwa vhaka wanda vhanga vhaka monereja tshigalo tshovhushe nezwisikwa zwipenyu, navha kugwane kuwanda kavho vhanga vhalii zwiwulu nezwuwulu zwamazana. ¹²Vhakati nehwi gugwane, "Gwayana laka vhulawa lofanana kuti livhigiwe, vhushe lufumo, nokutanya, nesimba,nokuzwikuja nokupenya, noku kulumbija."¹³Ndakahwa tshimwe netshimwe tshinhu tshanga tshiri kumakole, panyika kana pasi penyika kana mugugwa tshanga tshitshiti, "Ngazwivhe kunaiye ugere panyezulu petshigalo tshovhushe, noku gwayana nokusinga peri."¹⁴Zwipuka zwina zwino pira zwakati, "Ameni!" futi vhakugwane vhakawira pasi vhaka rabhira.

Chapter 6

